*kĕbo moelih pakandangan,*
*nja moentjang laboeh ka poehoe,*
*poelangkeun ka Padjadjaran.*



# PAMĚGĚT ANOE KIAT

## MATAK HEMĚNG OENGGAL DJĚLĚMA

Djělěma anoe kiat, loba pakaupanana sarěng bědas, poegoeh matak heměng matak heran oenggal djělěma. Koe margi eta pěrloe kěrsa toeang Sanatogen. Nja Sanatogen, noe djadi rasiah kakiatanana riboe-riboe djělěma teh.

Hidji kapala district di Koemaji, djěněnganana Ěngkoe B r a h i m, parantos njěratan kieu:

„Abotna sarěng kakiatanana awak koering woewoeh-woewoeh bae, ti barang sok něda Sanatogen. Ajeuna djisin koering ngaraos djagdjag waringkas."

Tjobi bae ngawitan toeang S a n a t o g e n.

Ieu landong aja di oenggal toko.

# SANATOGEN

**DJADJAMOE KAKIATAN NOE PANGSAE-SAENA.**

| Kiriman | Ongkosna | | | Bobotna teu bounang leuwih ti: |
|---|---|---|---|---|
| | Di Hindia Nederland | Ka nagara Walanda make pos laoet | Ka looar Hindia Nederland make kapal mil | |
| **Soerat-soerat.** | | | | |
| Lamoen beuratna teu leuwih ti 20 gram: | 12½ sen | 12½ sen | 20 sen | 2 K.G. |
| Leuwih ti sakitoe, oenggal² 20 gram ditambah: | 7½ „ | 7½ „ | 10 „ | |
| **Kartoe pos.** | 7½ „ | 7½ „ | 12½ „ | — |
| **Kartoe pos rangkěp** (anoe dibajar walonanana). | 15 „ | 15 „ | 25 „ | — |
| **Kartoe pindah.** | 1 „ | — | — | |
| **Drukwerk** (barang beunang njitak), oenggal-oenggal 50 gram atawa koerang. | 2½ „ | 2½ „ | 4 „ | 2 K.G. |
| **Soerat kabar,** oenggal-oenggal 25 gram. | 1 „ | saroea djeung drukwerk | | 2 K.G. |
| **Document,** oenggal² 50 gram | 2½ „ | 2½ sen | 5 sen | 2 K.G. |
| tapi sakoerang-koerangna ongkosna: | 12½ „ | 12½ „ | 20 „ | |
| **Soerat² noe lolong,** oenggal-oenggal 1000 gram. | 5 „ | 5 „ | 5 „ | 3 K.G. |
| **Monster,** oenggal² 50 gram | 2½ „ | 2½ „ | 5 „ | 500 G. |
| tapi sakoerang-koerangna koedoe | 7½ „ | 7½ „ | 10 „ | |

DJEUNG SOERAT-KAWAT.

| Oekoeranana | Katĕrangan. |
|---|---|
| Teu meunang leuwih pandjang ti 45 c.M. lamoen digoeloengkeun pandjangna 75 c.M. goerat-tĕngah goeloenganana 10 c.M. | **Kartoe pos.** Dina tĕmpat adres teu meunang ditoelisan lian ti adres djeung sedjen-sedjen katĕrangan pikeun Pos, sapĕrti: afzender dj.s.t. Oepama ngalanggar kana eta larangan eta kartoe pos dianggap sapĕrti soerat biasa. |
| | **Boekoe².** anoe dikirimkeunana misah, beuratna meunang nĕpi ka 3 K.G. |
| Panggĕde-gĕdena: pandjangna 15 c.M.; roebakna 10.5 c.M, Pangleutik-leutikna: pandjangna 10 c.M.; roebakna 7 c.M. | **Drukwerk, soerat kabar,** noe diboengkoes dihidjikeun pikeun hidji-hidji kantor-pos, beuratna meunang nĕpi ka 5 K.G. |
| | **Drukwerk, soerat kabar,** anoe dikirimkeun koe pos laoet ka nagara Walanda, beuratna meunang nĕpi ka 5 K.G. |
| | **Kiriman tjampoeran** (drukwerk, soerat² kabar, monster, document) ka hidji adres, beuratna djeung oekoeranana teu meunang leuwih tina watĕsna noe geus ditangtoekeun pikeun saroepa-roepana. |
| Oekoeranana teu meunang leuwih ti 45 c.M. Lamoen digoeloengkeun pandjangna teu meunang leuwih ti 75 c.M., goerat-tĕngahna 10 c.M. | **Soerat² noe lolong** teu meunang barĕng dikirimkeunana djeung noe sedjen.<br>I Lamoen kadjadian harga prangkona teu tjoekoep:<br>*a.* Soerat-soerat djeung kartoe pos biasana sok tĕroes dikirimkeun ka noe diadresanana atawa dipoelangkeun ka noe ngirimkeunana, ngan noe nampana koedoe majar doea kalieun kakoeranganana sarta sakoerang-koerangna koedoe 5 sen.<br>*b.* Kartoe pos rangkĕp, soerat-soerat kabar, drukwerk, document, soerat² noe lolong, monster, dipoelangkeunana ka noe ngirimkeun. |
| Pandjangna teu meunang leuwih ti 45 c.M., roebakna 20 c.M., kandĕlna 10 c.M. Lamoen digoeloengkeun, pandjangna teu meunang leuwih ti 45 c.M., goerat-tĕngahna 15 c.M. | II. Lamoen anoe kasĕboet dina I*b* tĕroes kakirimkeun:<br>*a.* Kartoe pos rangkĕp dikirimkeun deui ka noe ngirimkeunana.<br>*b.* Kiriman² noe sedjen didĕngda 2 kalieun kakoerangan ongkosna tea. |

| Dikirimkeun | Bobotna djeung ongkosna | | |
|---|---|---|---|
| | 1 K.G atawa koerang | ti 1 K.G. nĕpi ka 3 K.G. | ti 3 K.G. nĕpi ka 5 K.G. |
| Di Poelo Djawa djeung Madoera atawa ka Soematra ka tĕmpat-tĕmpat noe dareukeut kana kareta api atawa tram. | 60 sen | 80 sen | f 1— |
| Ti Sabrang ka Poelo Djawa djeung Madoera atawa sabalikna, atawa dikirimkeun ka Sabrang ka tĕmpat-tĕmpat anoe teu kaliwatan koe kareta-api atawa tram | f 1.— | f 1.40 | f 1.75 |
| Ka nagara Walanda koe pos laoet. | f 1.37⁵ | f 1 87⁵ | f 1.87⁵ |
| Ka djadjahan Walanda di Hindia-Koelon (Amerika) koe pos laoet. | f 1.82⁵ | f 2.52⁵ | f 2.72⁵ |

Postpakket pandjangna teu meunang leuwih ti 1.25 M. sarta eusina teu meunang leuwih ti 55 d.$M^3$ djeung beuratna teu meunang leuwih ti 5 K.G.

## MANGLE.

## ENGKANG-ENGKANG *)

(Poetjoeng)

1. *Engkang-engkang lampahna hade ditiroe, ana rek loemampah, tara djangdji leos bae, boelak-balik sok dipikir-pikir heula.*
2. *Lamoen ĕnggeus pikirna djadi sagoeloeng, tapak kantjang gantjang, lampahna leong ngolojong, di waloengan eta misal engkang-engkang.*
3. *Lamoen oedjang diparĕng arek loemakoe, arek balangsiar, oelah sok gantjang² los, djaoeh deukeut koedoe reudjeung katartiban.*
4. *Pikir-pikir bawaeun baris loemakoe, sakoer kapĕrloean, oelah roesoeh bisi poho, lamoen ĕnggeus tartib kakara bismilah.*
5. *Tah sakitoe saratna lamoen arek djoeng, koedoe sing ijatna, loerak-lirik toempa-tĕmpo, ingĕt-ingĕt naon kapĕrloean awak.*

*) Kintoenan ti Raden Kartasoebaja, Mantri Goeroe Gĕdong Gĕde.

### Ongkos wissel di Hindia

Wissel noe hargana:

| | | |
|---|---|---|
| f 25.— atawa koerang. . | 12½ | sen |
| ti f 25.— nĕpi ka f 50.— . | 25 | sen |
| ti f 50.— nĕpi ka f 100.—. | 50 | sen |

Saleuwihna pikeun oenggal-oenggal f 50.— ongkosna koedoe ditambah 25 sen deui.

### Ongkos wissel ka loear Hindia

| | | |
|---|---|---|
| Nĕpi ka f 25.— . . . . | 25 | sen |
| ti f 25.— nĕpi ka f 75.—. | 50 | sen |
| ti f 75.— nĕpi ka f 100.—. | 60½ | sen |
| ti f 100.— nĕpi ka f 200.—. | f $1.12^5$ | |
| ti f 200.— „ „ f 300.—. | f $1.62^5$ | |
| ti f 300.— „ „ f 400.—. | f $2.12^5$ | |
| ti f 400.— „ „ f 480.—. | f $2.62^5$ | |

Pikeun ka Australië, tanah Inggris, Hongkong, Malaka djeung Amerika oenggal f 10.— ongkosna 15 sen.

### Panggĕde-gĕdena harga postwissel noe beunang dikirimkeun:

Postwissel biasa pikeun di Hindia f 1000.— Postwissel kawat pikeun di Hindia f 500.— Postwissel biasa djeung postwissel kawat pikeun ka loear tanah Hindia f 480.

Postwissel² anoe dikirimkeun ti hulpposkantoor teu meunang leuwih ti f 250.—

Lamoen oerang hajang njaho, naha eta kiriman teh geus katarima koe noe dikirimna, tambah bae ongkosna 12½ sen deui djeung dina wisselna tea koedoe ditoelisan „B.v.b." (Bericht van betaling).

Postwissel² teu meunang ditjokot deui lamoen oemoerna geus leuwih ti 2 taoen, diitoengna ti poĕan eta wissel dikirimkeun.

## AANGETEEKEND.

Soerat, kartoe pos, drukwerk, document, monster, verhuiskaart (kartoe pindah) djeung salianna, anoe dikirimkeun koe pos ka sakoeliah Hindia, meunang dikirimkeun koe aangeteekend. Pikeun kirimkeuneun ka nagara loearan loba tĕmpat-tĕmpat anoe diiwalkeun, oepamana kota-kota di tanah Hedjaz (Djidah, Mĕkah

dj. s. t.). Ongkos aangeteekend hidji-hidjina 20 sen; lamoen eta soerat aangeteekend tea leungit koe pos, koe pos bakal digantian f 25.—.

Kiriman aangeteekend anoe aja hargaan noe baris dikirimkeun di sakoeliah tanah Hindia, beunang oge hargana tea ditoeliskeun dina amplopna, sangkan dimana kadjadian eta kiriman leungit bisa digantian sahargana. Tapi lamoen nĕrangkeunana leuwih tina harga noe saĕnjana, eta hak meunang paroeroegi tea leugit. Ongkos kiriman noe saroepa kitoe hĕnteu beda djeung ongkos aangeteekend biasa ngan koedoe ditambah 10 sen deui dina oenggal-oenggal f 150.— atawa koerng ti sakitoe. Hidji hidjina aangeteekend noe make harga teu beunang leuwih ti f 5000.— djeung lamoen dikirimkeunana ti hulppostkantoor atawa ka hulppostkantoor teu meunang leuwih ti f 250.

Hargana eta kiriman koedoe ditoeliskeun dina amplopna loehoereun adresna eta soerat koe angka djeung koe aksara, sarta eta toelisan teh teu beunang ditjoret atawa dipoepoes.

Lamoen oerang arek menta ganti lantaran kiriman oerang tea leungit, teu meunang liwat ti sataoen ti poëan eta aangeteekend tea dika-poskeun.

Soerat aangeteekend anoe make „aangegeven geldswaarde", ti toekangna koedoe dilak sarta ditjap, reana tjap ĕlak noeroetkeun koemaha gĕdena amplop, biasana sok 5 tapi anggangna eta ĕlak teh teu meunang leuwih ti 7 c. M., nja kitoe deui lamoen prangkona tea leuwih ti hidji, anggangna tina prangko kana prangko deui teu meunang koerang ti 1 c.M.

Lamoen narima kiriman anoe hargana leuwih ti f 150.—, njokotna teu meunang wakil, koedoe ditjokot koe sorangan ka kantor-pos.

Soerat-soerat panggilan ditandana koedoe koe mangsi.

## EXPRESSE BESTELLING.

Lamoen kiriman oerang hajang gantjang dikirimkeunana, beunang dikirimkeun koe *expresse bestelling*. Noe beunang dikirimkeun kitoe teh nja eta soerat biasa djeung kiriman noe sedjen, sapĕrti: postwissel, postpakket biasa, adreskaart, postpakket noe make „aangegeven geldswaarde", soerat panggilan aangeteekend. Lamoen anoe dikirimna tea aja dina wĕwĕngkon postkantoor atawa huippostkantoor, ongkosna 40 sen; lamoen di

locar wěwěngkon, ongkosna ngitoeng tina djaoeh-deukeutna, nja eta oenggal-oenggal 1 K. M. 10 sen — koerang ti 1 K. M. teu asoep itoengan — (ngan teu meunang koerang ti 40 sen).

Lamoen oerang hajang njaho naha soerat aangeteekent atawa expresse bestelling tea geus katampa koe noe dikirim, koe oerang ongkosna koedoe ditambah $12\frac{1}{2}$ sen, sarta eta kiriman teh dina adresna koedoe ditoelisan koe aksara „B. V. O."

## HARGA ROEPA-ROEPA FOURMULIER.

| | | |
|---|---|---|
| Amplop soerat ............................ | 1 . | Ditambah koe harga prangko anoe geus ditjap di loehoerna. |
| kartoe pos ................................... | 1 „ | |
| kartoe pos rangkĕp ...................... | 2 „ | |
| kartoe pindah ............................... | 1 „ | |
| postblad ........................................ | 1 „ | |
| borderel kwitansi ......................... | 1 „ | |
| amplop pikeun kwitansi ................ | 1 „ | |
| douane verklaring ........................ | 1 „ | |
| postwisselfourmulier .................... | 2 „ | |
| adreskaart postpakket .................. | 2 „ | |

Dilarang teu meunang make foumulier² salianna ti anoe dikaloearkeun koe Postadministratie, iwal ti kartoe pos noe toenggal atawa noe rangkĕp, emplop soerat djeung postblad.

## SOERAT KAWAT.

Noeroetkeun atoeran ngitoeng ongkos soerat kawat anoe anjar, Tanah Hindia teh dibagi djadi tiloe golongan, nja eta:

I. Golongan Djawa:
   Poelo Djawa, Madoera, Bali djeung Lombok.

II. Golongan Koelon:
   Soematra, Riouw, Bangka, Billiton djeung Borneo-Koelon.

III. Golongan Wetan:
   Tanah Hindia anoe teu kaasoep ka golongan I djeung II tea.

Ongkos soerat kawat di sadjĕro oenggal golongan *f* 0.15 sakĕtjap, diwoewoeh f 0.25.

Ongkos soerat kawat ka golongan sedjen *f* 0.25 sakĕtjap, diwoewoeh *f* 0.25.

## 8. NGIRIMKEUN BARANG² KOE KARETA API.

Sararea meunang ngirimkeun barang-barang koe kereta api; barang anoe rek dikirimkeunana tea koedoe diboengkoes atawa ditalian sing hade. Adresna koedoe sing tĕrang pisan ditoelisna, sanggeusna beres eta kirimkeuneun teh koedoe dibawa ka tĕmpat ngirimkeun barang-barang di station atawa halteu. Atoeran ngirimkeun barang teh aja doea roepa:

1. bestelgoed djeung spoed bestelgoed;
2. vrachtgoed djeung ijlgoed.

Barang-barang anoe dikirimkeun koe vrachtgoed djeung ijlgoed dikirimkeunana koedoe make vrachtbrief model B 493, oerang beunang meuli di tĕmpat ngirimkeun tea, hargana 3 sen salambarna. Vrachtbrief pikeun ngirimkeun vrachtgoed roepana bodas; pikeun ijlgoed bodas di sisina beureum. Bestelgoed djeung spoédbestelgoed mah teu koedoe make vrachtbrief deui, asal adresna bae sing tĕrang. Bestelgoed djeung spoedbestelgoed dikirimkeunana ka imah noe dikirim teh teu koedoe majar deui, tapi ari vrachtgoed djeung ijlgoed mah koedoe ditjokot koe sorangan, koe noe dikirim tea, ka station atawa halteu. Anoe mere bedja jen aja kiriman ka noe dikirim, koeli station, dĕmi ongkosna 10 sen.

1e. Bestelgoed. Barang-barang anoe beuratna nĕpi ka 50 K.G beunang dikirimkeun koe bestelgoed. Dĕmi ngitoengna ongkos kieu: oenggal-oenggal 5 K. G. atawa koerang sarta djaoehna 50 K. M. atawa koerang ongkosna 5 sen, ditambah koe ongkos noe geus ditangtoekeun nja eta 60 sen; djadi ongkosna teh *f* 0.05 + *f* 0.60 = *f* 0.65.

*Tjonto 1e.* Hidji tingkĕm beuratna 6 K. G., dikirimkeun ka noe djaoehna 35 K.M.; 6 K.G. diitoeng 10 K.G. = 2 × 5 K.G.; 35 K. M. diitoeng 50 K. M.

Djadi ongkosna eta tingkĕm teh 2 × 5 sen + 60 sen = *f* 0.70.

*Tjonto 2e.* Aja hidji boengkoesan beuratna 13 K. G.; dikirimkeun ka noe djaoehna 87 K. M.; 13 K. G. diitoeng 15 K. G. = 3 × 5 K. G.

87 K. M. diitoeng 100 K. M. = 2 × 50 K. M.

Djadi ongkosna eta boengkoesan teh 3 × 2 × 5 sen + 60 sen = *f* 0.90. Tapi lamoen dikirimkeun ka noe djaoehna teu tangtoe sarta beuratna barang:

1 K. G. atawa koerang, ongkosna *f 0.60*
leuwih ti 1 K. G. nĕpi ka 3 K. G., ongkosna *f* 0.80
leuwih ti 3 K. G. nĕpi ka 5 K. G., ongkosna *f* 1.—

Ngirim *boeboeahan* djeung *sajoer-sajoeran* koe *bestelgoed*, ongkosna noeroetkeun atoeran di handap ieu:

lamoen beuratna nĕpi ka 30 K. G., djaoehna ti 1 — 200 K. M. ongkosna *f* 0.40;
lamoen beuratna nĕpi ka 30 K. G., djaoehna 201 — 250 K. M. ongkosna *f* 0.45;
lamoen beuratna nĕpi ka 30 K. G., djaoehna 251 — 300 K. M. ongkosna *f* 0.50.

Kitoe bae satĕroesna, oenggal² djaoehna tambah 50 K. M., ongkosna oge tambah 5 sen.

Lamoen ngirim *kĕmbang* koe *bestelgoed* atoeranana sedjen deui. Koe sabab kĕmbang direkĕn sapĕrti barang noe hampang djeung lamoen karandjangna tea koeat, nĕpi ka beunang ditoempoek ongkosna diitoeng tina 2 kalieun beuratna.

Oempamana hidji karandjang anoe beuratna 7 K. G. arek dikirimkeun ka tĕmpat anoe djaoehna 95 K. M.:
7 K. G. × 2 = 14 K. G.; 14 K. G. diitoeng 15 K. G. = 3 × 5 K. G.
95 K. M. diitoeng 100 K. M. = 2 × 50 K. M.

*Djadi piongkoseunana 3 × 2 × 5 sen + 60 sen = f 0.90.*

Tapi lamoen eta karandjang teh hĕnteu beunang ditoempoekkeun, ongkosna diitoeng tina 4 kalieun beuratna.

*Oepama karandjang anoe* beuratna 7 K. G. sarta arek dikirimkeun ka tĕmpat noe djaoehna 95 K. M. ngitoengna kieu:
7 K. G. × 4 = 28 K. G., diitoeng 30 K. G. = 6 × 5 K. G.
*95 K. M. diitoeng 100 K. M. = 2 × 50 K. M.*

Djadi ongkosna 6 × 2 × 5 sen + 60 sen = *f* 1.20.

Bestelgoed dianteurkeunana ka noe dikiriman ti antara poekoel 8 isoek nĕpi ka poekoel 6 sore.

Spoedbestelgoed. Barang anoe dikirimkeun koe spoedbestelgoed dianteurkeunana ka noe dikirim digantjangkeun, nja eta sanggeusna sadjam ti datangna eta barang. Lamoen eta kiriman teh datangna sanggeusna poekoel [illegible] peuting, dianteurkeunana isoekna deui samemehna poekoel [illegible]. Ongkos spoedbestelgoed leuwih mahal ti batan ongkos bestelgoed biasa. Lamoen beuratna 1 — 30 K. G., ongkosna leuwih mahal 15 sen ti batan ongkos bestelgoed biasa. Lamoen beuratna leuwih ti 30 K. G.

tambahna oenggal-oenggal 10 K. G. atawa koerang, 5 sen.

*Tjonto 1e.* Aja hidji karandjang beuratna 28 K. G., dikirimkeun ka noe djaoehna 144 K. M.

28 K. G. diitoeng 30 K. G. = 6 × 5 K. G.

144 K. M. diitoeng 150 K. M. = 3 × 50 K. M.

Lamoen eta karandjang teh dikirimkeunana dibestelgoed, ongkosna 6 × 3 × 5 sen + 60 sen = *f* 1.50

Lamoen dikirimkeunana koe spoedbestelgoed, ongkosna *f* 1.50 + 15 sen = *f* 1.65.

*Tjonto 2e.* Aja karandjang anoe beuratna 34 K. G., dikirimkeun ka noe djaoehna 144 K. M.

34 K. G. diitoeng 40 K. G. = 8 × 5 K. G.

144 K. M. diitoeng 150 K. M. = 3 × 50 K. M.

Lamoen eta karandjang dikirimkeun koe bestelgoed, piongkoseunana 8 × 3 × 5 sen + 60 sen = *f* 1.80.

Lamoen dikirimkeun koe spoedbestelgoed, piongkoseunana teh *f* 1.80 + *f* 0.15 + *f* 0.05 = *f* 2.—

Barang-barang anoe dikirimkeun koe bestelgoed djeung spoedbestelgoed diboengkoesna koedoe sing kĕkĕr, dibeungkeutna sing pageuh, sabab lamoen teu kitoe moal ditarima, iwal lamoen noe ngirimkeunana mananggoeng lamoen di balakang kali eta barang aja karoeksakanana di djalan, kakara eta barang beunang ditarima. Kitoe oge noe ngirim teh koedoe njieun soerat tanggoengan model B 600.

Noe ngaririm meunang menta rĕsi model B 587, pikeun tanda jen barangna geus ditarima. Hargana eta rĕsi *f* 0.10.

2e. Vrachtgoed. Barang-barang noe beurat noe hampang beunang dikirimkeun koe vrachtgoed. Tapi ari biasana mah anoe sok dikirimkeun koe vrachtgoed teh barang-barang noe beurat sarta noe galĕde bae, oepamana:

*a.* poeloeh-poeloeh atawa ratoes-ratoes datjin beas, pare, kopi, kĕntang dj. s. t.
*b.* barang-barang noe tina beusi, sapĕrti: mĕsin², motor, dj. s. t.
*c.* barang-barang bangsa: kahar, mobil, dj. s. t.
*d.* sato ingoe, sapĕrti: koeda, sapi, moending, dj. s. t.
*e.* sato leuweung noe harioep keneh, sapĕrti: maoeng, gadjah, mĕntjĕk, monjet, dj. s. t.
*f.* majit.

Barang-barang noe dikirimkeun koe vrachtgoed datangna ka tĕmpat noe dikiriman teh sok rada lila, tapi ongkosna leuwih

moerah. Komo lamoen oerang njewa hidji gorobag, mah ongkosna teh leuwih moerah pisan. Hidji gorobag eusina 160 pikoel. Ari ongkos vrachtgoed ngitoengna noeroetkeun tarip Xa noe aja di oenggal station.

*Tjontona:* aja sawatara karoeng hoei beuratna 295 K. G., dikirimkeun ka tèmpat anoe djaoehna 112 K. M.

295 K. G. diitoeng 300 K. G. Djadi piongkoseunana lamoen noeroetkeun tarip Xa, 300 × 0.512 sen = *f* 1.586. Ari dibajarna koedoe *f* 1.54, sabab noe koerang tina sasen sok diboeleudkeun.

Ijlgoed. Pĕta-pètana ngirim koe ijlgoed saroea bae djeung ngirim koe vrachtgoed, ngan ieu mah leuwih gantjang datangna ti batan vrachtgoed tea. Koe sabab eta ongkosna oge leuwih mahal 50% ti batan ongkos vrachtgoed tea.

*Tjontona:* aja sawatara karoeng [illegible] anoe tatjan dipĕsek, beuratna 339 K.G., dikirimkeun ka tĕmpat anoe djaoehna 185 K.M. Piongkoseunana lamoen dikirimkeun koe vrachtgoed:

339 K. G. diitoeng 350 K. G. Noeroetkeun tarip Xa ongkosna 1 K.G. teh 0.96 sen. Djadi piongkoseunana 350 × 0.96 sen = *f* 3.36.

Lamoen dikirimkeun koe ijlgoed, ongkosna ditambah 50%, nja eta 1/2 × *f* 3.36 = *f* 1.68. Djadi piongkoseunana teh *f* 3.36 + *f* 1.68 = *f* 5.04.

Ongkos vrachtgoed sakoerang-koerangna *f* 0.50
Ongkos ijlgoed sakoerang-koerangna *f* 0.75.

Sadjaba ongkos-ongkos anoe ditataan di loehoer, aja deui ongkos-ongkos sedjen sapĕrti noe disĕboet di handap ieu:

boeroeh moeat oenggal-oenggal 50 K. G. atawa koerang, 3 sen;
boeroeh ngabongkar oenggal² 50 K.G. atawa koerang, 2 sen;
boeroeh nimbang oenggal² 50 K. G. atawa koerang, 2 sen;
boeroeh nimbang koe timbangan bascule, oenggal² 1000 K.G., 30 sen.
boeroeh nimbang koe timbangan weegbrug, oenggal-oenggal roda anoe make doea kikiping, 100 sen;
boeroeh nimbang koe timbangan weegbrug, oenggal-oenggal roda nce make opat kikiping, 200 sen;
boeroeh moeat sakoerang-koerangna 5 sen;
boeroeh ngabongkar sakoerang-koerangna 5 sen;
boeroeh nimbang sakoerang-koerangna 10 sen.

Noe ngirim atawa anoe dikirim beunang nimbang, moeat djeung ngabongkar barang-barangna koe sorangan. Lamoen anoe ngirim atawa anoe dikirim sorangan anoe nimbang, moeat atawa

ngabongkar, lamoen kitoe, maranehanana teu koedoe malajar boeroeh nimbang, moeat atawa bongkar deui.

*Tjontona:* aja beas 20 pikoel dikirimkeun ti Tjiandjoer ka Batawi. 20 pikoel beuratna kira-kira 1235 K. G., diitoengna 1250 K.G. Djaoehna ti Tjiandjoer ka Batawi 156 K.M. Piongkoseunana eta beas lamoen noeroetkeun tarip Xa: 1250 × 0.84 sen. . . . = f 10.50

| | | |
|---|---|---|
| boeroeh nimbang | $\frac{1250}{50}$ × 2 sen . . . . . . | = f 0.50 |
| boeroeh moeat | $\frac{1250}{50}$ × 3 sen . . . . . . | = f 0.75 |
| boeroeh ngabongkar | $\frac{1250}{50}$ × 2 sen . . . . . . | = f 0.50 |
| harga vrachtbrief model B 493 salambarna . . . | | = f 0.03 |
| harga rĕsi model B 587. . . . . . . . . . . | | = f 0.10 |

*Djadi ongkosna beas noe 20 pikoel teh lamoen dikirimkeun* koe vrachtgoed f 12.38

Lamoen eta beas teh dikirimkeun koe ijlgoed sangkan tereh datangna ka Batawi, ongkosna koedoe ditambah 50% tina ongkos noe diitoeng koe tarip Xa, nja eta 50% tina *f* 10.50 = *f* 5.25. Djadi ongkosna = *f* 17.63.

Ieu berendelan piongkoseunana beas noe 20 pikoel tea lamoen dikirimkeun ti Tjiandjoer ka Batawi koe ijlgoed:

| | |
|---|---|
| ongkos ijllgoed f 10.50 + f 5.25 = ................ | f 15.75 |
| boeroeh nimbang ........................................ | f 0.50 |
| boeroeh moeat ........................................ | f 0.75 |
| boeroeh ngabongkar ........................................ | f 0.50 |
| harga vrachtbrief model B 493 ........................ | f 0.03 |
| harga rĕsi model B 587 ........................ | f 0.10 |
| Djoemlah ........ | f 17.63 |

Lamoen njewa hidji gorobag dikirimkeunana ka tĕmpat noe djaoehna 250 K. M., ngitoeng piongkoseunana noeroetkeun tarip Xa djeung Xb.

*Tjontona:* aja pare sagorobag, beuratna 4575 K. G., dikirimkeun ka tĕmpat anoe djaoehna 234 K. M.

4575 K. G. diitoeng 4600 K. G.; dina tarip Xb 4600 K. G. teh diitoeng 5800 K. G. Noeroetkeun tarip Xa, ongkosna 1 K. G. *f* 0,0116.

Djadi piongkoseunana 5800 × 1.16 sen = f 67.28. Eta ongkos

ditambah deui koe boeroeh nimbang moeat djeung ngabongkar. Tapi lamoen noe ngirim sorangan anoe nimbang, moeat djeung ngalongkarna, manehna teu koedoe majar deui eta boeroeh-boeroeh tea. Lamoen eta pare teh dikirimkeun ka tĕmpat noe djaoehna leuwih ti 250 K. M., piongkoseunana koedoe ngitoeng tina tarip Xc djeung Xd.

*Tjontona:* beuratna pare 4575 K. G., dikirimkeun ka tĕmpat noe djaoehna 284 K. M. ongkos 4575 K. G. diitoeng sapĕrti ongkos 4600 K. G.; lamoen diitoeng noeroetkeun tarip Xc 5800 K. G. = 58 × *f* 1.23 = *f* 71.34 noeroetkeun tarip Xd eta ongkos teh koedoe ditambah oenggal-oenggal 1 K. G. 0.08 sen, djadi tambahna ti noe 4600 K. G. 4600 × 0.08 sen = *f* 3.68. Djadi goenggoeng ongkosna sadjabana tina boeroeh nimbang dj.s.t. *f* 71.34 + *f* 3.68 = *f* 75.02.

Sewaan hidji gorobag varchtgoed sakoerang-koerangna *f* 5.—, ari pikeun ijlgoed *f* 7.50.

Vrachtgoed djeung ijlgoed dikirimkeunana koedoe dibarĕngan koe hidji soerat noe sok disarĕboet „vrachtbrief" tea. Salambarna hargana 3 sen djeung boeroeh ngeusianana 4 sen.

Barang-barang anoe dikirimkeun koe bestelgoed, vrachtgoed djeung ijlgoed koedoe diboengkoes sing hade sarta adresna koedoe tĕrang pisan. Dĕmi majar ongkosna di tĕmpat noe ngirim beunang, di tĕmpat noe dikirim beunang.

Anoe taroempak kareta api beunang mawa barang anoe beuratna nĕpi ka 30 K. G. sarta teu koedoe malajar deui; ari pikeun baroedak ti oemoer 2 nĕpi ka oemoer 10 taoen beunang mawa barang anoe beuratna nĕpi ka 10 K. G. Lamoen leuwih ti sakitoe maranehanana koedoe malajar pikeun oenggal-oenggal 10 K. G. atawa koerang lamoen djaoehna:

*a.* 1 — 150 K. M. oenggal-oenggal K. M. 0.3 sen
*b.* 151 — 350 K. M. oenggal-oenggal K. M. 0.125 sen djeung ongkos *a* deui;
*c.* leuwih ti 350 K. M. oenggal-oenggal K. M., koedoe ditambah 0.2 sen + ongkos *a* djeung *b*.

Ongkos anoe kitoe sakoerang-koerangna koedoe 10 sen.

Aja deui tambahna pikeun anoe taroempak kareta api teh nja eta beunang marawa barang anoe beunang diteundeun di kolong pangdioekanana, asal oelah matak soesah ka noe sedjen bae. Eta barang-barang beuratna teu meunang leuwih ti 20 K. G.

## 9. POSTSPAARBANK.

## DI HINDIA-NEDERLAND.

Noe maratja tangtoe geus pada tĕrang jen geus meh tiloe poeloeh taoen lilana nĕpi ka ajeuna, Goepĕrnĕmen Hindia-Nederland ngajakeun Postspaarbank pikeun djalma-djalma oerang Hindia-Nederland, teu pilih bangsa, awewe atawa lalaki, boedak atawa kolot, kabeh meunang njengtjelengan di Postspaarbank.

Kĕrsana Goepĕrnĕmen anoe matak ngajakeun Postspaarbank teh, taja lian ngan rek noeloeng oerang Hindia anoe gĕmi, noe tara ngamonjah-monjah doeit dipake ka noe teu poegoeh, soepaja boga tĕmpat geusan njentjelengan doeitna, nja eta di bank noe geus nĕrĕkab sa-Hindia-Walanda. Dimana geus biasa njengtjelengan doeit di bank, ĕngke tangtoe oerang Priboemi njahoĕun kana adjina doeit.

Ari kantor-gĕdena eta Postspaarbank ajana di Weltevreden, dingaranan Postspaarbank Hindia-Walanda; sarta geus kaanggĕp koe Wet boga hak sapĕrti djalma, djadi geus dianggap: badan hak (rechtspersoon). Ari noe djadi gĕgĕdenna hidji ambtenaar anoe pangkatna Directeur, ngarangkĕp bari djadi awak² Postspaarbank. Anoe djadi directeur koedoe ngahatoeranan katĕrangan hal kaajaanana doeit ka Raad van Toezicht, nja eta Raad anoe nalingakeun moendoer-madjoena Postspaarbank. Saha bae beunang njengtjelengankeun doeitna ka Postspaarbank asal oelah koerang ti 25 sen. Djadi koe djalan kitoe meh sakabeh djalma barisa njengtjelangan, sanadjan anoe malarat pisan oge lamoen dipĕrloekeun mah tangtoe barisaeun. Oerang beunang njengtjelengankeun atawa njokot deui eta doeit tjengtjelengan di oenggal kantor post atawa di oenggal hulppostkantoor di Poelo Djawa djeung Madoera, nja kitoe deui di hulppostkantoor-hulppostkantoor di loear Poelo Djawa djeung Madoera anoe diajaan Postspaarbank, atawa di pagadean-pagadean Goepĕrnĕmen di karĕsidenan Rĕmbang, Soerabaja djeung Madoera.

Kadjaba ti Postspaarbank aja deui bank-bank sedjen noe sok narima doeit tjengtjelengan, tapi ajana ngan di kota-kota galĕde bae, sapĕrti: di Batawi, Samarang, Soerabaja, Bandoeng djeung di sedjen-sedjen kota deui, kawoewoehan tjengtjelengan anoe ditampa koe eta bank² teh anoe pangsaeutik-saeutikna leuwih ti f 0.25, djadi leuwih gĕde ti patokan njengtjelengankeun

di Postspaarbank. Koe sabab kitoe keur oerang rea mah anoe pangbabarina teh njengtjelengankeun di Postspaarbank tea, komo oepama diingĕtkeun Postspaarbank mah aja di mana-mana djadi di mana bae bisa njengtjelengankeun di eta bank. Kadjaba ti eta Goepĕrnĕmen mananggoeng, ka djalma-djalma noe njengtjelengankeun di Postspaarbank pikeun moelangkeun deui doeit tjengtjelenganana ka noe boga hak katoet djeung kaoentoenganana.

Saha-saha anoe rek njengtjelengan di Postspaarbank koédoe datang sorangan ka kantor post, atawa ka huppostkantoor anoe nampa Postspaarbank, atawa ka pagadean-pagadean Goepĕrnĕmen di karĕsidenan Rĕmbang, Soerabaja djeung Madoera. Datangna ka dinja hĕnteu pĕrloe dianteur koe djalma sedjen atawa make idinan saha-saha, tjoekoep koe toeloej manggihan ambtenaar kantor post, huppostkantoor atawa pagadean-pagadean Goepĕrĕmen di karĕsidenan Rembang, Soerabaja djeung Madoera bae, djeung nérangkeun naon anoe dimaksoed. Biasana djalma noe rek njengtjelengankeun sok ditanja bisa-hĕnteuna noelis. Lamoen noe bisaeun noelis sok toeloej dibere blangko sarta dititah ngeusian sorangan naon-naon noe ditanjakeun di dinja. Lamoen aja noe teu ngarti, meunang nanjakeun ka eta ambtenaar tea, sabab eta ambtenaar teh diwadjibkeun noeloengan ka sakoer anoe rek njarengtjelengankeun di Postspaarbank. Sanggeusna dieusian eta blangko teh koedoe ditanda sarta koedoe dibikeun deui ka ambtenaar tea, nja kitoe deui doeit anoe rek ditjengtjelengankeunana.

Lamoen anoe rek njengtjelengankeun teh teu bisaeun noelis, tjoekoep koe bisa ngawalonan, naon-naon noe ditanjakeun koe eta ambtenaar tea bae. Ari djawabanana tea ditoelis koe eta ambtenaar dina blangko. Sanggeusna eta blangko dieusian koedoe ditanda koe noe rek njengtjelengankeun tea koe tjap tiloe ramo leungeun katoehoe. nja eta: tjoeroek, djadjangkoeng djeung djaridji.

Katĕrangan-katĕrangan anoe ditanjakeun bieu tea toeloej ditoelis koe eta ambtenaar tea dina boekoe règistĕr Postspaarbank. Anoe njengtjelengan toeloej nekĕn atawa nandaan deui sapĕrti noe ĕnggeus, ĕngkena bakal nampa 1 boekoe Postspaarbank ti eta ambtenaar. Dina eta boekoe disĕboetkeun saha ngaranna anoe njengtjelengan, serie, nomĕr, titimangsana njengtjelengankeun, lobana doeit noe ditjengtjelengankeun dj.s.t. Eta

boekoe koe oerang teu koedoe didoeitan deui. Nja kitoe deui satoeloejna dimana oerang njengtjelengankeun deui atawa njokot deui doeit tjengtjelengan tea, hĕnteu koedoe majar deui.

Tapi moenggoehing di hulppostkantoor-hulppostkantoor mah tara sadia boekoe Postspaarbank teh; koe sabab eta djalma-djalma anoe njarengtjelengankeun di dinja, dina mimiti njengtjelengankeun teh hĕnteu toeloej meunang boekoe Postspaarbank tea, tapi ngan oekoer dibere rĕsi, pikeun tanda jen doeit tjengtjelenganana geus katampa. *Dĕmi woedjoedna eta rĕsi teh kieu:*

BEULAH HAREUPNA:

Hulppostkantoor ..............................................

Voorloopig bewijs van ontvang / Soerat tanda diterima boeat sementara } No. ..........................

voor eene som van / sedjoemblah | *f* ............ inletters / dengan hoeroef

..............................................

als eerste inlage in de Postspaarbank ten name van / simpenan jang pertama di Postspaarbank atas namanja } ..........................

..............................................

Form. XVI

De Hulppostcommies,

.............................., den .............................. 192..........

Strook af te geven aan de inlegger, en door dezen weder in te leveren bij uitreiking van het spaarbankboekje.

Z.O.Z. / Balik

Zie art. 9 der Instructie voor de Hulppostkantoren.
Libatlah art. 9 pada instructie oentoek Hulppostkantoor.

BEULAH TOEKANGNA:

Dit bewijs moet door den inlegger weder aan het hulppostkantoor worden ingeleverd tegen afgifte van het spaarbankboekje, waarop de eerste inlage is ingeschreven.

---

Soerat ini moesti dipoelangkan oléh siperjimpan kekantor pos ketjil sesoedah boekoe spaarbank diterima dari kantor pos besar.

---

Het spaarbankboekje in goede orde ontvangen met daarin opgenomen als eerste inlage het aan ommezijde vermeld bedrag.

---

Boekoe *spaarbank soedah diterima, didalamnja tertoelis* oeang jang disimpan seperti jang terseboet dibalik ini.

De inlegger:
Si-penjimpan:

---

**Dit bewijs moet door het hulpkantoor worden ingediend aan het contrôle-kantoor,** *ter verdere doorzending* aan de **Poostspaarbank**

*Heuleut sawatara poë ti poëan* njengtjelengankeun tea, eta rěsi beunang dibalikkeun deui ka hulppostkantoor anoe diasoepan tjengtjelengan *tea*, ditoekeuran koe 1 boekoe anoe beunang ngeusian njěboetkeun lobana doeit anoe ditjengtjelengankeun mimiti tea.

Eta boekoe koedoe disimpěn hade-hade oelah něpi ka leungit, djeung dimana arek njengtjelengan deui atawa arek njokot doeit tina tjengtjelengan tea eta boekoe koedoe dibawa, sabab pěrloe pikeun ngingětan ambtenaar post. Noeroenna tea hěnteu lila, toeloej eta boekoe dipoelangkeun deui ka noe bogana. Oepama eta boekoe teh leungit, koedoe boeroe-boeroe datang ka postkantoor mere katěrangan anoe tjoekoep sangkan bisa meunang doeplikatna sarta koedoe majar f 0.25.

Loba djalma anoe sok haloemandeuar kieu: „Ěmh boro-boro bisa njengtjelengankeun, keur hakan sapopoë oge koerang keneh."

Eta omongan kitoe teh bisa djadi oge saĕnjana, tapi sanadjan kitoe, lamoen dibarĕngan koe akal saeutik bae oge, tangtoe manehna bisa njengtjelengan di Postspaarbank teu kalawan ngarasa repot.

Sakabeh djalma saban poë tangtoe dahar. Oepamana bae aja djalma sakoerĕn anoe balandjana dina sapoëna f 0.25, saajeuna koedoe bisa meakkeun f 0.24; tjing koemaha karasa eta kakoeranganana teh? Tangtoe hĕnteu, lain? Eta doeit anoe sapoë, sasen teh koe oerang koedoe dipisahkeun, saboelanna tangtoe leuwih tina f 0.25. Anoe f 0.25 tea koe oerang toeloej asoepkeun ka Postspaarbank sarta saleuwihna keun antĕp tambahaneun, pikeun tjengtjelengankeuneun deui.

Toekang djoeal beuli noe sok ka kota, dimana balik njimpang bae ka kantor post, ka hulppostkantoor atawa ka sala sahidji pagadean Goepĕrnĕmen di karĕsidenan Rĕmbang, Soerabaja djeung Madoera, pikeun njengtjelengan ka Postspaarbank, misahkeun bae tina doeit bati tea. Oepama batina tea gĕde, tangtoe bae njengtjelengankeunana oge oelah saeutik; iwal lamoen saeutik batina, nja teu naon-naon saeutik oge.

Sing aringĕt kana paribasa karoehoen oerang: „Bibilintik boeboek leutik, sataoen meunang saleuit."

Dĕmi pikeun para ambtenaar atawa ponggawa Goepĕrĕmen, Provincie, Gewest, Gemeente djeung Kaboepaten, aja deui atoeran njengtjelengankeun anoe sedjen toer leuwih gampang ngalakonana, nja eta koe djalan mere njaho ka sepna sangkan gadjihna tea dipotong sabaraha bae kakoeatanana; eta tjengtjelengan diasoepkeunana ka Postspaarbank make ngaran noe dipotong gadjihna tea.

Anoe pangsioen, onderstand djeung wachtgeld oge meunang njengtjelengankeun sapĕrti kitoe.

Nja kitoe deui pagawe-pagawe maskape anoe galĕde, meunang njengtjelengan sapĕrti noe geus kasĕboet di loehoer, ngan koedoe babarĕngan pada ngaririmkeun panoehoen ka directeur Postspaarbank di Weltevreden. Hadena motongna gadjihna teh oelah gĕde teuing, panggĕdena oge 5% bae, nja eta sangkan oelah nĕpi ka matak djadi waloerat kana hiroepna. Djalan kieu teh sabisa-bisa koedoe dilampahan, sangkan ĕng-

ke noe njengtjelengankeun teh njaho-njaho doeitna geus loba bae. Oenggal noe njengtjelengan dibere njaho sabaraha dipotongna gadjihna. koe djalan kitoe noe njengtjelengan teh bisa njaho sabaraha lobana doeit tjengtjelenganana.

Anoe meunang njengtjelengan di Postspaarbank teh lain ngan woengkoel djalma bae, tapi pagoejoeban² djeung sapapadana, sakoer anoe dianggap saperti djalma (rechtspersoon), eta oge meunang njengtjelengankeun, ngan koedoe make ngaran eta pagoejoeban tea.

Djalma-djalma anoe baroga tjengtjelengan di Postspaarbank, oepama parindah ka kota atawa ka tĕmpat sedjen, samemehna parintah teh koedoe mere njaho heula ka ambtenaar kantor post tĕmpat njengtjelengan tea, djeung koedoe menta soepaja ngaran tĕmpat postkantoorna diganti koe ngaran postkantoor tĕmpat noe rek dipindahan tea, djeung koedoe menta pitoeloeng, soepaja ditĕrangkeun ka ambtenaar kantor post tĕmpat noe rek dipindahan tea. Dĕmi atoeranana kieu:

Ambtenaar post bakal mere balangko ka anoe rek pindah tea, eta balangko koedoe dieusian sapĕrloena djeung koedoe ditanda. Sanggeus kitoe balangko noe beunang ngeusian djeung boekoe spaarbank koedoe dibikenn ka eta ambtenaar sina dipariksa. Sanggeusna dipariksa eta boekoe djeung balangko noe beunang ngeusian teh dipoelangkeun deui. Dimana datang ka tĕmpat noe dipindahan tea oelah diĕndĕkkeun lila-lila, koedoe tĕroes bae nembongkeun boekoe spaarbank djeung balangko noe beunang ngeusian tea ka ambtenaar post di dinja. Anoe nembongkeun eta boekoe koedoe nanda di sisina eta balangko djeung dina rĕgistĕr.

Koe djalan kitoe ambtenaar post teh njahoĕun jen manehna teh anoe boga hak kana doeit tjengtjelenganana tea. Djadi oepama manehna pĕrloe menta doeit tjengtjelenganana teh moal hese.

Tapi lamoen di tĕmpat asalna atawa tĕmpat noe rek dipindahanana teh kantorpostna kantorpost-toeloengan, pikeun ngaganti ngaran kantor post kitoe teh hĕnteu gampang. Eta balangko noe beunang ngeusian djeung nanda katoet boekoe spaarbank tea koedoe dikirimkeun heula ka directeur Postspaarbank di Weltevreden. Engke koe Directeur eta balangko noe beunang ngeusian djeung boekoe teh dikirimkeun ka kantor post tĕmpat noe dipindahan tea. Koe sabab kitoe noe njengtjelengan teh kapaksa koedoe mikeun boekoe spaarbankna tea; tah lamoen

kadjadian kitoe, poma oelah poho dina mikeunna teh koedoe menta rĕsi. Ĕngke dimana arek njokot boekoe spaarbank eta rĕsi koedoe dipoelangkeun ka ambtenaar post tĕmpat anjar tea.

Lamoen aja anoe rek njokot doeit tjengtjelengan ti Postspaarbank hĕnteu bisa datang sorangan lantaran aja halangan, sapĕrti: gĕring, dj. s. t., manehna meunang wakil ka djalma sedjen, tapi wakilna djeung noe diwakilanana tea koedoe barisa noelis.

Doeit anoe diteundeun di Postspaarbank teh ngadatangkeun kaoentoengan, sanadjan rentĕnna tea ngan saeutik oge, tapi geus beunang ditangtoekeun, jen eta doeit moal leungit atawa ngoerangan, sabab ditanggoeng koe Goepĕrĕmen. Dĕmi anakna tea 2.4%, tĕgĕsna oenggal f 100,—, f 2.40 sataoenna.

Djadi dina saboelan tina f 100.— teh rentĕnna 20 sen, atawa dina oenggal f 10.— 2 sen. Doeit tjengtjelengan saleuwihna tina f 2400.— eta leuwihna tea hĕnteu direntĕnan deui. Tapi lamoen eta doeit teh anoe bank-bank cridietinstelling anoe gawena pikeun noeloeng anoe baroetoeh, djeung bank amal (liefdadige instelling), sapĕrti: Bataviaasch cridietbank, Darma wara dj.s.t., oepama doeitna tea diteundeun di Postspaarbank, sanadjan leuwih ti f 2400,— oge direntenan bae. Ari ngitoengna rentĕnna tea, ti poëan mimiti ngasoepkeun doeit tjengtjelenganana ka Postspaarbank.

Rentĕn doeitna sataoen sakali sok diitoeng sarta toeloej dihidjikeun kana doeit pokona. Koe sabab eta sataoen sakali boekoe spaarbank teh koedoe dibikeun ka kantorpost sangkan dikirimkeun ka Directeur Postspaarbank di Weltevreden. Tapi kade oelah poho, dimana oerang mikeun boekoe koedoe menta rĕsi.

Teu sakoemaha lilana tangtoe eta boekoe spaarbank teh dipoelangkeun deui ka noe boganana; nja kitoe deui rĕsi tea koedoe dipoelangkeun ka ambtenaar post, koe sabab eta koedoe ati-ati bisi eta rĕsi tea leungit.

Doeit tjengtjelengan katoet rentĕnna tea sanggeusna dihidjikeun bakal direntĕnan deui, ari rentĕnna tea tĕtĕp bae 2.4%. Tĕgĕsna doeit anoe ditjengtjelengankeun di Postspaarbank teh dianakanana rentĕn marentĕn, ngan koerangna tina 1 roepia, eta teu direntĕnan. Nja kitoe deui rentĕn noe koerang tina 1 sen tara diitoeng.

Dĕmi atoeran ngitoengna rentĕn di Postspaarbank teh kieu: Oepama aja hidji djalma anoe mimiti njengtjelenganana boelan Januari taoen 1920, ari gĕdena anggĕr saboelanna f 5.—;

dina boelan Januari doeitna teh tatjan direntĕnan, tapi mimiti direntĕnanana teh dina boelan Februari; doeit anoe diasoepkeun dina boelan Februari direntĕnanana dina boelan Maart taoen eta dj.s.t. Ngitoengna rentĕn nĕpi ka tanggal 31 December 1920. Djadi doeit f 5,— noe ditjengtjelengankeun dina boelan:

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Januari, | lilana | 11 | boelan, | rentĕnna | f 0.11 |
| Februari, | lilana | 10 | boelan, | rentĕnna | f 0.10 |
| Maart, | lilana | 11 | boelan, | rentĕnna | f 0.09 |
| April, | lilana | 8 | boelan, | rentĕnna | f 0.08 |
| Mei, | lilana | 7 | boelan, | rentĕnna | f 0.07 |
| Juni, | lilana | 6 | boelan, | rentĕnna | f 0.06 |
| Juli, | lilana | 5 | boelan, | rentĕnna | f 0.05 |
| Augustus, | lilana | 4 | boelan, | rentĕnna | f 0.04 |
| September, | lilana | 3 | boelan, | rentĕnna | f 0.03 |
| October, | lilana | 2 | boelan, | rentĕnna | f 0.02 |
| November, | lilana | 1 | boelan, | rentĕnna | f 0.01 |
| December, | lilana | — | boelan, | rentĕnna | f — |

Djadi nĕpi ka tanggal 31 December 1920 teh rentĕnna aja .......................... f 0.66

hartina tina doeit tjengtjelengan anoe 12 × f 5,— = f 60,—. Doeit poko djeung rentĕnna tea toeloej dihidjikeun, mimiti tanggal 1 Januari 1921 ngawitan direntĕnan deui. Tapi lantaran djoemblah rentĕnna tea ngan f 0.66, tĕgĕsna koerang ti f 1,— koe sabab kitoe eta rentĕn teh hĕnteu kaitoeng. Ti boelan Januari 1921 nĕpi ka boelan December 1921 doeit noe f 60,— rentĕnna aja .................................................. f 1,44.

Doeit noe ditjengtjelengankeun dina taoen 1921 aja 12 × f 5,— = f 60,—, rentĕnna saroea bae djeung rentĕn noe dina taoen '20 .................................. f 0,66

Djoemblah rentĕn dina taoen 1921 aja .............. f 2,10; ari djoemblah tjengtjelengan katoet djeung rentĕnna nĕpi ka tanggal 31 December aja f 60,66 + f 60,— + f 2,10 = f 122,76.

Eta doeit anoe f 122,— tea ti mimiti boelan Januari 1922 mimiti dianakan deui, sarta sanggeusna 12 boelan lilana rentĕnna aja ................................................................ f 2.92

Tjengtjelengan anoe diasoepkeun dina taoen 1922,12 × f 5,— = f 60.—, rentĕnna .................................. f 0.66

Dina taoen 1922 pinampaeun rentĕn teh .............. f 3.36

| Bilangan taoen | Njengtjelengan boelanan, noe saboelanna: | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | f 1— | f 1,50 | f 2,— | f 2,50 | f 3,— | f 3,50 | f 4,— | f 4,50 | f 5,— |
| | Diitoong tĕroes nooroetkeun bilangan taoen, lobana djadi: | | | | | | | | |
| 1 | f 12,13 | f 18,19 | f 24,26 | f 30,32 | f 36,39 | f 42,45 | f 48,52 | f 54,58 | f 60,66 |
| 2 | ,, 24,55 | ,, 36,83 | ,, 49,10 | ,, 61,36 | ,, 73,65 | ,, 85,91 | ,, 98,20 | ,, 110,46 | ,, 122,76 |
| 3 | ,, 37,25 | ,, 55,86 | ,, 74,54 | ,, 93,14 | ,, 111,79 | ,, 130,40 | ,, 149,08 | ,, 167,68 | ,, 186,34 |
| 4 | ,, 50,27 | ,, 75,37 | ,, 100,58 | ,, 125,69 | ,, 150,85 | ,, 175,97 | ,, 201,68 | ,, 228,27 | ,, 251,46 |
| 5 | ,, 63,60 | ,, 95,36 | ,, 127,24 | ,, 159,04 | ,, 190,84 | ,, 222,62 | ,, 254,53 | ,, 286,28 | ,, 318,14 |
| 6 | ,, 77,21 | ,, 115,88 | ,, 154,55 | ,, 193,15 | ,, 231,79 | ,, 270,40 | ,, 309,15 | ,, 347,73 | ,, 386,43 |
| 7 | ,, 91,22 | ,, 136,75 | ,, 182,51 | ,, 228,10 | ,, 273,73 | ,, 319,33 | ,, 365,09 | ,, 410,64 | ,, 456,35 |
| 8 | ,, 105,53 | ,, 158,23 | ,, 211,14 | ,, 263,89 | ,, 316,67 | ,, 369,44 | ,, 422,37 | ,, 475,06 | ,, 527,95 |
| 9 | ,, 120,18 | ,, 180,21 | ,, 240,46 | ,, 300,52 | ,, 360,65 | ,, 420,75 | ,, 481,02 | ,, 541,04 | ,, 601,25 |
| 10 | ,, 135,19 | ,, 202,72 | ,, 270,48 | ,, 338,01 | ,, 405,68 | ,, 473,28 | ,, 543,09 | ,, 608,61 | ,, 676,33 |
| 11 | ,, 150,56 | ,, 225,76 | ,, 301,92 | ,, 376,47 | ,, 451,79 | ,, 527,08 | ,, 606,60 | ,, 677,79 | ,, 753,21 |
| 12 | ,, 166,29 | ,, 249,35 | ,, 332,70 | ,, 415,81 | ,, 499,01 | ,, 582,18 | ,, 669,67 | ,, 748,62 | ,, 831,94 |
| 13 | ,, 182.40 | ,, 273,51 | ,, 364,93 | ,, 456,09 | ,, 547,38 | ,, 638,60 | ,, 734,25 | ,, 821,16 | ,, 912,54 |
| 14 | ,, 198,90 | ,, 298,25 | ,, 397,93 | ,, 497,85 | ,, 596,90 | ,, 696,36 | ,, 800,39 | ,, 895,45 | ,, 995,08 |
| 15 | ,, 215.74 | ,, 323,59 | ,, 431,72 | ,, 539,60 | ,, 647,60 | ,, 775,52 | ,, 868,11 | ,, 971,51 | ,, 1079,62 |
| 16 | ,, 238,07 | ,, 349,53 | ,, 466,32 | ,, 582,96 | ,, 699,52 | ,, 816,09 | ,, 937,46 | ,, 1049,46 | ,, 1166,17 |
| 17 | ,, 250,79 | ,, 376,09 | ,, 501,76 | ,, 627,15 | ,, 752,69 | ,, 878,13 | ,, 1008,48 | ,, 1129,10 | ,, 1253,81 |
| 18 | ,, 268,92 | ,, 403,30 | ,, 538,04 | ,, 672,52 | ,, 807,13 | ,, 941,65 | ,, 1081,20 | ,, 1210,84 | ,, 1345,56 |
| 19 | ,, 287,48 | ,, 431,16 | ,, 575,21 | ,, 718,97 | ,, 862,89 | ,, 1036,69 | ,, 1155,67 | ,, 1294,46 | ,, 1438,50 |
| 20 | ,, 306,50 | ,, 459,69 | ,, 618,27 | ,, 766,52 | ,, 919,97 | ,, 1073,29 | ,, 1231,91 | ,, 1380,10 | ,, 1533,67 |

Djadi dina tanggal 31 December 1922 djoemblah doeit tjengtjelengan katoet djeung rentĕn-rentĕnna aja f 122,76 + f 60,— + f 3,38 = f 186,34.

Kitoe bae satĕroesna. Ilikan berendelanana doeit tjengtjelengan di Postspaarbank, di djĕro sakitoe taoen teh djoemblahna aja sakitoe.

Ingĕtkeun, pikeun djalma anoe njarengtjelengan di Postspaarbank, *lamoen nĕpi ka tiloe poeloeh taoen* lilana hĕnteu njengtjelengankeun deui, hĕnteu njokot deui doeitna, atawa hĕnteu mikeun boekoena ka kantor post sangkan toeloej dikirimkeun ka Directeur Postspaarbank, *doeit tjengtjelenganana katoet ka rentĕn-rentĕnna*, eta kabeh *djadi milik Postspaarbank*. Ari noe matak diajakeun atoeran kitoe, lain Goepĕrĕmen nakal atawa karooh koe kaoentoengan sakitoe, tapi ieu mah sangkan Postspaarbank hĕnteu ngoeroes doeit djalma anoe teu poegoeh katĕranganana. Kapan tangtoe bisa djadi aja djalma anoe njosoëh boekoe postspaarbankna, lantaran poesing pedah doeit tjengtjelenganana ngan kari saeutik. Lamoen euweuh atoeran kitoe, meureun oenggal taoen Postspaarbank teh koedoe hajoeh bae ngitoeng doeit sesa tjengtjelenganana tea, sanadjan oepamana noe njengtjelengankeun teh geus lila maot. Koe sabab kitoe sanadjan tjengtjelengan tea ngan kari saeutik deui pisan oge, hadena mah koedoe dipenta bae; djeung kabiasaanana noe barogaeun tjengtjelengan di Postspaarbank teh sok tara ngaringĕtkeun kana rentĕn noe masih koedoe katampa.

Di loehoer geus ditĕrangkeun, jen sadjabana ti cridietbank dj. s. t. sakoer anoe nareundeun doeit di Postspaarbank doeit tjengtjelenganana anoe saleuwihna tina *f* 2400,— hĕnteu direntĕnan. Tapi sanadjan kitoe noe boga doeit teh bisa keneh bae boga kaoentoengan koe djalan menta ka Directeur Postspaarbank, sangkan doeitna tea dibeulikeun kana soerat hoetang Nagara, anoe tangtoe aja kaoentoenganana, malah leuwih ti batan kaoentoengan di Postspaarbank. Anoe djadi directeur tangtoe bakal kĕrsaeun noeloengan.

Ngirimkeunana soerat menta dipangmeulikeun soerat hoetang Nagara teh koedoe dibarĕngan koe ngirimkeun boekoe spaarbank ka Directeur Postspaarbank di Weltevreden.

Oepama geus meunang soerat hoetang Nagara teh, tangtoe doeit oerang anoe di spaarbank katjangkolong koe hargana eta soerat hoetang Nagara tea. Sanggeusna kitoe eta obligatie (soe-

rat hoetang) tea katoet boekoe spaarbankna tangtoe dikirimkeun deui ka noe bogana.

Eta obligatie beunang dipihapekeun di Postspaarbank, noe bogana ngan ngampihan rĕsina bae.

Oenggal Postspaarbank pada narampa doeit rentĕn hoetang Nagara tea sarta toeloej marere njaho ka djalma-djalma anoe baroga obligatie koe nota. Eta nota koedoe dipoelangkeun deui ka kantor post. Di dinja doeit rentĕn obligatie teh sanggeusna dipotong koe ongkos-ongkos toeloej diasoepkeun kana boekoe spaarbankna.

Katĕrangan-katĕrangan sedjen meunang nanjakeun ka Directeur Postspaarbank di Weltevreden.

Moerid-moerid sakola oge meunang njengtjelengankeun di Postspaarbank.

Djalma anoe di djĕro hoekoeman oge beunang njengtjelengan di Postspaarbank, dĕmi doeitna beunang motong tina boeroehanana. Éngke dimana manehna kaloear tina hoekoeman, eta doeit bakal dipoélangkeun.

Anoe njengtjelangankeun di Postspaarbank Hindia, oepama pindah ka nagara Walanda, doeit tjengtjelenganana tea beunang dipindahkeun ka Ned. Rijks-Postspaarbank. Nja kitoe deui sabalikna, anoe njarengtjelengan di Ned. Rijks-Postspaarbank, dimana pindah ka Hindia, doeit tjengtjelenganana tea beunang dipindahkeun ka Postspaarbank Hindia-Nederland.

Sakabeh djalma meunang nanjakeun naon-naon bab pĕrtelaan njengtjelengan di Postspaarbank ka Directeur Postspaarbank di Weltevreden, boh koe lisan boh koe soerat. Soerat-soerat pikeun ka Directeur Postspaarbank teu koedoe diparangkoan deui. Ieu di handap tjontona adres soerat pikeun ka Directeur Postspaarbank di Weltevreden:

Dienst
v.v.p.

Aan
den DIRECTEUR der POSTSPAARBANK
te
WELTEVREDEN.

Ieu di handap berendelan kaajaanana djalma-djalma anoe njarengtjelengankeun di Postspaarbank, djeung djoemlah doeit

tjengtjelenganana, noeroetkeun laporan Postspaarbank noe pangänjarna.

Geura seug arilikan. Djoemblah djalma anoe njarengtjelengankeun di Postspaarbank kaitoeng loba oge, tapi lamoen koe oerang dibandingkeun kana djoemblahna tjatjah djiwa Hindia-Nederland, reana 50 joeta, djalma anoe geus njarengtjelengankeun teh kaitoeng saeutik keneh pisan, djadi masih gĕde keneh pangharĕpan kana bisa nambahan reana; komo deui ajeuna mah, sabab di tĕmpat-tĕmpat anoe djaraoeh ti kota oge geus diaajaan kantor post. Sabab bisa djadi noe matak reana djalma anoe njarengtjelengankeun ajeuna ngan sakieu teh, lantaran loba djalma anoe tjaritjingna djaoeh teuing ti kantor post, nĕpi ka maranehanana ngarasaeun wĕgah pikeun datang ka kantor post anoe sakitoe djaoehna. Sadjabana ti kitoe loba keneh djalma anoe tatjan njarahoëun kana kaajaanana Postspaarbank. Tapi sanadjan kitoe hĕnteu weudeu loba² bae anoe ngamimitian njengtjelengan teh, sarta maranehanana sok tjatjarita hal eta ka sanakbarajana djeung ka kawawoehanana.

Dina taoen 1925 djoemblahna oerang Priboemi anoe mareunang boekoe anjar aja 15 080, ari djoeblahna boekoe spaarbank oerang Priboemi anoe doeitna geus ditjokot kabeh, aja 8 475. Dina panoetoepan taoen 1925 djoemblahna boekoe spaarbank oerang Priboemi aja 173 886. Boekoe bangsa Eropa aja 78 117, boekoe bangsa asing aja 16 494. Djadi djoemblahna djalma-djalma anoe njarengtjelengankeun di Postspaarbank dina ahirna taoen 1925 aja 268 497.

Ti antero boekoe anoe sakitoe, anoe katampa ti pagadean-pagadean Goeperĕmĕn di karĕsidenan Rĕmbang, Soerabaja djeung Madoera, aja 1186 noe oerang Priboemi, noe bangsa Eropa 56 djeung noe bangsa asing aja 27. Anoe baroga eta boekoe tangtoe njarahoëun kana atoeran jen sakabeh djalma meunang njengtjelengankeun di pagadean.

Djoemblahna doeit anoe ditjengtjelengankeun djeung anoe ditjokot dina taoen 1925 aja:

| | Noe ditjengtjelengankeun | Noe ditjokot | | Sesana |
|---|---|---|---|---|
| Bangsa Eropa | f 8.722.452,41 | f 9.315.318,54= | — | f 592.886.13 |
| Bangsa Priboemi | f 3.335.777,035 | f 2.946.429,09= | + | f 389.347,945 |
| Bangsa asing | f 658.774,81 | f 554.942,06= | + | f 103.832.75 |
| Djoemblah | f 12.817.004,255 | f 12.916.689,69= | — | f 99.685,435 |

Lamoen oerang nendjo angka-angka noe kasĕboet di loehoer, eta *geus netelakeun jen* bangsa oerang, oerang Priboemi, geus rada loba oge tjengtjelengananana teh.

Nja kitoe deui lamoen oerang nendjo kana lobana djoemblah doeit poko katoet rentĕnna noe beunang ngadjoemblahkeun dina ahirna taoen 1925:

| | |
|---|---|
| Noe oerang Eropa | f 12.845.685,37 |
| Noe oerang Priboemi | f 5.255.914,49 |
| Noe oerang Asing | f 864.326,79 |
| Djoemblahna aja | f 18.965.926,65 |

Tjandiroto. R. Soepangkat ........................ 1924
Kaloran. M. Soerowo ........................ 1924
Djaksa. R. Ringgodirĕdjo ...................... 1923
Poerworĕdjo. Boepati: R. T. A. Soeriadi ........... 1923
Patih: R. Hasan ........................ 1923
Wadana distrik:
Poerworĕdjo: Patih.
Loano. M. Sastrodimoeljo ........................ 1924
Tjangkrĕp. R. Tjokrodiprodjo ........................ 1924
Djaksa. R. Poerwodirĕdjo ........................ 1925
Koetoardjo. Boepati: R. T. A. Poerboadikoesoemo. 1915
Patih. M. Tarijadi al. Nitihardjo ........... 1923
Wadana distrik:
Koetoardjo. Patih.
Kĕmiri. R. M. Tjokroadhinoto ........................ 1924
Pitoeroeh. R. Adĕnan ........................ 1925
Poerwodadi. M. Aditomo ........................ 1924
Djaksa: R. Tjokromoerdoko (wd.) ........... 1919
Kĕboemen. Boepati: R. A. Aroeng Binang ...... 1909

| | |
|---|---|
| Patih: R. M. Soetarmo ........................ | 1923 |
| Wadana distrik: | |
| Kĕboemen. Patih: | |
| Alihan. M. Soemantri Rĕksodidjojo ................ | 1924 |
| Koetowinangoen. R. Partodidjojo .................. | 1923 |
| Pĕrĕmboen. R. Noersinggi .......................... | 1923 |
| Djaksa: R. Abdullah ........................ | 1923 |
| Karangänjar. Boepati: R.T.A. Iskandar Tirtokoesoemo ........... ........... | 1912 |
| Patih: M. Mohamad Tajib .................. | 1923 |
| Wadana distrik: | |
| Karanänjar. Patih | |
| Gombong. R. Koesoemohoedojo ...................... | 1923 |
| Rowokele. R. Kartodarmodjo ...................... | 1924 |
| Pĕdjagoan. R. Tirtodibroto .... ...................... | 1923 |
| Poering. R. Soerodipoetro al. [illegible] .............. | 1923 |
| Djaksa: R. Iskandar . ................... | 1925 |
| Wonosobo. Boepati: R. T. A. [illegible]diprodjo ...... | 1920 |
| Patih: Soetirto al. [illegible]ohaditirto ...... | 1923 |
| Wadana distrik: | |
| Wonosobo. Patih. | |
| Garoeng. R. M. Koesen ...... . ..................... | 1924 |
| Lĕksono. R. Tirtomihardjo .... ..................... | 1922 |
| Sapoeran. ........................ .... ...................... | |
| Broeno. R. M. Soedjono al. Tirtosoedjono ......... | 1923 |
| Ngadisono. M. Madi al. Wongsoatmodjo ........... | 1922 |
| Djaksa: M. Kaseno ...... ...................... | 1923 |

## KARESIDENAN MADIOEN.

| | |
|---|---|
| Madioen. Boepati: K.M.A.R.A. Koesnodhiningrat | 1900 |
| Patih: R. Dirdjoprawiro ..................... | 1924 |
| Wadana distrik: | |
| Madioen. R. Soejadi ................................ | 1925 |
| Tjaroeban. M. Djajengsoemarto ... ..................... | 1925 |
| Oetĕran. M Mohamad Sediono ...................... | 1925 |
| Kanigoro. R. Tjokrosoedirdjo (wd.) ................. | 1925 |
| Hoofddjaksa: M. Doorjat ...................... | 1914 |
| Ngawi. Boepati: R. M. A. A. Sosro Boesono ...... | 1905 |
| Patih: M. Soemowinoto .................... | 1921 |

Wadana distrik:

Ngawi. M. Soemarsidih al. Djojodihardjo ...... 1925
Dĕro. M. Prijoprawiro ........................ 1923
Ngrambe. R. Soebagio ......................... 1923
Gĕndingan. M. Poerwodinoto ................... 1925
Djaksa: R. Arsad Prawiraatmadja ........ 1924

Magĕtan. Boepati: R. A. A. Hadiwinoto ........ 1912
Patih: R. Poerbowinoto ........................ 1920

Wadana distrik:

Magĕtan. Patih.
Parang. R. Kĕrtodiprodjo ..................... 1921
Maospati. M. Abdoelmanap ..................... 1925
Goranggareng. M. Saleh ....................... 1924
Djaksa: M. Soerodjo .......................... 1924

Ponorogo. Boepati: P. A. A. Koesoemo Joedo ... 1916
Patih: R. Tjitrokoesoemo ...................... 1912

Wadana distrik:

Ponorogo. M. Soekelan al. Sosrohadisoebroto ... 1925
Somoroto. R. Moertadjab ...................... 1924
Djĕbĕng. R. Tjokroprawiro .................... 1923
Ardjowinangoen. M. Mangoenwardojo ............ 1913
Poeloeng. ...........................................
Djaksa: M. Abdulchamid ....................... 1924

Patjitan. Boepati: R. A. A. Tjokronĕgoro ..... 1906
Patih: R. Sam ................................ 1925

Wadana distrik:

Patjitan: Patih.
Poenoeng. ...........................................
Tĕgalombo. R. Aboesajid ...................... 1924
Lorok. R. Martotĕnojo ........................ 1923
Djaksa: M. Patmobroto ........................ 1924

## KARESIDENAN KĔDIRI.

Kĕdiri. Boepati: R. T. Danoedipoero .......... 1923
Patih: M. Wirjodinoto ........................ 1924

Wadana distrik:

Kĕdiri. Patih.
Modjoroto. R. Pandji Rĕtnohadiprodjo ......... 1923
Ngadiloewih. M. Wirjodirĕdjo ................. 1924
Pare. ...............................................

Papar. ........................ . ......................
Hoofddjaksa. R. Soem[illegible]o al. R. Tjokrodirĕdjo ........................ 1924
Adj. id.: Moenand[illegible] al. R. Aboenandir. 1925
M. Soej[illegible]o Prawirodirdjo. 1924

Toeloengägoeng. Boepati: R.A.A. Sosrodiningrat. 1907
Patih: M. Ng. Tjokrohamidjojo ........ 1914

Wadana distrik:

Toeloengägoeng. Patih.
Ngoenoet. M. Soekarmani ............ ............ 1923
Tjampoerdarat. M. Danoekoesoemo ................ 1924
Kalangbret. M. Prawirowidjojo ............ ....... 1921
Djaksa: R. M. Soembodo ............ ....... 1925

Trĕnggalek. Boepati: R. A. A. Widjojosoewondo. 1909
Patih: M. Soedibiokoesoemo ............. 1925

Wadana distrik:

Trĕnggalek. Patih
Kampak. R. Prawirosoewignjo ......... ... ...... 1924
Karangan. R. Djojohadinoto ........................ 1921
Panggoel. M. Soedjono ........ ...................... 1924
Djaksa: R. Soemoditjokro .................... 1923

Ngandjoek. Boepati: R. M. A. A. Sosro Hadi Koesoemo ..................... 1901
Patih: M. Widjojodiseno .................. 1924

Wadana distrik:

Ngandjoek. R. Boedihardjo ................ ........ 1924
Bĕrbĕk. R. Tjokrokoesoemo ........................... 1924
Kĕrtosono. R. M. Hoeksamadiman ................ 1924
Lengkong. M. Soekardono al. Kartowardojo ...... 1925
Waroedjajeng. R. M. Soemodiprodjo ...... ....... 1920
Djaksa: R. Soetigno .. ........................ 1920

Blitar. Boepati: R. M. A. A. Warsohadiningrat. 1918
Patih: M. Sastrowidjojo .................. 1918

Wadana distrik:

Blitar. Patih.
Srĕngat. B. Arsodikromo ...................... ....... 1924
Lodaja. R. Tjitrodikoesoemo ........................ 1921
Wlingi. M. Sastrohadirĕdjo ........................ 1923
Gandoesari. R. Koesoemobroto ................. ..... 1922
Djaksa: ...........................................

## MANGLE

## PAPANAHAN.

Geus djadi adat kabiasaan, ilahar di oengal² těmpat, dina saměntas digawe teh oerang koedoe boga waktoe pikeun reureuh, pambrihna soepaja awak oerang noe lěsoe tjape koe gawe teh hoerip djagdjag waringkas deui.

Ari hal pětana ngareureuhkeunana tjape hěnteu saroea, noe-toetkeun kangeunahan saoerang-saoerang atawa koemaha adatna di hidji² těmpat, aja noe ngeunah koe ngahenen bae njangkoran dina korsi malěs, aja noe rěsěp djalan-djalan, aja oge noe ngahadja ngajakeun kaoelinan, sapěrti: maen bal, moro, běbědil, papanahan, toetoembakan djeung rea-rea deui.

Papanahan oemoerna geus mangratoes-ratoes tahoen, ngan tangtoe bae ari sipat djeung kaajaanana mah meureun robah² nja kitoe deui dipakena baheula beda djeung ajeuna. Ari koe djělěma djaman ajeuna mah ngan oekoer dipake karěsěpan keur ngareureuhkeun tjape měntas digawe, ari djaman baheula mah papanahan teh lain keur kaoelinan tjara ajeuna, gawena, mimitina pisan keur parabot njiar kahiroepan, nja eta paranti ngala boeron leuweung, dahareun. Laoen² djadi pakarang parabot pěrang, boh keur mapag moesoeh boh keur ngaroeroeg. Dina alam harita sakabeh djělěma pada dialadjar manah sarta sarerea pada baroga panah, sabab sapěrkara pěrloe keur ngala boeron leuweung, dahareun; kadoea pakarang keur parabot pěrang. Djělěma anoe pintěr manah dipake kasieun sarta dipoesti-poesti pisan koe babatoeranana, dikawoelaan, digoeroean pangabisana.

Oerang Djawa anoe baheulana ngoedagna kamadjoean ditoengtoen koe oerang Hindoe, teu kira² ngestona, toehoena kana *piwoeroek goeroena* (nja eta oerang Hindoe tea), malah pirang² babad sarta sadjarah² anoe disimpěn koe maranehanana, pasihan ti goeroe, anoe eusina djaba ti njaritakeun kasaktian bangsa pawajangan, kaoengěl oge kasiatna roepa² poesaka; babakoena kěris djeung panah.

Tina hal panah, lain djamparingna bae anoe araheng teh, gondewana oge diaranggap pinoeh koe pangaroeh, dieusi bangsa rohani, něpi ka sok didjarieun djimat, dipoesti-poesti pisan.

Kapintěran manah teh djaman harita mah kaasoep kana *kasantikaning joeda anoe pangpangna*, koe hal eta kaitoeng kana kawadjibaning noe djadi satria.

Rama djeung Ardjoena anoe dianggap pangbisa-bisana manah dina alam pawajangan, dianggap satria lalananging djagat, pradjoerit lalaki langit. Noeroet tjatoering pitoetoer, Rama bisa manah pirang² boeta anoe rek ngabasmi patapan goeroena; koe sakali manah, paeh kabeh; sarta bisa manah Radja boeta Lĕngkapoera, anoe djĕnĕngan Rahwana, siralna sapoeloeh, rampoeng koe sakali manah, katiban panah *Gowawidjaja*.

Ari kabinangkitanana Ardjoena, dina pĕrkara manah bisa manah boeoek salambar ti kadjaoehan, nĕpi ka beulah doea, toer boeoekna hĕnteu pĕgat. Noe matak bisa kitoe lantaran saktina anoe manah djeung pangaroehna panah. Tjaritana, pinoendjoelna Ardjoena dina bab manah, istoening hese neangan tandingna. Geus poegoeh moesoehna anoe napak lĕmah sanadjan anoe ngapoeng ngambah awang², njingkiran djamparing Ardjoena, euweuh noe kari, kabeh sapat beuheungna.

Noeroet oengĕling pakĕm, satria anoe pinilih, anoe bangkit manah teh, tjaraning: Rama, Ardjoena djeung Karna, pada dipaparin djimat panah koe Dewa, disĕboetna panah *pamoengkas* djeung *panah seuneu* (bramastra).

Kasiatna eta *panah pamoengkas*, sanadjan moesoeh anoe pangsaktina, tan wande apĕs djajana, tinangtoe lastari nĕmahan pati. Ari kasiatna *panah seuneu* (bramastra), sanadjan moesoeh mangrewoe-rewoe, bisa dibasmi koe sakali manah, tangtoe toetoeng awakna, moal aja anoe bisa manggapoelia.

Djaba ti panah² poesaka anoe kasĕboet di loehoer tadi, rea keneh panah² poesaka anoe kamashoerkeur kasiatna, tjaraning:

Panah Tjakra agĕman Batara Wisnoe anoe toeroen ka Kĕrĕsna,
„ Pasopati (Pesopati) agĕman Ardjoena
„ Dadali agĕman Ardjoena.

Eta panah² poesaka beda² kasiatna, aja oesoel-asalna (sadjarahna), tapi di dieu moal ditataan kabeh, ngan rek njaritakeun saeutik-eutikeun, asalna Ardjoena meunang panah poesaka Pesopati. Sanadjan ieu oge sadjarah Pesopati, aja sababaraha kaol. Tjek hidji kaol asalna:

Radja boeta anoe kongas sakti, di nagara Ngiman-Ngimantaka, ngaranna Praboe Niwatakwatja, geus meunang gĕrĕntĕsing rasa, isarah ti Dewagoeng, jen bakal aja manoesa anoe gĕntoer tapana, sakti manggoelang-manggoeling, anoe bakal ngoengkoelan kasaktianana ka manehna.

Ratoe boeta bangĕt ambĕkna tina ngarasa geus pinoendjoel













Panah Tjakra agĕman Batara Wisnoe anoe toeroen ka Krĕsna;<br>
„ Pasopata (Pesopati) agĕman Ardjoena;<br>
„ Trisoela (lain poesaka, loba noe boga)<br>
„ Panah Dadali agĕman Ardjoena.

kawĕdoekanana; oelah bon sipating manoesa, sanadjan para Dewa sami hebat, gimir koe kasaktianana, kari² ajeuna aja alamat kitoe.

Gantjangna ngoetoes papatihna ngaranna Mongmongmoerka, boeta gagah pĕrkosa, pamoek nagara Ngiman-Ngimantaka, pamanggoel dina pĕrang poepoeh, dititah ngalamar ka Dewi Soepraba, widadari anoe dipikahajang koe Ardjoena. Ratoe boeta teh djaba ti bogoh ka Dewi Soepraba, geus boga sangka, boa² nja Ardjoena manoesana anoe bakal ngajonan kasaktian manehna, sabab mangsa harita teu aja deui sinatria anoe sakarĕp djeung manehna, anoe wani naroehkeun pati marĕboetkeun Dewi Soepraba djaba ti Ardjoena, djeung geus ngadenge sĕlĕnting bawaning angin, jen Ardjoena teh lain satria bandrak², istoening manoesa linenwih, poendjoel ti batoer nĕnggang ti sasama.

Gantjangna tjarita, patih Mongmongmoerka geus miang, niat rek maling Dewi Soepraba tea, sanggakeuneun ka Ratoe boeta, doenoenganana. Tapi, sanggeus djaoeh lampahna, geus meh nĕpi ka tĕmpat anoe didjoegdjoeg, patih boeta teh prok tĕpoeng djeung Batara Siwa ngaroepakeun manoesa. Koe Batara Siwa ditjarek nĕroeskeun lakoe, dipaksa koedoe ngabatalkeun paniatanana, sabab bangsa boeta hĕnteu beunang mihoekoem widadari; oepama maksa, tangtoe tinĕmoe bantjang pakewoeh.

Keukeuhna anoe njarek, maksana patih boeta, toengtoengna pĕrang tanding. Koe kawasana Batara Siwa, patih Mongmongmoerka disapa djadi bagong. Bagong loempat, moeboes ka patapan para rĕsi, ngaroeksak sagala tjoetjoekoelan. Kanjahoan koe Ardjoena tingkahna bagong anoe sakitoe djahatna, ngaroeksak sagala pĕpĕtetan anoe aja di patapan.

Gantjangna Ardjoena mĕntang panahna. Bagong angkeuhna rek loempat, tapi patitisna Mintaraga, sanadjan bagong loempatna tarik, teu boeroeng keuna. Djamparing Ardjoena mĕsatna kĕbat batan kilat, ngan sakitjeup bagong geus ngoedoepoeng.

Tapi, barang Mintaraga (Ardjoena) rek njokot panahna, geus njampak aja paninggaran rek njaboet eta djamparing. Toengtoengna pĕrang parĕboet djamparing.

Ardjoena ngarasa heran, rehna kakara manggih lawan anoe sakitoe saktina, kawas lain sabongbrong, malah boga rasa lila² tangtoe eleh; Ardjoena moendoer ti pangpĕrangan, moedja sĕmedi, ngahareupan lingga anoe beunang ngawoeran koe kĕm-

bang; noenoehoen ka Dewagoeng, nĕda pitoeloeng, koemaha akalna, soepaja bisa nalcekkeun moesoehna tea. Tapi tiloe kali manehna smedi, tiloe kali eta kĕmbang[2] noe dina lingga tea, laloentjatan ti hareupeunana, meulit kana beuheungna paninggaran tea.

Ardjoena ingĕt kana wĕwĕkas goeroena, sarta geus jakin dina hatena, jen eta paninggaran teh Batara Siwa anoe koe manehna dipentaan toeloeng.

Paninggaran toeloej dirangkoel koe Ardjoena; teu lila leungit roepana paninggaran, ana breh Batara Siwa. Batara Siwa moedji kana katĕmĕnanana Ardjoena, pokna: „Lamoen ninggang satria anoe lian mah, tangtoe geus *taloek*; *tapi* maneh mah keukeuh pĕrtjaja kana elmoe sorangan, teu daek eleh atah-atah, eta hidji tanda, jen maneh satria gĕntoer tapa."

Nja harita Ardjoena meunang gandjaran ti Batara Siwa, panah pamoengkas Pesopati, anoe asal tina dakina Batara Siwa.

Sanggeus Ardjoena nampi pasihan Pesopati, Batara Siwa lĕs leungit tanpa lĕbih, ilang tanpa karana.

Ka-beh-dieunakeun, djaman Radja Brawidjaja, Ratoe di Madjapahit, anoe kamashoer pinoendjoel bangkit manah teh, nja eta Sirwenda. Harita di Madjapahit wadya bala diwadjibkeun diadjar papanahan *sarta koedoe baroga panah sorangan. Koe lantaran* aja atoeran kitoe, mangratoes-ratoes tahoen ngadĕgna karadjaan Madjapahit, santosa sarta kawasa.

Ti djaman Brawidjaja nĕpi ka ajeuna kira[2] geus aja 500 tahoen lawasna, papanahan teh teu aja pĕtotna dipikarĕsĕp koe abdi[2]; ngan beuki lila beuki ngoerangan. Sanggeusna di oerang aja bĕdil djeung marlĕm, eta panah teh hĕnteu didjieun pakarang *paranti pĕrang, sabab katimbang* panah eleh koe bĕdil. Tapi di Hindia aja keneh bangsa anoe marake keneh panah pikeun pakarang paranti pĕrang, nja eta: oerang Dajak di Borneo, bangsa Papoea di Nieuw-Guinea djeung sapapadana. Ari di oerang mah, di poelo Djawa, geus tara dipake kana pakarang, ngan oekoer dipake karĕsĕpan keur *paranti* ngareureuhkeun tjape beuteung digawe. Tapi beuki dieu, beuki koerang bae anoe *rarĕsĕpeun papanahan, doemeh* rea deui kapĕlĕsiran anoe pikarĕrĕpeun leuwih batan papanahan. Sanadjan kitoe, nĕpi ka ajeuna aja keneh bae anoe rĕsĕpeun mah, ngan nja eta teu pati loba tjara baheula. Lamoen kabĕnĕran hade sorena sarta *noedjoe* sĕnggang tina gawe, babakoena dina oesoem katiga (ti poekoel

a ka poekoel 6; bepama poe Minggoe ti poekoel 6 isoek nep ka poekoel 10 atawa 11), sok loba djĕlĕma, anoe marawa pana ka aloen² atawa ka tĕgalan, nja eta rek papanahan. Mala soepaja tambah rĕsĕp djeung woewoeh ĕnjaan diadjarna papa nahan, sok make toempangan sagala.

Mimitina anoe sok mĕntang teh ngan para Bopati djeun para prijaji gĕde bae, babakoena di Tjiamis djeung Tasikmalaja nja kitoe deui di Soemĕdang, istoèning barogoh ĕnja kana mĕn tang teh. Tapi lila² mah abdi² oge rarĕsĕpeun, naroeroeta menak, ngadĕgkeun papanahan, sarta beuki lila beuki loba.

Papanahan teh parabotna aja doea, nja eta:

*a*. gondewa.
*b*. djamparing.

Babagiananana gondewa, nja eta: *a*. pahoel.
*b*. babahak (koekoe bahak
*c*. tali.

Babagiananana djamparing: *a*. paksi (bedor).
*b*. gandar.
*c*. boeloe.
*d*. malindjo (njĕnjĕp).

Baheula njarieunna gondewa koe tangkal sĕtjang, kamoening walikoekoen, sawo djeung tjamara; tapi ajeuna mah, lantara kai noe tadi teh rada hese neanganana, njarieunna gondewa lolobana koe gombong atawa bitoeng bae, pandjangna ± 1,25 M. Pahoelna koe kai atawa awi diboengkoes koe lamak anoe kandĕ babahakna koe tandoek, talina koe rami atawa kanteh beunang ngarara. Djamparingna koe awi, raradjeunan aja oge anoe ko roejoeng. Pandjangna ± 0,6 M. Paksina koe kaleng, koeninga atawa beusi; boeloena biasana anoe dipake, boeloe heulang, ga gak, soang djeung koentoel.

Hargana panah sarampasan, nja eta gondewa hidji djeun djamparing doea wĕlas, hĕnteu tangtoe, koemaha hadena ba tapi pangmoerahna oge tara koerang ti *f* 3.50.

Kadjaba ti panah sarampasan [illegible]wang, anoe arek papanaha koedoe njadiakeun ĕlesan, nja [illegible] anoe baris dipanahna.

Eta ĕlesan biasana diroepakeun [illegible]onjet atawa manoek, gĕder sagĕde leungeun; noe didjieun [illegible] atawa sapoe pare diboent koe lamak, dipantjĕr dina kawat [illegible]djangna ± 0,5 M. Kawatn ditantjĕbkeun kana gĕbog anoe [illegible]hoerna ± 1,50 M.



Sakoer anoe rek miloe papanahan, darioek sarila ngadjadjar marawa panah sarampasan sewang, njanghareup kana ĕlesar tea. Djaoehna tina ĕlesan ± 70 M.

Anoe papanahan pada baroga toekang moeloengan djamparingna, babakoena baroedak, sarta djamparingna teh sok dingaranan: si Manis, si Patjar, si Denok dj. s. t.

Dina keur asikna anoe papanahan, baroedak teh ngararawit bari njarĕboet ngaranna djamparing, njá eta ngabedjaan ka noe keur manah, jen panahna langkoeng teuing atawa toena atawa koerang loehoer djeung salian ti eta. Di mana djamparing sarerea geus beak, baroedak teh paheula-heula maroeloengan sabagian-bagianana.

Oepama aja anoe keuna kana ĕlesan, eta djamparing teu meunang ditjaboet koe boedak toekang moeloengan tea, da koedoe katoet ĕlesanana dibawa koe toekang ĕlesan ka noe boga panah sarta ditjaboet koe manehna pribadi tina ĕlesan tea. Boedak toekang ĕlesan, mawana ĕlesan, lamoen dina papanahan gĕde, anoe make tatabeuhan naon, sok make dibaksakeun; tapi ari dina papanahan leutik mah, tara, sok dibawa biasa bae.

Papanahan teh aja anoe istoe karesĕpan bae, teu make naon$^2$, aja oge anoe ngarah woewoeh rĕsĕp, sok make ditoempangan. Oepama eta papanahan make ditoempangan, ĕlesan teh dibagi 3 bagian: hoeloena, awakna djeung boentoetna. Saha$^2$ anoe keuna kana boentoetna, meunang bajaran ti batoerna 2 kalieun bajaran anoe keuna kana awakna; anoe keuna kana hoeloena meunang 4 kalieun bajaran anoe keuna kana awakna. Djadi tatandingan bajaran hoeloe : boentoet : awak = 4 : 2 : 1.

Sok aja oge anoe toempangan, tatandingan bajaranana 3 : 2 : 1.

Aja deui anoe toempanganana kieu: Saha$^2$ anoe keuna kana hoeloena, meunang bajaran sama sakali, tĕgĕsna, dianggap keuna kana hoeloena, awakna djeung boentoetna. Sawareh aja noe bajaranana disaroeakeun bae, keuna kana hoeloe teh, saroea bae djeung keuna kana awak atawa boentoet. Djeung aja deui anoe diatoer tjara concours (pasanggiri): Saha$^2$ anoe pangmindĕngna keuna, meunang pris No. 1; prisna diatoer, noeroetkeun rĕmpoegna anoe rea, sakapeung roepa doeit, sakapeung roepa barang.

Papanahan teh djaba ti dipake soekan$^2$ pĕlĕsir, beunang oge diasoepkeun kana golongan sport, sabab ngaloearkeun kakoeatan, ngobahkeun sandi$^2$.

Ajeuna eta papanahan rek dihoedangkeun deui.

Di Bandoeng, Garoet, Soemědang, Tasikmalaja djeung Tjiamis, geus rea anoe ngaděgkeun deui papanahan tjara baheula. Komo sanggeusna di Bandoeng pasanggiri papanahan, basa tahoen 1922 tea, ajeuna woewoeh loba bae anoe rarěsěp kana papanahan teh; lain di dajeuh² afdeeling bae, tapi di pakěmitan² district oge pada daraek ngaděgkeun papanahan.

---

MANGLE

PAPANTOENAN

LAGOE TEDJAMANTRI.

1. *Nja goenoeng banjoean ratoe,*
*lěbak panjangkaan menak,*
*(geuning Djoeragan)*
*ratoe dirioeng koe gěloeng,*
*menak digendeng koe angkeng,*
*dipeuseulan koe pinareup,*
*(anggeus Raden)*
*kawantoe ratoe kapoengkoer,*
*njieun sakawěnang-wěnang (dibatjana 2 balik)*

2. *Tjěnah mana geuning salaki koering,*
*lain menak poepoelasan,*
*(geuning Djoeragan)*
*lain tjatjah koeritjakan,*
*těroesan Goenoeng Goemoeroeh,*
*pěntjaran Balik-salaka,*
*(anggeus Raden)*
*moestika ti Padjadjaran,*
*soemangga koering poelangkeun,*
*poelangkeun ka Padjadjaran.*

**N. V. RATHKAMP & Co.** — Hofleveranciers — **ROEMAH OBAT**

kasawat
Gohgoj-Pilĕg
sarĕng dina
Tĕnggĕk

LANDO-
NGAN KOE

Läkerol
PASTILLES

LANDO-
NGAN KOE

Pangraos-raosna!

QUINA LA ROCHE
RATHKAMP
&
Co

Sabotol sarĕng gĕlas takĕranann.
Pangaosna langkoeng mirah ti anggoer boeatan Eropa

TJAP

Oelah kĕrsa nampi oepami sanes tjap „RATHKAMP"

ANGGOER MALAGA
RATHKAMP
&
Co.

Pakeun landong noe teu damang, anoe keur ma-majoe, sarĕng pi-keun anoe sarehat!

—0—

SAJAGI DI SADAJA ROEMAH OBAT SARĔNG DI OENGGAL TOKO.

Djalan ka UNIVERSITEIT.

| I. Ti: | Lilana diadjar | II. Ti: | Lilana diadjar | III. Ti: |
|---|---|---|---|---|
| **;akolah Desa** | 3 taoen | | | Fröbel School ***) |
| ervolg School*) / op School **) | 2—3 „ | **Inl. 2e Kl. School** | 4—5 taoen | **ſlol. Inl. School H. I. S.** |
| :hakel School | 4 „ | Schakel School | 4 „ | |
| oorklas Mulo | 1 „ | Voorklas Mulo | 1 „ | Voorklas Mulo |
| ulo | 3 „ | Mulo | 3 „ | Mulo |
| . M. S. | 3 „ | A. M. S. | 3 „ | A. M. S. |
| Djoemblah | 16—17 th. | Djoemblah | 15—16 th. | Djoemblah |

PANGADJARAN.

| Lilana diadjar | IV. Ti: | Lilana diadjar | | Katĕrangan |
|---|---|---|---|---|
| | | a. Djalan H. B. S. | b. Djalan Mulo | |
| | Fröbel School | | | *). Pikeun boe lalaki |
| 7 taoen | Eur. Lag. School<br>Hol. Chin. School | 7 taoen | 7 taoen | **). Pikeun ba dak awew<br>***). Lilana teu t: toe, dalah asoep ka d oge teu nao |
| | H. B. S 5 jaar | 5 taoen | | |
| 1 „ | H. B. S. 3 jaar | | 3 taoen | |
| 3 „ | Mulo | | | |
| 3 „ | A. M. S. | | 3 taoen | |
| *14 taoen* | *Djoemblah* | *12 taoen* | *13 taoen* | |

## GAMBAR TINGKAT² PENGADJARAN
## (OVERZICHT DER AANSLUITINGEN VAN HET ONDERWIJS).



Sakola Mulo di Hindia aja 36; 24 sakola Mulo Goepĕrnĕmen djeung noe 12 deui sakola Mulo partikoelir, nja eta di Batawi 4, Bogor, Tjirĕbon, 1-1, di Bandoeng 2, Samarang 3, Soerakarta 2, Djogjakarta 2, Soerabaja 3, Malang 3, Padang, Medan, Madioen, Makasar 1-1, di Magĕlang 2, Tondano, Amboina, Koetaradja, Poerwokĕrto, Kĕdiri, Tĕgal, Mĕnado djeung Soekaboemi 1-1.

Sakola A.M.S. ngan aja 3: di Djogja 1, di Solo 1 djeung di Bandoeng 1.

H. B. S. 5 taoen aja 5 sakola: di Batawi 2, noe hidji pikeun lalaki nja eta noe dingaranan Koning Willem III School, ari noe hidji deui pikeun awewe; di Samarang 1, di Soerabaja 1 djeung di Bandoeng 1.

H. B. S. 3 taoen aja 10 sakola: di Batawi 4,1 pikeun lalaki noe dingaranan Prins Hendrikschool sarta ieu sakola dihidjikeun djeung Handelschool djeung Zeevaartschool anoe lilana 2-2 taoen. Noe 3 sakola deui partikoelir, pikeun awewe.

Di Soerabaja 2 djeung di Bandoeng 1, eta sakabehna sakola partikoelir anoe dipaparin subsidie koe Pamarentah.

| *Sakola* | *Gadjih* *Mimiti* | *Panoetoep* |
|---|---|---|
| Universiteit nja eta Sakola Loehoer noe ngadjarkeun roepa-roepa elmoe noe loehoer-loehoer. Moerid-moeridna disĕboetna student; dimana maranehna geus mareunang samĕnna, bisa make gĕlaran Dr. (Doctor) tina sala sahidji elmoe tea. Mimitina eta student koedoe samĕnpanganggeuran, disĕboetna doctoraal examen; sanggeus kitoe toeloej ngarang boekoe tina hal sala sahidji elmoe Koe basa Walanda eta boekoe disĕboetna „proefschrift". Eta boekoe dipariksa koe para professor, toeloej eusina dipake soealdjawab djeung anoe ngarangna, Lamoen eta boekoe koe para professor teh dianggap hade, kakara noe ngarangna tea dibere gĕlar Doctor, anoe koe basa Walanda disĕboet Gepromoveerd. Lilana di adjar teu ditangtoekeun .................... | *f* 400.— | *f* 1350.— |

| | | |
|---|---|---|
| Technische Hooge School di Bandoeng. Sakola pikeun Civiel Ingenieur (Insinjoer Sipil) ........................................ | „ 400.— | „ 1350.— |
| Technische Hooge School di Delft. Sakola pikeun djadi roepa-roepa Insinjoer. | „ 400.— | „ 1350.— |
| Handels Hooge School di Rotterdam. Sakola pikeun djadi pagawe Handel anoe galĕde atawa djadi pagawe Goepĕrnĕmen. | „ 400.— | „ 1350.— |
| Koninkelijk Instituut voor de Marine di Willemsoord. Sakola pikeun djadi Opsir Laoet ........................................ | „ 400.— | „ 1350.— |
| Koninkelijk Militaire Academie di Breda. Sakola pikeun djadi Opsir Darat: | „ 350.— | „ 1250.— |
| Rechts Hooge School di Batawi. Sakola pikeun djadi Advocaat djeung Procureur atawa djadi Ambtenaar Pangadilan ...... | „ 400.— | „ 1350.— |
| Landbouw Hooge School di Wageningen. Pikeun djadi Ambtenaar Landbouw atawa Houtvester ............................ | „ 400.— | „ 1350.— |
| Veeartsen Hooge School di Utrecht. Sakola pikeun djadi Veearts (Dokter Hewan). ........................................ | „ 400.— | „ 1350.— |
| Indische Artsen School: *Stovia* di Batawi, *Nias* di Soerabaja, lamoen ti sakola handap lilana 10 taoen, tapi ajeuna mah geus ditoetoep teu nampa deui ti sakola handap; lamoen ti H. B. S. 3 taoen djeung ti Mulo, lilana 7 taoen; ti H. B. S. 5 taoen, lilana 6 taoen ... | *f* 250.— | *f* 650.— |
| *Cursus Notaris* di Batawi; bagian kahidji lilana 2 taoen, bagian kadoea 1 taoen djeung bagian katiloe 1 taoen deui | „ 350.— | „ 900.— |
| Lamoen anoe tadina ti H. B. S. 5 taoen | „ 350.— | „ 1250.— |
| Cursus Landmeter di Bandoeng. Pikeun djadi Landmeter (bangsa kadaster). | „ 300.— | „ 850.— |
| Bestuursschool di Batawi: *Europ.* Afdeeling 2 taoen, pikeun djadi Gezaghebber; anoe diasoepkeun koedoe tamat H. B. S. 5 tahoen .................. | „ 300.— | „ 800.— |

| | | |
|---|---|---|
| Inl. Afdeeling 2 taoen, pikeun djadi Wadana atawa leuwih loehoer deui, saperti Patih atawa Boepati; noe asoep ka ieu sakola ngan ambtenaar anoe kapilih bae, kalocaran H. B. S. 5 taoen atawa Osvia ..................................... | „ — | „ 675.— |
| | | „ 1350.— |
| Pikeun tanah Sabrang ieu atoeran diiwalkeun. | | |
| Cursus Hoofdacte di Batawi, Soerabaja, Samarang, Bandoeng lilana 3 taoen. Pikeun djadi Hoofdonderwijzer sakola Walanda ..................................... | „ 330.— | „ 1200.— |
| Veeartsen School di Bogor. Sakola pikeun djadi Adjunct Doktor Hewan atawa Assistent Leeraar di eta sakola. | „ 160.— | „ 500.— |
| Landbouw School di Bogor. Sakola pikeun djadi Ambtenaar Landbouw atawa djadi Assistent Leeraar di eta sakola dj. s. t. ..................................... | „ 130.— | „ 500.— |
| Politie School di Soekaboemi; lilana 2 taoen pikeun djadi: | | |
| I. Aspirant Commissaris van Politie. | „ — | „ 200.— |
| II. Commissaris ..................................... | „ 300.— | „ 800.— |
| III. Adjunct- djeung Hoofdcommissaris. | „ 750.— | „ 1250.— |
| Rechts School di Batawi. Sakola pikeun djadi Ambtenaar Pangadilan ...... | „ 130.— | „ 675.— |
| Osvia (Opl. School voor Inl. Ambt.) di Serang, Bandoeng, Magëlang, Madioen, Blitar djeung di Fort de Kock; lilana 3 — 5 taoen ..................................... | „ 100.— | „ 525.— |
| | | „ 675.— |
| Cursus Analist di Batawi, lilana 3 taoen atawa leuwih. Sakola pikeun djadi Analist (Chemist Analist atawa Bacteriologisch Analist) ..................................... | „ 70.— | „ 600.— |
| Cursus Controleur voor de Volksgezondheid di Batawi, lilana 3 taoen atawa | | |

| | | |
|---|---|---|
| leuwih ........................................ | „ 160.— | „ 600.— |
| Technische School: Koningin Wilhelmina School (K.W.S.) di Batawi, Koningin Emma School (K. E. S.) di Soerabaja, Prinses Juliana School (P. J. S.) di Djogjakarta djeung Technische School di Bandoeng, lilana 4 taoen. Sakola pikeun djadi Opzichter ... | „ 110.— | „ 750.— |
| Zeevaart School di Batawi, lilana 2 taoen atawa leuwih. Pikeun djadi Stuurman ................................ | „ 165.— | „ 1050.— |
| Handels School di Batawi, lilana 2 taoen atawa leuwih; Handels Leergang di Soerabaja. Pikeun djadi Pagawe Goepernĕmen atawa Handĕl. .................. | „ ........ | „ ....... *) |
| Cursus Hulpacte di Batawi djeung di kota-kota sedjen. Sakola pikeun djadi goeroe Walanda ............................ | „ 180.— | „ 500.— |
| H. K. S. (Hoogere Kweekschool) di Poerworĕdjo djeung di Bandoeng, lilana 3 taoen. Pikeun djadi goeroe sakola H. I. S. ........................................ | „ 110.— | „ 350.— |
| C. K. S. (Chineesche Kweekschool) di Meester-Cornelis, lilana 5 taoen. Pikeun djadi goeroe H. C. S. ...................... | „ 110.— | „ 350.— |
| Cultuurschool di Soekaboemi djeung di Malang lilana 3 taoen. Pikeun djadi Landbouw Opzichter ........................ | „ 70.— | „ 300.— |
| Kweekschool di Bandoeng, Probolinggo, Djogjakarta, Oengaran, Poerwokĕrto, Magĕlang, Blitar, Salatiga, (pikeun awewe), Boekit Tinggi (Fort de Kock), Makasar (dihidjikeun djeung sakola Ambtenaar), Amboina, Medan djeung Moearaĕnim, eta kabeh sakola Goepĕrnĕmen; di Batawi, Moentilan djeung Soerakarta anoe Partikoelir. Sakola pikeun djadi goeroe djeung Schoolopziener. | „ 75.— | „ 300.— |

*) teu bisa nangtoekeun gadjihna.

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| Fröbel Kweekschool lilana 4 taoen: di Bandoeng (sakola Goepĕrnĕmen), di Samarang djeung di Mĕndoet (sakola Partikoelir), ieu kabeh woengkoel pikeun awewe bae. Sakola pikeun djadi goeroe awewe di sakola Fröbel atawa di voorklas (kĕlas 0) di sakola-sakola handap. | „ | 75.— | „ | 225.— |
| Ambachts Leergang di Batawi, lilana 3 taoen. Pikeun djadi pagawe bengkel. | „ | 85.— | „ | 425.— |
| Leergang voor de Instrumentmaker en Glasblazer di Bandoeng, lilana ... taoen. Pikeun djadi Instrumentmaker ........... | „ | 200.— | „ | 300.— |
| Industrie School di Batawi djeung di Soerabaja (sakola Partikoelir), lilana ... taoen. Pikeun djadi goeroe ngapoet atawa kapĕrloean sorangan .......................... | „ | ........ | „ | ........ |
| Huishoud School di Malang, Ambarawa djeung di Djogjakarta ...................... | „ | ........ | „ | ........ |
| Cursus Apothekersassisten di Batawi, lilana 2 taoen. Pikeun djadi Assistent Apothekers ................................. | „ | 130.— | „ | 500.— |
| Zeevaart Kweekschool di Makasar, lilana 2 taoen. Pikeun djadi pagawe di *kapal pĕrang* (*stoker*) ...................... | „ | 0.80 | „ | 9.80 |
| | | (sapoë) | | |
| Cursus voor de Bureau-Dienst di Batawi, lilana 3 taoen. Pikeun djadi pagawe kantor (Commies dj. s. t.) ...... | „ | 90.— | „ | 485.— |
| Lagere Handels Leergang di Samarang, lilana 3 taoen. Pikeun djadi pagawe Handel .............................................. | „ | ........ | „ | ........ |
| Cursus Vroedvrouw, lilana 2 taoen ... | „ | 45.— | „ | 135.— |
| Cursus Verpleger, lilana 3 taoen. Pikeun djadi Mantri-Verpleger atawa — Verpleegster ............................ | „ | 35.— | „ | 135.— |
| Cursus Laborant, lilana 3 taoen. Pikeun djadi Laborant (pagawe di Laboratorium) ....................................... | „ | 45.— | „ | 200.— |
| Dessa Landbouwschool, lilana 2 atawa 3 | | | | |

| | | |
|---|---|---|
| taoen. Pikeun kapĕrloean sorangan dina hal tani ........................................ | „ ........ | „ ........ |
| Normaal School, lilana 4 taoen. Pikeun lalaki: di Poerwakarta, Poerwokĕrto, Salatiga, Padangpandjang, Djĕmbĕr, Meester-Cornelis, Garoet, Soerakarta, Djombang, Makasar djeung di Koetaradja. Pikeun awewe: di Djogjakarta, Padangpandjang, Soerakarta, Malang, Mĕnado; noe di Padangpandjang djeung di Mĕnado diadjar basa Walanda ...... | „ 40.— | „ 135.— |
| Normaal School partikoelir, noe disĕboetkeun Kweekschool: di Kaloewatoe, Woloan, Ombalata, Sipoholon, Bandjarmasin, Depok, Bandoeng 2 (pikeun awewe djeung Deventer School), Djogjakarta (Keuchenis School), Moentilan, Tomohon, Pĕndolo, Margarĕdja, Tangkir, Salatiga, Ambarawa djeung di Madjawarna. Sadjabana ti noe di Moentilan djeung noe di Ambarawa, ieu sakola-sakola, tjalon pigoeroeeun di sakola zending Masehi ........................................ | „ 40.— | „ 135.— |
| Normaalschool Partikoelir pikeun awewe noe di Bandoeng, nja eta van Deventerschool, lilana 4 taoen. Sakola pikeun djadi goeroe sakola kĕlas II atawa sakola desa ........................................ | „ 40.— | „ 135.— |
| Normaal Cursus Goepĕrnĕmĕn djeung Partikoelir lilana 2 taoen. Goepĕrnĕmen: di Palembang. Partikoelir: di Soemba, Flores (di Rantepao djeung di Pĕndolo), Halmahera (Tobĕlo), di Poelai kai (Langgoer). Pikeun djadi goeroe sakola desa ........................................ | „ 17.50 | „ 105.— |
| Cursus Klein Ambtenaar Examen, lilana 4 taoen, diadĕgkeunana koe pakoempoelan Algemeene Nederlandsch Verbond di sababaraha kota. Pikeun njĕkĕl roepa-roepa pagawean .............. | „ 45.— | „ 200.— |

Ambachts School: di Batawi, Samarang djeung di Soerabaja, lilana 3 taoen. Pikeun djadi pagawe bengkel, djadi soepir dj. s. t. Di Kèboemen, Boekit Tinggi (Fort de Kock), Koetaradja, Tasikmalaja, Makasar, Pare (Kědiri), Kadikaran (Bantěn), Magělang, Sibolga, Padang, Djogjakarta djeung Palembang, lilana 2 taoen. Noe di Tasikmalaja ditambah deui koe pangadjaran nganjam, lilana 2 taoen. Pikeun djadi toekang .... „ ........ „ ........

Cursus Vaccinateur di Bandoeng, lilana 6 boelan. Pikeun djadi Mantri Tjatjar. „ 25.— „ 100.—

Huishoud Leergang di Priangan dihidjikeun djeung sakola awewe Priboemi noe goepěrněmen djeung partikoelir. Di Larantoeka djeung di Lela, hadiah pandita awewe .................................. „ ........ „ ........

Kadaster School di Bandoeng, lilana ... taoen. Pikeun djadi Mantri Kadastěr:
Opleiding Brigade 2 taoen. Pikeun djadi Teekenaar .............................. „ 25.— „ 100.—
djadi Opnemer .................................. „ 30.— „ 175.—

Sadjabana ti sakola-sakola atawa cursus-cursus anoe geus ditataan di loehoer, aja deui sabaraha sakola djeung cursus saperti: Kweekschool Indo Europeesche School vereeniging di Bandoeng; pikeun djadi goeroe Walanda.

Leergang pikeun Acte Natuurkennis di Batawi.

Leergang pikeun Acte Wiskunde di Djogjakarta.

(Ieu doea Leergang diwoengkoelkeun pikeun kaloearan sakola handap bae).

Cursus Acte Nederlandsch; ngan pikeun goeroe-goeroe Priboemi kaloearan Kweekschool bae. Pikeun eta acte dibere toelage *f* 15.— saboelan.

Instelling ter bevordering van de ken-



P.j.m. Kangdjeng R. M. A. R. A. Koesnodhiningrat, Boepati Madioen. Waktoe beliau beroesia 6 tahoen ajah beliau wafat dan beliau dibawa oléh p.t. Resi-dén J. K. Fitzinger kenegeri Belanda. Dalam tahoen 1883 beliau poelang ke Hindia, laloe bekerdja pada B. B. Pada tanggal 6 December 1900 beliau diangkat djadi Boepati. Djadi beliau telah lebih dari 25 tahoen mendjabat pangkat jang tertinggi itoe. Beliaulah seorang diantara Boepati² jang tertoea masa ini.



Toean Soerosentono. petinggi désa Plotot, Blora (Rembang). Seorang jang soedah amat toea, tetapi masih koeat mendjalankan pekerdjaannja dengan radjin dan baik, sehingga soedah empat kali dianoegerahi bintang karena kesetiaan dan djasanja. Bintang jang diperolehnja kemoedian, ialah seboeah Bintang Mas ketjil.

nis van Inl. talen en Land- en Volkenkunde van Nederlandsch Indië di Batawi, lilana 1 taoen; ieu oge ngan pikeun goeroe-goeroe kaloearan Kweekschool bae, pikeun djadi goeroe-basa di Mulo atawa di sakola pèrtĕngahan ........ „ 225.— „ 300.—

Cursus Acte Landmeetkunde pikeun goeroe-goeroe, ditoempangkeun ka sakola Normaal djeung Kweekschool atawa Osvia.

Aja deui eksamĕn pikeun:

Acte nuttig handwerken, acte Landbouwkunde, acte Natuurkennis, acte Fraaie handwerken, acte Gymnastiek, acte U: beginselen der handelskennis; ieu kabeh woengkoel pikeun goeroe-goeroe bae sarta anoe meunang acte dibere toelage.

Opleiding en examen voor acten Middelbaar Onderwijs; pikeun djadi goeroe di sakola tĕngahan.

Di Technische Hooge School di Bandoeng oge aja tĕmpat diadjar: pikeun acte wiskunde, tapi ajeuna ditoetoep deui pikeun sawatara waktoe noe teu ditangtoekeun; nja kitoe deui diadjar pikeun acte basa Inggris djeung pangadjaran-pangadjaran sedjen pikeun meunangkeun acte Middelbaar tea. Pikeun djadi goeroe di sakola tĕngahan ........................ „ 275.— „ 950.—

Cursus Post-Telegraaf- en Telefoon-Dienst di Batawi, lilana 4 taoen ........ „ 145.— „ 425.—

Sekola kĕlas II atawa anoe disaroeakeun djeung eta sakola lamoen geus tamat diadjarna (geus meunang sartoepikat) bisa tjĕkĕl gawe dina roepa-roepa pagawean, di antara eta pagawean-pagawean teh aja noe ........................ „ 15.— „ 175.—

H. I. S.

E. L. S.

| | | |
|---|---|---|
| H. C. S. Cursus K. E. atawa sartoepikat ti sakola-sakola noe 3 tea, atawa ti sakola-sakola sedjen noe disaroeakeun djeung sakola-sakola noe 3 tea, saperti: sakola Kartini, sakola Adabiah, sakola Daniah djeung sedjen-sedjen sakola anoe make pangadjaran basa Walanda, bisa njĕkĕl roepa--roepa pagawean; di antarana eta pagawean-pagawean teh aja anoe ........ | „ 35.— | „ 800.— |
| Mulo / H B.S. 3 taoen } Bisa tjĕkĕl gawe anoe. | „ 90.— | „ 800.— |
| H. B. S. 5 taoen bisa tjĕkĕl gawe dina roepa-roepa pagawean, di antara eta pagawean-pagawean teh aja noe ........ | „ 130.— | „ 1000.— |

Gadjih panoetoep kasorangna goemantoeng kana prak-prakanana oerang digawe, tĕgĕsna naha oerang bisa ngadjalankeun kawadjiban oerang nĕpi kana tahapan anoe pangloehoerna atawa hĕnteu; djadi tetela pisan lain ngan goemantoeng kana diploma atawa acte bae.

Gadjih pagawe Goepĕrnĕmen anoe galĕde sarta noe sarakolana di Universiteit (Sakola loehoer):

| | | |
|---|---|---|
| 1. | Gouverneur West-Java ................ | *f* 2000.— |
| 2. | President Algemeene Rekenkamer. | „ 2000.— |
| 3. | President Hoogerechtshof ............ | „ 2000.— |
| 4. | Algemeene Secretaris ................ | „ 2000.— |
| 5. | Procureur General .................... | „ 2000.— |
| 6. | Directeuren Departement van Algemeen Bestuur ........................ | „ 2000.— |
| 7. | Voorzitter Volksraad *f* 25.000 sataoen. | „ 2083.— |
| 8. | Leden Raad van Indie, saoerangna. | „ 2400.— |
| 9. | Vice President Raad van Indië ... | „ 3000.— |
| 10. | Commandant Zeemacht (Panglima Laoet). ................................ | „ 2400.— |
| 11. | Legercommandant (Panglima Darat). | „ 2400.— |
| 12. | Gouverneur Generaal ................ | „ 13000.— |

Ambtenaar Priboemi anoe ti Osvia atawa ti H. B. S. atawa anoe boga diploma Grootambtenaar examen atawa noeroetkeun toeroenan.

| | | | |
|---|---|---|---|
| 13. | Regentschapsecretaris ................ | f 325.— | f 525.— |
| 14. | Patih ................................ | „ 525.— | „ 675.— |
| 15. | Patih afdeeling ...................... | „ 625.— | „ 775.— |
| 16. | Regent di Bangli ..................... | | „ 900.— |
| 17. | Regent di Gianjar .................... | | „ 1000.— |
| 18. | Regent di Karangăsĕm ................. | | „ 1100.— |
| 19. | Regent-regent di Poelo Djawa ...... | | „ 1350.— |

**Gadjih para panghoeloe.**

| | |
|---|---|
| Adjunct Panghoeloe. (Chalifah) ...... | f 60.— |
| Panghoeloe. (Naib) ...................... | „ 70.— |
| Adjunct Hoofdpanghoeloe ................ | „ 70.— |
| Hoofdpanghoeloe Batawi ................. | „ 180.— |
| Hoofdpanghoeloe di Priangan ........... | „ 135.— |
| Hoofdpanghoeloe di Samarang djeung Soerabaja ........................ | „ 130.— |
| Hoofdpanghoeloe di tĕmpat sedjen ... | „ 105.— |

## TARIP BAJARAN SAKOLA.

**Sakola Priboemi kĕlas II.**

| Kĕlas | bajaran 1 moerid | 2 moerid | 3 moerid. | Satĕroesna oenggal tambah 1 moerid |
|---|---|---|---|---|
| I. | f 1.25 | f 2.— | f 2.50 | f 0.30 |
| II. | „ 0.80 | „ 1.30 | „ 1.60 | „ 0.20 |
| III. | „ 0.50 | „ 0.75 | „ 0.90 | „ 0.10 |
| IV. | „ 0.25 | „ 0.40 | „ 0.50 | „ 0.08 |
| V. | „ 0.15 | „ 0.23 | „ 0.31 | „ 0.05 |

**Depoksche school.**

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| I. | f 4.50 | f 6.75 | f 7.88 | f 0.75 |
| II. | „ 3.— | „ 4.50 | „ 5.25 | „ 0.55 |
| III. | „ 2.25 | „ 3.38 | „ 3.93 | „ 0.38 |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| IV. | f 1.50 | f 2.25 | f 2.63 | f 0.18 |
| V. | „ 0.75 | „ 1.13 | „ 1.30 | „ 0.10 |
| VI. | „ 0.38 | „ 0.55 | „ 0.55 | teu koedoe majar |
| VII. | teu koedoe majar | teu koedoe majar | teu koedoe majar | teu koedoe majar |

**Sakola pikeun anak *Militair* noe *agama* Kristĕn.**

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| I. | f 0.75 | f 1.13 | f 1.28 | f 0.10 |
| II. | „ 0.38 | „ 0.53 | „ 0.65 | „ 0.08 |
| III. | „ 0.15 | „ 0.23 | „ 0.30 | „ 0.05 |

**Sakolah Langoan djeung sakola Airmadidi.**

| Anakna: | anak anoe ka I | anak anoe ka II | anak anoe ka III | anak anoe ka IV dj.s.t. |
|---|---|---|---|---|
| 1. Kapala distrik djeung anak oerang Priboemi anoe pangasilanana f 100 leuwih | f 4.50 | f 3.75 | f 3.— | f 2.25 |
| 2. Kapala onderdistrik . . . . | „ 3.75 | „ 3.— | „ 2.25 | „ 1.50 |
| 3. Priboemi noe sedjen . . . . . | „ 3.— | „ 2.25 | „ 1.50 | „ 0.75 |
| Anak randa para menak atawa anak randa waktoe salakina maot anakna geus sakola . . . . . | „ 1.50 | „ 0.75 | „ 0.38 | „ 0.20 |

4. Bajaran sakola ditangtoekeun koe Komisi sakola. Nja kitoe deui Komisi sakola beunang noeroenkeun bajaran sakola anoe kasĕboet dina angka 3, oepama njata jen beurat teuing. Tapi teu beunang koerang ti:

| Pikeun anak anoe | ka I | ka II | ka III | ka IV dj.s.t. |
|---|---|---|---|---|
| | f 1.50 | f 0.75 | f 0.38 | f 0.20 |

## Schakelschool.

| Anoe pangasilanana saboelanna: | | anak ka I | ka II | ka III | ka IV dj. s. t. |
|---|---|---|---|---|---|
| 1. f 600.— atawa leuwih | | f [illegible] | f 5.50 | f 3.— | f 2.— |
| 2. f 400.— nĕpi ka sahandapeun | f 600. | „ [illegible] | „ 4.— | „ 2.50 | „ 1.75 |
| 3. f 250.— „ „ „ | „ 400.— | „ [illegible] | „ 2.50 | „ 2.— | „ 1.50 |
| 4. f 175.— „ „ „ | „ 250. | „ [illegible] | „ 2.— | „ 1.50 | „ 1.— |
| 5. f 125.— „ „ „ | „ 175. | „ [illegible] | „ 1.50 | „ 1.— | „ 0.75 |
| 6. f 75.— „ „ „ | „ 125. | „ [illegible] | „ 1.— | „ 0.50 | „ 0.25 |
| 7. sahandapeun | „ 75.— | „ [illegible] | „ 0.75 | „ 0.50 | „ 0.25 |

## Europ. lagere School (sakola Walanda) H. I. S. djeung H. C. S.

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 1. f 1000.— atawa leuwih | | f [illegible] | f 12.— | f 6.— | f 4.— |
| 2. f 800.— nĕpi ka sahandapeun | f 1000.— | „ 11.50 | „ 10.— | „ 5.— | „ 3.— |
| 3. f 600.— „ „ „ | „ 800.— | „ 11.— | „ 7.— | „ 4.— | „ 2.— |
| 4. f 400.— „ „ „ | „ 600.— | „ [illegible] | „ 4.50 | „ 3.— | „ 1.50 |
| 5. f 250.— „ „ „ | „ 400.— | „ 4.75 | „ 3.— | „ 2.— | „ 1.— |
| 6. sahandapeun | „ 250.— | „ 3.— | „ 2.— | „ 1.— | „ 0.50 |

## M. U. L. O.

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 1. f 1000.— atawa leuwih | | f 22.— | f 15.— | f 11.— | f 8.— |
| 2. f 800.— nĕpi ka sahandapeun | f 1000.— | „ 18.— | „ 12.— | „ 9.— | „ 6.50 |
| 3. f 600.— „ „ „ | „ 800.— | „ 14.— | „ 9.— | „ 7.— | „ 5.50 |
| 4. f 400.— „ „ „ | „ 600.— | „ 10.— | „ 6.50 | „ 5.— | „ 4. |
| 5. f 250.— „ „ „ | „ 400.— | „ 7.— | „ 5.— | „ 4.— | „ 3.— |
| 6. koerang tina | „ 250.— | „ 5.— | „ 4.— | „ 3.— | „ 2.— |

A. M. S. (di Djogjakarta, Bandoeng, Soerakarta) P. H. S. (di Batawi) K. W. S. (di Batawi) K. E. S. (di Soerabaja) P. J. S. (di Djogjakarta) Technischeschool di Bandoeng djeung Rechtsschool di Batawi.

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| 1. f 1500.— atawa leuwih | | f 26.— | f 18.— | f 13.— | f 9.— |
| 2. f 1000.— nĕpi ka sahandapeun | f 1500.— | „ 22.— | „ 15.— | „ 11.— | „ 8.— |
| 3. f 800.— „ „ „ | „ 1000.— | „ 18.— | „ 12.— | „ 9.— | „ 7.— |
| 4. f 600.— „ „ „ | „ 800.— | „ 15.50 | „ 10.— | „ 8.— | „ 6.50 |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 5. | f 500.— „ „ „ „ | 600.— | „ 13.— | „ 8.— | „ 7.— | „ 6.— |
| 6. | f 400.— „ „ „ „ | 500.— | „ 10 50 | „ 6.— | „ 5.— | „ 4.— |
| 7. | f 250.— „ „ „ „ | 400.— | „ 9.— | „ 4 50 | „ 3.50 | „ 2.50 |
| 8. | sahandapeun „ | 250.— | „ 7.50 | „ 3.50 | „ 2 50 | „ 1 50 |

### H. B. S. 5 taoen (Hoogere Burger School)

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. | f 1500.— atawa leuwih | | f 32.— | f 25.— | f 22.— | f 19.— |
| 2. | f 1200.— nĕpi ka sahandapeun | f 1500.— | „ 28.— | „ 22.— | „ 19.— | „ 16.— |
| 3. | f 900.— „ „ „ „ | 1200.— | „ 24.— | „ 19.— | „ 16.— | „ 13.— |
| 4. | f 600.— „ „ „ „ | 900.— | „ 21.— | „ 17.— | „ 14.— | „ 11.— |
| 5. | f 400.— „ „ „ „ | 600.— | „ 18.— | „ 15.— | „ 12 — | „ 9.— |
| 6. | sahandapeun „ | 400.— | „ 15.— | „ 12.— | „ 10.— | „ 8.— |

### O. S. V. I. A. (Opleidingsschool voor Inlandsche Ambtenaren).

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. | f 1000.— atawa leuwih | | f 18.— | f 12.— | f 6.— | f 3.— |
| 2. | f 800.— nĕpi ka sahandapeun | f 1000.— | „ 15.— | „ 10.— | „ 5.— | „ 2.50 |
| 3. | f 600.— „ „ „ „ | 800.— | „ 12.— | „ 8.— | „ 4.— | „ 2 — |
| 4. | f 400.— „ „ „ „ | 600.— | „ 9.— | „ 6.— | „ 3.— | „ 1.50 |
| 5. | f 250.— „ „ „ „ | 400.— | „ 6.— | „ 4.— | „ 2.— | „ 1.— |
| 6. | f 150.— „ „ „ „ | 250.— | „ 3.75 | „ 2.25 | „ 1.50 | „ 0.75 |
| 7. | sahandapeun f 150.— tapi ngan pikeun moerid noe pintĕr bae | | „ 1.50 | „ 1.— | „ 0.50 | „ 0.25 |

### Osvia tevens Kweekschool di Makasar.

Tarip bajaranana saroea bae djeung tarip bajaran sakola Osvia anoea di loehoer, ngan bae bajaran boedak anoe kahidji dina nomĕr 6, bajaranana lain f 3.75 tapi ngan f 3.—

### Handelsleergang di Soerabaja.

Pikeun anoe gadjihna f 175.— atawa leuwih. f 10.— saboelan.
Pikeun *moerid anoe* sedjen ........................ f 7.50 saboelan.

### Engelsche namiddag cursus.
### (sakola sore) diadjar basa Inggris.

Pikeun moerid anoe kolotna atawa anoe nanggoengna gadjihna f 400.— saboelan ............... f 4.— saboelan.
Sahandapeun f 400.— saboelan ............... f 2.50 saboelan.

MANGLE.

## LONDOK *)

*(Poetjoeng)*

1. *Kasawèlas londok noe koedoe ditiroe, bisa mindah roepa, roepa bodas roepa hedjo, lamoen eunteup ka noe bodas roepa bodas.*

2. *Ana eunteup ka noe paoel roepa paoel, eta ibaratna, misilna noe djadi londok, moenggoeh djalma koedoe bisa lolondokan.*

3. *Koedoe bisa ka handap reudjeung ka loehoer, tjampoer reudjeung kantja, ka noe leutik ka noe gĕde, oelah arek ngahina ka pada djalma.*

4. *Lamoen oedjang masamoan djeung pangagoeng, make kamenakan, adat talari noe hade, lamoen tjampoer djeung somah tjoel kamenakan.*

5. *Tempo² koedoe daek boeboeroehan, tjara somah tea, djangdjang-djingdjing goendah-gendol, toentjab-tantjĕb bĕbĕrĕsih pakarangan.*

6. *Lamoen aja menak kitoe meureun loetjoe, tangtoe disĕboetna, menak ka bala-ka bale, satĕgĕsna bisa lolondokan tea.*

7. *Anoe ngarang dina taoen doea likoer, ngan hilap boelanna, neuleu kieu lain bohong, waktoe njieun „sasak jantoeng Tjimaragas".*

8. *Kangdjĕng Dalĕm Tasik kĕrsa boeboeroehoen, tjampoer reudjeung somah, tĕrap sasak koedak-kadek, koe aandjeun saban poë gĕtol pisan.*

9. *Eta sasak dina waloengan Tjitandoej, Bodjong-Tjimaragas, peupeuntasan di Salawe, Kangdjĕng Dalĕm Tasik noe kagoengan jasa.*

10. *Tah sakitoe tjatjak di menak noe agoeng, pangkat pangloehoerna, kĕrsa ka bala-ka bale, lolondokan pitjontoëun ka abdina.*

---

*) Kintoenan ti R. Kartasoebaja, Mantri Goeroe Gĕdong Gĕde.

## 19. TINA HAL MILIH LID-LID GEMEENTE RAAD DJEUNG RAAD KABOEPATEN.

Geus leuwih ti 20 taoen lilana Pamarentah Agoeng Hindia Nederland ihtiar ngadjalankeun atoeran desentralisatie, nja eta masrahkeun kakawasaan ka kota-kota djeung bawahanana sangkan bisa ngadjalankeun djeung ngoeroes kapĕrloeanana sorangan. Koe sabab kitoe, nja ngadĕgkeun sababaraha gemeenteraad, gewestelijke raad djeung palatselijke raad, sarta ti boelan September 1925 ditambah deui koe doea roepa raad, nja eta regentschaapsraad djeung provinciale raad, tapi ieu doea roepa raad saajeuna mah kakara diajakeun di provincie Pasoendan bae, nja eta di karĕsidenan (heubeul) Bantĕn, Batawi, Priangan djeung Tjirĕbon.

Mimitina mah lid² gemeenteraad, gewestelijke raad djeung plaatselijke raad teh diangkat koe Pamarentah bae, tapi lila-lila eta atoeran teh dirobah sarta kabeh-dieunakeun lid-*lid teh lolo*bana anoe dipilih koe rajat. Ti barang ngadĕgna eta raad-raad nĕpi ka ajeuna atoeranana milih lid-lidna teh hĕnteu anggĕr, tapi sanggeus djalma-djalma beuki tambah ngarti kana pangadjina ngadjalankeun papantjen (kawadjiban) wakil rajat, eta katangtoean milih teh beuki dilĕgaan djeung ditambahan, nĕpi ka hal atoeran milih ajeuna mah katjida bedana djeung atoeran milih noe ĕnggeus-ĕnggeus.

Koe sabab atoeran milih noe ĕnggeus-ĕnggeus geus rĕmĕn didedarkeun boh dina Volksalmanak boh dina Sri Poestaka atawa dina Pandji Poestaka, djadi ajeuna hal eta teu koedoe ditĕrangkeun deui di dieu, ngan noe pĕrloe ditĕrangkeun teh nja eta atoeran-atoeran noe anjar tina hal milih lid sawatara raad-raad tea bae.

*Pokona atoeran milih lid anoe anjar teh aja doea:* nomĕr hidji mere djalan ka oerang Hindia pikeun miloe tjampoer kana oeroesan nagara; nomĕr doea oerang Hindia teh dibagi 3 bagian:
*a.* Bangsa Walanda;
*b.* bangsa Priboemi;
*c.* bangsa Asing.

Oenggal-oenggal bangsa milih wakilna tina golongan bangsana sorangan.

## I. MILIH LID GEMEENTERAAD.

Noe rek ditjaritakeun pangheulana nja eta tina hal atoeran milih lid gemeenteraad anoe mimiti didjalankeun taoen 1926.

Anoe djadi kawadjiban ka noe milih (kiezer) koedoe boga katangtoean-katangtoean anoe kasĕboet di handap ieu:

1e. Koedoe bisa matja djeung noelis basa Walanda atawa basa Malajoe boh basa Priboemi lianna, noo dipake di satĕmpatna-satĕmpatna. Djadi kaloearan sakola desa oge geus njoemponan.

2e. Oemoerna koedoe geus 21 taoen.

3e. Noe teu diiwalkeun tina hak milih.

4e. Tĕmpat matoehna koedoe di djĕro gemeente.

5e. Dina taoen toekang geus dikeunaan padjĕg pangasilan pikeun Nagara sarta ditaksir pangasilanana hĕnteu koerang ti *f* 300 sataoen, atawa lamoen eta djalma dibebaskeun tina padjĕg, pangasilanana oelah koerang ti sakitoe. Padjĕg pamadjikan oge beunang diitoeng djadi padjĕg salakina.

Dĕmi anoe diiwalkeun tina hak milih, nja eta: anoe diboei, anoe ditoetoep atawa anoe dina tahanan, anoe ditoetoep lantaran hoetang, kitoe deui anoe hakna kana ngoeroes babandaanana ditjaboet koe hakim.

Pikeun nangtoekeun djalma-djalma anoe baroga hak milih di djĕro gemeente, oenggal taoen voorzitter gemeenteraad njieun daptar ngaran-ngaran djalma anoe baroga hak milih tea, noeroetkeun roepa-roepa katĕrangan ti panggĕde kantor padjĕg anoe aja di djĕro eta gemeente djeung ti pamarentah di dinja.

Eta daptar anoe boga hak milih tea ditĕtĕpkeunana koe hidji komisi anoe dikapalaan koe voorzitter gemeenteraad. Ti tanggal 2 nĕpi ka tanggal 15 April, eta daptar teh ajana di kantor voorzitter gemeenteraad; dina waktoe eta sagala djalma beunang ngilikan eta daptar djeung ngoendjoekkeun kabĕratanana atawa mere njaho ngaran anoe tatjan aja dina eta daptar padahal koedoe diasoepkeun; dj. s. t. Komisi anoe kasĕboet tadi koedoe nĕtĕpkeun (moetoes) sagala pĕrkara anoe patali djeung eta daptar samemeh tanggal 24 Mei. Lamoen aja anoe teu narima kana eta poetoesan, manehna beunang menta poetoesan Raad van Justitie.

Lamoen eta daptar geus ditētēpkeun, koedoe didjalankeun nēpi ka tanggal 24 Mei taoen hareupna; tapi lamoen koe poetoesan Raad van Justitie eta daptar teh koedoe dirobah, Komisi koedoe ngarobah eta daptar noeroetkeun sakoemaha poetoesan Raad van Justitie tea.

Lid gemeenteraad dipilihna atawa diangkatna ngan pikeun opat taoeneun; sakabeh lid gemeenteraad oenggal-oenggal geus opat taoen koedoe areureun tina djadi lidna, ari areureunna tea koedoe dina boelan Augustus poë Salasa anoe katiloe. Eta lid-lid teh beunang diangkat atawa dipilih deui pikeun opat taoeneun deui.

Koe sabab kitoe waktoena pikeun milih lid gemeenteraad anjar teh nja ditētēpkeun dina boelan Juni poë Salasa anoe katiloe. Oepama di djēro opat taoen teh aja ēlid anoe eureun atawa hilang, milih pigantieunana tea koedoe sanggeus opat boelan ti waktoe eureunna lid noe rek diganti tea. Milih lid anoe saroepa kieu, oerang sēboet bae pilihan sēsēla (tusschentijdsche verkiezing). Ari milih oemoem anoe opat taoen sakali dina boelan Juni poë Salasa anoe katiloe tea, pilihan oesoem (periodieke verkiezing).

Ieu doea roepa pilihan atoeranana mah saroea bae, tapi ieu teu meunang baroeng, tēgēsna pilihan sēsēla teu meunang barēng djeung pilihan oesoem.

Samemehna milih, Voorzitter gemeenteraad kok njēbarkeun embaran heula; poë eta antara poekoel 8 isoek djeung poekoel 1 beurang djalma-djalma anoe baroga hak milih tea meunang ngasoepkeun djago. Ngaran eta djago djeung katērangan-katērangan noe sedjen noe katimbang pērloe, koedoe ditoeliskeun dina daptar tjalon lid tea.

Eta daptar koedoe ditanda koe noe marilih anoe sabangsa djeung djago tea; lamoen noeroetkeun daptar kisēr tea tērang jen lobana kisēr:

*a.* koerang ti 150, eta daptar djago koedoe ditanda, pangsaeutikna koe 3-an

*b* ti 150 nēpi ka 499, daptar djago koedoe ditanda, pangsaeutikna koe 7-an

*c.* ti 500 nēpi ka 999, daptar djago koedoe ditanda, pangsaeutikna koe 15 djēlēma

*d.* 1000 atawa leuwih, daptar djago koedoe ditanda, pangsaeutikna koe 20 djēlēma

Di gigireun tanda-tanda tea koedoe ditoeliskeun masing tetela ngaran-ngaran anoe naranda tea djeung nomĕrna noeroetkeun daptar kisĕr.

Oerang beunang menta tjonto daptar djago ka kantor voorzitter gemeenteraad teu kalawan koedoe majar.

Ngasoepkeunana daptar djogo tea, koedoe koe noe nandana pribadi, koe saoerang, doeaan atawa leuwih, ĕngke dimana eta daptar geus katampa, voorzitter gemeenteraad bakal mere soerat katĕrangan jen daptar djago tea geus katampa.

Oepama dina poë anoe geus ditangtoekeun teh euweuh djalma anoe ngasoepkeun lijst djago, nja moal aja djalma anoe dipilih.

Lamoen lobana djago saroea lobana djeung reana lowongan, eta djago² teh tangtoe ditampa kabeh.

Sabalikna oepama lobana djogo teh leuwih rea batan lobana lowongan, lamoen aja hidji djago atawa leuwih anoe ngaranna kasĕboet dina oenggal daptar djago, eta djago teh tĕroes bae kapilih. Ari djago² anoe sedjen mah koedoe dipilih bae.

## MILIH LID.

Sakoemaha anoe geus ditĕrangkeun di loehoer, dimana kadjadian lobana djago teh leuwih loba manan reana lowongan di hidji-hidjina golongan bangsa, voorzitter gemeenteraad bakal nangtoekeun poë milih djago² tea. Djago² dipilihna koedoe sanggeus 14 poë lilana ti poëan nampa daptar tea. Ari anoe kapilih, nja eta djago anoe meunang sora leuwih ti satĕngahna lobana kikitir pilihan anoe diasoepkeun koe noe marilih kana djĕro bus. Lamoen lobana djago anoe meunang sora sakitoe teh leuwih loba manan reana lowongan, anoe kapilih djadi lid teh djago anoe panglobana meunangna sora.

Lamoen dina milih noe mimiti euweuh djago anoe kapilih atawa lobana noe kapilih tatjan tjoekoep, sanggeusna 14 poë ti harita voorzitter koedoe ngajakeun deui milih pamindo, ari atoeranana saha anoe panglobana meunangna sora, nja eta anoe kapilih. Lamoen aja doea djago anoe hese ditangtoekeunana, anoe mana anoe koedoe ditarima, lantaran saroea lobana meunangna sora, oepama kadjadian kitoe koedoe dilotrekeun, saha anoe bakal dipilih.

Lamoen dina milih pamindo taja kisĕr noe datang atawa sakabeh sora taja noe sah, di sadjĕro 14 poë ti harita voorzitter koedoe ngajakeun deui pilihan katiloe-kalina. Oepama dina milih anoe katiloe-kalina euweuh keneh bae kisĕr anoe datang atawa sorana euweuh noe sah, Gouverneur ngangkat lid eta gemeenteraad, lamoen eta gemeente aja di wĕwĕngkon provincie, ari anoe hĕnteu kawĕngkoe koe provincie mah noe ngangkatna Gouverneur Generaal.

Nja kitoe deui satĕroesna oepama euweuh anoe ngasoepkeun djago dina waktoena, atawa koerang loba djagona; atawa sanggeusna dibere tempo sakali deui pikeun ngasoepkeun djago, tapi euweuh atawa koerang keneh bae.

Sakoerang-koerangna pitiloe-poëeun deui kana poëan milih sakabeh kisĕr narima soerat panggilan pikeun milih dina poëan milih tea. Lamoen maranehanana teu narima soerat panggilan atawa soerat panggilanana tea leungit, meunang menta soerat panggilan sedjen noe geus aja toelisan „duplicaat" koe mangsi beureum.

Ari milihna ti poekoel *satĕngah opat* nĕpi ka poekoel *dalapan* sore, tĕmpatna di kantor pilihan, disaksian koe tiloe lid, lid noe hidji djadi voorzitterna.

Oenggal noe milih datangna koedoe nembongkeun soerat panggilanana ka voorzitter kantor pilihan tea. Eta soerat panggilan koe voorzitter ditoekeuran koe kikitir pilihan.

Dina sabeulahna eta kikitir, aja ngaran-ngaran djago sala sahidji golongan bangsa tea, ari di sabeulahna deui ngan aja tanda voorzitter kantor pilihan bae.

Sanggeusna kisĕr nampa kikitir pilihan tea, maranehna koedoe ka tĕmpat noelis anoe disadiakeun di eta kantor. Di dinja eta kikitir koe oerang koedoe ditjirian toekangeun ngaran-ngaran djago anoe dipikarĕp koe oerang, ari njirianana kieu: Hareupeun ngaran-ngaran djago dina eta kikitir teh aja pasagi hideung beunang njitak, di tĕngah-tĕngahna aja noe boeleud bodas. Noe boeleud bodas noe aja di hareupeun ngaran-ngaran djago anoe dipikarĕp koe oerang, koedoe dihideungan koe patlot. Biasana dina tĕmpat noelis tea geus disadiaan patlot. Salianna ngahideungan noe boeleud bodas mah, oelah njirian naon-naon deui dina kikitir pilihan teh, sabab lamoen aja tjiri sedjen, eta kikitir pilihan teh hĕnteu sah. Kikitir pilihan anoe dianggap hĕnteu sah:

1. lamoen kisĕr make kikitir pilihan lian ti noe ditarima ti voorzitter kantor pilihan;
2. lamoen noe boeleud bodas tea euweuh noe dihideungan hidji² atjan koe noe milih;
3. kikitir pilihan tea ditoelisan deui ngaran sedjen sadjabana ti ngaran-ngaran djago atawa sedjen-sedjen deui toelisan;
4. dina kikitir pilihan tea aja ngaran djago bangsa sedjen anoe dipilih (teu sabangsa djeung noe milih).
5. lobana djago anoe dipilih leuwih ti reana lowongan ti sala sahidji golongan bangsa;
6. njirianana ngaran iid anoe dipikarĕp hĕnteu reudjeung samistina, nja eta lain ngahideungan noe boeleud bodas tea;
7. aja tanda atawa parap noe milih dina kikitir pilihan tea;
8. kikitir pilihanana teu make tjap di toekangna (nja eta tjap ngaran voorzitter kantor pilihan).

Ieu sarat-sarat pĕrloe pisan dikanjahokeun koe oerang sangkan sora oerang oelah moebadir ĕngkena.

Sanggeusna kikitir pilihan dieusian sakoemaha mistina, kisĕr koedoe balik deui ka hareupeun voorzitter kantor pilihan bari nembongkeun tjap (tandana) voorzitter tea; nembongkeunana eta tanda oelah bari dibikeun kikitirna, tapi ieu mah koedoe ngan saoekoer nembongkeun tjap tanda tea bae, sangkan kanjahoan koe eta kantor jen eta kikitir teh sah. Sanggeus kitoe eta kikitir pilihan teh koedoe diasoepkeun koe kisĕr sorangan kana bus, (kaleng) anoe geus disadiakeun di hareupeun eta tiloe lid tea.

Lamoen waktoe milih tea geus toetoep, nja eta poekoel 8, eta bus teh koedoe diboeka koe kantor pilih samemeh poekoel 9, kikitirna koedoe dipariksa, diitoeng lobana, djeung ngaran-ngaran djago anoe kapilih dibatja, lobana soara hidji-hidjina djago koedoe ditjatĕtkeun sarta koedoe nangtoekeun djago anoe kapilih djadi lid.

Saha-saha anoe kapilih tangtoe bakal nampa salinan proces-verbaal eta pilihan djeung salinan proces-verbaal noe nĕrangkeun jen manehna djadi djago tina eta pilihan; sarta sanggeusna 4 minggoe ti harita manehna koedoe mere njaho ka voorzitter hal nampa-hĕnteuna eta pilihan. Lamoen eta pilihan ditampa, hartina manehna daek djadi lid, salinan proces-verbaal tea djadi soerat boekti (geloofsbrief) pikeun manehanana.

Lamoen di sadjĕro 4 minggoe euweuh bedja anoe katarima

koe voorzitter, eta noe kapilih teh dianggap teu narima kana eta pilihan.

Anoe ngarĕmpak kana anggĕr-anggĕr atoeran milih, misilna mere katĕrangan noe palsoe tina hal kisĕr, eta aja hoekoemanana. Koe sabab koering jakin dina hate jen anoe maratja Volksalmanak mah moal nĕpi ka ngalanggar eta atoeran, koe sabab eta, eta katangtoean hoekoeman katimbang teu pĕrloe diasoepkeun kana ieu Volksalmanak.

---

## 20. PADJĔG.

### *a.* PADJĔG VERPONDING PRIBOEMI.

Dina taoen 1924, padjĕg verponding Priboemi mimiti dianslah; katjida lobana djĕlĕma noe gĕgĕlĕndĕng lantaran ngarasa beurat. Koe sabab eta tangtoe aja mangpaatna, hal ieu ditjaritakeun sapĕrloena dina Volksalmana Soenda.

Dĕmi anoe dikeunaan padjĕg verponding teh, nja eta sakoer tanah darat anoe kapimilik koe eerang Priboemi noe ajana dina wĕwĕngkon tanah anoe dikira pantĕs dikeunaan padjĕg verponding. Ari tanah anoe disĕboet pantĕs dikeunaan verponding teh, nja eta tanah-tanah noe aja di tĕmpat-tĕmpat noe tanahna galĕde.

Tĕmpat-tĕmpat anoe dikeunaan padjĕg verponding tea, beunang ditambahan deui, lamoen aja voorstel toean Resident. Ari nambahanana nja eta lamoen kadjadian padjĕg tanah darat di eta tĕmpat katjida teuing koerangna tina pipadjĕgeunana, lamoen eta tanah dikeunaan verpondingna noeroetkeun sewaanana atawa hargana eta tanah.

Tanah darat anoe diiwalkeun tina padjĕg verponding, nja eta tanah darat anoe ngawoengkoel ngan sok dipalawidjaan bae, tjindĕkna tanah anoe teu dipake pikeun ngalĕgaan pakarangan imah, sapĕrti: tĕgalan, sawah, hĕnteu beunang dikeunaan padjĕg verponding, anging sawah anoe ajana di antara pakarangan imah.

Eta padjĕg dianslahna 5 taoen sakali; djadi taksiran padjĕg verponding anoe kadoea kali (noe bakal datang), didjalankeu-

nana ĕngke dina toean 1929. Tapi kadangkala sok kapaksa oge koedoe ngajakeun anslahan deui dina samemeh 5 tahoen, nja eta lamoen pakarangan anoe geus dianslah tea didjoeal diwareh-wareh atawa diwariskeun. Lamoen didjoealna digĕmblĕngkeun mah, hĕnteu koedoe diaslah deui, tjoekoen koe ganti ngaran bae (overschrijving). Aja deui anoe ngarobah kana padjĕg verponding, datang ka koedoe dianslah deui samemeh lima tahoen, nja eta lamoen imah noe aja di eta lahan tea roeksak teu kalawan dihadja, nĕpi ka sewana atawa hargana eta pĕrsil toeroen.

Oepama dina eta tanah aja imahan, naksir padjĕg verpondingna noeroetkeun harga sewaananana, lamoen euweuh imahan, padjĕgna ditaksir tina hargana eta tanah lamoen didjoeal.

Imah anoe ditjitjingan koe noe bogana pribadi, djadi teu kanjahoan sabaraha sewaananana, ditaksirna pisewaeunana sok djeung imah noe deukeut ka dinja noe disewakeun. Kadangkala aja imah anoe sewaananana hĕnteu beunang dibandingkeun djeung imah sewaan tea, misilna imah kampoeng noe aja di dajeuh-dajeuh. Dina kadjadian kitoe katjida hesena nangtoekeun taksiranana teh, nja nĕpi ka sok loba noe njanggakeun kabeuratan (protest). Oepama eta imah ditaksirna ngan nendjo gĕdena atawa aloesna bae, eta taksiran sewaan tatjan tangtoe bĕnĕr, sabab di kota mah imah kampoeng teh langka aja anoe daek njewa. Lamoen aja kadjadian kitoe, leuwih hade noe boga imah mere katĕrangan ka koemisi padjĕg (aanslagcommissie), sangkan eta komisi bisaeun naksir pihargaeunana. Oepama geus kanjahoan hargana, koemisi padjĕg bisa ngira-ngira pisewaeunana. Tidinja toeloej padjĕgna ditaksir noeroetkeun pisewaeunana tea.

Pikeun nangtoekeun sewana pĕrsil (pakarangan katoet imahna), salian ti noeroetkeun kaajaan adĕganana, ditimbang-timbang oge kana hargana pakaranganana. Koe sabab eta dina djoeal-meuli tanah noe tatjan aja imahan, leuwih hade noe meuli eta lahan lapor ka kapala onderdistrict, ngoendjoekkeun hargana eta lahan tea, ĕngke koe andjeunna tĕroes dilaporkeun ka kantor Landrente, sangkan daptar harga eta lahan — taksiran kantor Landrente tea — oelah nĕpi ka loehoer teuing, tĕgĕsna leuwih mahal batan harga noe sabĕnĕrna. Soemawonna pikeun lahan noe woengkoel kĕbonaneun mah, pĕrloe pisan mere katĕrangan kitoe teh.

Ari taripna padjĕg verponding noe anjar, noe kaoeni dina Stbl. 1924 No. 242, kieu pokpokanana:

# RALEIGH

## THE ALL-STEEL BICYCLE

**„THE ALL STEEL BICYCLE"**

*Hartosna: kareta mĕsin wadja toelen.*

RALEIGH parantos kamashoerkeun saalam doenja Meudjeuhna bae bade kitoe oge Margi parabotna sadajana koe wadja toelen (sanes *solobong gas sapĕrtos* kareta mĕsin sedjen). Solobong-solobong sarĕng babagianana, sadajana boeatan Pabrik RALEIGH, djadi geus moal aja frame RALEIGH anoe potong.

Oelah lĕpat kĕdah *moendoet* fiets:

RALEIGH keur poetra pamĕgĕt-istri . . . . . . f 130.—
„ POPULAR. keur pamĕgĕt . . . . . f 130.—
„ POPULAR. keur pamĕgĕt-istri nganggo kettingkast koe wadja . . f 145.—
„ STANDART *id. id.* f 160.—
„ SPECIAL id. id. nganggo 3 versnelling . . f 200.—
„ SPURBE. (pamĕgĕt) frame djoegang-djaging. oliebadkettingkast. 3 versnelling. f 240.—

**THE GOLD MEDAL MOTOR CYCLE.**

*Hartosna: motor mĕdali ĕmas.*

*Pangna disĕbat* kitoe margi motor merĕk RALEIGH, dina ngabĕn motor di Ingris pangseueurna kenging mĕdali ĕmas.

RALEIGH digingsirkeunana nganggo versnellingsbak. Sturmey-Archer, cord band Dunlop, kickstarter, minjak djalan koe maneh, *vliegwiel* agĕng, kompa Enots, rem lĕbĕt rem loear kiat, pangaosna, mirah.

Geura ngagaleuh MOTOR RALEIGH

RALEIGH 1 cyl. 1 3/4 P. K. roda 24" . . . . f 500.—
„ 1 cyl. 2 3/4 P.K. roda 24" . . . . f 600.—
„ 1 cyl. 2 3/4 P. K. roda 26" . . . . f 625.—
„ 1 cyl. 4. P. K. roda 26" . . . . f 800.—
„ 1 cyl. O.H.V 3 1/2 P.K. roda 26" . . f 900.—
„ 2 cyl. 8 P.K. . f 1050.—
„ 2 „ nganggo zijspan . . . . . f 1375.—

*Geura moendoet Prijscourant*

**sarĕng katĕrangan² ka Hoofdagent-hoofdagent**

# N. V. S. C. OLTREMARINE

BATAWI PRINSESSTRAAT 2.



Toean Mohamad Arpan, Pangéran (kepala marga) Semidang Alas, Seloema (Bengkoeloe). Seorang kepala jang baroe 18 tahoen memegang djabatannja, tetapi jang besar djasanja dalam hal memadjoekan pentjaharian pendoedoek marganja, hingga dianoegerahi bintang pérak.



Tiap-tiap orang jang baroe toeroen dari kapal naik kedarat di Tandjoengpriok (pelaboehan kota Betawi) nistjaja jang moela-moela menarik pemandangannja ialah setasioen S. S. jang molék dan hébat roepanja. Setasioen ini letaknja kira-kira sama tengah dari pelaboehan kesatoe dan pelaboehan kedoea.



Setasioen S. S. di Tandjoengpriok disebelah kedalamnja. Dari setasioen ini berdjalan keréta listrik ke Mr. Cornelis melaloei Kemajoran; dan djalan keréta listrik melaloei Betawi lama ke Menggarai sedang disiapkan.



Kamar batja dari **Sono Poestoko**, seboeah taman poestaka di Mangkoenegaran. Tiap-tiap hari terboeka dari poekoel 5 petang sampai poekoel 10 malam oentoek anggotanja. Disana banjak tersedia pelbagai kitab-kitab dan soerat-soerat berkala.

TEMBACO SHAG VAN NELLE

NOE PANGRAOS-RAOSNA.

OELAH NJĔSĔP BAKO ANOE PAIT!



PARANTOS LANGKOENG TI 75 TAHOEN LAMINA NJARĔSĔP IEU BAKO.

TOKO ROTTERDAM.

DI MANA-MANA AJA.

Gĕdena eta padjĕg dina sataoen-taoenna:

*a*. pikeun lahan noe aja adĕganana:

1. 7½ % tina djoemblah sewaanana eta imah di djĕro sataoen-taoenna, oepama sewaanana eta imah leuwih ti *f* 120.— dina sataoen.
2. 5% lamoen sewaanana eta imah *f* 120.— atawa koerang, tapi leuwih ti *f* 60.
3. 2% lamoen sewaanana tea *f* 60.— atawa koerang.

*b*. pikeun tanah noe sedjen (balong atawa sitoe djeung kĕbon nipah, kaasoep keneh ka dieu):

¾ % tina hargana lamoen didjoeal; ari lahan noe euweuh adĕganana ½ % tina hargana, kitoe oge lamoen hargana tea *f* 1200 atawa koerang, tapi leuwih ti f 600;

lamoen hargana koerang ti f 600 dikeunakeun padjĕg 0.2%

## *b*. PADJĔG BOEMI (*Landrente*).

Pirang-pirang oerang Priboemi anoe ngarasa soesah, doemeh boga rasa hakna kana tanah koerang poegoeh, teu pasti. Ari anoe salah noe matak aja pĕrkara kieu, gĕgĕdena oerang Priboemi pribadi; babakoena pisan lantaran teu njarahoëun koemaha baloekarna anoe teu noeroet kana papagon hal padjĕg boemi.

Dimana noe boga lahan tea ganti, oepama lantaran diwariskeun atawa lantaran didjoeal tea boh lantaran sedjen, pendek dina oenggal-oenggal robah, eta koedoe mere njaho ka kapala desa (dina hal kieu tjoekoep ka djoeroetoelis desa oge). Lamoen djalma-djalma tĕtĕp ngadjaralankeun eta atoeran, tangtoe eusina rĕgistĕr tanah di kantor Landrente salawasna bĕnĕr, tĕgĕsna hĕnteu mentjog ti boektina. Tapi koemaha kaajaanana ajeuna, sanadjan taja kĕndatna dipariksa djeung ditalingakeun koe pagawe Landrente djeung koe kapala Priboemi oge, tapi kaajaan rĕgistĕr teh tatjan bĕnĕr pisan keneh bae. Djadi kaajaanana milik oge hĕnteu pasti pisan. Naon kadjadianana kaajaan milik noe saroepa kitoe? Tangtoe pisan harga boroh eta tanah djadi koerang, datang ka lamoen eta djalma boetoeh koe doeit, toeloej ngindjeum doeit ngaborohkeun tanahna, sok harese meunangna.

Koe sabab volksbank (afdeelingsbank) teu bisa pĕrtjaja kana rĕgistĕr Landrente, koe hal eta kapaksa koedoe ngajakeun pagawena noe diwoengkoelkeun kana toekang nangenkeun kaajaan

tanah-tanah anoe rek didjarieun boroh, naha běněr noe ngaborohkeun teh djalma noe boga hak kana eta tanah atawa lain.

Lantaran loba pagawe poerah mariksa tanah² boroh tea, djadi ongkos administratie afdeelingsbank tambah gěde. Saha noe koedoe majar eta tambahna ongkos teh? Tangtoe noe ngindjeun tea. Nja afdeelingsbank kapaksa koedoe ngeunakeun rentěn gěde ka noe ngarindjeun doeit, datang ka kadangkala langkoeng ti 18%.

Sadjabana ti kitoe, loba pisan oerang Priboemi anoe teu njarahoëun jen aja atoeran meunang menta lěpas padjěg.

Sawah anoe beunang dilěpas padjěgna, nja eta:

*a.* noe sama-sakali teu disawahan, padjěgna dilěpas kabeh.

*b.* lamoen diparean tapi teu kapoeloek hasilna, lantaran teu djadi atawa teu hade djadina, padjěgna dilěpas sabagian atawa dilěpas kabeh.

1. dilěpas kabeh, lamoen hasilna sawah hidji djělěma noe aja dina sablok landrente, beubeunanganana saroea atawa koerang lobana tina noe geus ditangtoekeun pikeun ongkos ngagarap eta sawah. Beubeunangan sawah noe teu dikeunaan padjěg dina oenggal baoe kieu: Oepama eta sawah dina sabaoe meunang 20 pikoel leuwih, anoe teu dikeunaan padjěg 10 pikoel; lamoen beunanganana sahandapeun 20 pikoel diitoeng saparona
2. dilěpas padjěgna ¼-na, ½-na atawa ¾-na lamoen beubeunanganana sawah anoe kasěboet tadi tea leuwih rea manan piongkoseun ngagarap anoe geus ditětěpkeun tea, tapi aja satěngahna atawa koerang tina satěngahna gitik-rata beubeunanganana. Ari anoe disěboet „gitik-rata beubeunanganana", nja eta gitik-ratana noeroetkeun taksiran anoe geus ditětěpkeun koe Landrente.

lamoen beubeunanganana eta sawah teu poendjoelna tina satěngahna gitik-ratana tea, eta sawah teu meunang dilěpas padjěgna.

Padjěg Landrente tina tanah darat, anoe beunang dilěpas teh, ngan lamoen kataradjang toenggara bae. (Misilna, kěbon kalapa anoe diroeksak koe bangboeng mangboelan-boelan; pakarangan, lantaran koe kahoeroean).

Dina waktoe tanah-tanah dikělasir deui, tangtoe loba oge tanah-tanah anoe kělasna dirobah Tah dina keur ngělasir kitoe sabisa-bisa noe boga tanah teh koedoe djogo, sangkan bisa me-

re katĕrangan anoe sabĕnĕrna. Oepama anoe boga tanah teu djogo waktoe tanahna dikĕlasir, tangtoe anslahanana noeroetkeun taksiran noe sedjen bae; djadi meureun mimindĕngna loehoer teuing. Karoegianana lain ngan sataoeneun doea tahoeneun, pangsaeutikna oge koedoe aja 10 tahoeneun, kadangkala leuwih ti sakitoe. Geura sabaraha roegina anoe boga tanah.

Nja kitoe deui dina keur ngoekoer tanah anoe didjalankeun koe djoeroetoelis desa, pikeun nangtoekeun wawatĕsanana tanah, noe baroga tanah teh koedoe mĕrloekeun djarogo, sangkan barisa nangtoekeun watĕs tanah-tanahna sorangan. Poma oelah arek masrahkeun ka batoer. Oepama manehna teu datang, bisa djadi djalma-djalma noe mariloe njaksian salah merena katĕrangan wawatĕsan, datang ka djadi karoegian ka noe teu djarogo tea. Datang ka kaajaan rĕgistĕr teu tjotjog djeung boektina; ari dina rĕgistĕr mah sakitoe toembak lĕgana tapi boektina mah koerang. Malah bisa kadjadian oge salah noeliskeunana ngaran noe boga eta tanah, nĕpi ka matak djadi kasoesahan ka manehna, dimana manehna ngaborohkeun tanahna ka Volksbank.

### c. PADJĔG PANGASILAN.

Bangsa oerang loba keneh nakĕr anoe garĕgĕlĕngdĕng, lantaran tatjan tarĕrangeun bĕnĕr kana kapĕrloeanana padjĕg. Djadi padjĕg teh koe maranehanana dianggap momotan anoe taja goenana, istoe djadi bangbaloeh woengkoel.

Geus tangtoe bae kitoe pikiranana sarerea oge ari hĕnteu kaharti maksoedna mah, da poegoeh ĕnja bajar padjĕg teh nambahan beurat kana imah-imah, hartina oerang koedoe tambah loba kaloear doeit. Na saha atoeh anoe rĕsĕp roegi?

Tapi lamoen sarerea geus ngarti kana maksoedna, tangtoe moal baroga pikir kitoe: jen padjĕg teh atoeran anoe ngan ngabeungbeuratan woengkoel ka rajat.

Koe hal eta pĕrĕloe oerang sarerea tarĕrang kana goenana ngajakeun padjĕg. Naha keur naon eta doeit padjĕg teh?

Oerang sarerea hajang boga nagara anoe kĕrta djeung hardja, abdi-abdi soegih-moekti.

Soepaja boga nagara anoe kitoe, tangtoe koedoe aja anoe ngatoer kakĕrtaan djeung kahardjaan, sarta koedoe aja anoe ngadjagana deui. Tĕgĕsna koedoe aja pagawe pamarentahan djeung poelisi.

Eta koedoe aja waragadna!

Koedoe aja pagawe-pangadilan anoe poerah ngaragragkeun hoekoem-adil. Da sok aja bae djĕlĕma anoe ngarobeda kakĕrtaan: maling tea, nipoe tea, rĕrĕboet, teuteunggeul, malah sok aja noe maehan nanaon.

Eta koedoe aja waragadna!

Djaba ti eta, koedoe aja goeroe deui, anoe poerah moelang kaoetamaan djeung kapintĕran. Djol deui koedoe aja pagawe[2] anoe poerah ngoeroes hal tatanen, karadjinan djeung dagang, hal adĕgan, hal pakasaban djeung hal oeang nagara .................... djeung rea[2] deui.

Eta kabeh koedoe diwaragadan!

Waragadna moal ti mana deui lian tina pakasaban nagara djeung ti oerang sarerea, nja anoe ti oerang mah padjĕg tea roepana.

Djadi eta padjĕg teh goenana keur ngawaragadan anoe ngoeroes kasalamĕtan oerang.

Baheula, di oerang, pagawe nagara teh lain digadjih tjara ajeuna, tapi dipaparin *tanah-kaparabon* djeung *pantjen*. Lĕgana tanah-kaparabon djeung reana pantjen, noeroetkeun kapangkatanana.

Gawe nagara anoe oemoem, tjaraning: njieun djalan, njieun solokan, mawa barang nagara djeung sapapadana, eta oge djadi tangoengan abdi-abdi. Djadi abdi-abdi koedoe sosoroh gawe. Nja aja basa kolot: *toegoer-toedan, tjoentang-gantang, kĕmit-ngarit, papadaten.*

Salian ti ditorta gawe kitoe, abdi-abdi dikeunaan oge *tjoeke;* teu beda djeung padjĕg-pangasilan.

Ajeuna koe Goepĕrnĕmen, gawe nagara anoe disĕboetan di loehoer katoet atoeran tjoeke tea, diganti koe roepa[2] padjĕg, sabab djĕlĕma anoe dikeunaan gawe nagara teh leungit kamĕrdikaanana djeung matak pareum rasa kadjĕlĕmaananana: di djĕlĕma matak aja rasa djadi abdi, rasa kapiboga koe noe lian.

Tah, kitoe sababna, noe matak hĕnteu ditorta gawe; djĕlĕma teh disina balajar padjĕg bae, arnbrih djarongdjon marakajana sarta ngararasa djadi djĕlĕma.

Koe sabab eta pĕrĕloe sarerea daraek majar padjĕg, da keur ngoeroes kasalamĕtan oerang.

Mimiti ti taoen 1920 oerang Priboemi dikeunaan *padjĕg-pangasilan.* Ieu oge pĕrĕloena saroea bae djeung padjĕg2 anoe lian tea, nja eta keur waragad ngoeroes nagara, da ka-beh-dieunakeun waragad nagara beuki gĕde bae. Sarerea pada tarĕrang. Soepaja oerang bisa ngitoeng atawa bisa ngira2 gĕdena padjĕg-pangasilan pribadi, ieu di handap ditoelis:

Artikĕl 18.

(Ordonansi padjĕg-pangasilan Stbl. 1921 No. 312).

(1) Djalma2 anoe pangasilanana bĕrĕsih tahoenan, atawa lamoen pikeun ngitoengna padjĕg tea aja pĕrkara ngahidji-hidjikeun pangasilan (pangasilan salaki djeung pamadjikan), djoemblahna pangasilan bĕrĕsih tahoenan, koerang tina f 120, eta hĕnteu dikeunaan padjĕg.

(2) Ngitoengna padjĕg kieu:

*a.* sakoer bĕrĕsihna pangasilan tahoenan tina tanah, djeung pangasilan, lantaran boga hak kana tanah2 anoe kapibandana lain koe hak djĕlĕma *(persoonlijke rechten)* djeung hĕnteu kaasoep ka anoe kasĕboet dina artikĕl 1 ordonansi padjĕg verponding (Stbl. 1920 No. 31) djeung dina artikĕl 5 ordonansi Stbl. 1910 No. 215, sarta hĕnteu dipake ngala bangsa logam; 40 sen pikeun oènggal2 *f* 10 tjamplĕng;

*b.* sakoer pangasilan bĕrĕsih tahoenan tina djalan sedjen, lamoen: 1e. djoemlahna koerang ti *f* 120; 10 sen oenggal *f* 10 tjamplĕng;

2e. *f* 120 atawa leuwih, diitoengna kieu:

Pangasilan anoe beunang dipadjĕg

*f* 120 nĕpi ka sahandapeun *f* 1800 ........... *f* 1,20
diwoewoeh 20 sen oenggal *f* 10 tjamplĕng saloehoereun *f* 120.

*f* 1800 nĕpi ka sahandapeun *f* 3600 ........... *f* 34.80
diwoewoeh *f* 3 oenggal *f* 100 tjamplĕng saloehoereun *f* 1800.

*f* 3600 nĕpi ka sahandapeun *f* 5400 ........... *f* 88.80
diwoewoeh *f* 4 oenggal *f* 100 tjamplĕng saloehoereun *f* 3600.

*f* 5400 nĕpi ka sahandapeun *f* 8400 ........... *f* 160.80
diwoewoeh *f* 5 oenggal *f* 100 tjamplĕng saloehoereun *f* 5400.

*f* 8400 nĕpi ka sahandapeun *f* 12 000 ........... *f* 310.80
diwoewoeh *f* 6 oenggal *f* 100 tjamplĕng saloehoereun *f* 8400.

*f* 12000 nĕpi ka sahandapeun *f* 18 000 ........... *f* 256.80
diwoewoeh *f* 7 oenggal *f* 100 tjamplĕng saloehoereun *f* 12000.

*f* 18 000 nĕpi ka sahandapeun *f* 24 000 ........... *f* 946.80
diwoewoeh *f* 8 oenggal *f* 100 tjamplĕng saloehoereun *f* 18000.
*f* 24 000 nĕpi ka sahandapeun *f* 30 000 ........... *f* 1426.80
diwoewoeh *f* 9 oenggal *f* 100 tjamplĕng saloehoereun *f* 24000.
*f* 30 000 nĕpi ka sahandapeun *f* 36 000 ........... *f* 1966.80
diwoewoeh *f* 10 oenggal *f* 100 tjamplĕng saloehoereun *f* 30 000.
*f* 36 000 nĕpi ka sahandapeun *f* 42 000 ........... *f* 2566.80
diwoewoeh *f* 11 oenggal *f* 100 tjamplĕng saloehoereun *f* 36 000.
*f* 42 000 nĕpi ka sahandapeun *f* 48 000 ........... *f* 3226.80
diwoewoeh *f* 12 oenggal *f* 100 tjamplĕng saloehoereun *f* 42 000
*f* 48 000 nĕpi ka sahandapeun *f* 54 000 ........... *f* 3946.80
diwoewoeh *f* 13 oenggal *f* 100 tjamplĕng saloehoereun *f* 48 000.
*f* 54 000 nĕpi ka sahandapeun *f* 60 000 ........... *f* 4726.80
diwoewoeh *f* 14 oenggal *f* 100 tjamplĕng saloehoereun *f* 54 000
*f* 60 000 nĕpi ka sahandapeun *f* 70 000 ........... *f* 5566.80
diwoewoeh *f* 15 oenggal *f* 100 tjamplĕng saloehoereun *f* 60 000.
*f* 70 000 nĕpi ka sahandapeun *f* 80 000 ........... *f* 7066.80
diwoewoeh *f* 16 oenggal *f* 100 tjamplĕng saloehoereun *f* 70 000.
*f* 80 000 nĕpi ka sahandapeun *f* 90 000 ........... *f* 8666.80
diwoewoeh *f* 17 oenggal *f* 100 tjamplĕng saloehoereun *f* 80 000
*f* 90 000 nĕpi ka sahandapeun *f* 100 000 ........... *f* 10 366.80
diwoewoeh *f* 18 oenggal *f* 100 tjamplĕng saloehoereun *f* 90 000.
*f* 100 000 nĕpi ka sahandapeun *f* 110 000 ........... *f* 121 66.80
diwoewoeh *f* 19 oenggal *f* 100 tjamplĕng saloehoereun *f* 100 000
*f* 110 000 nĕpi ka sahandapeun *f* 120 000 ........... *f* 14066.80
diwoewoeh *f* 20 oenggal *f* 100 tjamplĕng saloehoereun *f* 110 000.
*f* 120 000 nĕpi ka sahandapeun *f* 135 000 ........... *f* 160 66.80
diwoewoeh *f* 21 oenggal *f* 100 tjamplĕng saloehoereun *f* 120 000.
*f* 135 000 nĕpi ka sahandapeun *f* 150 000 ........... *f* 192 16.80
diwoewoeh *f* 22 oenggal *f* 100 tjamplĕng saloehoereun *f* 135 000.
*f* 150 000 nĕpi ka sahandapeun *f* 165 000 ........... *f* 225 16.80
diwoewoeh *f* 23 oenggal *f* 100 tjamplĕng saloehoereun *f* 150 000.
*f* 165 000 nĕpi ka sahandapeun *f* 180 000 ........... *f* 259 66.80
diwoewoeh *f* 24 oenggal *f* 100 tjamplĕng saloehoereun *f* 165 000.
*f* 180 000 djeung leuwih ti sakitoe .................... *f* 295 66.80
diwoewoeh *f* 25 oenggal *f* 100 tjamplĕng saloehoereun *f* 180.000.

(3) Eta padjĕg dikoerangan 3 pĕrsen (3%) oenggal koelawĕdĕt atawa baraja-pantjĕr anoe sagalana djadi tanggoengan anoe kenna padjĕg tea. Djoemblahna eta pandjangkolong pangsaeu-

tikna *f* 0.10, panggĕdena lima poeloeh pĕrsen (50%), djeung ninggangna oenggal koelawĕdĕt atawa baraja, teu meunang leuwih ti *f* 30.—

Noeroetkeun Stbl. 1922 No. 238, padjĕg pangasilan anoe kasĕboet di loehoer tea, diwoewoeh deui opcenten:
padjĕg pangasilan djĕlĕma 30%.
padjĕg pangasilan toko² djeung sapapadana (rechtp. lichamen) 20%.

KATĔRANGAN.

Ieu artikĕl 18 aja matak bingoengna, lamoen koe oerang ngan saliwat dibatjana. Geura, lamoen koe oerang dibatja ajat (1), pek dibandingkeun djeung ajat (2) aksara b Siga pakia-kia; padahal ĕnjana mah teu todjaiah teu naon.

Mambrih oelah kaliroe, ieu di handap ditoeliskeun doea-tiloe tjonto:

1. Astarip pangasilanana saboelan *f* 9; dina satahoen 12 × *f* 9 = *f* 108.
   Astarip hĕnteu keuna padjĕg pangasilan, lantaran pangasilanana dina satahoen koerang tina *f* 120.

2. Marhaen djadi toekang kĕbon, gadjihna f 8.— saboelan; dina satahoen 12 × f 8.— = ................ f 96.—
   Moeniah, pamadjikanana, pangasilanana dina saboelan f 7.—; satahoen 12 × f 7.— = ............. „ 84.—
   Marhaen djeung Moeniah pangasilanana dina satahoen ........................................ f 180.—

   Padjĕgna f 1.20 + $\frac{180 - 120}{10}$ × f 0.20 = . . . . . f 2.40

3. Madsoekri pangasilanana tina kĕbon dina satahoen f 140.—

   Padjĕgna = $\frac{140}{10}$ × f 0.40 = . . . . . . . . . . . . f 5.60

4. Ki Dadap pangasilanana tina kĕbonna dina satahoen f 90.—
   tina djadi djongos = 12 × f 8.= ................ f 96.—

   Djoemlah ........... f 186.—
   Dipadjĕgna tina: 9 × f 0.40 + 9 × f 0.10 = ...... 4.50

## 21. BOEKOE DOKTOR.

### A. ATOERAN HAL KASEHATAN PIKEUN ABDI-ABDI. *)

Ajeuna geus rea dajeuh-dajeuh anoe galĕde di Hindia anoe dioeroes koe pamarentahan Gemeente; anoe hĕnteu dioeroes koe Gemeente, koe Kapala afdeeling; ari desa-desa dioeroesna koe Kapala desa. Rea katjida pagawean anoe djadi pangoeroes dajeuh djeung desa teh, tapi anoe kaasoep kana kawadjiban anoe panggĕdena, nja eta ngoeroes kasehatan eusi nagara tea. Ari ĕnja-ĕnjana sakabeh djĕlĕma wadjib ngoeroes kasehatan dirina.

Dĕmi panjakit teh kaajaanana lir kahoeroean; lamoen aja hidji imah kahoeroean, eta bisa kadjadian ngalentab imah anoe deukeut ka dinja, nĕpi ka sadajeuh djadi lĕboe kabeh. Hidji imah anoe koerang dioeroesna, biasana di dinja sok mindĕng aja anoe gĕring. Eta panjakit ti eta imah sok radjeun tepa ka imah anoe bĕrseka. Ari pĕtana ngabĕrĕsihan dajeuh atawa lĕmboer anoe pangbabarina djeung panggantjangna, lamoen oenggal djĕlĕma harideng ngabĕrĕsihan imahna katoet pakaranganana. Tapi aja bae tarekah anoe ngan beunang didjalankeun koe Pamarentah pribadi. Pasar-pasar koedoe didjaga, oelah meunang aja noe dagang lalab-lalaban atawa daging djeung laoek anoe geus boeroek.

Abdi-abdi koedoe baroga tjai inoemeun anoe bĕrĕsih. Atoeran anoe panghadena, ngoeloer tjinjoesoe make soiobong. Salian ti ngoeloer tjinjoesoe aja deui atoeran sedjen, nja eta njieun soemoer bor. Tjisoemoer oge hade keur inoemeun, darapon njieunna soemoer tjara anoe geus ditjaritakeun dina angka 16 (Tingali Serie No. 447, kaloearan Bale Poestaka „Elmoe kawarasan"). Oepama tjai inoemeun tea ngalana ti panondaan-tjai (waterreservoir) tjara anoe ditjaritakeun dina angka 15, sakoeriling eta panondaan koedoe bĕrĕsih; sarta panondaan anoe tjaina keur inoemeun, eta koedoe dibakoekeun keur inoemeun woengkoel, oelah dipake nanaon deui, tjaraning dipake mandi atawa dipake njeuseuh, eta teu beunang. Pikeun tĕmpat mandi djeung njeuseuh, eta koedoe misah deui panondaanana anoe woengkoel keur mandi djeung njeuseuh bae.

---

*) Beunang mĕtik tina *Elmoe kawarasan* Serie No. 447. Pangaosna *f 0.50.*

Kokotor ti imah djeung kokotor djĕlĕma atawa kokotor sasatoan, anoe kapalidkeun koe tjileutjang tjampoer djeung keusik, nja djadi leutak tjileungtjang, koe basa Walanda disĕboetna *rioolslijk*. Di kota-kota galĕde di nagara Walanda, kokotor ti oenggal imah asoep kana koeloewoeng leutik toeloej ragrag kana koeloewoeng-koeloewoeng galĕde, ti dinja dipitjeun ka loear. Di dieu oge di kota-kota galĕde di Hindia ajeuna geus mitĕmbĕjan diatoer kitoe, ngan koe mahal pisan ongkosna.

Tapi di dieu, di Hindia, geus djadi adat, djalma-djalma teu pati mĕrloekeun kana njieun kakces anoe hade. Padahal meureun geus rea noe tarĕrang, jen kokotor djĕlĕma teh koedoe ngoempoel dina hidji tĕmpat sarta koedoe diatoer masing hade oelah nĕpi ka matak djadi mamala kana kawarasan, sabab lamoen hĕnteu hade-hade mah ngatoeran, eta matak djadi bibit roepa-roepa kasakit. Éngke baris didadarkeun, jen roepa-roepa kasakit noe sok tepa, bangsaning: cholera, typhus djeung tadjam (dysenterie) mindĕng eta kasakit teh nĕrĕkab lantaran djalma-djalma koerang bĕrseka atawa ditepakeun koe laleur.

Panjakit anoe loba pisan di Hindia, anoe lantaranana babakoena pisan koe sabab koerang bĕrseka mitjeunna kokotor, djeung koerang ati-ati ngoeroesna, nja eta tjatjingeun, anoe koe basa Walanda disĕboet *mijnwormziekte*. Ari anoe disĕboet tjajingeun *mijnworm* teh kieu: dina djĕro peudjit rea tjatjing-tjatjing laleutik, eta tjatjing soengoetna aja kakaitan sareukeut; eta kakait anoe sareukeut tea dikait-kaitkeun kana peudjit nĕpi ka raget, dina lĕbah rĕngatna (raheutna) eta tjatjing njeuseupan kahakananana. Koe sabab taja eureunna njarieunanana raheut, sarta tina eta raheut teh sok kaloear gĕtih, eta djalma toeloej ngalanglajoeng, pias, disĕboet gĕring *koerang gĕtih*. Djĕlĕma anoe tjatjingeun mijnworm babari katĕrap panjakit sedjen.

Dina kokotorna anoe tjatjingeun mijnworm, sok rea ĕndog tjatjingan. Eta *ĕndog-ĕndog tea*, sanggeus sawatara poë lilana sakapeung sanggeus dina taneuh, sakapeung masih dina kokotor keneh toeloej mĕgar. Eta tjatjing anoe laleutik kabina-bina tea geus bisaeun tingălidĕr sarta lamoen beh manggih soekoe atawa leungeun, pĕl napĕl, toeloej nĕmboes koelit asoep kana awak.

Lamoen oerang ingĕt ka oerang Priboemi, tara marake sapatoe atawa taroempah, komo djoeroe tani anoe gawena goear taneuh bae, toeroeg-toeroeg hĕnteu mĕrloekeun kana ngoeroes kabĕrsekaan kakoes, kokotor teh diantĕp ngoenggoel di dinja, tara

pisan diběrěsihan; lamoen oerang ingět ka dinja, istoe matak paoer matak inggis pisan, bisi maranehanana kataradjang tjatjingeun mijnworm tea.

Kakoes-koemboehan (publieke privaten) koedoe hade pisan pěrnahna sarta salawasna koedoe běrěsih. Ari atoeran kakoes anoe panghadena, nja eta anoe disěboet *„septic-tangsysteem"*; děmi pangbabarina atoeran *septic-tanksysteem* teh dipětakeunana kieu: oerang ngali lombang, sing něpi ka bidjil tjai tjara soemoer. Anoe koedoe diatoer ěnja-ěnja teh dina kakoes kieu mah nja eta tembok anoe djadi dasarna djeung pangdioekanana, sangkan beunang diběrsihan koe tjikapoer, sabab kakoes kieu mah oelah pisan diběrsihan koe *creoline* atawa *carbol* djeung sapapadana. Ari liangna anoe panghadena mah *„halve zwanenhals"* tapi teu koedoe djěro-djěro. Maksoedna eta make *halve zwanenhals*, soepaja oelah aja laleur anoe kaloear-asoep ka kakoes tea.

Oepama logakna hěnteu djěro běněr, hěnteu něpi ka tjaianana tjara soemoer, sok dipake paměgaran ěndog sasatoan laleutik, misilna: laleur, tjoetjoengoek djeung sabangsana. Eta koerang hade pikeun kawarasan.

Logak anoe djěro něpi ka tjaian tjara soemoer, anoe ditjaritakeun di loehoer, eta minangka patjilingan kampoeng beunang ngahadean; dasarna koedoe dihade-hade; malah lamoen bisa mah koedoe dipelester. Hal njieun kakoes teh loba pisan oeroesanana, taja pětana bisa ditetelakeun wintjikanana dina ieu boekoe, anoe woengkoel njaritakeun atoeran djeung pěta-pětana njieun kakoes.

Kokotor di djalan koedoe dikoempoelkeun sarta těroes didoeroek, di loear dajeuh atawa djaoeh ti lěmboer, atawa dioenggoelkeun dina hidji těmpat noe bakoe. Ari ngoenggoelkeunana oelah pisan dina poetjoek angin, koedoe di loear kota anoe lain těmpatna datang angin.

Soesoekan koedoe aja, pikeun pamitjeunan tjileungtjang. Eta soesoekan djalan tjileungtjang tea hěnteu koedoe djěro-djěro, malah hadena mah deet bae, pambrih babari diběrsihanana. Di nagara anoe galědé soesoekan-soesoekan teh sok dipelester, djadi tjileungtjang hěnteu bisa njěrěp kana taneuh. Pěrloe koe oerang diatoer eta soesoekan teh ragragna oelah kana paranti ngala tjai atawa ka pamandian.

Djalan anoe poengkal-pengkol katjida sarta heureut, sabeu-

nang-beunang koedoe dilĕmpĕngkeun sarta dilĕgaan, pambrihna soepaja angin bisa tĕroes djalan ngabaloengboeng, oelah kapĕndĕtan koe pagĕr djalan. Aloen-aloen, taman nagara djeung pakĕbonan anoe lalĕga, eta gĕde katjida gawena pikeun kana kawarasan eusi nagara. Toekang masak koelit djeung toekang tjet, hadena tĕmpat digarawena koedoe di loear dajeuh atawa di bagian kota anoe hĕnteu pati gĕgĕk djĕlĕmana. Tĕmpat pameuntjitan, salawasna koedoe bĕrĕsih. Bangke sasatoan, geuwat dipitjeun samemeh boeroek, sarta koedoe dikoeboer djaoeh ti kota.

Astana teu beunang deukeut teuing ka lĕmboer, sarta ngoeboerna majit pangdeetna oge koedoe 1 ½ M. djeung ngoeroeganana koedoe padĕt.

## PANJAKIT.

Ingĕtkeun jen ngadjaga kawarasan teh, eta leuwih babari manan ngala deui kawarasan anoe geus roeksak koe kasakit.

„Mĕnding keneh ngadjaga diri oelah nĕpi ka gĕring, manan tatamba".

Salawasna tjageur, eta leuwih sĕnang manan gĕring, nadjan oerang bisa tjageur deui oge.

Tapi sok rea djĕlĕma anoe aneh kalakoeanana, teu gĕring teu naon dipĕrgasi atawa dikastroli, pokna pikeun ngadjaga soepaja oelah gĕring.

Lamoen oerang anggĕr nja mitjeun, teu pĕrloe dikastroli. Hade dikastroli atawa dipĕrgasi teh ngan lamoen oerang sok hese mitjeun bae. Tapi dina oesoem cholera, koedoe katjida *ati-atina, oelah mindĕng teuing dipĕrgasi, gĕde mamalana.*

Oepama oerang gĕring ĕnjaan, tangtoe pisan pĕrloe dioebaran; tapi ari ngan oekoer „teu ngareunah awak" bae mah, kabiasaanana koe reureuh oge di imah, sarta ati-atina barang dahar, sok tjageur. Oelah dahar atawa ngaleueut anoe tiis-tiis, tjaraning anoe bakoe, tapi koedoe milih noe babari lĕboerna; kabiasanana koe tarekah sakitoe oge geus gĕde toeloengna, sok tjageur.

N g o e r o e s  a n o e  g ĕ r i n g.

Loba anoe gĕring maraot lantaran salah ngoeroesna. Koe hal eta ieu di handap ditjaritakeun sapĕrloena, hal pĕta-pĕtana ngoeroes noe gĕring.

**Hawa salawasna koedoe tiis djeung bĕrĕsih.**

Pikeun kamar anoe gĕring hawa tiis toer bĕrĕsih teh pĕrloe kabina-bina, leuwih pĕrloe manan pikeun anoe tjageur. Mitjeunna bangsa djinis (stof) oeroet ngabĕrĕsihan badan, anoe gĕring mah sok loba, sakapeung eta djinis oeroet ngabĕrĕsihan badan tea geus kotor kabina-bina.

Mindĕng pisan anoe gĕring ditĕmpatkeun dina kamar leutik, toeroeg-toeroeg anoe ngalongok moeroeboel bae taja eureunna, eta nambahan kotor kana hawa kamar noe gĕring tea; mamalana ngalongok noe gĕring teh, lain ka noe gĕringna bae, tapi ka noe ngalongokna oge aja matakna.

*Sagala koedoe bĕrĕsih katjida.* Sagala anoe matak kotor kana hawa, koedoe disingkirkeun. Lamoen anoe gĕring teh hĕnteu pati pajah, oeggal poë awakna koedoe diseka koe andoek atawa lamak make tjihaneut-koedoe; tapi njekana koedoe ati-ati pisan.

Kadaharan koedoe apik katjida ngoeroesna.

Babakoena anoe gĕring teh daharna hade dikoerangan, ibaratna anoe biasana sapoë 3 kali, dibere dahar sakali atawa doea kali bae sapoë; tapi lamoen gĕringna lila, koe oerang koedoe didjaga soepaja boga kakoeatan. Sabab lamoen hĕnteu kitoe, sok loba anoe maraot lantaran langlajeuseun. Dina lĕbah kasakit anoe katjida kitoe, koedoe nĕda pĕrtoeloengan doktor, poma oelah ngandĕlkeun tarekah bae.

Sok loba djĕlĕma anoe baroga ingĕtan kieu: „Toeroetkeun bae sapamenta anoe gĕring, da noe matak menta ge tangtoe pihadeeun ka dirina." Koe lantaran loba anoe baroga pikiran kitoe, geus loba anoe gĕring anoe toeloej maraot koe ditoeroet sakahajangna.

Aja kasakit anoe teu beunang pisan manggih kadaharan anoe teuas tjaraning menter (typhus); loba anoe menter maraot lantaran dahar noe teuas-teuas. Kabinangana anoe gĕring pajah anoe geus koerang katjida kakoeatanana, koedoe dibere dahar bangsa anoe babari lĕboerna, saperti boeboer djeung tim sarta ngadaharna saeutik-saeutik kadjeun mindĕng, oelah loba disakalikeun.

**Salilana koedoe djĕmpe sarta bĕrseka.**

Pikeun anoe gĕring teu paja ngadenge gandeng-gandeng leuwih manan anoe tjalageur. Hĕnteu beunang reuwas atawa goegoep, djeung lamoen hajangeun koedoe diantĕp sina sare, oelah

diakalan sina njaring doemeh inggis sare toeloej maot. Ka noe gěring oerang koedoe amis boedi djeung koedoe bisa ngaběběrah.

Ngoeroes boedak.

Palita leuwih babari ditioepna manan lampoe branděr. Lir oepama palita deui, sok loba baroedak anoe maraot lantaran gěring loeloemajanan bae, padahal lamoen kolot mah sakitoe-kitoe bae mah koeat nahan. Koe sabab eta, boedak mah katjida pisan pěrloena meunang hawa běrěsih tjai anoe herang, kadaharan anoe patri djeung haneut. Kadaharan anoe pangäloesna pikeun orok, tjisoesoe. Dimana geus djadi hoentoe hade oge dibere boeboer atawa tim boh tjaoe beunang ngarieus. Dina keur djadi hoentoe oelah pisan boedak kapanasan, kaanginan atawa katiisan. Sakabeh boedak koedoe dikoerisan. Anoe panghadena dina oemoer 3 boelan.

Kadaharan anoe koerang patri gěde pisan mamalana ka boedak. Koe hal eta koe oerang, koe kolot, koedoe didjaga oelah ngadahar bangsa boeboeahan atah djeung sapapadana. Sabab sok minděng matak njěri beuteung atawa salian ti eta. Oepama barang daharna baroedak dioeroes běněr, tangtoe moal pati loba baroedak anoe maraot.

Lian ti eta baroedak koedoe ditoengtoen kana kaběrsekaan ti leuleutik, soepaja oelah něpi ka boedoeg djeung kasakit bangsa kitoe. Dina waktoe bidjil tjiiboen, oelah rek njarekeun boedak di loear. Koedoe didjaga oelah katiisan, sabab sok noengtoen roepa-roepa kasakit, malah sok loba anoe něpi ka maotna pisan.

Microben.

Lamoen aja *djělěma mělak kitri*, djadi naon ěngke eta kitri teh? Tangtoe djadi tangkal kalapa, lain? Lamoen bangsal anoe dipělakna, anoe djadina tangtoe pare.

Naha ari pare saroea gědena djeung tangkal kalapa?

Naha kalapa lamoen barěng dipělakna djeung pare, barěng boeahanana djeung pare?

Naha saroea oemoerna?

Hěnteu lain?

Kalapa oemoerna něpi ka poeloeh-poeloeh tahoen, ari pare mah ngan oekoer lima-gěněp boelan bae. Tangkalna leuwih leutik manan kalapa, sarta boeahanana leuwih tereh.

Naha ari pare pangleutikna kitoe, antara sagala bangsa tjoe-

tjoekoelan? Hih lain! Loba deui bangsa anoe toemoewoeh anoe leuwih laleutik manan pare. Geura pek ilikan bangsa loekoet dina tjinjoesoe anoe dibalongkeun, kapan laleutik pisan. Djaoeh leuwih leutik manan pare. Bisi teu ngandĕl, jen loekoet teh bangsa tjoetjoekoelan, pek bae mawa sakeupeul mah, toeloej teundeun di tĕmpat sedjen di koelah, geura djaradi, sarta lila-lila eta koelah pinoeh koe loekoet, ngampar tjara alkĕtip hedjo. Aja deui bangsa toemoewoeh anoe leutik manan pare sarta meh oenggal poë bae andjeun manggih nja eta boeloek anoe sok djaradi dina bangsa kadaharan djaraning dina ontjom, tetempe, djawadah anoe lila diampihan ana dj. s. t.; nja kitoe deui dina koelit anoe katiisan, sapĕrti dina sela djeung sapapadana. Tah ieu oge, boeloek, leuwih leutik manan pare, sarta djadina leuwih tereh deui. Kapan andjeun oge tingali, geuning dina sapeuting oge rĕng bae mani pinoeh. Ari katembongna koe oerang mah teu siga-siga atjan bangsa toemoewoeh, da laleutik katjida, siga euweuh tangkalan, euweuh akaran djeung euweuh daoenan, beda pisan ti tangkal kalapa atawa pare, tapi eta boeloek teh ĕnja-ĕnjana tjoetjoekoelan keneh. Oepama oerang hajang nganjahokeun boeloek nĕpi ka tetelana, koedoe make soeriakanta. (vergrootglas), sabab lamoen teu make soeriakanta mah hĕnteu bisa tetela lantaran lĕmboet katjida.

Naha kira-kira aja bangsa toemoewoeh anoe leuwih leutik manan boeloek? Poegoeh aja mah, lalĕmboet kabina-bina, datang ka teu kadeuleu koe oerang, angin oepama pirang-pirang digoendoekkeun, kakara kadeuleu koe oerang.

Saha anoe geus panganggoeran njoba, netesan tjisoesoe anoe aloes keneh koe tjisoesoe anoe geus haseum? Geuning tjisoesoe noe hade teh tara lila deui sok toeloej haseum.

Lamoen tjisoesoe noe haseum tea koe oerang dipariksa make microscoop, tangtoe oerang neuleu dina djĕro eta tjisoesoe aja noe siga djaroem lalĕmboet kabina-bina. Tah eta teh bangsa toemoewoeh keneh tjara loekoet djeung boeloek tea. Tjisoesoe anoe aja tjoetjoekoelan anoe siga djaroem tea, sok toeloej haseum sarta ting garentel. Eta tjoetjoekoelan lĕmboet ngahakan tjisoesoe sarta mitjeun bangsa djinis anoe geus teu kapake koe manehna. Tah eta, anoe ngaroeksak kana soesoe teh.

Bangsa tjoetjoekoelan anoe lalĕmboet kabina-bina kitoe, ngaranna bacillen, bacterien atawa microben.

Ĕnja oge eta microben teh lalĕmboet kabina-bina, tapi gĕde

ROTI „KING'S OWN MIXED"

TJAP KAPALA RADJA
Noe pangsae-saena. Di mana² oge aja.




*Importeurs:* **JACOBSON VAN DEN BERG & Co.**

**Batawi — Tjirĕbon — Samarang — Soerabaja — Makasar — Palembang.**



Mesdjid Raja, di Medan Deli.

Mesdjid ini termasoek mesdjid jang terindah dan terbesar ditanah Hindia. Tokohnja menoer(
bangoen-bangoenan Islam Hindia Moeka.



Pemandangan dalam gerédja Protéstant di Ambon; gerédja ini soedah beroesia 150 tahoen.

# BOEKOE² WĔDALAN J. B. WOLTERS

WELTEVREDEN — GANG SCOTT 5.

| | |
|---|---|
| Ilmoe Toemboeh-toemboehan. . . . . . | f 1.25 |
| Ilmoe Alam . . . . . . . . . . . . . | „ 1.75 |
| Ilmoe Héwan dan manoesia . . . . . . | „ 1.50 |
| Djalan ke Barat I . . . . . . . . . . | f 1.50 |
| Djalan ke Barat II . . . . . . . . . | „ 1.50 |
| Djalan ke Barat III . . . . . . . . . | „ 1.50 |
| Djalan ke Barat IV . . . . . . . . . | „ 1.50 |

(Boekoe pakeun diadjar basa Walanda teu karana goegoeroe)

| | |
|---|---|
| Koenen, Handwoordenboek . . . . . . | f 5.60 |
| Koenen, Verklarend zakwoordenboekje . | „ 0.65 |
| Bos, *Atlas alit sadoenja* . . . . . . | f 3.75 |
| Bos, Atlas agĕng, sadoenja . . . . . | „ 7.50 |
| van Gelder, Atlas Hindia Walanda agĕng. | „ 4.75 |
| van Gelder, Atlas alit Hindia Walanda . | „ 0.90 |
| van Gelder, Atlas alit, Hindia Walanda, Invulatlas . . . . . . . . . . . . | „ 0.45 |

katjida kawasana, sabab hiroepna teh lain ngan dina tjisoesoe bae, tapi dina sagala oge bisa hiroep: dina tjai noe sok diinoem koe oerang, dina taneuh, dina pělědoeg noe sok ngarapoeng kabawa angin tea djeung dina sagala kadaharan anoe sok *didahar* koe *oerang*. Dina boeoek oerang, dina leungeun, dina soengoet djeung di djěro beuteung oerang aja mangjoetajoeta. Tapi hěnteu kabeh microben matak tjilaka djeung djadi mamala bae ka djělěma, aja oge anoe teu aja matakna naonnaon, malah rea anoe gěde gawena ka oerang; sabalikna rea anoe *matak djadi* kasakit.

Tadi geus ditjaritakeun, jen microben anoe tina tjisoesoe anoe geus haseum matak robah kana tjisoesoe anoe hade. Eta oge microben anoe sok kana gětih oerang, nja matak robah kana kaajaanana gětih. Kasakit pest anoe geus ngabasmi pirangpirang *djělěma* di Hindia; eta hidji kasakit anoe lantaranana gětih kaasoepan microben, ngaranna *bacil-pest*. Oepama aja sawatara bacil-pest anoe asoep kana gětih djělěma, tereh pisan ngarěkahanana sarta gantjang katjida njaliarana ka saloear awak. Ari anoe dihakan koe eta bacil, atji kadaharan anoe aja di djěro gětih anoe pěrloe keur badan tea; děmi anoe dipitjeun koe manehna peurah anoe matak paeh tea.

Kasakit kolera oge kasakit anoe aja bacilna. Tapi bacil kolera mah beda deui hiroepna djeung bacil-pest. Bacil-pest ngaroeksakna dina gětih, ari bacil-kolera dina eusi beuteung; di dinja eta lělěmboet ngaloear-loearkeun peurah.

Koeris oge bangsa kasakit-microben keneh. Ari ajana microbenna dina djěro koelit, tapi peurahna arasoep kana gětih; tah eta peurahna tea anoe *djadi kasakit teh*.

Microben atawa bacillen eta tiloe roepa kasakit tea, asoepna kana badan oerang pada baroga djalan:

*a.* Bacil-pest němboes koelit sanggeus ditjongtjong koe koetoe beurit djeung sapapadana.

*b.* *Bacil-kolera asoep kana* eusi beuteung lantaran oerang nginoem tjiatah anoe aja bacilan atawa salian ti eta.

*c.* Bacil-koeris asoepna kana djěro koelit sanggeus oerang paantěl djeung anoe koeris.

Kasakit microben teh lain ngan eta bae, tiloe roepa, rea deui pisan. Ari *tarekahna soepaja oerang* oelah kataradjang panjakit kitoe, anoe panghadena toer babari, taja lian ngan oerang koedoe běrseka: awak, papakean djeung imah salilana koedoe běrěsih.

Koe oerang koedoe ditarekahan, soepaja oelah aja beurit anoe asoep ka imah oerang, soemawonna nĕpi ka njajang mah, sabab koetoena sok njeuseup lĕlĕmboet pest tina gĕtih beurit, anoe matak balai ka oerang.

Panondaan tjai djeung soemoer paranti ngala tjai inoemeun, koe oerang koedoe dibakoekeun ngan pikeun inoemeun woengkoel. Koedoe katjida dipapantjenna, teu meunang pisan aja anoe ngadon njeuseuh bisi aja microben kolera anoe asoep kana tjai, toeloej kainoem koe oerang. Ari hadeua mah tjisoesoe atawa tjai inoem teh koedoe ditaheur heula, pambrihna soepaja sagala bibit panjakit paraeh.

Ari di dieu, di Hindia, panjakit anoe pangnĕrĕkabna, malaria.

Naha ari malaria kasakit microben keneh?

Poegoeh! Tapi anoe djadi bibitna lain bangsa toemoewoeh ari malaria mah, bangsa sato lĕmboet. Kaajaan sato teh lir kaajaan toemoewoeh deui, aja mangpirang-pirang roepa djeung pantapanta gĕdena. Geuning bangsa toemoewoeh oge aja tangkal kalapa, kapan sakitoe gĕdena; aja pare djeung aja anoe lĕmboet pisan, sapĕrti: microben tea. Sasatoan oge nja kitoe, aja anoe gĕde, misilna gadjah, aja anoe leutik pisan sapĕrti laleur djeung aja anoe lĕmboet kabina-bina bangsaning microben-malaria atawa parasiet-malaria.

Tadi geuning geus disĕboetkeun, jen bangsa toemoewoeh anoe lalĕmboet kabina-bina teh euweuh daoenan, euweuh akaran; ieu oge sasatoan lalĕmboet, hĕnteu siga sasatoan biasa, ieu mah euweuh soekoean atawa djangdjang, malah euweuh soengoetsoengoetan atjan. Eta microben teh lĕmboet katjida, lamoen newak doea rewoe, toeloej didjadjarkeun, pandjangna ngan hidji c.M. Lamoen ieu parasiet asoep kana gĕtih oerang, toeloej njaliara ka saloear awak bari ngaloear-loearkeun gĕtih, anoe matak moeriang tea ka oerang. Dĕmi asoepna kana gĕtih oerang eta parasiet-malaria teh lantaran oerang ditjongtjong reungit.

Koe hal eta oerang koedoe bisa ngaraksa badan, oelah nĕpi ka ditjotjo reungit.

Ari pĕtana ngaraksa badan tjara anoe rek ditjaritakeun di handap ieu.

*M a l a r i a.*

Meh kabeh, anoe maratoeh di Hindia, geus kataradjang malaria. Oerang njaho, jen kasakit pest teh matak hebat katjida,

tapi lobana djĕlĕma anoe maot dina oenggal taoen lantaran malaria, leuwih loba manan lantaran kasakit pest. Djeung deui anoe malaria mah, sanggeus tjageur oge, pirang-pirang lawasna aja bae kakarenna, rasana badan teu ngarareunah. Toeroeg-toeroeg gĕringna oge sok lila, dina sabot gĕring teu bisa digawe; djadi koedoena oerang ngala doeit, teu bisa. Hartina oerang roegi doea kali, nja roegi badan gĕring, katambah koe roegi doeit anoe hĕnteu bisa kaala tea. Boedak sakola anoe kataradjang malaria, tangtoe tinggaleun koe batoerna, lantaran mindĕng teu ka sakola.

Na koemaha sababna noe matak oerang malaria?

Lantaran sato-sato lalĕmboet, leuwih lĕmboet manan hoeloe djaroem péntoel. Eta sato asoep kana gĕtih oerang, toeloej ngaloear-loearkeun peurah, nja oerang ngarasa moeriang. Eta sato malaria, anoe disĕboet parasiet tea, bisana kadeuleu koe oerang ngan lamoen dikekĕr koe microscoop bae. Dina gĕtih anoe malaria aja mangjoeta-joeta eta parasieten teh. Lamoen kaboeroe koe tamba, nja bisa oge tjageur deui; tapi geus tangtoe pisan sarerea oge mĕnding keneh ngadjaga awak sangkan oelah kaasoepan eta parasiet tea, ti batan gĕring heula, toeloej ngoebaran maneh.

Naha koemaha eta parasiet teh asoepna kana gĕtih oerang? Lamoen tatangga oerang malaria, tangtoe gĕtihna teh pinoeh koe parasiet tea. Aja reungit anoe njongtjong tatangga oerang tea. Dina gĕtih anoe diseuseup koe reungit aja parasiet anoe kabawa, djadi eta reungit ajeuna aja parasietan. Sanggeus seubeuheun toeloej manehna hibĕr, sarta reureuh bari eunteup. — Ari eta anoe sok njeuseup gĕtih teh ngan reungit bikang. — Sanggeus reureuh rada lila, manehna ngarasa lapar deui, toeloej njongtjong ka noe sedjen. Dina keur njongtjong eta parasiet anoe tadi kabawa koe gĕtih teh, asoep kana gĕtih anoe ditjongtjong. Ngarekahanana katjida terehna, di djĕro sawatara poë oge gĕtih eta djĕlĕma geus pinoeh koe parasieten; eta djĕlĕma toeloej gĕring malaria.

Djadi anoe sok nepa-nepakeun malaria teh reungit. Lamoen heug oerang bisa noempĕs reungit, tangtoe kasakit malaria leungit. Tapi koemaha bisana rek ditoempĕs eta reungit teh, sabab di Hindia sakitoe lobana; ngan oelah ari wĕleh mah oerang ihtiar.

Tarekah anoe koe oerang koedoe dipěrtakeun pikeun ngabasmi reungit tea, ieu di handap ditjaritakeun.

Oerang koedoe těrang heula, jen hěnteu sagala reungit sok nepa-nepakeun malaria. Děmi reungit noe sok nepakeun malaria tea, ěnggonna di rantja djeung dina tjai anoe tjitjing. Reungit bikang ngarěndog di dinja, geuning sok rambang dina lochoer tjai siga sisikian atawa kawas pisan kěmbang kolong. Sanggeus sawatara lilana toeloej malěgar djadi oetěk-oetěk atawa sok disěboet oge hileud tjai. Pangna disěboet hileud tjai, meureun lantaranana siga hileud, kawas bilatoeng, ari ajana di tjai. Eta hileud tjai minděng pisan tina djěro tjai sok ka loehoer kana koelit tjai, pěrloena ngamběkan. Lamoen koe oerang diakalan oelah sina bisa ka lochoer, tangtoe eta oetěk-oetěk paeh. Ari akalna babari pisan: oepama oerang njitjikeun minjak kalapa atawa minjak lantoeng, hěnteu koedoe loba-loba, tangtoe eta minjak tjitjing lochoereun tjai tjara lapisan; oetěk-oetěk moal bisaeun němboes eta lapis minjak tea, djadi teu bisa meunang hawa keur ngamběkanana, tangtoe paeh. Tapi anoe leuwih hade mah, tjai anoe ngaroemplang dina kaleng atawa běling djeung sapapadana, koe oerang koedoe dipitjeun pambrih hěnteu aja hileud tjai.

Balik deui njaritakeun hal hileud tjai. Dimana geus něpi kana mangsana toeloej djadi reungit, tjai [illegible]laning hileud djaradi koekoepoe. Nja pěr haliběr. Adatna reungit ari ti beurang harees, ti peuting liar nareangan tjongtjo[illegible]eun. Eta sababna noe matak ti peuting oerang koedoe katjida ati-atina, ngadjaga awak bisi ditjotjo reungit. Ari pětana roepa-roepa. Aja noe imahna dikěpoet koe kawat-reungit (muskietengaas), aja deui anoe ngaboelěn maneh koe simboet. Pendekna oerang koedoe ihtiar saboedi akal ngadjaga diri, sangkan oelah ditjottjo reungit. Sabab lamoen oerang tjarang ditjongtjong reungit, tangtoe hese keunana koe malaria.

Loba nagara anoe baheula di dinja rea noe gěring malaria tjara di dieu, di Hindia. Tapi koe tarekah oerang dinja, eta reungit geus loba katjida koerangna beunang disěboet lolobana geus kabasmi. Ari tarekahna koe minjak tea; ari tjai pakeeun dirawatan dina hidji wadah anoe make toeroeb sarta rekep katjida. Ngadjagana awak soepaja oelah ditjongtjong reungit anoe tatjan kabasmi tea, katjida ati-atina, nja tarekahna tea hasil, ajeuna nagarana lesot tina kasakit malaria, aranglangka aja

anoe kataradjang eta kasakit. Naha oerang Hindia, moal bisa kitoe alihtiar ngadjaga diri tjara pangeusi nagara anoe palintĕr tadi tea?

Tapi ajeuna koemaha tarekahna, lamoen aja djĕlĕma gĕring malaria? Oerang geus tĕrang, jen eta sato-sato tea koe oerang koedoe dipaehan. Aja oebarna, nja eta *kina;* toer meulina babari deui, da di oenggal apotheek oge aja kina mah *).

Oepama meudjeuhna reana kina anoe didahar koe oerang, eta kina loba anoe asoep kana gĕtih, maehan parasieten tea. Ari rasana sarerea oge geus pada tĕrang, kina teh pait molelel. Tapi wajahna teu ngeunah oge, oerang koedoe tĕroes dahar eta oebar, sababaraha poë, masing anggĕr soepaja loba anoe asoep kana gĕtih; ĕngke moeriangna tjageur. Oerang oelah kaget, oepama oerang dahar kina, tjeuli sok ngagĕrĕnggĕng djeung tarorek. Tapi teu matak kitoe-kieu. Eta tjitjiren jen loba kina anoe asoep.

Sok loba djĕlĕma anoe daharna kina teh, dimana geus leungit moeriangna toeloej bae ereun. Eta salah. Oerang koedoe tĕroes bae heulaanan ngadahar. Sabab lamoen koerang loba, eta parasieten malaria teh moal paraeh kabeh. Tangtoe aja keneh anoe hiroep, nadjan rarasaan oerang geus tjageur oge.

Lamoen oerang kataradjang malaria, nadjan geus tĕrang, jen oebarna teh kina, oelah lalawora, koedoe bae njoehoenkeun pitoeloeng dokter mah, koedoe lamoen tjara katĕrap kasakit sedjen bae.

Oepama aja djĕlĕma geus mindĕng kataradjangna malaria sarta gĕringna nojod, kawajana sok beukah. Soemawonna di boedak, beukahna kawaja teh sok katjida pisan. Lamoen djĕlĕma anoe gĕtihna loba parasieten kitoe ditjongtjong reungit, toeloej eta reungit njongtjong djĕlĕma sedjen, bisa djadi eta djalma kaasoepan parasiet gĕtihna toeloej moeriang.

Eta sababna noe matak djĕlĕma anoe beukah kawajana koedoe geuwat ditambaan oelah diantĕp, bisi tjilaka djeung noengtoen tjilaka ka batoer. Ari tambana anoe pangmatihna nja kina tea, boh ditjampoer djeung oebar sedjen, boh kina bae woeng-

---

*) Malah sarerea oge geus tarĕrang, di oenggal-oenggal kantor kawadanan oerang bisa meunang tablet kina. Pambrihna soepaja anoe djaoeh ka nagara gĕde, oelah hese neangan kina; djadi hĕnteu koedoe meuli ka apotheek.

koel. *Lamoen oerang* deukeut ka doktor, koedoe njoehoenkeun ditambaan ka andjeunna, soepaja eta kawaja oelah beukah kitoe. Ĕngke koe *doktor oerang dirampaan beuteung, nja* eta *mariksa,* naha ĕnja kawaja oerang beukah atawa hĕnteu. Andjeun montong reuwas montong sieun, sing pĕrtjaja, jen *doktor* katjida hojongeuanana njageurkeun anoe gering anoe ditambaan koe andjeunna.

Oepama ĕnja kawaja oerang beukah oerang baris dipasihan oebar, eta oebar koe oerang koedoe didahar sarta tigin noeroet sasaoerna doktor; eta parasiet ĕngke paraeh kabeh, moeriangna toeloej leungit. Oerang walagri deui tjara baheula-bihari sarta *moal noengtoen* tjilaka ka batoer.

Opat pĕrkara anoe koe oerang koedoe ditjangreud dina ati:

1. Oelah ngantĕp aja tjai *ngaroemplang,* *bisi dipake ngĕndog* koe reungit djeung bisi djadi tĕmpat hileud tjai.
2. Koedoe ngaraksa diri bisi ditjongtjong reungit.
3. Lamoen andjeun kataradjang malaria, koedoe wani kana kina.
4. Oepama kawaja beukah, koedoe geuwat njoehoenkeun ditambaan koe doktor.

*Sangkan oelah* keuna koe malaria, oerang koedoe mĕtakeun tarekah noe di handap ieu:

Tatangkalan anoe aja di *pipir imah oerang, oelah* kĕrĕp *teuing,* oelah aja roengkoen deukeut ka imah, sabab ngahalangan sorot panonpoë djeung mĕndĕt hawa. Saniskara kokotor koedoe geuwat dipitjeun. Soesoekan koedoe monteng soepaja tjai palidna hade djeung tarik.

Dina oesoem moeriang oelah bidjil ti imah samemeh mĕlĕtek panonpoë, djeung dahar koedoe seubeuh sarta kadaharanana *koedoe anoe* patri. Oelah papanasan, oelah tjape teuing, oelah kaiboenan djeung ti peuting oelah katiisan. Oelah sare di loear. Awak *koedoe haneut, komo ti* peuting. Tĕmpat tidoer koedoe dikoelamboean, sarta saminggoe sakali koedoe dahar kina.

---

*Noe tĕmĕn, tinĕmĕnan.*

## B. KASAKIT PEST DJEUNG PIKEUN PANOELAKNA [1])

*Kasakit pest teh gĕde pisan bahlana.*

Kasakit pest teh hidji kasakit anoe djadi bahla gĕde kabina-bina ka djĕlĕma; sapĕrkara pang disĕboet kitoe teh, sakoer anoe kataradjang eta kasakit meh kabeh koedoe maot bae; kadoea eta koe babari pisan njaliarana, gantjang nakĕr tepana ka batoer saimah djeung ka tatangga, datang ka lamoen dina hidji lĕmboer aja noe kataradjang eta kasakit teh, geus meh beunang ditangtoekeun, moal lila deui oge, eusi eta lĕmboer kabeh keuna.

Dĕmi noe djadi bibitna eta kasakit teh hidji roepa djaram, anoe lĕmboet kabina-bina, koe oerang teu bisa katingal, anging koedoe make parabot-ningal, anoe disĕboet microscoop tea, kitoe oge koedoe anoe ngagĕdekeunana sareboe kali.

*Aja sabaraha roepa ari pest?*

Kasakit pest teh babakoena aja doea roepa:

I. Pest-bisoel (builenpest)

Pest-bisoel teh koe oerang Walanda mah disĕboetna builenpest.

Pang disĕboet pest-bisoel, eta tembongna tingbarĕnggoel djiga bisoel.

Ari tandana kataradjang pest-bisoel, kieu: ngadadak oedjoeg oedjoeg brĕk moeriang, rarieut sarta biasana mah toeloej teu koeat bae kana digawe. Heuleut doea-tiloe poë bidjil sesekelan dina palangkakan, dina kelek djeung dina beuheung.

Eta sesekelan sakapeung mah gĕde djeung njĕri deuih. Tapi sok loba oge anoe katĕrap kasakit kitoe toeloej maot, samemeh tembong sesekelan. Lamoen noe gĕring teh heuleut opat-lima poë tjageur deui, sesekelanana sok baroetjat tjara bisoel.

II. Pest-bajah (longpest)

Kasakit pest-bajah leuwih gĕde deui bahlana batan pest-bisoel tea, sarta sakoer anoe katĕrap beunang ditangtoekeun kabeh maot.

Dĕmi tandana kataradjang pest kitoe: moeriang, laleuleus taja tanaga djeung batoek ngabidjilkeun gĕtih. Di djĕro doea-tiloe

---

[1]) Beunang mĕtik tina boekoe Kasakit pest djeung pikeun panoelakna, kaloearan Bale Poestaka S. No. 169. Pangaosna f 0.05

poë noe katĕrap teh koedoe maot bae, tara aja noe bisa mĕnjat deui.

Pest-bajah gantjang pisan tepana ka sakoer anoe deukeut ka noe keur katĕrap. Lamoen hawa anoe kabatoekkeun koe noe gĕring tea, kabawa asoep koe ambĕkan oerang, geus beunang dipastikeun oerang katepaan pest.

*Pangrawat anoe hade gĕde pisan toeloengna*

Anoe kataradjang kasakit pest teh — sapĕrti geus ditjaritakeun di loehoer — meh kabeh bae maraot; nja sok radjeun oge aja anoe tjageur deui, tapi biasana lain koe oebar tjageurna teh, sok koe lantaran pangrawat anoe hade. Ari anoe oeninga kana atoeran ngarawatan anoe gĕring pest, taja deui ngan doktor² bae, da poegoeh hese tea, oerang mah geus soemawonna bisa, kapan teu tĕrang-tĕrang atjan.

Koe sabab eta lamoen aja anoe gĕring, sarta kawas² kataradjang pest tea, pĕrloe pisan oerang gantjang lapor, ambeh dioeroes koe doktor.

*Pest anoe tepana koe koetoe beurit*

Samemeh njaritakeun koemaha tarekahna sangkan oerang oelah keuna koe pest, pĕrloe pisan oerang tĕrang heula koemaha ari pest teh tepana.

Koe noe palintĕr geus dipariksa koemaha asal-asalna kasakit pest, sarta *geus kaaroeningaeun jen anoe sok* kataradjang pest teh lain ngan djĕlĕma bae, tapi beurit imah oge sok katĕrap.

Koe hal eta beurit-imah teh mawa bahla katjida ka oerang. Geura bae palikir!

Koetoe beurit njongtjong gĕtih beurit tea, teu beda tjara koetoe djĕlĕma njongtjong gĕtih oerang. Lamoen eta beurit keuna koe pest, gĕtihna pinoeh koe djaram pest tea, da eta djaram teh poegoeh ge dina gĕtih tea ajana, atoeh tangtoe pisan koetoe beurit teh kaasoepan djaram tea. Ajeuna beurit anoe katĕrap pest teh paeh, koetoena teu bogaeun deui tjongtjongeun, da beurit teh geus paeh, geus euweuh gĕtihan ajeuna mah si koetoe kapaksa koedoe neangan beurit sedjen anoe hiroep keneh. Lamoen di dinja geus euweuh deui beurit anoe hiroep keneh, si koetoe tea tingäratjlĕng nareangan tjongtjongeun; heug *manggih oerang, atoeh nadjan* teu biasa oge njongtjong gĕtih djĕlĕma, nja moal boeroeng ditjotjo, da kapaksa koe euweuh hakaneun tea, saaja-aja dihakan.

Oepama oerang ditjongtjong, djaram teh soep asoep kana gĕtih oerang. Oerang pasti katĕrap pest.

Tah! koe sabab eta, koetoe beurit teh matak djadi bahla gĕde katjida ka oerang.

*Oelah pisan rek ngadeukeutan beurit*

Meureun koe sarerea oge kapikir, jen di tĕmpat anoe keur oesoem kasakit pest, oelah pisan oerang rek daek kadeukeutan beurit, soemawonna eta mah oepama di imah oerang aja beurit, geus montong bae diantĕp teh. Anoe gĕde pisan bahlana, eta lamoen beurit geus paeh dina pangĕrĕt, dina bongbok-bongbok, di para djeung dina sĕla² bilik rangkĕp, sabab koetoena gampang ngatjlĕng ka loear atawa ragrag, toeloej bae njongtjong ka oerang, sabot keur sare.

Beurit anoe sok maratceh dina saloe oge matak djadi bahla gĕde, komo da eta mah deukeut pisan ka oerang, atoeh gampangeun nakĕr koetoena njongtjong oerang teh.

*Oelah rek sare di imah noe aja kasakit pesan*

Dĕmi njongtjongna koetoe beurit teh, babakoena pisan ti peuting, beurang mah tara pati daekeun, da adatna sieuneun koe tjaang. Djadi ana njongtjong teh sabot oerang keur sare. Nja radjeun oge oerang ditjongtjong keur leumpang, tapi teu sakitoe gampangna tjara keur sare tea.

Koe sabab eta geus lain pikalakoeaneun bae oerang sare di imah noe aja kasakit pesan teh.

Koe oerang ajeuna kapikir, jen eta koetoe beurit teh pĕrloe dibasmi.

*Ngoeroesna papakean noe gĕring*

Di loehoer geus ditjaritakeun, jen noe sok nepakeun kasakit pest teh, babakoena koetoe beurit tea. Tapi teu moestahil koetoe djĕlĕma oge bisa nepakeun eta kasakit. Koe hal eta papakean noe gĕring teh pĕrloe pisan digodog koe tjisaboen, toeloej dipoĕkeun nĕpi ka toehoer bĕnĕr.

*Bab ngoeroesna bangke beurit.*

Lamoen oerang manggih bangke beurit di djĕro imah atawa di boeroean, komo 'moen loba mah, oerang koedoe ati-ati pisan bisi eta teh beurit-pest, poma koedoe gantjang lapor ka loerah

atawa ka poendoeh. Oelah pisan eta bangke teh rek ditjĕkèl, bisi koetoena ngatjlĕng ka oerang, *toeloej njongtjong*, geus bae oerang katĕrap kasakit pest tea. Eta bangke teh keun bae antĕp, oelah rek digomeng-gomeng, ngadagoan datangna *loerah* atawa poendoeh tea.

Hadena pisan, lamoen oerang boga *mah*, eta *banke* beurit teh bandjoer koe minjak lantoeng, tangtoe koetoena paraeh.

*Pest bajah tepana babakoena koe batoekna noe keur katĕrap.*

Kasakit pest bajah teh tepana sok ka sakoer anoe dareukeut, sarta hĕnteu pilihan deui, boh noe keur katĕrap pest bisoel boh noe tjageur, lamoen hawa anoe kabatoekkeun koe noe gĕring tea kabawa ka djĕro koe ambökanana, eta tangtoe pisan katepaan. Noe pĕrloe pisan dikanjahokeun teh ieu: noe katĕrap pest-bajah batoekna ngabidjilkeun gĕtih, tah! eta batoekna anoe djadi bahla gĕde ka noe ngalongok teh.

Djadi pest-bajah mah tepana teh koe batoekna noe keur kataradjang.

Lamoen dina hidji imah aja noe keuna pest-bajah, eta meh beunang dipastikeun koe oerang, saimah eta baris keuna kabeh; ari pest-bisoel mah ngan oekoer hidji-doea bae anoe katepaanana teh.

Oepama aja noe keur pest-bisoel katepaan pest-bajah, eta mawana bahla saroea bae djeung anoe katĕrap pest-bajah asal tea, taja bedana.

*Panoelak pest.*

Ajeuna oerang njaritakeun koemaha kias-tarekahna, sangkan oerang oelah keuna kasakit pest tea, djeung koedoe koemaha deui oerang nja pĕta, lamoen di imah oerang aja kasakit pest.

Oerang ajeuna mah geus tarĕrang, lain? jen oerang bisa katĕrap kasakit pest lantaran koe ditepakeun koe koetoe beurit-pest noe aja di imah oerang.

Koe hal eta oerang koedoe ihtiar, koedoe njiar akal, sangkan di imah oerang oelah aja beurit. Samangsa beurit euweuh, koetoena oge moal aja.

Koemaha *akalna?*

Babakoena pisan bangoen imah oerang koedoe dihadean, koedoe dirobah, *oelah tjara ajeuna. Noe pangpĕrloena* oelah aja djoeroe anoe poëk djeung oelah aja bangsa liang². Oepama di-

# KATĔRANGAN

## *ANOE PĔRLOE KAOENINGA*
## :— *SARĔNG PĔRLOE DIEMOET-EMOET* —:

Parantos 40 tahoen lamina sigarettenfabriek H. D: MAC GILLAVRY Ambarawa estoe madjoe sarta dipikameumeut koe pangeusi Hindia Walanda.

Doepi margi-margina pangna kitoe, teu kĕdah didalangkeun deui. da sadaja oge parantos taringali; nanging minangka keur pangemoet-ngemoet bae, ieu di handap bade dipantoenkeun saeutik:

## SIGARET H. D. MAC GILLAVRY

anoe didamĕlna bako Hindia toelen. anoe maridamĕlna oerang Hindia. ti ngawitan tjĕb mĕlak dongkap ka djadi sigaretna pisan.

Djadi pantĕs nakĕr oerang Hindia kĕdah njarĕsĕp sigaret H. D. MAC GILLAVRY salalamina teh.

Kawoewoehan raosna geus teu aja tjawadeunana, nja kitoe deui bangoenna sarĕng wadahna.

Malar oelah aja anoe kalintoe. pĕrloe koe djisim koering ditĕrangkeun. jen: Sigaret anoe toelen tangtos aja ngaran H. D. MAC GILLAVRY Ambarawa dikoerilingan koe boendĕran doea.

Seueur pisan anoe njarĕbat sigaret djisim koering sigaret Djatironggo. eta kalintoe, margi Djatironggo mah wastana onderneming kopi. Koe hal eta moegi oelah lali kana wastana noe sajaktosna. nja kitoe deui kana tjitjiren boendĕran doea anoe ngoerilingan ngaran teu.

*Di pabrik H. D. Mac Gillavry disajagikeun: Kwintet, Domino, Mamatjanan, Moel-moelan, Almĕnak-dinding, Gids-Mĕlajoe sarĕng salian ti eta, goenana pakeun kaoelinan boedak, nanging kenging oge dianggo kalangĕnan bangsa sĕpoeh.*

Saha-saha anoe pĕsĕn torodjogan ka pabrik, dikĕdahkeun bari moendoet kaoelinan atanapi barang reclame lianna; oepami kalĕrĕsan aja, tangtos dihatoeranan pĕrtjoemah. Oepami ngagaleuhna di toko pĕrloe mariksakeun: naha iasa kenging reclame atanapi hĕnteu.

**Panoetoep ieu tjarios, firma H D. Mac Gillavry ngahatoeranan wiloedjĕng ka sadaja anoe maraos,**

# HINDIA

Di Hindia aja hidji paoesahaan sigaret anoe dipikarĕsĕp pisan koe sadaja, doemeh disae-sae pisan dipiarana sarĕng bĕrĕsih deui; istoe teu aja tandingna.

Eta paoesahaan wastana H. D. MAC GILLAVRY, ajana di Ambarawa.

*Doepi sigaret kaloearanana ieu ditataan:*

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Band HIDEUNG | bĕbĕng | 1000—na | f 5,— | raosna | bangĕt |
| „ „ | mentjos | 1000—na | „ 5,— | „ | „ |
| „ BEUREUM | bĕbĕng | 1000—na | „ 6,— | „ | meudjeuhna |
| „ „ | mentjos | 1000—na | „ 5,50 | „ | „ |
| „ KONENG | bĕbĕng | 1000—na | „ 6,— | „ | leuleuj |
| „ „ | mentjos | 1000—na | „ 5,50 | „ | „ |

Sigaret anoe bĕbĕng saboengkoesna aja noe 10 aja noe 20. Doepi anoe mentjos mah moeng aja anoe saboengkoes 20 bae.

Eta pangaos anoe kasĕbat di loehoer hĕnteu ngetang ongkos ngintoenkeunana.

*Oepami pĕsĕn, patjoean lali, kĕdah diadresan :*

## H. D. MAC GILLAVRY — AMBARAWA

### Atoeran pĕsĕnna

Oepami pĕsĕn pangaos **f 40.—** eun sama sakali, kenging potongan 10% sarĕng dikintoenkeun diparangkoan.

Oepami pĕsĕn pangaos **f 20.—** eun, moeng kenging potongan 10% bae.

atoerna kitoe mah, tangtoe beurit teh moal barisaeun njajang. Tjenah aja keneh bae beurit noe njajang, atoeh meureun koe oerang babari kapanggihna, da tjaang tea djeung euweuh noe soeloempat-salĕmpĕt.

*Beurit teh sieuneun koe tjaang.*

Beurit teh sato anoe lingas kabina-bina, hoentoena sareukeut pisan; karĕsĕpna njieun sajang di noe poëk, babakoena dina soehoenan, handapeun hateup djeung dina awi diliangan. Lamoen aja awi anoe beulah meueusan teh atawa aja liangan leutik, toeloej bae dikĕret digĕdean njieun djalan paranti asoep.

*Atoeran bangoen imah.*

Soepaja beurit teu manggih tĕmpat keur njajang, balok soehoenan teh tjitjingna oelah dilamprakkeun, tapi koedoe didingdingkeun.

Toengtoeng awi anoe teu ngoeroeng boekoe, sok molongo, eta koedoe ditoetoep koe kaleng atawa disoempĕlan koe sĕmen.

Beunang oge teu ditoetoep, lamoen eta awi teh tjitjingna nangtoeng, ari liangna tjitjing ti handap.

Hadena imah teh montong dibilik-rangkĕp, sabab disĕla-sĕlana sok dipake njajang beurit. Tapi lamoen keukeuh hajang make bilik rangkĕp, nja hade, ngan koedoe diatoer soepaja bilik loear babari diboekana, ambeh oenggal poë beunang dibĕrĕsihan sĕla-sĕlana; atawa eta bilik loear digandjĕlan koe awi ti handapna, ari ti loehoerna make engsel; dimana gandjĕlna dibĕtot, eta bilik gampang diboekakeunana.

Tihang awi koedoe mintjak kana batoe atawa tatapakantembok, sangkan beurit oelah bisaeun asoep ti handap.

Hawoe taneuh mindĕng pisan ti handapna sok dipake njajang beurit, djadi hade pisan make hawoe tembok.

Hateup eurih leuwih hade diganti koe kĕnteng, koe seng atawa koe kaleng.

Saroepaning bangsa liang dina tembokan, koe oerang koedoe disoempĕlan koe batoe, soepaja oelah aja beurit anoe bisaeun asoep atawa kaloear.

Saloe hadena koe kai, oelah koe awi, kadjaba keur sarangna, kitoe oge koedoe bebekanana oelah golondongan.

Sakabeh anoe ditjaritakeun di loehoer bieu, woengkoel pĕrkara anoe pangpĕrloena bae koe oerang dikanjahokeun, soepaja

oelah aja beurit anoe bisaeun matoeh di imah oerang. Oepama oerang hajang njaho leuwih ti sakitoe djeung hajang tambah tetela, koemaha koedoena njieun imah katoet njieun parabotna sakali, sangkan cuweuh beurit noe bisaeun matoeh, leuwih hade njoehoenkeun boekoena bab atoeran imah djeung parabotna ka kantor panoelak pest, noe disĕboet „Bureau van den Dienst der Pestbestrijding", di Samarang. Oerang tangtoe dipaparin, teu koedoe majur naon-aon.

*Hal ngeusian imah.*

Soepaja oelah aja beurit anoe bisaeun njajang di imah oerang lain ngan woengkoel imah teh koedoe hade atoeranana bae, tapi pĕrloe pisan beres ngeusianana deuih.

Koe hal eta pĕrloe ditjaritakeun di dieu koemaha prakprakanana oerang nja ngeusian imah. Lamoen imah oerang bangoenna geus noeroet atoeran anoe hade tea, tangtoe moal aja beurit anoe bisaeun njajang, da teu aja pikabĕtaheunana.

Tapi lamoen eta imah teh teu bĕnĕr ngeusianana, atoeh eta mah saroea bae djeung mere pitĕmpateun njajang ka beurit.

Noe koemaha ngeusian imah teu bĕnĕr teh?

Kieu geura: korsi-medja teu beres neundeunana, pĕti, wawadahan djeung salian ti eta pabalatak, [illegible] neundeunna, datang ka oerang hese 'moen hajang [illegible] ti handapna atawa sela-selana; beurit teh meureun njajang di noe hese kadeuleuna koe oerang tea, di noe poëkna. Oepadi eta imah lamoen sĕla-sĕlana roepĕk-daroekdĕk, sarta paroëk deuih, toeloej bae beurit teh njarajang di dinja.

Koe sabab eta, parabot imah teh pĕrloe pisan bĕrĕs diteundeunna, babari diilikanana koe oerang.

Kadjaba ti koedoe beres sokna, parabot imah teh, pĕrloe mindĕng dibidjilkeun sarta dibĕrĕsihan; oetamana waktoena ngabidjilkeun djeung ngabĕrĕsihan teh anggĕr, ibaratna saminggoe sakali; sabot parabot[2] noe babari tea dibidjilkeun, toeloej saloear imah dibĕrĕsihan, tembokna dikoerabah, pasarean dikĕbasan djeung noe poëk-poëk diilikan sing titi, bisi aja sajang beurit.

Soemawonna eta mah geus lain pikalakoeaneun bae di imah diteundeunan kabeuki beurit, tjaraning: pare, djagong djeung noe saroepa kitoe, da beurit teh moenggah paboro-boro njarajang. Ari koe kitoe te mah dewek-deungeun, sarerea oge njiar ka-

sĕnangan. Njiar naon deui atoeh beurit teh, ĕnggon ngeunah hakaneun loba. Koe sabab eta bangsa noe kitoe teh hade dikaleuitkeun bae, oelah diteundeun di imah. Ari di leuit mah nadjan aja beuritan oge, teu sabaraha matak bahlana, da teu dipatoehan koe oerang ieuh. Tapi ari tarekah mah oerang teh ongkoh koedoe, njiar akal soepaja di leuit oge oelah aja beuritan; nja eta: soekoena leuit teh diboelĕn (dilakopan) koe kaleng, ambeh beurit teu bisaeun naek ka djĕro, da lesang. Taradje, sapoe djeung sabangsa eta oelah disarandekeun kana leuit, bisi dipake djalan beurit. Bangsa tangkal² noe deukeut ka leuit toear bae.

Tatangkalan anoe deukeut ka imah oge koedoe ditoear, da sok dipake djalan beurit.

*Imah noe geus kaasoepan kasakit pest*

Nasehat anoe di loehoer djadi pepeling ka oerang, koedoe koemaha akalna sangkan oerang oelah kadeukeutan beurit, nja eta ambeh teu keuna koe pest tea.

Ajeuna rek njaritakeun koedoe koemaha oerang nja pĕta, oepama di imah oerang aja kasakit pest.

Imah noe aja kasakit pesan, beuritna sok loba noe paraeh teu poepoegoeh, lain lantaran koe dibaroeang atawa dipeupeuh. Lamoen oerang manggih bangke beurit, ari beurit noe sok tinggoeroedoeg tea lĕs bae areuweuh, teu kadenge-denge disarada atawa tinggĕrĕbĕg, eta geus beunang ditangtoekeun, jen di eta imah aja beurit-pest, sarta teu mangmang deui koetoena tingaratjlĕng neangan tjontjongeun. Malah meureun geus loba anoe tingaratjlĕng dina tembokan oge djeung di tĕmpat² anoe paroĕk, ngan hese pisan bisana katendjo koe oerang, da laleutik pisan. Koetoe beurit noe kitoe wadjib koe oerang dipaehan.

Koemaha maehanana da koe oerang teu kadeuleu?

*Kieu.*

Lamoen eta imah teh leutik, sarta hateup eurih, djadi moal sabaraha pihargaeunana, leuwih hade doeroek bae.

Koetoe-pest teh tangtoe tjarĕm kabeh.

Tapi nja eta atoeh koe teu sagala imah tea hade toeloej didoeroek bae kitoe. Djadi koedoe aja tarekah sedjen keur maehan koetoe beurit teh. Ari akalna kieu: bakatna koetoe beurit teu koeateun nahan panas pananpoë, ana kapanasan teh toeloej bae paraeh. Koe sabab eta imah anoe kaasoepan pest teh hade di-



Istana Soeltan Langkat di Tandjoengpoera.

Langkat itoe masjhoer karena disitoe banjak didapat tambang minjak tanah.



Pésta toeroen, jaïtoe pésta jang diadakan disebelah Oeloean (Toba) ditanah Batak, ketika ada kematian. Meréka jang berpakaian tjara kebesaran itoe menari dengan memegang

boeka kĕntengna, ambeh djĕro imah kapoë kabeh; pariksa masing titi bisi aja sajang beurit; parabotna kabeh bidjilkeun: imahna koedoe dibĕrĕsihan noeroetkeun piwoeroek sarta dikapalaan koe noe geus dibakoekeun ka dinja.

*Ngoeroes djĕlĕma² anoe tjalageur keneh.*

Lian ti ngoeroeskeun noe gĕring tea, oerang koedoe mikirkeun deui djĕlĕma² anoe tjalageur keneh, anoe saimah djeung noe gĕring tea, koedoe dikoemahakeun eta koe oerang, sabab lamoen diantĕp bae mah bisa djadi oge ditjongtjong koe koetoepest tea, malah teu moestahil boa geus aja anoe ditjongtjong. Pikeun nganjahokeunana hal eta, eta djĕlĕma² teh koe oerang koedoe dipasrahkeun ka doktor.

Anoe ditjongtjong koe koetoe-pest teh, tara ari tjĕlĕtet ari brĕk gĕring; biasana sok aja antara heula, malah make popoëan nanaon, kakara brĕk. Koe sabab eta sakabeh djĕlĕma anoe saimah atawa anoe ngadeukeutan noe katĕrap pest tea koedoe dibawa heula ka barak, baris dipariksa koe doktor, naha keuna pest atawa hĕnteu.

*Sĕnteg djeung tjoebloek*

Sok aja bangsa oerang anoe mikir kieu: „........... pikeun njingkiran pest teh oerang koedoe noempĕs beurit; ari tarekah noempĕs beurit, beunang koe atoeran noe geus ditjaritakeun tadi tea di loehoer, djeung beunang oge koe dialaan bae beuritna koe tjoebloek atawa koe sĕnteg. Matak naon koe tjoebloek koe sĕnteg tea bae atoeh, oerangna sĕnang, beuritna bareunang. Meureun lila-lila oge beak beurit teh, kalah koe beunangan oenggal poë."

Hih! poegoeh bae, koe sĕnteg djeung tjoebloek oge oerang bisa maehan beurit, tapi eta beunangna teh ngan oekoer hidjidoea bae, loba-lobana ngan nĕpi ka poeloeh doea atawa poeloeh tiloe, ari nĕpi ka noempĕs mah teu bisa, da beurit teh gantjang nakĕr ngarĕkahanana.

Lamoen koe oerang diingĕtkeun, jen adat biasana anoe geus loembrah, djĕlĕma teh sok milih entengna bae, tjarang anoe ngingĕtkeun kana pĕrloena tarekah tea, meureun ari kitoe mah atoeh lobana djĕlĕma teh milih eta bae masang sĕnteg tea djeung tjoebloek, nadjan geus tetela oge eta tarekah teh moal matak toempĕs beurit, djadi atoeran² anoe harade tadi teh kana moal

bae didjalankeun, padahal sakitoe pĕrloena, beurit teh gantjang toempĕs, beuki tereh tjarĕnına beuki hade.

*Ngĕnjakeun (nĕtĕpkeun) kasakit pest-laina, eta hidji pĕrkara anoe pĕrloe kabina-bina.*

Nĕtĕpkeun pest-lainna teh hidji pĕrkara anoe pĕrloe kabina-bina; koedoe poegoeh naha anoe maot teh boga kasakit pest, kitoe, djeung naha maotna teh lantaran pest atawa lain.

Di tĕmpat² anoe geus kaasoepan pest djeung di tĕmpat² anoe katimbang baris kaasoepan pest dimistikeun, sakabeh anoe maot, majitna koedoe dipariksa heula koe doktor, nja eta pikeun ditĕtĕpkeun naha maotna teh biasa bae atawa lantaran pest. Ari mariksana babari pisan, teu hese teu loba atoeran. Anoe mariksana doktor djeung pagawe kantor panoelak pest tea, van den Dienst der Pestbestrijding. Lamoen maotna teh tetela lantaran pest, baris gantjang ngadjalankeun kias tarekah anoe koedoe djeung bakoe.

Di tĕmpat anoe oesoem pest, imah² koedoe diomean, bangoenna diganti. Imah katoet eusina oenggal poë koedoe dipariksa bisi aja beurit ngadon njajang.

*Ringkĕsna tarekah noelak kasakit pest.*

Sakabeh anoe geus dipĕdar di loehoer bieu, koe oerang beunang diringkĕskeun kieu:

*a.* sagala pĕrkara anoe ngabidjilkeun sangkaan aja kasakit pest, eta koedoe gantjang dilaporkeun ka pagawe anoe geus dibakoekeun;

*b.* lamoen oerang manggih bangke beurit, koedoe geuwat lapor;

*c.* Lamoen aja anoe katĕrap kasakit pest, imahna djeung imah² anoe dareukeut ka dinja — oepama katimbang pĕrloe — koedoe dikosongkeun, sarta dipasrahkeun ka pagawe anoe geus dibakoekeun, soepaja koetoe-pest ditoempĕs.

Lamoen noe kataradjang pest tea hiroep keneh, ngarawatanana, oerang koedoe noeroet parentah doktor, da ngan doktor anoe boga kawasa mere atoeran koedoe dikoemahakeun eta noe gĕring teh.

Teu beunang pisan oerang rek ngadeukeutan noe kataradjang pest-bajah, anging oepama pĕrloe, kitoe oge koedoe ati-ati pisan,

oelah nĕpi ka hawa anoe dibatoekkeun koe noe gĕring kabawa koe ambĕkan oerang.

Lamoen noe gĕring tea batoek, oerang koedoe gantjang malengos;

*d.* batoer saimah noe gĕring atawa noe tas deukeut ka noe pest.-bajah, koedoe dibawa heula ka barak, baris dipariksa koe doktor, bisi katepaan;

*e.* di tĕmpat² anoe keur oesoem pest, sakabeh imah koedoe *dihadean sarta dibĕrĕsihan noeroetkeun piwoeroek anoe ahli* kana bab eta.

---

## 22. KAPĔRLOEAN DJOEROE TANI.

### *a.* KARET.

Djaman ajeuna beunang disĕboetkeun di oenggal tĕmpat bae aja kĕbon karet, kawantoe saantero doenja pada marake karet: band kareta mĕsin, band mobil, sapatoe djeung lian-lianna, malah bedjana di Amerika mah, djalan gĕde oge aja noe diampar koe karet. Kĕbon karet di oerang babakoena noe bangsa deungeun, tapi bangsa oerang oge rea anoe baroga pĕlak karet, soemawonna oerang Soematra djeung oerang Borneo mah. Oerang dinja loba anoe baleunghar tina kĕbon karet.

Meureun loba anoe ngira, karet teh asal Hindia pitoein, doemeh *di oerang sakitoe aloesna djadina.* Tapi eta pangira teh salah. Saĕnjana karet teh pĕpĕlakan asal ti sabrang, nja eta ti Amerika-Kidoel. Geus mangwindoe-windoe oerang dinja sok ngarala geutah karet diboeleud-boeleud diparake kaoelinan.

Ari ngaranna karet teh roepa-roepa, aja noe njĕboet: C a o u t c o u c (= koetjoek), asalna tina basa oerang Amerika: Coa + o-cho. Coa = kai; — o-cho = ngotjor.

Lila-lila aja hidji oerang Inggris, anoe njahoëun, jen tapak potlod beunang dipoepoes koe karet. Kĕtjap „moepoes" Inggrisna = torub. Nja karet disĕboet r u b b e r, robahan tina kĕtjap to rub tea.

*Dina tahoen 1736 oerang Parasman njaba ka Amerika-Kidoel.* Ti panjabaan manehna ngirim karet ka nagarana dibarĕngan koe katĕranganana, ditjaritakeun: jen karet teh asalna geutah kai; ari roepana eta geutah teh siga tjisoesoe; ari kai anoe geutahna kitoe disĕboetna koe oerang Priboemi di Amerika: H e v e a.

Anoe loba hevea babakoena di tanah Braziliё, nja eta di Para djeung Amazonas. Koe sabab eta karet sok disarĕboet oge P a r a-R u b b e r.

Djaman baheula teu aja noe ngira, jen karet teh loba gawena. Dina tahoen 1823 mimiti di Eropa aja noe njieun sapatoe karet. Tahoen eta keneh toean Macintosh njieun papakean koe karet noe *teu tĕmboes koe tjai. Ari pĕtana njieunna kieu: Geutah karet anoe* geus toehoer tea dilĕjoerkeun koe naphta, toeloej ditjitjikeun kana marmĕr noe lempar sarta lesang. Dimana naphtana geus djadi saab, karetna tingaleun dina marmĕr tea ipis tjara lawon. Eta karet dikapoet dipake rangkĕp papakean. Ngan handjakal teu koeat, babari pisan soёh. Dina tahoen 1839 toean Goodyear, oerang Amerika, manggih akal ngarah karet djadi koeat. Tahoen 1844 toean Haucock, oerang Inggris, manggih deui akal anoe leuwih hade, nja eta: karet ditjampoeran walirang, toeloej dipoё; karet anoe dikokolakeun kitoe, leuwih koeat djeung leuwih ngĕnjod batan noe dikokolakeun make naphta tea.

*Pamarentah Braziliё* ngalarang kĕras pisan, teu meunang aja anoe mawa boeah karet ka nagara sedjen.

Dina tahoen 1876 kakara aja anoe bisa mawa boeah karet ti Braziliё, nja eta toean Wiekhan, oerang Inggris. Tapi hese kabina-bina. Bisa soteh kalah koe mĕtakeun roepa-roepa akal, nja nĕpi ka bisa mawa 70000 siki ka London. Ari didĕdĕrna eta siki karet teh dipanasan dina hidji kamar di Kĕbon Radja di Kew; ti noe 70 000 siki teh kadjadian aja noe djadi 7000. Pĕtetanana disĕbarkeun ka bawahan-bawahan Inggris babakoena pisan ka Selong; malah aja anoe dika-Bogorkeun, dipĕlakkeun, di Kĕbon Radja. Nĕpi ka ajeuna eta karet masih hiroep.

Dina tahoen 1882, Gongsol Walanda di Poelo Pinang, geus ngirimkeun pirang-pirang siki karet ka Hindia.

## *b.* MĔLAK KARET.

### *Ngokolakeun tanah.*

Karet teh djadina dina hawa anoe panas sarta beueus. Tanah rawa katjida gorengna baris dipĕlakan karet. Anoe aloes teh tanah

anoe hěnteu teuas. Koerang lendo saeutik mah hěnteu naon² asal bear. Djadi tanah pakeun pělak karet mah leuwih pěrloe diriridoeh ti batan digěmoek. Djaba ti bear teh tanah anoe loba gěmoekna tangtoe leuwih aloes batan noe teu aja gěmoekan. Di těmpat-těmpat anoe hawana katjida tiisna, karet teh moal aloes. Bisa oge hiroep, tapi moal sabaraha ngaloearkeunana geutah. Anoe aloes di těmpat anoe loehoerna ti laoet teu leuwih ti 700 M.

Leuweung anoe rek dipělakan karet, dipigawena koedoe tjara rek dihoemaan bae. Sabisa-bisa toenggoel-toenggoel djeung akar-akar koedoe dipitjeunan, sabab eta teh ana geus boeloekan sok djadi sajang hama karet.

Lamoen loba eurihan, pěrloe eurihna dibasmi sama sakali, sabab ditěmpat oeroet eurih, karet hese pisan djadina.

Oepama dina eta tanah loba tjai ngoemplang atawa djadi leutak, koe lantaran oesoem hoedjan, koedoe geuwat njieun solokan pamitjeunan tjai tea. (Ilikan gambarna anoe dilampirkeun kana almĕnak).

Dina tanah anoe lamping pěrloe didjaga soepaja gěmoek oelah roeroed kabawa koe tjileungtjeung. Akalna: Njieun rorakan motong lamping tea. Dimana eta rorakan pinoeh koe taneuh anoe kabawa koe tjileungtjang, geuwat kědoek, awoerkeun deui kana lamping tea. Atawa kieu: dina palěbah pělak karet tea, ditantjěban adjir. Sakoeriling adjir tea taneuhna diratakeun, kira-kira meunang opat kaki pasagi, djadi didjieun sengked-sengked laleutik. Djoekoet-djoekoet anoe aja di sakoeriling sengked tea, dibabad sing děmpěs, goenana pikeun panahan taneuh soepaja hěnteu kabawa koe tjileungtjang.

Kěbon kopi anoe geus lila, lamoen ajana hěnteu loehoer teuing ti laoet, hade oge didjieun kěbon karet, tapi kopina koedoe dibasmi heula. Tatangkalan anoe asalna ngahieuman tangkal kopi oge oelah poho koedoe dipitjeunan.

## Miara bibit.

Bareto mah tangkal karet teh biasana diitjangkok djeung disětek bae, tapi saěnjana anoe pangäloesna keur bibit mah pětetanana.

Karet boeahanana koedoe geus oemoer 4 atawa 5 tahoen. Babakoena boeahanana teh dina oesoem katiga, sanggeusna ganti daoen. Dimana geus liwat oesoem ngidjeh, karet sok ngarangrangan.

Boeah karet oepama lila teuing diampihanana, dimana dipĕlakkeun teu daekeun djadi. Lamoen geus leuwih ti tiloe boelan ti waktoe dipoeloeng, moal aja hidji-hidji atjan anoe daekeun djadi. Boeah anoe geus leuwih ti sapoë-sapeuting, ti waktoe ragrag tina tangkalna, oelah dipoeloeng pakeun bibit; boeah karet beunang moeloeng, oelah pisan kapoë. Lamoen diwadahanana dina botol atawa kaleng, ditoeroebanana oelah rekep teuing. Oepama eta boeah karet arek dikirimkeun, diwadahanana koedoe dina pĕti anoe gĕdena oelah leuwih ti 30 × 40 × 50 cM. Eta pĕti pĕrloe dilapisan koe kĕrtas langlajangan atawa koe kĕrtas naon bae darapon anoe kasap. Ngawadahanana oelah djangdji bro bae, koedoe dilapis-lapis; oenggal-oenggal lapis dihalangan koe kĕrtas kasar tea; ari lolongkrangna koedoe diawoeran tipoeng koelit tangkal kalapa (tangkal kalapa diarah koelitna toeloej didjieun tipoeng) ditjampoer djeung taneuh lĕmboet atawa arĕng beunang ngarieus. Tipoeng djeung kĕrtas tea koedoe dibaseuhan. Dimana eta bibit katampa koedoe tĕroes bae diipoek; patjoean arek diĕngke-ĕngke.

Atoeran ngipoek.

Atoeran ngipoekna aja doea roepa:

1e. Boeah karet tea diipoek dina pĕti anoe geus beunang ngeusian koe taneuh gĕmoek beunang njampoeran koe keusik. Loehoerna eta pĕti 20 cM. (± sadjeungkal). Diipoekna masing kĕrĕp bae, taneuh toetoepna koedoe ipis. Pĕtina teundeun di noe ioeh. Meunang sawatara poë oge tangtoe rĕnoeng. Sanggeus meunang ± 4 minggoe, meudjeuhna baris dipindahkeun ka kĕbon atawa kana dĕdĕran.

2e. Boeah karet tea digolerkeun dina goni atawa keusik beunang ngabaseuhan. Sanggeus meunang sawatara poë tangtoe djaradi. Lamoen akarna geus katendjo baridjil, eta nandakeun geus meudjeuhna dipindahkeun kana dĕdĕran.

Tĕmpat anoe arek dipake ngadĕdĕr pĕtetan tea, koedoe dipatjoel heula djĕrona kira-kira 40 cM. Akar-akar, batoe-batoe koedoe dipitjeunan. Eta dĕdĕran dipetak-petak, roebakna petakan oelah leuwih ti 1.50 M. Eta pĕtetan dipĕlakna dina dĕdĕran tjarangna koedoe 25 cM., djeung akarna anoe kakara nengtet oelah sina nantjĕb kana taneuh, tapi koedoe sina noendjoek ka gigir, saeuran saeutik koe taneuh.

Mimitina hade rada dihieuman, tioengna koe daoen pakoe, teu pĕrloe dihateupan. Lamoen poë keur panas hade disiram; lamoen

geus djadi ĕnja teu koedoe disiram deui sarta daoen-daoen noe ngahieuman tea, pitjeunan.

Oepama eta pĕtetan geus oemoer 8 atawa 10 boelan, geus meudjeuhna dipindahkeun ka kĕbon. Harita tangtoe geus sagĕde tjingkir. Eta pĕtetan karet, samemeh dipindahkeun, dipangkas heula, sesakeun ka poehoena bae kira-kira 30 cM. deui; motongna koedoe di saloehoereun mamata. Geus kitoe dikali, akarna oge pĕrloe dipotong, sesakeun ± 30 cM. Moen teu dipotong, tangtoe ĕngkena di djĕro taneuhna bengkok; ari akar bengkok tea salawasna njoesahkeun kana hiroepna tangkal. Tjagak-tjagak akar koedoe dipotongan, dipitjeunan, sesakeun akar pantjĕr bae. Bibit anoe saroepa kitoe dingaranana koe oerang Eropa „stumps".

Stumps teh djadina leuwih aloes batan bibit ngora anoe oemoerna kakara saboelan. Ari mĕlakna di kĕbon koedoe marĕngan datangna oesoem hoedjan. Satatjanna tjĕb mĕlak, koedoe geus sadia lombang-lombang heula sing galĕde. Eta lombang teh ti samĕntas dikali, diantĕp heula sawatara poë lilana, toeloej disaeureun koe taneuh; meunang sawatara poë, kakara tjĕb dipĕlakan bibit tea. Ari djĕrona mĕlak, leuwih djĕro saeutik bae ti batan keur waktoe djadi dina dĕlĕran tea. Dimana geus [illegible] dipĕlakkeun, taneuhna anoe aja di sakoeriling eta bibit, koedoe diteueul-teueulkeun, malar *eta bibit anjar teh pageuh nantjeb kana taneuh.*

Bibit anoe koerang aloes leuwih [illegible] dipitjeunan bae, oelah dipĕlakkeun. Tjitjiren koerang aloes teh, oepama daoenna koneng, akarna bengkok, tangkalna leutik dj.s.t. Pcma oelah njaah mitjeun bibit goreng, oelah ngarasa roegi koe adjen saroepia-doea roepiaeun, sabab koe lantaran radjin milih bibit keur pĕlakeun teh, ĕngkena batina tikĕ-manikĕl.

Djaba ti eta oerang koedoe sadia bibit keur njaroegsoem, tĕgĕsna bibit sadiaan baris ngaganti, bisi aja bibit anoe geus dipĕlak paeh atawa koe hama, dj.s.t. Dĕmi anoe dipake bibit panjaroengsoem teh, nja eta bibit anoe oemoerna 1 ½ atawa 2 taoen. Koe sabab bibit anoe oemoerna sakitoe teh gĕde, koe oerang pĕrloe dipangkas, nĕpi ka tangkalna anoe disesakeun teh pandjangna kari 1 M. deui.

### *Tjarangna mĕlak djeung ngoeroesna pĕlak karet.*

Geus djadi kabiasaan ahli tani di oerang, ana mĕlak karet teh sok dibarĕngkeun djeung ngahoema. Sakapeung mĕlakna teh sok samĕntas ngaseuk. Dipĕlakna nja teu beda djeung pare tea, dia-

seuk, moeoehanana tiloe-tiloe. Dimana geus djaradi, ti anoe tiloe boeah teh hënteu diantëp, tapi anoe mah diraboetan, disesakeun hidji anoe pangäloesna. Bibit-bibit karet teh katjida padeukeutna.

Oepama pare hoema geus arasak sarta geus dipiboeatan, hoema teh hënteu dioeroes deui, diantëp nëpi ka djadi leuweung. Sakapeung radjeun oge aja anoe ditjatjaran djoedjoekoetanana, tapi ngan anoe ngadjëmbroeng di sakoerilingeun tangkal karet tea bae.

Di tanah-tanah anoe lendo, ilahar pisan oeroet hoema teh dibabad deui, didoea-kalian dipëlakan pare. Aja oge anoe hoemana dipëlakan kopi dina sëla-sëla pare sarta satëroesna hoema teh dioeroes ditjaangan; tapi lolobana mah anoe diantëp bae. Lila-lila mah sagala tjoetjoekoelan anoe djaradi di hoema teh eleh koe karet. Dimana karetna geus galëde, noe bogana kakara baralik *deui ka këbon karet tea sarta sadia baris njadap.*

Dina ieu almënak aja gambarna këbon karet anoe teu pati diropea. Geura bandingkeun djeung këbon karet anoe dioeroesna.

*Karet anoe dipëlakna meudjeuhna tjarangna.*

Anoe pangäloesna pëlak karet teh, dimana eta karet geus galëde oelah sina silih toempangan dahan, tëgësna hidji-hidjina tangkal koedoe boga tëmpat anoe laloeasa kagënahan hiroepna. Koe ahli mëlak karet geus ditangtoekeun pialoeseunana (tjarangna) mëlak karet teh soepaja aloes kana tangkalna, nja eta dina saban-saban tangkal koedoe boga bagian tëmpat kira-kira 25 $M^2$, djadi anggangna tina tangkal kana tangkal deui 5 M. (5 × 5 M. aja oge anoe 6 × 4 M.). Karet anoe dipëlakna kërëp teuing, tangkalna sok laleutik, geutahna saeutik. Geus dibandingkeun hasil karet anoe dipëlakna tjarang, leuwih loba hasilna batan anoe dipëlakna kërëp (tëmpatna saroea lëgana). Djaba ti eta dina njadapna oge, tangkal karet anoe dipëlakna kërëp mah leuwih loba meakeunana tempo djeung leuwih loba njadiakeunana mangkok wadah geutah.

Anoe përloe keur oerang teh lain *lobana tangkal*, tapi *lobana geutah.*

Pëlak karet teh sëla-sëlana sok dipëlakan pëpëlakan sedjen, goenana soepaja oelah soesah teuing ngojosna, sabab oepama geus tjëb *dipëlakan koe pëpëlakan sedjen*, djoekoetna sok tara daekeun djaradi deui. Biasana anoe sok diparëlak di sëla-sëla tangkal karet teh nja eta kopi robusta. Djaba ti kopi robusta loba anoe aloes baris dipëlak dina sëla-sëla tangkal karet teh, kajaning: pare, katjang soeoek, djagong dj.s.t.; biasana milih anoe tereh

djadina. Oepama sĕla-sĕlana arek dipĕlakan kopi robusta, tjarangna mĕlakna eta kopi koedoe diatoer saperti gambar di handap ieu:




× = tangkal karet tjarangna 3½ × 7 M..

● = pĕlak kopi tjarangna 3 × 3½ M.

Ari hadena mah kĕbon karet teh koedoe dioeroes ĕnja-ĕnja, ditjaangan, dibĕrĕsihan, oelah aja djoekoet anoe djadi. Beuki bĕrĕsih, beuki hade, beuki saeutik ogkosna. Beurat soteh karasana dina ngamimitian njaanganana, da ari geus lenang mah teu aja djoekoet salambar-lambar atjan, kari ngalanglangan bae; dimana aja djoekoet rek djadi, geuwat raboet, oelah didagokeun nĕpi ka ngadjĕmbroengna; malah koe djalma saoerang oge ari geus lenang kitoe mah, moal datang ka teu kaoeroes, nadjan leuwih ti opat kĕbon oge anoe dioeroesna.

Tangkal karet anoe di kĕbon anoe lenang, dina oemoer 4 taoen leuwih aloes ti batan tangkal karet oemoer 8 taoen anoe diantĕp tea. Komo oepama di kĕbon noe diantĕp teh loba eurih djaradi, katjida njoesahkeunana ka oerang.

Noeroetkeun itoengan toean-toean kĕbon karet di Djawa, ongkos ngababad djoekoet-djoekoet dina djĕro sataoen, dina sabaoena teh hĕnteu leuwih ti f 15.— Kĕbon anoe loba eurihna, oenggal-oenggal sabaoe dina djĕro sataoen, kadangkala ongkosna leuwih ti f 100.—. Aja deui anoe katjida gĕde ongkosna, nja eta anoe sok ngababad djoekoet-djoekoet anoe djaradina ngan di sakoeriling tangkal woengkoel, sabab djoekoet-djoekoet teh ngarambatna katjida gantjangna, katambah waktoe njatjarna loba boeah djoekoet anoe arasak anoe katinggaleun dina oeroet njatjar.

Dina tanah anoe lamping djaba ti koedoe njieunan rorakan sapĕrti anoe geus disĕboet di loehoer, hade oge dipĕlakan peuteuj selong didjieun pagĕr, dipĕlakna koedoe *motong lamping tea, tapi* oelah diantĕp nĕpi ka loehoer tangkalna teh, da anoe diarah oge ngan keur tadah woengkoel, soepaja dina oesoem hoedjan, gĕmoek oelah kabawa palid koe tjihoedjan.

Dimana tangkal karet teh geus oemoer 5 taoen, geus teu pĕrloe make pĕpĕlakan deui *dina sĕla-sĕlana, djadi sagala pĕpĕlakan anoe* kasĕboet di loehoer tea, djaba ti tangkal karet mah kabeh koedoe dibasmi, oelah aja satangkal-tangkal atjan di kĕbon karet teh, sabab ajeuna mah karet teh geus waktoena boga tĕmpat noe lalĕga, bĕrĕsih di sakoeriling boengkingna.

*Ajeuna ilikan* deui *gambar kĕbon karet anoe hĕnteu dipiara,* di dinja loba pisan tangkal karet anoe tjagak doea atawa leuwih, djeung loba anoe njalalodor ngentja-ngatoehoe. Tangkal anoe kitoe teh hese pisan disadapna, komo oepama geus kolot. Anoe pangäloesna mah ngan anoe tangkalna ngan hidji ngalĕnggĕtjĕng toer *lĕmpĕng tea bae (ilikan gambarna), disadapna* oge babari pisan. Tangkal anoe tjagak doea teh ĕnja-ĕnjana mah tara leuwih ti tangkal anoe ngalĕnggĕtjĕng tea beubeunanganana, estoening ngan nambahan pagawean woengkoel.

Tina stumps teh biasa sok baridjilan 2 — 3 pitangkaleun; oepama *diantĕp tangtoe djadi tangkal tjagak tea; djadi ti* keur leutik keneh pitangkaleun teh koedoe ditilas, sesakeun satangkaleun bae anoe katimbang pangäloesna.



Gambar 1.

Gambar di handap ieu nĕrangkeun pĕta-pĕtana motong pitangkaleun tea. Motongna teh *koedoe njerong, soepaja oelah aja* tjihoedjan anoe njangkroeng. Pitangkaleun anoe disesakeun teh ĕngkena bakal djadi hidji djeung stumps tea, malah dina oemoer sataoen mah geus sama sakali teu katjiri, jen eta tangkal *beunang mangkas noe asalna* bidjil tina stumps tea. Tangkal anoe geus kitoe teh koedoe didjaga ĕnja soepaja lĕmpĕng ngalĕnggĕtjĕng, oelah sina dahanan meunang 2½ M. mah. Dimana geus leuwih ti 2½ M., kakara koe oerang diantĕp, *teu aja halangan naon-naon masing* rek dahanan oge. Ari tarekahna soepaja oelah dahanan mah gampang pisan: dimana rek bidjil

dahan, gantjang eta pidahaneun teh pitjeur sing dĕmpĕs, toeloej dioelas koe ter, soepaja tapak nilasna tea oelah boeroek. Oelah poho, saban-saban aja dahan anoe potong, geuwat ditilas sing dĕmpĕs, palĕbah oeroet nilas tea koedoe geuwat diter.

Soepaja tangkal karet djadi gĕde, geus aja noe njoba koe dipangkas loehoerna tina taneuh 3 M. Ieu pĕrtjobaan koerang hade, sabab ahirna kanjahoan jen lain matak oentoeng, tapi matak katjida roegina.

Saĕnjana tangkal anoe ngarangkadak loba dahanna teh tangkalna tereh gĕde. Oepama aja tangkal karet anoe hĕnteu ngarangkadak, akalna soepaja ngarangkadak, ti keur leutikna keneh loehoerna 3 M. koedoe dikabiri (dipĕtik poetjoekna). Tapi leuwih hade montong dipĕtik poetjoekna, keun bae teu ngarangkadak oge, darapon tangkalna lĕmpĕng bae, da ĕngke oge ari geus meunang ± 2 ½ M. mah bidjil dahan sorangan.

Di loehoer geus ditĕrangkeun tjarangna mĕlak karet anoe hade teh, 6 × 4, 5 × 5 atawa 7 × 3 ½ M. Saĕnjana sakitoe teh kaitoeng kĕrĕp teuing, oepama kabĕnĕran meunang tanah anoe katjida lendona mah, ari kanjahoanana jen koerang tĕmpat teh sanggeus tangkal karet galĕde, moroutod leuwih ti biasa. Ajeuna tangkal karet teh pĕrloe ditjarangan; tarekahna aja doea roepa: kahidji koe ditoearan heuleut satangkal, tangkal noe aloes, noe koerang aloes, toear bae; kadoea koe noearan tangkal-tangkal noe koerang aloes. Milihna tangkal noe koerang aloes teh babari pisan, sanggeus sababaraha boelan disadap oge tangtoe toeloej kanjahoan bae tina pangasilanana. Anoe geutahna saeutik ditjirian koe goerat make ter kira-kira 1 ½ M. loehoerna tina taneuh. Oenggal boelan dipariksa, waktoena mariksa ditĕtĕpkeun sarta saban mĕntas dipariksa ditjirian, djadi sanggeus meunang 6 boelan, saban-saban tangkal toempa-toempa tjirina, aja anoe 6, 5, 4, 3, 2 atawa 1, aja anoe teu aja tjiri-tjirian atjan. Anoe tjirina aja 6, eta teh anoe saeutik geutahna. Tangkal anoe saroepa kitoe leuwih hade ditoear karana ngaroegikeun kana tangkal² sedjen; malah sanadjan tangkal karet di kĕbon oerang teh hĕnteu pĕrloe ditjarangan oge, ari anoe katjida saeutikna geutahna mah, tjara noe kasĕboet bieu, leuwih hade ditoear bae. Pamariksaan anoe saroepa kitoe teh pĕrloe didjalankeun kalawan taliti pisan dina djĕro 2 atawa 3 taoen. Koe tarekah kieu dina saban-saban sabaoe (50 × 50 deupa) anoe asalna 350 tangkal teh ngan kari aja ± 200 tangkal deui.

*Mĕnding mana:* djadap 350 *tangkal anoe* hasilna 3 kati geutah toehoer djeung njadap 200 tangkal anoe hasilna oge 3 kati geutah *toehoer. (Anoe njadapna* geus biasa, sapoëna 400 tangkal).

### Panjakit djeung hama karet.

Panjakit djeung hama karet teh loba, anoe pĕrloe oerang njaho, ieu:

1. Rinjoeh
2. soepa anoe djadi dina akar
3. kangkĕr
4. bisoel -
5. djamoer oepas.

Panjakit djeung hama karet teh nĕpi ka ajeuna teu aja kapanggih pioebareunana anoe matih. Koe sabab eta oerang pĕrloe tjarintjing, koedoe ditioeng memeh hoedjan, daek ngariksa tangkal² karet, sabab lamoen hama geus njaliara, hese katjida ditarekahanana.

Biasana tangkal anoe hoerip pisan mah hĕnteu gantjang keuna koe panjakit, dikeunana oge bisa keneh nadahan asal oelah katjida teuing bae. Koe hal eta oerang oelah balangah, ti mimiti katangen oge jen aja 1 — 2 tangkal anoe keuna koe panjakit, koedoe geuwat bae sadiakeun panolakna, malah aloesna mah *oelah sina* deukeut-deukeut atjan panjakit teh. Kieu geura tarekahna panolak panjakit djeung hama teh, soepaja *oelah* bisa *datang ka kĕbon* oerang.

*a.* *Kĕbon karet oerang koedoe dipagĕr sing santosa,* soepaja sato anoe sok ngaharakanan koelit karet noe ngora keneh teh, *kajaning bagong djeung djaba ti eta,* oelah barisaeun asoep ka kĕbon karet.

*b.* *Dibabad* djoedjoekoetanana sing bĕrĕsih djeung sakali-kalieun mah pĕrloekeun dipatjoelan.

*c.* Di djĕro kĕbon koedoe tjaraang djeung lalanggang, oelah aja tangkal anoe padĕsĕk djeung batoerna.

*d.* Oepama aja tjai ngaroemplang, geuwat njieun solokan pamitjeunan tjai sing djĕro.

*e.* Oepama sanggeus ditarekahan sapĕrti anoe kasĕboet dina a-b-c-d di loehoer, katangen aja 1 — 2 tangkal anoe keuna koe panjakit, geuwat ihtiarna soepaja eta panjakit moesna pisan, oelah sieun roegi koe saroepia, sabab eta teh bisa djadi ngaleungitkeun kaoentoengan saratoes-doea ratoes roepia.

*Rinjoeh.* Tangkal anoe geus diroesak koe rinjoeh moal beunang dioebaran deui, ngan koedoe didjaga soepaja eta rinjoeh oelah pindah kana tangkal anoe sedjen. Lamoen manggih tangkal anoe akarna koe rinjoeh, geuwat dikali, teangan imahna, awoeran tai ragadji beunang njampoeran warangan. Rinjoeh sok ngaharakanan tai ragadji; dimana eta tai ragadji dihakan, tangtoe paraeh, sabab geus meunang njampoeran koe warangan tea.

*Soepa anoe djadi dina akar.* Ti loear mah sok teu katjiri, jen aja soepa dina akar, saroea bae djeung rinjoeh tea teu katangenna teh. Ngoebaran akar anoe soepaan teh gĕde ongkosna. Oepama ngan satangkal-doea bae mah anoe akarna soepaan, leuwih hade oelah dioebaran, dikali bae djeung akar-akarna tĕroes dibeuleum.

Oepama rek dioebaran, kieu pĕtana: sakoeriling tangkal teh dikali sing nĕpi ka katembong akarna. Soepa anoe djaradi dina akar teh dikĕrok koe awi sabebek; tapi sisina oelah seukeut; tĕroes awi oeroet ngĕrok teh dibeuleum, ari akarna, sanggeus dikĕrok teh toeloej oelasan *carbolinicum plantarium* beunang njampoeran koe tjai, sing saroea lobana. Heuleut doea poë sakali dioelasan, nĕpi ka tiloe kali ngoebaranana.

*Kangkĕr.* Eta hama ajana dina oeroet njadap sapĕrti goerat-goerat laleutik, roepana hideung (eta goerat-goerat lain ngarĕdĕng, tapi narangtoeng). Tangkal anoe keuna koe eta panjakit. èngkena moal ngaloearkeun deui geutah. Lamoen geus keuna koe eta panjakit, antĕp bae meunang 2 atawa 3 minggoe mah oelah disadap nĕpi ka tjageur sorangan. Tĕmpat noe keuna koe panjakit tea koedoe diseset (dipitjeunan koelitna) oeroetna dioelasan koe ter.

*Bisoel.* Katjiri tingbarĕnggoel koelitna, ngoedjoer ka handap. Palĕbah noe tingbarĕndjoel teh hĕnteu kaloear geutah. Ngaleungitkeunana eta panjakit kieu: anoe tingbarĕndjoel teh dikeureutan nĕpi kana lĕgonna, toeloej dioelasan koe arpoes meunang njampoeran koe parafine. Arpoes djeung parafine teh dimasak, sanggeus lĕjoer ditiiskeun, oelah nĕpi ka tiis pisan.

*Djamoer oepas.* Biasana katangenna teh dina sĕla-sĕla tjagak tangkal karet, soepana beureum ngora. Dahan noe ditjitjingan djamoer oepas teh lila² sok toeloej paeh. Djamoer oepas teh babari pisan ngarembetna. Tapi ari dina kĕbon anoe tjaraang mah, tjarang aja djamoer oepas teh. Oepama oerang nendjo dahan anoe djamoer oepasan, eta dahan, koedoe geuwat ditoetoeh, noetoehna

koedoe kabawa djeung poehoena, soepaja djamoer oepas teh kabawa djeung akar-akarna. Eta dahan, koedoe geuwat dibeuleum. Oepama anoe soepaan teh tangkalna geuwat sĕmpog sing nĕpi ka soepa tea kabawa djeung akarna. Oeroet motong djeung oeroet njĕmpog tea oelah poho, koedoe geuwat diter, soepaja oelah soepaan deui.

## Njadap.

Geutah karet teh ajana dina oerat-oerat koelit, tjara oerat tjai. Beuki loba oerat geutah anoe kakeureut, beuki loba geutah anoe kaloear. Geus dipariksa koe noe arahli karet djalanna oerat geutah teh hĕnteu lĕmpĕng noeroetkeun nangtoengna tangkal, tapi rada njerong ti handap beulah kentja ka loehoer beulah katoehoe, djadi oepama dikeureutna njerong ti kentja ka katoe tangtoe leuwih loba oerat geutah anoe kakeureut ti batan oepama dikeureut ti katoehoe ka kentja, geutahna oge leuwih loba anoe kaloear. Bedana djeung noe dikeureut ti katoehoe ka kentja, kira-kira 15 oerat tina oenggal-oenggal 100 oerat. Djadi dina njadap ngeureutna diserongkeun teh aja maksoedna, nja eta ngarah geutah gantjang ngotjorna.

Tangkal anoe geus meudjeuhna disadap, nja eta lamoen gĕdena tangkal (loehoerna 1 M. ti taneuh) geus aja 35 — 45 cM.; kitoe soteh lamoen eta tangkal geus lila gĕdena (tjoekoep oemoerna), tapi lamoen oemoerna ngora keneh mah, leuwih hade didagokeun nĕpi ka tangkalna 45 cM. Lamoen rek noeroetkeun oemoer, koedoe geus oemoer 4 — 5 taoen kakara hade disadap.

Peso sadap teu meunang seukeut teuing. Njadapna koedoe atiati oelah nĕpi ka kakeureut lĕgonna. Tapi koe sabab oerat geutah teh lolobana deukeut pisan kana lĕgon tea, ngeureutna pĕrloe rada djĕro, tjindĕkna ti batan oerat geutah teu kakeureut mah lantaran deet teuing ngeureutna, kadjeun lĕgonna rada kakeureut. Oepama lĕgonna kakeureut, geuwat dioebaran, oebarna nja eta ditoetoep koe parafine atawa lilin, toeloej tambal koe tai sapi. Njadapna oelah liwat ti poekoel 6 nĕpi ka poekoel 10 isoek. Geutahna koedoe geuwat dikoempoelkeun, toeloej dimasak. Lamoen poë geus panas geutahna tara daekeun ngotjor. Lamoen njadap sanggeus poë panas, geutahna sok djadi geutah pita (scrops).

Koelit tangkal oeroet njadap tea, sanggeus oemoer 4 taoen djadi

hade deui sarta beunang disadap deui; djadi samemeh ngamimitian njadap, koe oerang bisa diatoer, soepaja sanggeus 4 taoen oerang bisa njadap di oeroet oerang njadap bareto. Dina oeroet njadap teh koelitna rea anoe barĕndjoel, eta pĕrloe koe oerang dikeureut diratakeun, toeloej ditambal koe parafine atawa lilin djeung tai sapi. Asalna mah atoeran njadap teh roepa-roepa pisan, tapi ajeuna noe ilahar teh ngan saroepa bae, nja eta ngan saparapatna atawa sapĕrtiloena tina gĕdena tangkal dipetak-petak (disĕboetna gawangan), djeung ngeureutna ti kentja ka katoehoe. Lamoen gĕdena gawangan sapĕrtiloe tangkal, tjoekoep njadap sagawang bae; lamoen saparapatna meunang oge doea gawang: ti handap hidji ti loehoer hidji. Aja oge anoe njadap tiloe gawang. Tapi koerang hade, sabab gawangan anoe pangloehoerna, moal loba ngotjorkeunana geutah.

Ieu di handap ditĕrangkeun atoeranana njadap anoe hade, lamoen rek njadap saparapat:




Mimiti oerang njieun *kamalir geutah* heula, nja eta ditoerih koe peso sadap ti loehoer ka handap lĕmpĕng sipat gantoeng. Soepaja noerihna lĕmpĕng, hade didjidaran koe awi noe lĕmpĕng, djadi noerihna noetoerkeun sisi awi tea. Ari ti loehoerna eta kamalir teh kira-kira 60 c.M. loehoereun taneuh, ka handapna nĕpi ka kira-kira 5 c.M. deui kana taneuh; djadi pandjangna kamalir kira-kira 55 c.M.

Tidinja gĕdena tangkal dioekoer lĕbah toengtoeng kamalir noe ti loehoer tea koe tali dibeulitkeun; toeloej eta tali ditikĕl-tikĕl dibagi opat noe saroea pisan; geus kitoe dibeulitkeun deui kana oeroetna, tapi tĕpoenggĕlangna koedoe dina toengtoeng kamalir ti loehoer tea. Dina lĕbah oeroet nikĕlna tali, eta tangkal karet

koedoe ditjirian, ditjotjog koe peso sadap tea. Ajeuna eta tangkal geus dibagi 4 bagian dina lĕbah toengtoeng kamalir ti loehoer.

Sanggeus ngabagi ti loehoer, kakara ngabagi beulah handap, lĕbah toengtoeng kamalir deui. Pĕtana tjara ngabagi beulah loehoer tea bae. Tidinja njieun goerat koe peso ti tjiri loehoer kana tjiri handap teu koedoe djĕro-djĕro, darapon katjiri bae; ngan goeratna koedoe *lĕmpĕng djeung pandjangna koedoe 70 c.M.* Eta goerat ngabandoeng djeung kamalir tea. Ajeuna kakara ngeureut goerat anoe njerong make parabot koe kaleng, bangoenna sapĕrti gambar noe di loehoer tadi.

A B pandjangna sapĕrti 20 c.M., A C 30 c.M. Toerihan njerong teh nja eta toerih ti B ka C djadi djoeroe C ajana dina toengtoeng kamalir sabeulah ti loehoer, djoeroe A *aja di toengtoeng* goerat noe sadjalan djeung kamalir tea. Ajeuna kakara dikeureut koe peso sadap ti B ka C. Ĕngkena geutah karet teh mapaj keureutan BC kana *kamalir tea tĕroes ngotjor ka handap.* Di toengtoeng kamalir sabeulah ti handap, disĕlapan pantjoeran, njĕlapkeunana mah didĕdĕtkeun koe leungeun bae. Didjieunna eta *pantjoeran teh koe seng atawa aliminium.* Ĕngkena geutahna teh ngotjor tina pantjoeran kana mangkok. Karet anoe mimiti disadap, mimitina mah tara djoeoeh.



Gambar 2.

Pikeun *nangtoekeun,* jen eta *sadapan* teh koerang djĕro, oeroet njadap teh koedoe ditodjos koe peso noe lantjip nĕpi kana kaina. *Lamoen sanggeus ditodjos koe peso djĕrona* 1 m.M., geutah anoe kaloear masih loba, eta teh tanda, jen sadapan tea koerang djĕro.

*Samemeh ngamimitian njadap,* geutah dina oeroet kamari tea koedoe dialaan sarta tĕroes dikoempoelkeun heula. Eta geutah teh geus kandĕl, *disĕboetna „scraps".* Bareto mah kamalir teh sok dibaseuhan, ngarah geutah kabari ngotjorna, tapi ajeuna mah tara, sabab *inggis* bisi *matak* ngadatangkeun panjakit kangkĕr.

Ari ditandeanana eta gentah teh koe mangkok; ilaharna *mangkok aliminium.* Eta geutah koedoe geuwat dikoempoelkeun dina ember anoe katjida bĕrĕsihna.

Sakapeung sok aja noe nandean geutah, mangkokna digantoengkeun kana pakoe, *djadi eta tangkal* karet koedoe dipakoe



Kalau orang Tionghoa jang kaja-kaja meninggal, maka djenazahnja diantar kekoeboer dengan perarakan jang besar. Perarakan itoe didahoeloei oléh seboeah patoeng besar, Kay Loo Sin namanja, disertaï dengan doea kawannja, jaïtoe Keng-Tjéng.

Bertanam para (karét).



Kalau tanah itoe tergenang atau loempoer dalam moesim hoedjan, maka baiklah diboeat parit pengalirkan air.



Betapa bagoesnja pohon-pohon itoe kalau keboen terpelihara baik. Demikian poela banjak getahnja kalau sadapannja benar.



Beginilah roepanja keboen para jang tiada terpelihara itoe. Bandingkanlah ia dengan keboen jang terpelihara baik itoe.

Gambar 3.




1 2 3 4

1. gawang taoen ka I
2. " " " II
3. " " " III
4. " " " IV

Gambar 4.



1 2 3

1, 2 sadapan noe salah
3 sadapan noe bĕnĕr



Gambar 5.

heula; eta atoeran koerang hade. Ti batan makoe tangkal mah leuwih hade njokot awi bae ditandjĕbkeun palĕbah pingĕtjlakeunana geutah tea, eta awi ti poehoena ditoempangan mangkok.

Pakeun anoe tatjan biasa njadap, gawangan sadapeun sataoeneun teh, hade anoe 50 c.M., pakeun anoe geus biasa 40 c.M.;

anoe matak diberean anoe gawanganana sakitoe pandjangna, lantaran ngeureutna dina sagarit-garitna sok rada kanděl teuing. Djadi oepama koerang ti 50 c.M. teh, tatjan sataoen oge geus beak. Dimana geus salse njadap gawangan ka I anoe oekoeranana saparapatna tea, pindah kana gawangan anoe ka II (ilikan gambar). Sanggeus doea taoen lilana, eta tangkal teh beuki gěde, djeung dina oenggal-oenggal tangkal anoe geus disadap tea, geus bisa ditoerih doea oendak (ilikan gambarna).

Ajeuna oerang njaritakeun anoe disadap sapěrtiloe tangkal, gawanganana tangtoe leuwih pandjang, tjoekoep keur sadapeun 1 ½ taoen; djadi sanggeus 3 × 1 ½ atawa 4½ taoen, oerang bisa njadap balik deui ka oeroet.

Garitan sadapan teh koedoe lěmpěng sarta saroea djěrona, pandjangna oge koedoe saroea. Oelah tjara anoe dina gambar ieu. Koe hal eta koedoe make, „goerat panoeloeng". Ilikan gambar. Eta garis-panoeloeng teu koedoe djěro-djěro, karana gawena ngan keur anggěran garitan bae, soepaja sadapan tea aloes. Hade oerang njieun 3 atawa 4 mah goerat-panoeloeng. Ilikan gambar ka 4, toeloej gambar 5.

Dina gambar 4 oerang nendjo garitan anoe teu saroea djalanna, eta koerang hade. Dina gambar 5 oerang bisa nendjo tjonto anoe leuwih těrang: goerat anoe pangloehoerna, eta keureutan sadapan, ari 3 goerat anoe koe titik, nja eta goerat panoeloeng, ditoerihna deet bae, sabab gawena ngan oekoer baris noedoehkeun soepaja oerang njadap teh saroea djalanna djeung goerat panoeloeng tea. Aja deui anoe koedoe diingětkeun, nja eta oelah ngeureut tjara no. I dina gambar ka 4, něpi ka toengtoeng keureutan teh hěnteu narěpi kana kamalir.

Aja deui anoe katjida koerang hadena teh nja eta lantaran noe njadapna kaboeroe napsoe hajang geura meunang oentoeng gěde, něpi ka njadapna teh satěngah koeriling tangkal, djeung loehoerna tina taneuh ngan 40 c.M. Dina djěro sataoen tangkal karet teh něpi ka dipěsek sama sakali; děmi taoen hareupna noe disadapna teh loehoereun oeroet anoe geus kapěsek tea. Tangtoe bae koerang geutahna, sabab koelit noe sataoen teh tatjan tjageur pisan; djadi koelit noe di loehoer teh tatjan bisa njamboeng deui djeung akar-akar eta tangkal, djeung koelit anoe anjar kandělna tatjan saroea djeung asal tadi; tangtoe geutahna moal sabaraha, kadangkala teu mere hasil pisan. Koe lantaran eta, di kěbon karet anoe oemoer 10 taoen, geus loba tangkal karet anoe

teu aja hasilna. Geus dititenan di Ogan Ilir (Palembang), di 50 kĕbon anoe kakara oemoer 10 taoen, rata-rata dina oengg kĕbon, saban-saban 100 tangkal karet, aja 14 tangkal anoe te ngaloearkeun hasil deui. Malah aja kĕbon anoe sama sakali ge teu ngaloearkeun hasil pisan.

Pamarentah gantjang ihtiar noeloengan noe ngarĕbon karet te nja eta ngajakeun Inl. Landbouwvoorlichtingsdienst anoe noen toen, noedoeh-noedoehkeun djalanna ka djoeroe tani Palemban tina hal mĕlak sarta njadapna karet. Djaba ti eta toeloej ng dĕgkeun koepĕrasi, noe dipambrih soepaja woewoeh madjoe k oentoenganana.

Oepama tjarangna pĕlak karet noeroetkeun 4 × 6 M. sart ngoeroesna djeung ngaraksana goemati, djeung tangkal anoe ko rang ngaloearkeunana hasil geutah ditoearan, dina sabaoena te meunangna geutah sakoerang-koerangna:

| Lamoen eta kĕbon geus oemoer: | Hasilna dina sataoen: |
|---|---|
| 5 taoen | 1½ pikoel |
| 6 „ | 2 „ |
| 7 „ | 3 „ |
| 8 „ | 4 „ |
| 9 „ | 5 „ |
| 10 „ | 6 „ |

Ti sapoeloeh taoen ka loehoer biasana tara naek deui.

Di handap ieu aja tjatĕtanana harga geutah biasa (sheet), t taoen 1910 di London (pasar karet pakeun saalam doenja).

| Taoen | Harga 1 pon Inggris (doeit Inggris) | Harga 1 pikoel (roepia) |
|---|---|---|
| 1910 | 12 S. 8 d | f 950.— |
| 1915 | 4 S. | „ 300.— |
| 1920 | 4 S. 10½ d | „ 212.50 |
| 1924 | 1 S. 8 d | „ 125.— |

## Roepa-roepa geutah.

1. *Geutah biasa (sheet)*, geutah anoe lalambaran nja eta noe asalna geutah anoe tina sadapan. Ieu geutah aja noe No. 1, No. 2 djeung No. 3 noeroetkeun roepana djeung ngĕnjodhĕnteuna oepama ditarik.
2. *Geutah kimpĕl (lump)*, noe asalna kimpĕl dina mangkok.
3. *Geutah panatahan (schaving)*, nja eta geutah anoe tina toerihan ragrag kana taneuh. Eta teh oelah diantĕp, oepama *dikoempoelkeun, dipoë*, bisa didjoeal.
4. *Geutah sĕkrap*, nja eta geutah anoe pandjang tjara pita. Geutah noe *ngarĕtjlak kana taneuh sarta kimpĕl di dinja;* geutah tatahan, geutah anoe kimpĕl di sedjen-sedjen tĕmpat, eta kabeh sok didjieun geutah sĕkrap tea.

## Ngĕntèlkeun geutah.

Geutah karet disaring koe saringan paranti njaring karet didjieunna koe tambaga. Geutah anoe kotor moerah hargana.

Geutah anoe kimpĕl hade ditjampoeran tjai bĕrĕsih, tapi oelah leuwih ti sapĕrtiloena. Geus kitoe ditjampoeran koe noe haseum-haseum, biasana koe tjoeka. Ngan tjoeka, anoe panghadena keur njampoeran teh. Tjoeka anoe kĕras, anoe biasa diparake toer moerah hargana, nja eta tjoeka bibit anoe sok didjoeal di toko-toko, tapi lain anoe dina botol leutik tea, koedoe anoe dina botol gĕde, sabotolna eusina *20 L. Eta tjoeka teh ditjampoeran tjai* lobana 200 kalieun lobana tjoeka. Hĕnteu pĕrloe make tjoeka anoe leuwih kĕras batan eta. Eta tjoeka anoe beunang njampoeran teh sadiaan saminggoe sakali. Oelah loba teuing bae njampoerkeunana. Sabagian tjoeka keur njampoeran, 5 bagian geutah anoe hĕnteu ditjampoeran tjai, eta teh geus sĕdĕng pisan.

Oepama geutah teh ditjampoeran tjai, tjoekana oge pĕrloe dikoerangan.

Tjoeka djeung geutah anoe beunang njampoerkeun teh koedoe dikoebĕk sing hade; *boedahna disioekan*. Eta boedah teh ditjampoerkeun djeung geutah kĕntĕl. Oepama boedahna hĕnteu disiloekan, matak goreng kana geutah.

Sanggeus 2 — 4 djam, eta geutah teh karimpĕl ngarambang ka loehoer. Tidinja digiling dina papan, koe botol atawa koe kai boeleud. Sanggeus kitoe digiling koe mĕsin. Lamoen teu digiling koe mĕsin, moal meunang „geutah biasa" No. 1. Geutah anoe

geus ipis djeung rata digilingna, koedoe tĕroes dikeueuman ke tjai nĕpi ka isoekna deui, soepaja teuas djeung tjoekana leung: Geus kitoe dihear-hear di noe ioeh sababaraha djam lilana sin nĕpi ka toehoer meueusan, toeloej dipoepoet. Soepaja eta *geuta biasa* teh bĕrĕsih, parabotna oge koedoe bĕrĕsih. Mangkok djeun ember koedoe dikoembah. Mangkade tjipangoembahanana oela patjampoer djeung geutah tea, leuwih hade dipisahkeun.

*Geutah kĕntĕl.* Mimitina kokotoranana sakoer noe katendjo ma koedoe dipitjeunan. Geus kitoe dikeueum koe tjipanas, toeloe digĕntjet lilana 2 atawa 3 poë, sing nĕpi ka ngagĕbleg rak kandĕl. Boedah-boedah djeung tjipangoembahan mangkok- mang kok djeung ember anoe geus kasĕboet tadi di loehoer, sanggeu geutah tea dikĕntĕlkeun ditjampoerkeun djeung geutah kĕntĕl tea toeloej dipoepoet. Geutah panatahan, scraps, crepe, diolahna sa roea bae, tapi koedoe ditoetoean heula, toeloej dibĕrĕsihan, d hear-hear, digĕntjet sarta dioenoen deui.

Di Palembang djeung di Djambi geus ilahar pisan noe barog pĕlak karet teh ngimpĕlkeunana geutah koe tĕwas, digilingna nga koe botol bae. Aja oge anoe ngadjoeal geutah samemeh digilin

Koe pĕta kitoe bisa oge pajoe, sabab di Singapoera loba pabril pabrik anoe ngabĕrĕsihan geutah, sanggeusna eta geutah teh bĕ rĕsih, kakara koe pabrik-pabrik tea didjoeal ka Eropa, disarĕboetn *blanket*. Eta pabrik-pabrik teh tangtoe meunang kaoentoengar padahal eta kaoentoengan teh saĕnjana mah adjang anoe marĕla karet tea, tapi lantaran ĕmboeng ngabĕrĕsihan tea, nĕpi ka ragra kana leungeun batoer.

Harga geutah blanket teh rata-ratana f 4.— koerangna ti harg geutah biasa anoe araloes. Ongkos sarta kaoentoengan anoe nga bĕrĕsihan dina sapikoel f 6.—

Koe lantaran kitoe, oerang babari pisan ngabandingkeun harg geutah anoe sok didjaroealan tea. Oepama harga geutah biasan dina sapikoel f 60.— geutah toehoer oerang Priboemi dina sa pikoelna f 50.— Tapi koe sabab biasana loba tjaina (kira-kir 40%) hargana oge koerang, ngan f 30. Baris ngajakeun 1 pikoe anoe toehoer teh pĕrloe ngajakeun noe baseuh 1½ pikoel leuwih

Loba anoe njampoeran geutah koe keusik, batoe dj.s.t. soepaj nambahan beuratna, tapi eta teh saĕnja-ĕnjana saroea bae djeun noeroenkeun harga. Soedagar-soedagar di Singapoera tara naram pa kana geutah anoe kitoe. Djadi noe mawa geutah ka Singa poera teh doea kali roegi. Djeung deui geutah anoe dikimpĕlkeu

nana koe tjoeka teh leuwih aloes batan tĕwas, geura kieu tjaritana:

Hidji kongsi Amerika anoe katjida gĕdena, rek marĕsĕm geutah ti oerang Priboemi di dieu kalawan harga mahal pisan, asal eta geutah dikimpĕlkeunana koe tjoeka, digilingna hade, djeung dikeueum nĕpi ka leungit tjoekana. Noe njadiakeun tjoekana nja kongsi tea. Eta teh hidji tjiri jen kaoentoengan pabrik-pabrik geutah di Singapoera teh lain leutik-leutik kaoentoengan nĕpi ka di Palembang oge ajeuna geus barĕmpoeg sarta moepakat baris ngajakeun pabrik anoe saroepa kitoe.

---

## 23. KAPĔRLOEAN IMAH TANGGA.

### PESO.

Ngarah peso djadi bĕrĕsih ngĕplak bodas, bari diasah koedoe dihaseupan koe haseup tjai asak: diasah, toeloej dihaseupan, pek diasah deui; geus kitoe dihaseupan deui, tidinja diasah deui. Tangtoe peso tea bĕrĕsih bodas ngĕplak.

### TOTOL MINJAK TANAH.

Totol minjak tanah sok leungit sorangan, koe diantĕp, lila-lila beak djadi saab.

### TOTOL TAIHIANG.

Totol taihiang dina lendĕn atawa dina boëh sok bisa leungit, lamoen dikosok koe zuringzout djeung tjai, bari dikosok lawonna dibĕtrak koe panonpoë atawa dipanasan koe teko anoe panas. Tapi kade oelah loba teuing oejahna (zuringzout), sabab ana loba teuing sok teurak kana boëhna.

### RAM KORSI.

Ngabĕrĕsihan ram korsi: mimitina koedoe dikoembah koe tjai bĕrĕsih, tidinja toeloej dibaloer koe tjililin bodas sing ipis bae (loba dagangan). Lamoen katjida kotorna dibĕrĕsihanana koedoe

koe tjisaboen, sarta oepama teu daekeun bĕrĕsih bae, koedoe tĕroes *dipĕrĕnis* koe *spiritus-vernis.*

## DAGING SAPI DJ. S. T.

Katjirina daging anoe anoe aloes: gadjih, lĕmboet (hĕnteu badag), roepana sĕgĕr djeung angseuna oge masih anjar.

## BOELOEKAN.

Pakean koeda atawa naon bae bangsa parabot koelit, oepama boeloekan atawa tjai-meutingan, koedoe digosok koe pasĕlin *(vaseline).*

## SAPATOE.

Sapatoe beureum lamoen tarotol koedoe dioelasan koe *solution* (karet beunang ngentjerkeun), tapi koedoe solution aloes, anoe babari tochoer tea. Sanggeus dioelas, keun bae antĕp, sina tochoer, nĕpi ka karet tea [illegible]. Tidinja toeloej eta sapatoe dikosok koe lamak lendĕn atawa lamak bangsa lakĕn, soepaja solutionna beak. Totolna oge beunang kabawa koe solution tea.

## PANTJARAKEN.

*(Meubels)*

Lamoen korsi atawa medja atawa naon bae bangsa parabot pantjaraken, koe oerang disĕrĕbetan koe lamak anoe beunang ngabaseuhan koe tjihaneut, *tidinja kakara dikosok koe* tjililin, tangtoe korsi tea tambah herang, sarta moal sok harideung tapak leungeun.

## ISKROEP.

Iskroep anoe pageuh maneuh teu beunang digoëngkeun, koedoe ditjitjian koe terpentijn, tangtoe babari dilaanna.

## SĔRĔBAD.

Sok loba oge anoe njĕboet s ĕ r b a d, aja deui anoe njĕboet s a r b a d; asalna tina basa Arab *sjarbat:* ari anoe didjieun babakoena tjidjĕroek ditjaian, digoelaan koe goela pasir.
Ka-beh-dieunakeun sok diwoewoehan koe ijs; malah model noe pangänjarna mah, sok make anggoer.
Ari oerang Arab mah njieunna sĕrĕbad teh: tjai boeah apĕl, tjidjĕroek djeung madoe.

## KELĔR.

Lamoen toetoep kelĕr atawa ergĕlek matjet, koedoe dikĕtjlakan minjak mĕsin (machineolie) 4 à 5 tetes. Heulcut sawatara djam oge beunang dilaan.

## ISTRIKAAN.

Ngoeroes istrikaan kieu: Dimana rek diampihan koedoe disĕrĕbetan heula masing bĕrĕsih, diteundeunna koedoe di noe toehoer sarta koedoe disangigirkeun.
Dimana arek dipake, koedoe disĕrĕbetan heula masing bĕrĕsih pisan. Oepama beusina taihiangan, sarta katjida, koedoe dibĕrĕsihan heula koe minjak tanah. Lamoen koe minjak tanah teu beunang, koedoe dikosok koe lamak make z o u t z u u r. Tidinja toeloej disĕrĕbetan masing bĕrĕsih pisan koe lamak lendĕn.

## TAROTOL KOE TEH.

Anoe tarotol tea dibaseuhan koe tjisoesoe, toeloej dipoeroeloekan koe borax sing nĕpi ka boeni; antĕp sawatara lilana. Geus kitoe diseuseuh make tjisaboen panas.

## TOTOL KOE MANTEGA DJEUNG SABANGSANA.

Totol anoe kitoe dileungitkeunana koedoe dipoeroeloekan koe kapoer sing katoetoep pisan, geus kitoe ditindihan koe istrikaan anoe meudjeuhna panasna. Oepama tatjan leungit keneh, hade dipindo.
Ari totol dina kĕrtas ngaleungitkeunana kieu: noe totol tea

dipoeroeloekan koe poejĕr *magnesia* toeloej ditoeroeban koe kĕrtas noe ipis; tidinja toeloej diistrika ing rada lila ngistrikana; tangtoe eta totol teh leungit.

## LAOEK TJAI.

Laoek tjai anoe sĕgĕr keneh, katjirina: matana djeung sisitna herang; asangna beureum bengras.

## LAOEK LAOET.

Laoek laoet anoe aloes: asangna katjida beureumna, dagingna bodas ngĕplak sarta peungkeur.

## NGALA LALEUR.

Pikeun ngala laleur; dipikat koe formaline sawatara tetes ditjampoer djeung soesoe make tjai.

## ALKĔTIP.

Alkĕtip anoe dioeroes tangtoe awet weuteuhna. Ari pĕtana kieu: eta alkĕtip koedoe disikat saminggoe sakali, make terpentijn ditjampoer djeung tjipanas. Terpentijnna teu koedoe loba-loba, saeutik oge tjoekoep. Eta alkĕtip roepana djadi leuwih weuteuh, djeung toko atawa gĕgĕt moal daekeun ngahakan.

## TAROTOL KOE BOEBOEAHAN.

Aioesna mah harita kakotoran, harita keneh dikoembah koe tjai bĕrĕsih. Patjoean arek disaboen. Tarotol anoe geus lila beunang dileungitkeun koe spiritus, eau de cologne (minjak kolonjo) atawa koe alkohol toelen.

## TJIMEUTING.

Ngaleungitkeunana tjimeuting kieu: njokot salmiak sasendok gĕde, toeloej ditjaian 3 sendok. Sakoer anoe tarotol koe tjimeuting tea dibaseuhan koe eta salmiak tjampoeran. Beunang ngabaseuhan toeloej diisiskeun di loear; tidinja kakara diseuseuh.

## TOTOL ANGGOER.

Totol anggoer bisa leungit koe spiritus, eau de cologne (minjak kolonjo) atawa koe alkohol noe toelen. Lamoen bisa, barang tjlak kakëtjlakan koe anggoer geuwat bae dipoeroeloekan koe oejah.

## KAENPANAS.

*Njeuseuh kaenpanas: Mimitina koedoe* dikeueuman heula koe tjipanas haneut-koekoe, tidinja diseuseuh koe tjisaboen haneut-koekoe. Geus kitoe dikoepjak-koepjak dina tjioejah haneut-koekoe; sanggeus dikoepjak tjoel bae diantĕp dina tjioejah tea meunang tiloe parapat djam mah. Tidinja toeloej dibĕrĕsihan koe tjihaneut-koekoe nĕpi ka saboen anoe narapĕl kana kaenpanas tea beak. Sanggeus bĕrĕsih toeloej dipeureut. Beunang meureut koedoe digĕblogan, tidinja toeloej disikat bari diamparkeun dina medja. Beunang njikat koedoe dipoë. Sabot dipoë koedoe mindĕng digĕblogan (tapi lalaoenan bae), soepaja boeloena beres deui djeung hipoe.

## KOELOEB ĔNDOG.

Koeloeb ĕndog oepama rek dibeulah atawa dikeureutan, soepaja aloes mah, pesona koedoe dibaseuhan heula.

## NGISTRIKA BOELOEDROE.

Boeloedroe anoe rek diistrika tea diteundeunna dibalikkeun, beuteungna ti loehoer. Ari diistrikana koedoe ditilaman koe lamak baseuh. Anoe dipalar, ngarah haseupna kana boeloena. Tidinja toeloej disikat koe sikat noe leuleus.

## SOANG DJEUNG MĔRI.

Katjirina soang djeung mĕri anoe ngora keneh; pamatoekna hipoe djeung oedoeh, babari beulah atawa potong, kitoe deui djebertjekerna oedoeh keneh.

## ĔMAS DJEUNG PERAK.

Mĕrsihan ĕmas djeung perak koedoe koe tjihaneut-koekoe make saboen atawa tjihaneut-koekoe djeung amonia.

## TOTOL MANGSI.

Totol mangsi anoe anjar keneh, babari leungitna koe tjisoesoe noe ngagolak. Oepama totolna geus rada lila, dileungitkeunana koedoe make *zuringzout* ditjampoer tjai nĕpi ka tjara boeboer; eta „boeboer-oejah" ditaplokkeun ka noe totol.

## KIDJOE.

Kidjoe diampihanana koedoe dina tĕmpat noe tiis sarta oelah rek kaanginan. Kidjoe anoe geus dikeureut, sangkan oelah garing tjakĕtang, dina tapak ngeureutna tea koedoe dioelasan mantega.

## TAMBAGA ATAWA KOENINGAN.

Ngabĕrĕsihan tambaga koedoe dikosok koe djĕroek mipis sakeureut, toeloej dibĕrĕsihan koe tjai. Tambaga koena bisa herang deui lamoen dikosok koe *zoutzuur* meunang njampoer (verdund zoutzuur). Lamoen barangna dioekir hade make tjisaboen ditjampoeran amonia.

## NGABĔRĔSIHAN MARMĔR.

Anoe kotor tea dikosok sing apik koe lamak paranti ngosok noe lĕmĕs. Lĕbah noe dikosok tea dililinan, lilinna sing rada loba. Sanggeus rada lila ngĕndĕkna koedoe dikosok sing bĕdas.

## TIPOENG.

Nok! hajang njaho koemaha katjirina tipoeng noe aloes? Keupeul bae, tjara ngeupeul sangoe, toeloej teundeun dina medja boh dina piring, lamoen poeraj, eta tandana tipoeng aloes.

## TJISOESOE.

Tjisoesoe aloes, roepana bodas atawa bodas sari-sari koneng, lain anoe bodas sari-sari biroe. Lamoen ditjitjikeun kana gĕlas,

geus kitoe tina gĕlas ditjitjikeun deui, tjisoesoe aloes mah sok narapĕl kana gĕlas. Lamoen koe oerang dikĕtjlakkeun kana koekoe, anoe goreng mah sok toeloej bae ngotjor, tapi anoe aloes tjitjing moentang dina koekoe.

Dĕmi ditaheurna koedoe bari dikotjek bae djeung ditiiskeunana koedoe dina tjiatah, pambrihna sangkan tjisoesoe tea oelah baoe hanoes.

## DJĔROEK MIPIS.

Djĕroek mipis gĕde pisan gawena, babakoena keur oebar, sapĕrti: *rieut-kandeuw*, (zenuwhoofdpijn) karasana njĕri djeung sok bĕbĕntjlokan, eta bisa sĕnang atawa bisa tjageur koe tjidjĕroek mipis kira-kira doea atawa tiloe pasi, ditjampoer djeung teh anoe boekĕt satjangkir.

*Rieut-locga*, karasana rieut djeung asa rek oetah, oebarna: tjidjĕroek mipis djeung kopi satjangkir.

Djĕroek mipis sabeulah, dipĕrĕs, tjipanas satjangkir leutik, diinoem isoek-isoek, barang hoedang; aloes pisan keur nambaan ati.

Tjidjĕroek mipis ditjampoer djeung tjiermawar matak koneng kana koelit djeung matak leungit kokoloteun.

Tjidjĕroek mipis digoelaan, matih pisan kana sĕrak.

Tjidjĕroek mipis dioejahan aloes pisan keur ngaleungitkeun totol dina taplak medja.

Tjangkang djĕroek mipis make oejah, aloes katjida keur ngosok tambaga, tereh bĕrĕsih djeung herang.

Tjidjĕroek mipis matih pisan kana bangsa seungseureudan Laoek liat djadi oedoeh, oepama digodog sarta tjipanggodoganana ditjidjĕroek-mipisan sasendok ĕnteh.

Sangoe, oepama waktoe keur diliwĕt dikĕtjĕran koe tjidjĕroek mipis, djadi sangoe bodas katjida.

## TOTOL TAPAK GĔTIH.

Mitjeunna totol tapak gĕtih kieu: oepama gĕtihna kakara tjlak pisan, gantjang bae dikoembah koe tjitiis noe bĕrĕsih; oelah make saboen. Tapak gĕtih anoe geus lila, hese pisan dipitjeunna, ngan koedoe koe leukeun bae, dikeureujeuh koe tjisaboen haneut atawa koe tjioejah haneut koekoe.

## MANTEGA.

Katjirina mantega anoe aloes, nja eta seungit, hĕnteu baoe minjak lamoen dipake ngagoreng sok ngaboedah sarta leuwih herang manan mantega palsoe. Oepama katiisan pisan sok hees, rada goegoeroentoelan, ari mantega palsoe mah koe tiis teh meh anggĕr bae.

## DJAPATI.

Lamoen hajang njaho kolot-ngorana djapati, kieu: Djapati anoe ngora keneh hoeloena leutik; pamatoekna gĕde tapi hipoe; soekoena roepana leuwih ngora manan warnana soekoe djapati kolot; tapi ari djapati hideung mah ngora oge loba noe soekoena hideung.

## ĔNDOG.

Oepama oerang hajang njaho ĕndog anoe anjar keneh, katjirina kieu: Ĕndog anoe anjar keneh, oepama ditendjo ditodjokeun ka noe tjaang, sok sĕmoe ngalenggang; ari ĕndog anoe geus lila mah boetĕng djeung boetĕk. Lamoen dikana-tjioejahkeun, ĕndog anjar mah kalĕm, ari noe geus lila sok ngambang; ĕndog anoe kakara tjle pisan mah, ari sok ari lĕp bae; anoe aja poĕna lilana, kalĕmna lalaoenan. Djeung oepama dikotjlakkeun ĕndog anjar mah tara kotjlak, ari noe geus kolot mah kotjlak.

## SANGKAN KĔMBANG LILA SĔGĔRNA.

Lamoen kĕmbang dina boeket hajang lila sĕgĕrna, tjaina koe oerang koedoe diantjloman saboen bodas sawatara gerehel.

## KOEMAHA AKALNA SANGKAN SAJOERAN DIMANA DIMASAK ROEPANA TĔTĔP HEDJO DJEUNG RASANA TAMBAH?

Dipasakna koedoe make goela batoe.

## NJEUSEUH SOETRA KRIP (SINGKAJO?).

Lamoen njeuseuh *soetra krip*, oelah koe saboen, tapi koedoe

koe borax, sabab borax teh boga bakat matak bĕrĕsih toer herangna soetra moal leungit.

## MĔRSIHAN BARANG PERAK.

Mĕrsihanana koedoe disikat koe amonia, sanggeusna toeloej koembah koe tjisaboen haneut koekoe. Ari noehoerkeunana koedoe disoesoet koe sĕrĕbet anoe lĕmĕs, sarta lamoen geus toehoer koedoe dikosok koe lamak pĕrnel.

## MĔRSIHAN SISIR DJEUNG SIKAT.

Sangkan kokotor bangsa gadjih anoe narapĕl kana sisir djeung sikat bisa leungit, koedoe dikoembah koe tjai panas beunang njampoeran koe amonia sasendok makan, sanggeusna toeloej koembah deui koe tjai noe bĕrĕsih.

## MĔRĔSIHAN TEKO.

Lamoen teko aja ĕndogan (baroedoes koe kokotor anoe geus nahi di djĕrona), dibĕrsihanana koedoe kieu: eta teko eusian tjai sing pinoeh, toeloej ditjampoeran borax 2 sendok teh, gog tagogkeun 15 mĕnit lilana, moen geus kitoe kakara dikosok sing nĕpi ka bĕrĕsihna.

## DISEUREUD ENGANG DJEUNG SABANGSANA.

Oepama aja noe diseureud engang atawa koe sabangsana, koedoe geuwat bae njokot lamak toeloej tjĕloebkeun kana *amonia liquida* atawa *soda oplossing* sanggeusna toeloej tapĕlkeun ka noe njĕrina.

## SAPATOE PĔRLAK DJEUNG SAPATOE KOELIT KALĔP GOEGOES.

Lamoen sapatoe pĕrlak atawa sapatoe koelit kalĕp goegoes, sangkan oelah katara koedoe dioelasan koe tjampoeran mangsi djeung olijfolie. Mimitina koedoe disikat koe sikat noe leuleus make tjampoeran *tea, sanggeusna* kakara dikosok koe lamak soetra.

## MĚRSIHAN POSLEN DJEUNG GĚLAS.

Barang bangsa poslen djeung gĕlas, aloesna pisan dibĕrsihanana koedoe koe tjiatah noe beunang njampoeran koe terpentijn sawatara kĕtjlak. Dikosokna koedoe koe koelit ĕmbe atawa domba anoe geus maranti (zeemleerenlap); ari tjaina koedoe nĕpi ka ngeueun anoe rek dikoembahna tea. Noehoerkeunana koedoe disĕrbetan koe sĕrĕbet piring lakĕn.

## TAREKAH SANGKAN PRAMEDANI NOE GEUS BOEROEK TOER LOESOEH (LOENTOER) DJADI BENGRAS DEUI.

Mimitina pĕrmedanina teh koedoe digĕboegan toeloej disikat sing nĕpi ka bĕrĕsihna. Sanggeusna koedoe dikosok koe sĕrĕbet pĕrnel anoe beunang njĕloebkeun kana tjai noe geus ditjampoeran koe amonia sarta beunang meureut.

## SANGKAN SIKAT RAMBOET HEURAS DEUI.

**Sikat ramboet anoe geus** leuleus teuing bisa heuras deui, **asal** djantjlomkeun **bae kana tjai** noe geus meunang **njampoeran koe tĕwas.**

## NGALEUNGITKEUN TAIHIANG.

**Barang-barang anoe taihiangan koedoe dikeueum koe tjai** pangedjoan kira-kira 4 á 5 djam lilana; **sanggeusna toeloej dikosok dina tjai tiis noe bĕrĕsih.**

## BONTENG KEUR GAGANTI ES.

**Ilaharna** anoe **moeriang mah** dikompresna teh **koedoe koe es, tapi lamoen euweuh es, beunang koe** oerang **digantian koe bonteng.** Mimitina **koedoe dikeureutan** koelitna **sing kandĕl, sanggeusna toeloej ditaplokkeun kana** tarang.

## TAREKAH SANGKAN BEUHEUNG DJEUNG LEUNGEUN DJADI KONENG.

**Koedoe diparantikeun** dikoembah koe **tjai noe geus ditjaidjĕroek-mipisan.**

---

## 24. HAL PANGAWEROEH AWEWE.

### *a.* Masak goerih hajam.

Sadia hajam anoe gĕde 1, *tjai* ½ L., *katoentjar* 1 sendok makan, djintĕn ½ sendok makan, ladja 5 keureut, tjikoer 4 keureut, tarasi 1 sendok teh, tjabe 2 londjor, kalapa sabeulah diparoed toeloej digoreng sing garing; kalapa sabeulah didjieun tjipati, oejah sameudjeuhnana.

*Masakna:*

Hajamna sanggeus dirĕntjah, digodog, dioejahan. Dimana geus ngagolak sarta sambarana geus dibĕbĕk sing lĕmboet pisan, broes di abroeskeun kana godogan hajam tea barĕng djeung goreng kalapa noe beunang maroed. Tjoer ditjitjian tjipati, diantĕp *nĕpi* ka asak, *nĕpi* ka boekĕt saosna.

### *b.* Sop ĕngkol.

Daging sapi atawa daging moending 1 ½ pon, bawang bombaj 2 *disiksik*, ĕngkol beunang njiksik sapiring, oejah, pĕdĕs, pala sameudjeuhnana, mantega.

Masakna:

Bawang disĕmoer djeung ĕngkol koe mantega. Daging tea diarah kaldoena, broes samarana kana kaldoe, geus kitoe ditjampoerkeun djeung sĕmoer tea, toeloej dimasak deui lilana ¼ djam.

### c. Pĕrkĕdel kapiting.

Kapiting 6, tjai djeung oejah, ĕndog 3 hoeloe, pĕdĕs, oejah djeung pala, roti (sameudjeuhnana noeroetkeun gĕdena kapiting), boeboek biskoeit, mantega.

Masakna.

Kapitingna *digodog dina* tjai beunang *ngoejahan* lilana 15 atawa 20 minoet, (goemantoeng kana gĕde-leutikna kapiting). Dimana roepana geus gading kolot atawa beureum, eta teh geus asak. (Dina rek ngagodogna katelna koedoe ditoetoep sing rekep, bisi kapitingna ngarajap ka loear).

Ajeuna sanggeus kapiting tea asak, *didjait, wadahan dina* ajakan, sina toehoer awakna. Geus kitoe teukteukan tjatjapitna, soekoena, toeloej dagingna dilaanan, daging noe aja dina tja-



Sadapan ini terlaloe datar, djadi koerang moedah getah mengalir. Dan lagi ketjelaan sadapan jang tergambar diatas itoe, ia diperboeat terlaloe lébar kira-kira seperdoea lingkaran batang.

Bertanam para (karét).



Lihatlah pohon jang dibelakang orang itoe. Sadapannja amat boerock.



Sadapan jang moela-moela diboeat. Garis-garis penolong njata djoega kelihatan pada gambar ini diantara doea boeah garis sadapan itoe.

Penangkapan ikan orang Djepang.



Kapal motor penarik perahoe ketempat menangkap ikan.

tjapit djeung soekoe oge koedoe oelah tinggaleun. Sanggeus ditjatjag, tjampoerkeun djeung sambara tea, njatjagna sing lĕmboet. Tjangkang kapiting sabeuiah ti djĕro oelasan koe mantega, toeloej daging noe beunang njambaraan asoepkeun deui kana tjangkang tea, oelasan koe mantega awoeran boeboek biskoeit, toeloej digoreng koe mantega nĕpi ka roepana gading.

### *d.* Hajam santĕn.

Sadia hajam hidji, bawang beunang njiksik 2 sendok, sereh beunang ngahĕrĕb sasendok, ladja 5 keureut, tarasi 1 sendok teh, salam salambar, oejah sasendok teh, tjai 4 tjangkir, kalapa sabeulah djieun tjipati, mantega atawa minjak kalapa.

Masakna:

Hajam beunang ngarĕntjah, 4 tjangkir tjai djeung sambarana tea beunang ngabĕbĕk diasakkeun nĕpi ka satĕngah asak, toeloej ditjitjian tjipati. Ajeuna kakara diasakkeun nĕpi ka meh garing; sanggeus kitoe, hajamna didjait tĕroes digoreng koe mantega atawa koe minjak kalapa.

### *e.* Bakasĕm laoek.

Sadia laoek beunang ngeureutan; asĕm, oejah, minjak kalapa (biasana laoekna kakap atawa lidah).

Masakna:

Asĕm, oejah djeung tjai teh dimasak nĕpi ka siga boeboer, toeloej dioelaskeun kana laoek beunang ngeureutan tea, toeloej digoreng.

### *f.* Sop macaroni.

Daging 1 ½ pon, macaroni 1 ons, kĕmbang pala 2, pĕdĕs, oejah dikira-kira, kidjoe diparoed.

Masakna:

Daging teh diarah kaldoena, broes sambarana diabroeskeun ka dinja, nja kitoe deui macaronina beunang ngeueum nĕpi ka leuleusna, toeloej diasakkeun. Dimana rek didahar, diawoeran koe kidjoe beunang maroed tea sameudjeuhnana.

### *g.* Ĕmpal.

Daging 1 pon, dikeureutan pasagi kandĕlna saromo, tjai sabotol anggoer, asĕm 1 sendok, oelah kabawa sikina, oejah 2 sendok,

ladja beunang ngabĕbĕk ¼ tjoeroek, mantega atawa minjak kalapa.

Masakna:

Daging teh djeung sambarana digodog, nĕpi ka saat tjaina. Toeloej diantĕp sawatara djam sina tiis. Tidinja digoreng koe mantega atawa minjak.

*h.* Bobotok hoerang.

Sadia hoerang atah sapiring mĕtoeng beunang ngalaanan koelitna, moentjang 10 siki, bawang beunang njiksik 2 sendok, katoentjar 1 sendok makan, djintĕn ½ sendok makan, koneng satjoeroek, tarasi 1 sendok teh; toeloej sadia 2 beubeureum ĕndog, oejah 1 sendok teh, sereh 2 pingping, daoen djĕroek poeroet 1 lambar, tjabe beunang njiksik 2 londjor, tjalingtjing beunang njiksik, kalapa sabeulah djieun tjipati, ĕndog beunang ngoeloeb dibeulah 4, oejah djeung pĕdĕs dikira-kira, daoen tjaoe.

Masakna:

Mimiti sambara tea dibĕbĕk, daging hoerang ditjatjag, geus kitoe diadoek; nja kitoe deui beubeureum ĕndog, oejah djeung tjipati. Geus kitoe dipintjoek koe daoen tjaoe. (Biasa mintjoek bobotok).

Di oenggal-oenggal boengkoesan diteundeunan sereh, tjalingtjing, tjabe beunang njiksik, daoen djĕroek poeroet salambar, ĕndog beunang ngoeloeb. Sanggeus kabeh dipintjoekan diseumat rekep toeloej diseupan.

*i.* Koeeh talĕm.

Tipoeng sapon, oejah sasendok teh, kalapa sahoeloe diarah tjipatina, goela kawoeng 3 gandoe; ari pikeun saos bodasna: tjipati saeutik tipoeng kĕtan 3 sendok makan, oejah.

Molahna:

Tipoeng ditjampoerkeun djeung tjipati djeung oejah, ditjitjian koe kintja, toeloej dioedĕk; ditaheur, geus kimpĕl ditjitjikeun kana basi kasar, ditiiskeun. Keur saos bodasna, tjipati kĕntĕl saeutik, 3 sendok tipoeng, oejahan saeutik, dikoehĕr sing nĕpi ka siga boeboer, toeloej diasakkeun sina kimpĕl. Dimana geus asak ditjitjikeun kana lochoereun koeeh talĕm. Memeh diidangkeun dikeureutan heula.

### *j.* Koeeh talĕm djagoeng.

Sadia 10 atawa 12 djagong, oejah, goela kawoeng beunang ngoeroed kalapa sahoeloe diarah tjipatina. Saosna mah kawas koeeh talĕm bae.

Molahna:

Djagongna diparoed dioejahan, ditjipatian, goela noe beunang ngoeroed oge tjampoerkeun ka dinja. Pĕtana njieun teu beda djeung njieun koeeh talĕm tea bae. Nja kitoe deui saosna nja tjara tadi deui bae ditjitjikeun kana loehoereun koeeh talĕm tea. Dikeureutanana oge teu beda djeung noe geus ditjaritakeun.

### *k.* Ragi.

Sadia 30 sihoeng bawang bodas, tjabe 20 londjor, kajoemanis 2 tjoeroek, ladja 2 tjoeroek, beas 1 kati, tiwoe saelo, tjai panas.

Njieunna:

Beas ditoetcean sing lĕmboet nja kitoe deui sambara lianna, tiwoena oge koedoe ditipoeng; ditipoengna tjampoerkeun kana tipoeng beas djeung sambara tea.

Mimitina pisan kieu: pisapoëeun deui kana njieun ragi, tiwoe tea koedoe diganggang toeloej dipĕsek, diteukteukan, dibĕbĕk sing djadi tipoeng, toeloej diajak; tipoengna ditjampoerkeun djeung tipoeng beas noe beunang ngadoek djeung sambara, toeloej ditjaian koe tjipanas. Geus kitoe digelengan sagĕde-gĕde doekoeh, tapi koedoe ati-ati pisan waktoe ngagelengan teh oelah kaanginan. Toeloej diwadahan dina njiroe anoe disasarapan koe sapoe; geus kitoe ditoetoep koe sapoe deui. Tidinja toeloej dipoepoet koe beuleum hampas tiwoe lilana 3 poë. Beunang moepoet dipoë. Beunang moë ditiiskeun, kakara diwadahan dina kaleng atawa kelĕr.

Ari gawena ragi teh sarerea oge meureum tĕrang, jen sok dipake meujeum.

### *l.* Tolban roti.

Roti gĕde 1 beunang mitjeunan koelitna, ĕndog beubeureumna 12, bobodasna dikopjok, ½ pon tipoeng goela pasir, 1 sendok teh tipoeng kajoemanis, tipoeng siki pala 1 sendok, tipoeng

kěmbang pala saeutik, oejah 1 sendok teh, tjangkang djěroek beunang maroed, mantega djeung boeboek biskoeit.

Molahna:

Rotina dikeureutan sing ipis, diganggang toeloej diběběk. Beubeureum ěndog tea ditjampoerkeun djeung tipoeng goela, toeloej dikopjok, tidinja broes boengboena ditjampoerkeun, geus kitoe bobodas ěndogna deui digalokeun. Ajeuna dioeděk lalaoenan bari diabroesan boeboek biskoeit, roti beunang ngaběběk djeung ½ tjangkir mantega beunang ngentjerkeun; dimana geus galo ditjitjikeun kana tjitakan tolban noe geus meunang ngoelasan koe mantega sarta dipoeroeloekan boeboek biskoeit. Diasakkeunana dina pangbakaran, diseuneuan ti loehoer ti handap, něpi ka roepana gading.

---

## 25. ROEPA-ROEPA KANJAHO.

### *a. PANGASILAN DI LAOETAN.*

Di oerang, tatjan sabaraha lobana anoe njarahoëun gědena pangasilan laoetan. Istoening matak teu pěrtjaja, lamoen oerang ngadenge bedja hal lobana laoek beunang ngala oerang Djěpang, tina koe loba-lobana; lobana laoek beubeunangan maskape Djěpang ti laoetan Roes woengkoel, harga 125 joeta roepia, dina djěro 10 taoen.

Di Hindia hal ngala laoek laoet teh kaasoep pantjarian anoe pangpangna. Sapandjang basisir kaler Poelo Djawa, di basisir wetan Poelo Soematra djeung di basisir poelo-poelo lian ti eta, hal ngala laoek teh kaasoep kana patjarian gěde. Ari atoeran ngalana roepa-roepa.

Dina Sri Poestaka No. 1, No. 2, djeung No. 3 taoen 1924 ditjaritakeun těrang pisan hal roepa-roepa atoeran ngala laoek *anoe diparětakeun koe oerang Hindia,* tapi beubeunanganana djaoeh keneh pisan kana mapakan ka noe kaseboet tadi.

Laoek teh hidji kadaharan anoe hade keur oerang, katambah laoetan-laoetan di oerang hěnteu koerang koe laoek. Ajeuna

oerang Djĕpang geus mimiti ngarala laoek di laoetan Hind
Sanadjan koe Pamarentah maranehanana hĕnteu diwidian nga
laoek deukeut ka basisir (pikeun ngadjaga bisi bangsa oera
kasĕdĕkkeun), tapi eta larangan teh hĕnteu matak djadi k
langananana ka maranehanana mah, sabab di beh tĕngah o
loba katjida laoekna, djeung siga babarieun nakĕr ngalana, k
was ngan kari njioekan bae. Koe hal eta pĕta-pĕtana oera
Djĕpang ngala laoek laoet teh katimbang pĕrloe diasoepke
kana Volksalmanak. malah mandar djadi tjonto ka bang
oerang, soepaja tambah kanjahona sarta tambah madjoe oes
hana.

Koe sabab oerang Djĕpang kapaksa koedoe ngarala lao
djaoeh ti basisir, lantaran deukeut basisir mah dilarang te
kapaksa maranehanana koedoe marake kapal motor geusan na
doea parahoe gĕde ka tĕmpat ngala laoek di tĕngah laoet djeu
baris narik parahoe anoe geus pinoeh koe laoek ka darat. Oen
gal-oenggal parahoe dieusi 10 toekang ngala laoek. Parahoe an
diparake koe oerang Djĕpang di Laoet Djawa deukeut Poe
Sareboe (pĕrnahna koelon-kaler ti Batawi), beunang meuli
Singapoera; djaba ti eta, parahoe majang anoe laleutik o
beunang dipake noeloeng kapĕrloean ngala laoek tea.

## Neangan tĕmpat anoe loba laoekna.

Dimana geus nĕpi ka tĕmpat anoe didjoegdjoeg, parahoe an
doea tea anoe ditarik koe kapal motor, tjoel dilesotkeun. Sakab
boedak parahoe taroeroen ka laoet, ngan doeaan dina saba
saban parahoe anoe teu taroeroen teh, poerah ngadjaga parah
soepaja oelah palid koe lambak sarta oelah djaoeh ti noe ke
ngarodjaj.

Boedak parahoe anoe rek ngarala laoek tea, marake tasm
anoe ngabakoe paranti ngala laoek (ilikan gambarna); rara
tjangna koe kai, rekep pisan noe...pna kana panon; ari n
nangka kakaitna, tali karet di...keun kana sirah. Oepar
maranehna teuleum make eta ...na, barisaeun nendjo das
laoetan anoe djĕro pisan sarta ... mariksa kaajaanana laoe
laoek djeung tanah di dasar la... Lamoen oerang teuleum t
make tasma tea, bisa oge nendjo ...ngala noe aja di dasar lao
ngan hĕnteun tĕgĕs, hĕnteu njat...as sapĕrti make tasma te
sakapeung panon oerang teh sok ...asa lamoer.



Sarerea oge tarĕrang, jen panon djĕlĕma mah aloes soteh geusan nendjo ka awang-awang, ari djĕro tjai mah tara pati awas, ngan oekoer rĕmĕng-rĕmĕng. Tapi lamoen oerang make tasma teuleum mah, istoening teu aja noe ngahalangan kana deudeuleuan oerang teh, teu beda djeung di darat, nĕpi ka bisa neuleu ka noe djĕro-djĕro. Djeung anehna teh tjilaoet nambahan tĕrang kana deudeuleuan, mani tjara make soerjakanta bae, *sakoer anoe koemĕlip* di djĕro tjai teh katendjona koe oerang leuwih gĕde batan woedjoedna djeung leuwih njatjas deui. Tangtoe *bae* lamoen *oerang hajang njaho* pangeusi laoet teh koedoe teuleum, lain neuleu koe tasma loehoereun koelit tjai bae, djadi koedoe nahan ambĕkan *lila, oepama anoe* rek ditĕgĕskeunana rea mah. Hĕnteu gampang eta teh, koedoe diadjar heula, koedoe dibiasakeun, tina pĕrkara nahan ambĕkan. *Tina pĕrkara teuleum,* oerang Djĕpang teh hĕnteu ngoengkoelan ka palika Priboemi,

Koe pitoeloengna tasma tea, bisa mariksa barang-barang anoe aja di dasar laoet; dimana geus meunang tĕmpat anoe hade, anoe geus njata loba laoekna, kapĕndak kĕdoengna dina djĕro karang, toeloej djaringna dipasang.

### Masang djaring.

Ari djaringna siga djaring pajang oerang, bedana teh ieu mah djangdjanga ngan sabeulah; dĕmi (djaring geusan) pamodjokanana *ditaheunkeunana* rada beh loehoer, tĕgĕsna leuwih

deukeut kana koelit tjai, djadi hĕnteu pati djĕro tjara djaring tea. Djaring oerang Djĕpang koekoemboelna djeung batoena lain ditalikeun kana djaringna, ditalikeunana kana tali-tali parantina anoe ditalikeun kana djaring sisi beulah loehoer djeung handap. Eta tali koekoemboel djeung beungbeurat tea beunang dipoerĕkan beunang dilandoengan. Koe sabab kitoe eta djaring babari dika-loehoer-dika-handapkeun noeroetkeun koemaha pĕrloena.

Dĕmi ĕnggon laoek teh teu tangtoe, aja anoe djĕro, aja anoe deet, tĕgĕsna aja laoek anoe pamatoehanana djĕro, aja anoe deukeut kana koelit tjai.

Eta sababna noe matak djaring tea pĕrloe pisan beunang dikaloehoer-dika-handapkeun.




I. II.

Samemeh djaring dipasang, palika koedoe mariksa heula djĕro djeung kaajaanana kĕdoeng laoek tea; kakara tali-tali noe aja di sisi djaring tea dimeudjeuhnakeun (dipoerĕkan atawa dilandoengan).

Mimiti, masang djangdjangna, lĕmpĕng noeroetkeun djalanna lambak; dina toengtoengna eta djangdjang koedoe aja parahoe anoe balaboeh hidji (ilikan gambar I); kentjaeun eta parahoe koedoe aja deui parahoe, anggangna ti noe tadi kira-kira 15 atawa 20 M., bari naheunkeun djaring pamodjokan tea (ilikan

gambar II). Toengtoeng djaring pamodjokan anoe beulah kentja *ditalikeun* kana *koekoemboel.*

Tidinja kabeh palika oenggah kana parahoe, tĕroes eta parahoe didajoeng noedjoe ombak, djalanna eta parahoe ngadjadikeun djoeroe 45° (½ pasekon) kana djangdjang djaring tea. Toekang-toekang ngala laoek noengtoetan taroeroen ka laoet, oenggal-oenggal meunang 5 atawa 8 M. ngadajoengna, broes toetoeroeboen saoerang bari mawa tali rada pandjang; eta tali ti *lochoer make koekoemboel,* ti *handap make beungbeurat;* ari pandjangna geus ditĕtĕpkeun, tapi babandoelna teu nĕpi ka dasar laoet, pambrihna soepaja babari dibawana ngodjaj. Eta tali teh ditjangreudan lamak bodas pirang-pirang, tjarangna 1 ½ kaki; noe dipalar soepaja dimana eta tali dibawa ngodjaj, eta lamak-lamak teh tinggarĕbaj barodas di djĕro tjai, laoek sarieuneun. Tidinja toeloej parahoena balik deui ka tĕmpatna tadi.




III. IV.

Ngagĕbahan laoek.

Eta palika-palika anoe ngarodjaj ngabararis teh, toekang ngagĕbahan laoek noe rek diala tea, pĕtana teu beda djeung noe moro bagong di leuweung bae, rame narĕpakan tjai, tjikiboeng djeung roepa-roepa deui bari baréng madjoe rampak lalaoenan

ka toengtoeng djangdjang djarin , tjindĕkna laoekna teh
lingkoeng (ilikan gambar IV). Tidinja maranchananana maradj
lalaoenan kana pamodjokan bari ngarapĕtkeun barisanana ng
giringkeun laoek tea koe pitoeloeng tali-tali anoe make lam
bodas tea (sigana laoek-laoek teh katjida sarieuneunana k
lamak bodas teh). Tah ajeuna kakara laoek tea kadjirĕt k
djaring. Waktoe eta laoek disĕdĕkkeun, djalanna beuki lila beu
leutik; anoe ngagiringkeunana beuki lila beuki rapĕt, datan
ka oepama aja laoek anoe hajangeun balik deui, moal bisaen
kaloear, sabab taja sĕla-sĕla pikeun njĕlĕndĕp.

## Njokotanana laoek.

Ari geus kitoe mah eta pamodjokan teh kari ngangkat b
di sĕla-sĕla doea parahoe; tidinja toeloej laoek dis'oekan. San
geus salse toeloej ngadjaring deui.

Dina ieu Volksalmanak digambarkeun sababaraha potret oeran
Djĕpang anoe keur ngadjaring laoek di laoetan deukeut Bataw
Noeroetkeun pĕrtelaan anoe tadi, tetela pisan, jen sakab
atoeran oerang Djĕpang tea bisa didjalankeun koe oerang P
boemi; ngan kari parabotna bae. Eta oge lain pĕrkara gĕde.

Hĕnteu sak deui oerang dieu oge tangtoe barisaeun nga
laoek tjara oerang Djĕpang, asal daek hese meueusan bae
adjar. Anoe pĕrloe pisan dititenan teh: nĕtĕpkeun ngoedjoen
djaring, milih tĕmpat anoe hade, nangtoekeun loehoer-handapn
djaring di djĕro tjai djeung rea-rea deui anoe pĕrloe bari pr
dipĕtakeun.

Dĕmi kapal motor tea lain pikeun ngala laoek, da koe parah
biasa oge bisa nĕpi ka tĕmpat anoe rek diala laoekna, ieu ma
make kapal motor soteh ngan keur ngoendjal laoek bae, lantar
ti tĕmpat ngala laoek ka tĕmpat ngadjoealna, di Batawi, katji
djaoehna; djadi oepama laoek noe beunang ngadjaring te
dibawa koe parahoe biasa bae mah tangtoe bĕrĕk manten. I
asin, lain asin-asineun, sabab laoekna sakitoe lobana. Sak
ngoenggahkeun pamodjokan oge, kadangkala pangadji 200 ataw
300 roepiaeun. Sapoë ngangkatna pamodjokan teh aja opat-ka
na. Koe sabab eta, eta laoek teh ditoenda di kapal motor t
dina es. Doea atawa tiloe poë sakali, laoek beunang nga-es t
kakara dianteurkeun ka Batawi. Ti darat maranehanana maw
bĕkĕl: tjai, beas djeung lalab-lalaban. Biasana lalaoetanana t

nĕpi ka tiloe boelan lilana, kadjaba lamoen sala saoerang aja noe gĕring. Di Batawi oerang Djĕpang toekang ngala laoek tea boga hidji kantor leutik, tĕmpat ngadjalankeun administratiena. Nja di eta kantor diatoerna pĕrdjalanan ngala laoek teh.

Geus lila di oerang rea noe neangan kias-tarekah pikeun ngamadjoekeun oerang Priboemi tina ngala laoek; babakoena ngadĕgkeun pakoempoelan coöperatie djeung lian ti eta. Anoe geus lila diadĕgkeunana pakoempoelan „Ngoepajo Mino", maksoedna gĕde katjida. Ajeuna di sapandjang basisir kaler, aja sababaraha pakoempoelan anoe saroepa kitoe; sawareh ngaradĕg keneh, sawareh deui ngan tinggal ngaranna bae. Aja noe didjalankeun koe djalma partikoelir, aja anoe dikokolotan koe pagawe Goepĕrnĕmen.

Moega-moega bae atoeran ngala laoek oerang Djĕpang tea, djadi tjonto ka oerang Priboemi, sarta djadi djalan kamadjoean kana hal ngala laoek.

## b. PĔRMATA.

Pangira oerang, anoe hĕnteu paham kana pĕrmata, reana pĕrmata teh ngan watĕs poeloehan roepa, malah aja oge anoe njĕboetkeun: babakoena mah ngan salapan roepa, doemeh aja patokan sĕpoeh-sĕpoeh baheula, anoe ngagĕm patokan: n a w a r ĕ t n a, tĕgĕsna: salapan pĕrmata. Tapi koe noe arahli geus diitoeng, reana leuwih ti 500 roepa.

Dina ieu almĕnak moal ditjaritakeun kabeh, sapĕrkara loba teuing; kadoeana koerang pedahna. Anoe arek ditjaritakeun ngan anoe katimbang pĕrĕloe bae, nja eta:

I. INTĔN.

Dina almĕnak 1921 djeung 1926 geus aja tjaritaanana bab pĕrmata saeutik-eutikeun, tapi kanjaho bab pĕrmata teh teu anggeus koe sakitoe bae, pantĕs oge rada loba. Koe sabab eta ieu di handap diwoewoehan deui.

Intĕn djeung pĕrmata lianna ti djaman baheula keneh sok diparake papaes, babakoena pisan noe rĕsĕp make pĕrmata teh, baheula mah, oerang Hindoe. Di Hindoestan loba artja-artja sĕsĕmbahanana anoe dipapaesan koe intĕn-intĕn anoe galĕde sarta marahai hargana.

Kira-kira 200 tahoen samemeh Nabi Isa, kakara aja intĕn anoe meuntas ka Eropa.

Antero sagala pĕrmata, intĕn anoe pangpoendjoelna, lantaran pangteuas-teuasna djeung pangäloes-aloesna sorotna. Tapi sanadjan *intĕn sakitoe teuasna oge, ari dibeulahna mah* kaitoeng gampang, darapon noeroetkeun oeratna bae.

Sorot intĕn hĕnteu saroepa bae kabeh, aja anoe: sinar hoedjan, aja anoe sinar api djeung salian ti eta.

Sok aja oge intĕn anoe disĕboetkeun boga sorot sorangan, nja eta: oepama mĕntas katodjo koe panonpoë sarta katodjona katjida atawa mentas digosok nĕpi ka panas (misilna digosok koe kai, ari ngagosokkeunana moteng oerat), sanggeus panas toeloej dibawa ka noe poëk, sok katendjo aja sorotan, tapi tara lila. Intĕn anoe kitoe arang langka pisan.

Lamoen nilik kana asalna, intĕn teh lain barang poendjoel, sabab saasal bae djeung: haranggasoe, kĕmbang-damar, arĕngbatoe, potlod (grafiet) djeung rea-rea deui, nja eta anoe disĕboet: k o o l s t o f tea. *Bakatna* oge saroea bae, pada teurak koe seuneu; bedana djeung batoerna anoe ditataan bieu teh, taja lian ngan pedah intĕn mah djadi *kristal.* Ari noe matak djadi kristal, lantaran kagĕntjet katjida tarikna djeung kapanasan koe panas anoe kabina-bina.

*Sanadjan koolstof aja di sakoeliah doenja, tapi* hĕnteu di oenggal tĕmpat aja intĕn. Nĕpi ka tĕngah-tĕngah windoe anoe ka XVII mah anoe ngaloearkeun intĕn teh ngan tanah Hindoestan bae, babakoena pisan ti tanah datar Dekan beulah wetan; ari tambangna anoe pangmashoerna Golkonda. Tahoen 1650 kaganti koe intĕn Borneo, babakoena ti Landak, Martapoera djeung Tanah Laoet. Intĕn Borneo kamashoerkeun araloes, poendjoel ti intĕn anoe asal ti sedjen tĕmpat. Hasil intĕn ti Borneo dina tahoen 1738 nĕpi ka *harga f 10 000 000. Handjakal pisan* ajeuna geus teu pati aja hasilna, malah beunang disĕboetkeun geus euweuh bae.

Tambang intĕn di Braziliĕ mimitina kapanggih dina tahoen 1730, nĕpi ka taoen 1867 dagangan intĕn di alam doenja, babakoena intĕn Braziliĕ bae.

Dina tahoen eta (1867) aja intĕn anoe kapanggih ti Afrika-Kidoel. Barang tanahna eta tĕmpat dipariksa koe noe arahli tambang, beh bae kapanggih tambang intĕn anoe ajeuna ngeusian pasar intĕn di saalam doenja, nja eta tambang intĕn anoe Maskape Beers djeung tambang intĕn Premier.

Hasil intĕn di saalam doenja bĕnteu anggĕr dina saban tahoen, tapi beunang digitik-ratakeun:

| | | | |
|---|---|---|---|
| Afrika-Kidoel | 4 900 000 karat | = | f 105.000.000 |
| Afrika-Kidoel (Anoe tadina kabawah ka Duitschland) | 800.000 „ | = „ | 12.000.000 |
| Braziliё | 50.000 „ | = „ | 1.500.000 |
| Tanah-tanah lianna | 10.000 „ | = „ | 200.000 |
| *Djoemblah* | 5 760 000 karat | = | f 118 700 000 |

Dĕmi ngalana intĕn teh bangga katjida. Sapĕrkara koedoe dikali nĕpi ka poeloeh-poeloeh metĕr djĕrona, malah rea anoe ratoesan metĕr; tambang intĕn di Afrika-Kidoek djĕrona aja noe nĕpi ka 500 metĕr. Kadoea hese milihna, da tembongna koe noe teu njaho mah siga batoe biasa bae. Harerang soteh sanggeusna disarawedi. Ari ngagosokna koedoe make tipoeng intĕn deui, da tipoeng pĕrmata lian mah taja noe teurak.

Toekang ngagosok intĕn disĕboetna *toekang njarawedi*. Tĕmpat njarawedi anoe pangmashoerna di doenja kagoengan toean Asscher, di Amsterdam, nagri Walanda; reana anoe digarawe di dinja aja 12 000 djĕlĕma. Nomĕr doea toekang njarawedi di Antwerpen, Belgiё; koelina nĕpi ka aja *10 000*. Lian ti eta aja oge toekang njarawedi di nagara sedjen, tapi hĕnteu gĕde tjara eta noe doea tea.

Di oerang aja anoe disĕboet „intĕn”, aja noe disĕboet „bĕrlian”, saĕnjana mah saroea bae, bĕrlian oge intĕn keneh. Ngan beda gosokan woengkoel. Intĕn poetjoekna lentjop, ari bĕrlian dipapakkeun make memedja.

Dĕmi oekoeranana intĕn disĕboetna karat = bobot 1/5 kĕtip. Oepama oerang meuli ĕmas, bobot sakarat teh ngan 32 sen, perak teu koengsi 2 sen. Tapi ari bĕrlian mah anoe pangbĕrĕsihna, noe gĕdena sakarat teh *f* 360.— anoe 2 karat *f* 420.— anoe 3 karat *f* 540.—. Djadi harga sakarat tambahna beuki ngahandapan. Tapi intĕn anoe gĕdena djeung aloesna leuwih ti biasa, hargana sakaratna teh katintjak leuwih mahal ti itoengan anoe loembrah.

Sapĕrti: intĕn ORLOFF gĕdena 193 karat hargana *f* 1 400 000, ninggang sakaratna *f* 7000 leuwih. Intĕn REGENT aloes kabina-bina sinarna; aja anoe njĕboetkeun asalna ti poelo Borneo; bobotna 136 ¼ karat, hargana *f* 750 000; djadi sakaratna mah *f* 6000.

Intěn anoe panggědena djeung anoe pangäloesna sinarna di saalam doenja, ngaranna Cullinan, anoe kapanggih ti Afrika-Kidoel dina tahoen 1905. Noeroetkeun taksiran, hargana *f* 6 000 000. Tapi lantaran euweuh pidjělěnaeunana anoe baris meuli papaes sakitoe mahalna, nja digaleuh koe Pamarentah Afrika *f* 1 800 000.. Koe Pamarentah Afrika dibaktikeun ka Radja Inggris.

## II. MIRAH DJEUNG NILĚM.

Ieu doea roepa pěrmata beunang disapasalkeun bae ditjaritakeunana, sabab doeanana sabatoe, nja eta batoe *korund*. Tapi ngan korund anoe aloesna bae, nja eta anoe ngentjlong, anoe djadi mirah djeung nilěm mah; ari korund anoe biasa mah teu ngentjlong kitoe.

Bedana mirah djeung nilěm teh ngan roepana woengkoel. Noe beureum disěboetna mirah, ari noe biroe nilěm.

Tapi oelah boga pangira mirah teh saroea bae beureumna; aja noe kajas ngora, kajas kolot, beureum, beureum gintjoe, malah aja noe beureum kolot pisan. Mirah noe beureum ngora djeung noe leutik, kaitoeng loba, tapi noe gěde sarta roepana beureum kolot langka kabina-bina, koe sabab eta, hargana oge leuwih mahal batan běrlian noe pangäloes-aloesna. Kadjaba mirah anoe geus kamashoerkeun mah, beunang diséboetkeun euweuh bae mirah anoe sanggeus digosok, gědena leuwih ti 5 karat.

Těmpat ngala mirah anoe katjěloek, nja eta: Selong, Birma, Sam, Siěm djeung pagoenoengan Tian Chau di poeseur boeana Asia.

Děmi korund anoe roepana biroe disěboetna nilěm. Ieu oge roepana teu saroea bae: aja noe meh bodas, biroena mah ngan ockoer bae sěmoe-sěmoe, aja noe biroe běněr, biroe kolot, malah něpi ka aja noe tjara nila. Těmpat-těmpat noe loba nilěm, babakoena nja di těmpat mirah noe disěboetkeun tadi tea. Lian ti eta aja deui, nja eta: Oeral (Roeslan) Amerika-Kaler djeung Australië. Tapi ari nilěm anoe pangäraloesna mah babakoena di Hindoe-Toekang.

## III. KOETJOEBOENG.

Pangna disěboet koetjoeboeng katělah koe roepana. Koetjoeboeng noe aloes, nja eta anoe ngentjlong, disěboetna „koetjoe-

boeng-selong", eta saĕnjana sabangsa mirah keneh. nja eta batoe korund tea. Ari anoe matak disĕboet „koetjoeboeng-selong", pikeun ngabedakeun djeung koetjoeboeng-espinel, nja eta batoe espinel anoe roepana koetjoeboeng; ieu mah teu ngentjlong. Hargana oge leuwih moerah.

IV. MIRAH-BODAS.

Di oerang sok aja batoe anoe disĕboet mirah-bodas, roepana biasana baloekboek tjara lĕboe. Oepama disorot koe damar atawa koe panonpoë, sok katembong aja sorotan reana gĕnĕp. Eta teh saĕnjana intĕn-nilĕm. Pangna eta nilĕm sorotan kitoe, lantaran kaajaan oeratna mingsal ti nilĕm biasa.

Eta sorot tetelana pisan lamoen nilĕmna digosok ĕndog-sapotong atawa didoedoekoej-pĕlĕntoengkeun, atawa lonjod dimalindjokeun.

V. DJAMBOET djeung AQUAMARIJN.

Djambroet djeung aquamarijn doeanana batoe beryl.

Saĕnjana beryl teh tjara intĕn bae tanpa warna, tapi aneh beryl anoe tanpa warna kitoe langka pisan, anoe geus kapanggih ngan di poelo Elba. Ari lolobana mah roepana koneng ririakan sĕmoe hedjo kana biroe. Roepana rada boerĕng hĕnteu ngalangkang (doorzichtig) tjara intĕn.

Beryl aloes anoe *ngentjlong* hedjo, *disĕboetna: djambroet*; djambroet anoe hedjona lĕlĕb toer moeloes tjarang pisan. *Biasana mah* koedoe bae rada boerĕng atawa hedjona sĕmoe pias; anoe bakoe pisan tjatjadna teh, meh oenggal djambroet koedoe bae paoet. Arang langka anoe moeloes pisan teh. Koe sabab eta, djambroet anoe moeloes hargana mapakan intĕn.

Beryl anoe roepana biroe, ti biroe ngora nĕpi ka biroe sĕmoe hedjo, ngaranna aquamarijn. Aquamarijn anoe moeloes kaitoeng rea. Koe sabab eta aquamarijn mah hargana leuwih moerah manan djambroet, nadjan kaaloesanana teu eleh oge.

Anoe loba batoe beryl di Oeral, wetaneun Catharinenburg djeung Siberië beulah wetan. Ari anoe pangäraloesna beryl anoe kapanggihna tina keusik. Djambroet Birma djeung Brazilië asalna nja tina keusik noe njadĕk kaered koe tjai.

VI. ESPINEL (Spinel).

Espinel roepana warna-warna pisan: koneng, beureum, biroe, hedjo, hideung djeung salian ti eta. Tapi anoe sok digosok di-

djieun dagangan mah, ngan anoe beureum bae, roepana siga pisan mirah. Komo noe digosok bĕriian mah hese pisan dibedakeunana tina mirah teh. Dĕmi bedana: mirah mah ngentjlong ari espinel mah hĕnteu.

Espinel anoe langka ajana toer aloes, nja eta anoe roepana koneng kolot.

Anoe loba espinel di Selong, Toerkistan djeung di Australiä.

VII. RATNATJAMPAKA.

Saĕnjana ratnatjampaka teh tjara intĕn bae, teu aja warnana; tapi aneh, loembrahna sok aja warnana bae sarta roepa-roepa pisan. Ari anoe aloes, biasana roepana: koneng, hedjo sari-sari biroe, hedjo moeloes atawa tanpa warna kawas tjai. Dĕmi roepana anoe loembrah koneng.

Ari teuasna ratnatjampaka saroea djeung batoe espinel tea, djadi leuwih teuas manan beryl, tapi leuwih oedoeh batan korund.

Anehna ratnatjampaka oepama dibeuleum, roepana ganti; malah ratnatjampaka anoe hedjo sĕmoe biroe mah, koe mindĕng katodjo koe panonpoë oge sok perang.

VIII. GRANAAT.

Batoe granaat teh aja roepa-roepa pisan. Ari teuasna kirakira saroea meureun djeung kristal-goenoeng, djadi leuwih oedoeh manan beryl. Kaajaanana granaat hĕnteu ngentjlong tjara mirah, ieu mah saroea bae djeung intĕn atawa espinel tea, nja eta ngalangkang.

Ari roepana lolobana beureum, tapi aja oge anoe hedjo sĕmoe koneng atawa hedjo tjara djambroet, aloes pisan. Ari ajana granaat anoe aloes mah ngan di Oeral bae, watĕs Roeslan tea.

Granaat sok ditiiran tjara garhah didjieun kongkorong.

IX. DJABARDJAD.

Djabardjad roepana koneng sĕmoe hedjo, ari hargana bangsa ratnatjampaka bae.

X. PIROES.

Oepama piroes kabĕtrak kapanasan atawa dikeueum, hedjona sok djadi peang, malah oepama dikeueuman koe haseum-haseum mah atawa dibeuleum, hedjona leungit sama sakali. Nadjan

piroes hěnteu babarabajan tjara běrlian, atawa hěnteu ngentjlong tjara mirah oge, tapi hargana kaitoeng mahal. Koe sabab eta sok loba noe ngadjoeal piroes palsoe.

XI. OPAAL.

Opaal anoe aloes, oepama diawas-awas, rada sěmoe ngalangkang; tapi lantaran roepana meh siga pisan piroes; hedjona, sěmoe-sěmoe rěměkna, tjara piroes bae. Koe sabab eta sok loba noe njěboet piroes kana opaal. Tapi oepama diawas-awas mah katembong bedana, nja eta: opaal mah sok ririakan. Hargana oge leuwih mahal manan piroes.

XII. ANGKIK.

Babakoena roepana beureum kolot, tapi rea oge anoe dasarna beureum kolot make poleng koneng ombak-banjoe.

XIII. SARDOINE atawa ONYX.

Roepana meh lěmah-tělěs make poleng bodas ombak-banjoe.

XIV. HELIOTROOP.

Bangsa angkik.

XV. MOETIARA.

Lamoen oerang njaritakeun bab pěrmata hěnteu make njaritakeun hal moetiara, beunang disěboetkeun eta tjarita koerang lěngkěp, sabab moetiara oge kaasoep kana pěrmata keneh, toer ti djaman baheula geus ilahar diparake papaes.

Moetiara aja doea roepa, aja moetiara-ěnjaan djeung aja moetiara-giwang. Tapi ari asalna mah eta doea roepa moetiara teh saroea bae, pada ti djěro tirěm, ngan bedana teh: ari moetiara-giwang tjitjingna dina tjangkang tirěm tea, narapěl beulah ti djěro. Asalna: lantaran aja barang lěmboet asoep ka djěro imah tirěm, toeloej kaboelěn koe atji giwang anoe kaloear tina seerna, pěl napěl kana tjangkang tea; aja oge anoe asalna kieu: tjangkang tirěm tea ti djěro aja noe bohak atawa tjogek atawa koemaha bae, tjinděkna aja tjatjadna ti djěro; eta bohak tea kaboelěn koe atji giwang, lila-lila njěntil tjara koetil.

*Děmi moetiara-ěnja mah ajana di djěro awak tirěm,* djadi saěnjana mah kasakit tirěm tea. Ari eta anoe djadi kasakit teh sato lěmboet (bangsa tjatjing noe lěmboet kabina-bina) asoep





Diatas: Kedoea perahoe itoe telah berdekatan dan nelajan-nelaja itoe sedang menjaoek ikannja.
Dibawah: Lihatlah betapa banjak ikan jang diperoléhnja!



Air terdjoen Tjitatoer Olak, di Priangan. Air terdjoen dipegoenoengan itoe boekan memberi pemandangan jang indah sadja, melainkan kekoeatannjapoen boléh dipergoenakan poela oentoek penghidoepkan léstrik.



Bagoes benar pemandangan pada pantai di Atjéh ini. Setelah mandi diair laoet itoe, sed
poela rasanja bertedoeh dibawah pohon jang rindang-rindang itoe.



Dekat batas Atjéh dengan Deli mengalir soengai Tamiang, jang gambarnja terloekis diatas i[illegible] jang terdjadi dari S. Simpangkanan dan Simpangkiri. Pada pertemoean kedoea soengai itoe[illegible] terletak negeri Koeala Simpang. Diatas soengai jang lébar ini telah diperboeat orang djambat[illegible] djalan biasa dan djambatan keréta api.

ka djěro imah tirěm, toeloej nobros koelit, soep ka djěro awakna di dinja kaboelěn koe atji kapoer (koolzure kalk), loeareun eta dilapisan deui koe atji giwang, noe mawa herang ka moetiara, herang sěmoe ngalenggang.

Moetiara herangna henteu awet, beuki lila sok beuki soerěm malah sanggeus 150 tahoen mah sok pěs bae soerěm. Ngara watanana koedoe apik pisan: teu beunang kapoepoet koe ha seup anoe sari haseum; ari měntas dipake koedoe dikosok koe lamak anoe beunang ngepretan koe tjihaneut tjampoer alkohol saeutik.

Děmi mimitina mah eta moetiara teh leutik pisan, tapi beuki lila beuki gěde. Noeroetkeun tjarita toekang ngala moetiara ngagědeanana něpi ka oemoer 4 tahoen; di dinja rěg ngaranděg teu ngagědean deui. Tapi ari tirěmna mah těroes bae hiroep něpi ka oemoer 7 tahoen, kakara paeh.

Ari gědena moetiara panta-panta, pangleutikna sagěde hoelo djaroem-pentoel, anoe panggědena meh sagěde ěndog djapati bangoenna lonjod, pandjangna něpi ka 35 m.M.

Děmi tirěmna anoe gěde mah něpi ka aja anoe 1 d.M. pasagi Hidji-hidji tirěm dieusina moetiara teu tangtoe; aja noe ngan sasiki, aja noe doea, noe tiloe, opat, malah anoe ngantěp mah něpi ka aja anoe 80 siki.

Loba anoe ngira moetiara teh oedoeh, tapi geus aja noe njoba mekprek moetiara noe aloes, dipekprekna koe paloe, teu daekeun peupeus.

Děmi anoe loba ngaloearkeun moetiara, nja eta: Poelo Selong Těloek Persi, Australië, Amerika basisir koelon djeung ti oerang ti Hindia.

Ti djaman baheula keneh di oerang geus rea noe sok ngarala moetiara, toeloej dibarawa ka Pedir (Atjeh) dipake oeroep-oeroepan djeung soedagar-soedagar Toerki anoe ngaradon dagang ka dinja ti Laoet Beureum.

Ari těmpat ngala moetiara anoe panggědena di oerang, nja eta di kapoeloan Aroe (Maloekoe). Tapi lian ti di dinja oge nja aja pangalaan moetiara, ngan pedah teu gěde, oekoer djadi gawe loemajan bae; nja eta di: basisir Poelo Borneo, Poelo Karimata, Soematra basisir wetan; malah di Poelo Djawa oge tadina mah aja, nja eta di: Sagara Anakan, Segongan Pampang djeung deukeut-deukeut Batawi.

Děmi diaralana moetiara teh koe bangsa oerang mah dita-

reuleuman koe palika, tapi di noe dareet radjeun oge aja anoe marake parabot tjara garpoeh, misilna di basisir Poelo Borneo.

Tirĕm-tirĕm anoe beunang ngala tea, kabeh dibeulahan, diteangan moetiarana. Djadi tirĕm anoe aja anoe euweuh moetiaraan, kabeh dipaehan. Koe sabab eta pirang-pirang joeta tirĕm anoe kosong dipaehan teu poepoegoeh. Sabaraha reana tirĕm anoe diparaehan koe toekang moetiara dina satahoen-tahoenna, geus teu poegoeh itoenganana. Di Poelo Selong woengkoel dina satahoen aja 30 — 40 000 000. Pikeun ngadjaga soepaja oelah sagala tirĕm bae dipaehan, ajeuna di Poelo Selong mariksana tirĕm teh make kekĕr tĕroesing-tingal; koe kĕkĕr eta mah tirĕm noe dieusi, noe kosong teh kanjahoan; djadi tirĕm anoe kosong bisa dika-laoetkeun deui.

Hasil moetiara ti Hindia dina tahoen 1914, 1915 djeung 1916 = 436 000 K. G. (*f* 903 000); 188 000 K. G. (*f* 245 000) djeung 267 000 K. G. (*f* 341 000).

Di oerang, pasar-moetiara anoe panggĕdena ti baheula nĕpi ka ajeuna, dajeuh Makasar.

## XVI. PĔRMATA MASAKAN.

Anoe palintĕr geus njaroba njarieun intĕn, lain iintĕnan, ieu mah njieun intĕn ĕnjaan, dimasak dilaboratorium. Eta pamaksoedan djadi oge, tapi wĕleh teu bisa njieun intĕn noe gĕde, anoe panggĕdena ngan oekoer sagĕde hoeloe djaroem pĕntoel. Padahal pagaweanana sakitoe banggana djeung ongkosna gĕde kabina-bina. Djadi teu aja pikaoentoenganeunana. Tapi ari njieun mirah-, nilĕm- djeung espinel-masakan mah beubeunanganana matak oentoeng, katitihna leuwih moerah manan batoe anoe beunang ngala ti djĕro taneuh tea.

Pĕrmata masakan taja pisan bedana djeung anoe toelen tina tambang, nadjan dipariksa koe parabot parantina oge, da poegoeh saasal sabahan djeung batoe anoe toelen tea, ngan ieu mah leuwih bĕrĕsih djeung leuwih aloes sorotna. Ari batoe noe toelen mah oepama dikekĕr teh sok aja oeratan, ieu bĕrĕsih taja tjatjad saeutik-eutik atjan.

Tapi aneh, njieun djambroet djeung aquamarijn mah tatjan bisa njieun anoe gĕde, ngan oekoer bae leuwih gĕde manan intĕn masakan tea tapi pihargaeunana katitih leuwih mahal manan djambroet toelen, djadi keur dagangan mah tatjan matak oentoeng.

Ajeuna geus loba anoe njarieun pĕrmata palsoe, koe bĕling, ari disĕboetkeunana madjar „masakan". Tapi beda pisan djeung noe toelen atawa masakan tea, da ieu mah oedoeh biasa gĕlas bae.

### c. HILEUD SOETRA.

Dina tahoen 555 mimiti aja hileud soetra anoe dibawa ti nagara Tjina ka Eropa koe padri-padri Kristĕn. Ari diparabanana koe tangkal bĕbĕsaran. Dimana eta hileud geus meunang tiloe poeloeh poë ngahenggoj barang hakan, toeloej njatjaka; njieunna sajang anggeusna sadjĕro tiloe poeloeh poë-tiloe poeloeh peuting; dina oenggal minoet ngoeloerna soetra 35 c.M. = 21 M. dina sadjam.

### d. ALI-KAWIN.

Ajeuna geus loba oerang Priboemi anoe taroetoeroeti marake ali-kawin, noeroetan bangsa Walanda. Ari di oerang Eropa mah pĕta kitoe teh geus djadi adat ti babaheula; ali-kawin teh djadi sarat ka noe laki-rabi. Ngan ari baheula mah teu toekoeh koedoe ali-mĕnĕng koe ĕmas, sagala oge meunang bae dipake ali-kawin: toelang, kai, beusi, tambaga djeung salian ti eta. Kabeh-dieunakeun kakara loembrah njarieun koe ĕmas atawa perak make dioekir dialoes-aloes: ngagambarkeun radjah-palintangan, lapad, ngaran noe boga djeung sadjaba ti dinja, sarta loba anoe ditaretes koe pĕrmata. Kawasna rea oge anoe pĕrtjaja kana kasiatna eta ali. Oerang Sĕpanjol mah nĕpi ka ajeuna oge ngarandĕleun keneh, jen ali-kawin koe beusi sapatoe-kalde kasiatna djadi toelak-bahla.

Ali-kawin model ajeuna: ali-mĕnĕng koe ĕmas, mimiti dipake di Eropa dina windoe toekang.

### e. SIGARET.

Koemaha asal-moeasalna sigaret?

Kieu: Awewe-awewe anoe karoeli di Sevilla (Sĕpanjol), lantaran teu baroga, ilahar pisan sok aroedoed koentoeng beunang moeloengan; eta koentoeng koe maranehanana didjieun roko, ari minangka „daoen-kawoengna" koe kĕrtas bangkarak. Tah eta roko bangkarak teh robah djadi sigaret.

Ari alam ajeuna mah menak-koering oge sok aroedoed sigaret.

# KONGSI TIGA

Stoomvaart Mij. „NEDERLAND" — Stoomvaart Mij. „ROTTERDAMSCHE LLOYD"

(Kongsi kapal Daendels) — (Kongsi kapal Siermond)

Ned. Stoomvaart Mij.

## „OCEAAN"

(Kongsi kapal Sĕmprong Boelao)

**Agent agĕng di Batawi (stadhuisplein)**

## KAPAL API KA DJIDAH

Parantos tiloe poeloeh tahoen lamina **Kongsi Tiga** ngagingsirkeun **ticket** ka **Djamaah.** Dina tahoen Masehi 1926 sarĕng 1927, nja eta tahoen Hidjrah 1345 sasih **December, Januari, Februari, Maart** atanapi sasih **Djoemadilāwal, Djoemadilāhir, Radjab** sarĕng **Rĕwah,** ngawitan deui ***Kongsi Tiga*** ngagingsirkeun ticket poelang-anting keur djamaah ka Djidah ti palaboean-palaboean anoe aragĕng di sakoeliah Hindia sarĕng ti palaboean-palaboean anoe sok disinggahan koe kapal-kapal **Paketvaart.**




Seueurna djamaah anoe naroempang kana kapal **Kongsi Tiga** *dina tahoen 1900 dongkap ka* [illegible]*lĕrna pĕrang* di Eropa aja . . . . . . . . . . . . . . . 128.384 djĕlĕma.
Ti sarepehna pĕrang dongkap ka [illegible] aja 92.120 „

Eta djadi tawis anoe tetela [illegible], jen djamaah rarĕsĕpeun noempang kana kapal **Kongsi Tiga.**

Anoe matak rĕsĕp ka **Kongsi Tiga,** doemeh tiasa nangtoskeun miangna kapal² ka [illegible] sarĕng wangsoelna deui ti Djidah. sarta tara lĕpat [illegible].

**Tiket²** salah sahidji **Kongsi** [illegible] tiloe tea, eta kenging dianggo kana kapal **Kongsi** noe [illegible] deui. Djadi sadaja *djamaah anoe noempang kana kapal* **Kongsi Tiga** mah, dimana rek maroelang ka Djawa teh teu kĕdah ngadagoan heula kapal di Djidah. Tiasa [illegible] bae moelang.

**Katĕrangan² sanes kenging moendoet bae ka agent-agent di oenggal palaboean.**

## 27. BABAD MANGKOENEGARA *).

*(Samboengan Volsalmanak Soenda 1926).*

Wangsoel P. Mangkoeboemi: „Eta pěrkawis sadaja-daja koemambang ka noe djadi kěrěsa, nanging ari saena mah sakalian bae sarěng abdina diboeang, tjeuk paripaos mitjeun ěndog sahidji, teu matak djadi naon-naon, soepados gamparan oelah doegi ka kenging tjidra, lantaran gamparan mah kenging disěbat parantos sakoelit-sadaging sarěng koempěni, teu kenging njoelajaan soemawontěn ngabobodo, ari měnggah abdi mah teu bade ngadaměl pidorakaeun ka ratoe sarěng oelah dianggo hawatos, iklaskeun bae."

Kangdjěng Sinoehoen ngadangoe raina kitoe, tjoemalimba, hawatoseun. Tidinja raina sasaoeran deui: „Kakang Praboe, abdi endjing bade ka loear ti karaton, njoemponan karsa Toean Běsar, teu aja sanes abdi ajeuna njoehoenkeun djiad Goesti.".

Harita Sang Praboe beuki kagagas lěběting manahna. „Ana geus kieu koemaha pidjadieunana!" Tidinja ladjěng ngandika. „Énja adi koe kakang didoakeun sing salamět, moega-moega sagala maksoed adi sing laksana!" Sasaoeran kitoe teh Sinoehoen bari ngoesap tjisotja, raina ladjěng njěmbah moendoer ti pajoeneunana.

Memeh djoeng Kangdjěng Sinoehoen ngandika deui. „Adi tampanan, ieu kakang měkělan doeit tiloe reboe real geusan ngongkosan rentjang-rentjang."

Geus kitoe P. Mangkoeboemi ladjěng mios. Sasoempingna ka boemi nimbalkeun ka para mantri djeung ka sěsěpoehna sadaja sakoemaha dawoehan Kangdjěng Sinoehoen, sarěng kěrsa andjeunna bade kaloear nilar nagara. Para abdi-abdi katoet sapoetra-garwana ditimbalan sasadiaan, endjing-endjing bade boedal njarěngan Toean Běsar.

Katjarios endjingna Toean Běsar tea boedal ti karaton diiring koe Patih Pringgalaja, Toeměnggoeng Mangkoepradja sarěng para boepati noe sanes. Kalěrěsan harita P. Mangkoeboemi oge boedal sapoetra-garwana; lampahna ti Soerakarta ka kaler ngadjoegdjoeg ka Soekawati, djalanna norobos leuweung, soemping

---

*) Kenging njalin djoeragan A. Prawira Soeganda tina Babad Panambangan Serie No. 892. Pangaosna *f* 1.70.

ka desa Pandankarangnangka, liren masanggrahan sarta ngatoer *barisan sarĕng ngangkat* para abdi-abdina sapĕrtos: Dĕmang Djajarana djadi Toemĕnggoeng Djajadirdja, Ki Martatroena djadi Toemĕnggoeng Bradjamoesti, saderekna Toemĕnggoeng Bradjadĕnta, bĕkĕl-panekĕt djadi Toemĕnggoeng Ranadiningrat. Ki Soetajoeda djadi Toemĕnggoeng Soetadipoera, Dĕmang Bedjen djadi Toemĕnggoeng Rĕksanagara, dj. s. t. sadaja geus katimbalan njĕkĕl bawahanana masing-masing sarta ngalĕgaan *djadjahanana, naloek-naloekkeun tanah noe di sakoeriling* Soekawati.

Ganti tjarita Adipati Martapoera anoe tata baris di Gorobogan, barisanana harita geus bobol kabeh koe pinangsarajana Koempĕni, nja minantoena Adipati Martapoera koe andjeun; ari Adipati Martapoera sanggeus pradj ... ritna kalaboer, koe koempĕni habĕn dibĕbĕrik tapi teu kapanggih.

Adipati Martapoera bakating koe *ningoeng dioedag-oedag* koe koempĕni, loempat ti Gorobogan ka Samarang, nganggo panganggo tjara koeli bari dagang lahang, mondokna di noe boeboeroeh njieun wĕlit, meunang bajaran di dinja sapoë tiloe oeang; djĕlĕma sanagara Samarang taja noe nganjanaan, jen Adipati Martapoera; di dinja andjeunna sangsara katjida, koerang toeang koerang koelĕm, anoe kaemoet taja deui ngan karoeksakan nagara bae, ngemoet oedjaring panoedjoeman anoe geus kadangoe koe andjeunna, jen di Tanah Djawa bakal aja hidji pradjoerit linangkoeng, wetan ti tanah Mataram. Koe bakating *katjida balangsakna nĕpi ka koelĕm oge sok dina panjawerar* bae.

Dina hidji peuting Adipati Martapoera ngimpen; dina eta impenan ningal di kapatihan Natakoesoemaan (Kartasoera) kawas keur katatamoean, tatamoena para poetra djeung para boepati, tongtonanana wajang koelit; barang waktoe djĕdjĕr (ngamimitan) P. Mangkoeboemi katingal njandak balintjongna diba wa loempat, *tatamoe toeloej boebar; tidinja* katingal deu R. M. Said ngarĕboet kĕmpoel, eta oge ladjĕng ditjandak loem pat. Adipati Martapoera harita noetoerkeun pandeuri; angkat na Pangeran Mangkoeboemi ka wetan oenggah ka Goenoeng Lawoe; Adipati Natapoera toeloej bae noetoerkeun; barang nĕp ka loehoer andjeunna ngarendjag, braj bae beunta. Toeloej goe gah bari ngamanahan impenan tea, naon alamatna. Roj andjeun na hojong angkat ka Soerakarta ka saderekna. Geus gilig ma

nah djoeng angkat ka Soerakarta, enggalna geus soemping ka Soerakarta; andjeunna ngadjoegdjoeg kĕnalanana di desa Nglawen, hĕnteu tĕroes ka boemi saderekna. Eta saderekna boemenboemenna di dajeuh Soerkarta, djĕnĕnganana Arja Koedoes. Adipati Martapoera miwarang neang mantoena nja eta Djajapoespita atawa Anggakoesoema. Barang geus tĕpang Adipati Martapoera njarios lalampahanana waktoe katalangsara di Samarang. Djajapoespita katjida hawatoseunana ngoeping Adipati Martapoera njarios kitoe. Lami-lami njariosna dongkap ka Djajapoespita njarioskeun jen P. Mangkoeboemi oge geus lolos ti karaton, masanggrahan djeung tata baris di desa Pandankarangnangka. Adipati *Martapoera ngadangoe tjarios kitoe, manahna hegar,* kasĕsahna moesna, emoet kana impenanana waktoe di Samarang sarta boga maksoed arek ngadeuheusan. Tidinja mantoena didongengan impenanana waktoe aja di Samarang. Toeloej mantoena diadjak ka Soekawati. Tidinja ladjĕng sami sasadiaaan. Adipati Martapoera sarĕng Djajapoespita sapoetra-garwana, sanggeus sadia djoeng mangkat. Di djalanna teu katjarios kotjapkeun geus soemping *bae ka desa Pandankarangnangka; harita* geus dioendjoekkeun ka P. Mangkoeboemi. Adipati Martapoera ladjĕng ditimbalan lĕbĕt, barang geus pajoeneunana Adipati Martapoera ladjĕng soedjoed kana sampean P. Mangkoeboemi bari nangis, matoer njanggakeun pati-hoerip. Saparantos lĕmpĕr ladjĕng njarioskeun impenanana tea, waktos kasangsara di Samarang.

Samoendoerna Adipati Martapoera, R. Djajapoespita gĕntos *ngabakti soedjoed kana sampean P. Mangkoeboemi, tidinja ladjĕng* didawoehan tjaralik, sarta pangbaktina, jen bade ngabdi tea, geus katampi. Tidinja P. Mangkoeboemi ngembarkeun ka abdi-abdina jen ajeuna Adipati Martapoera geus diangkat djadi Boepati djĕnĕngan Adipati Poegĕr *); ari Dajapoespita diangkat djadi Toemĕnggoeng, djĕnĕngan T. Soerjanagara, Sadaja geus diistrenan.

Adipati Poegĕr kagoengan manah jen Pandakarangnangka *patĕmpatanana kirang sae, koe sabab eta* andjeunna oendjoekan ka P. Mangkoeboemi soepados ngalih bae ka Madjaraga atawa ka Gĕbang, doemeh katimbang sae tĕmpatna. Koe P. A. Mangkoeboemi geus karĕmpagan. Tidinja ladjĕng bae nimbalan sasadiaan ka abdina sadaja; sanggeus sadia djoeng boedal ti Pandan-

*). Nja eta lalandihan noe bareto, basa sarĕng P. A. Mangkoenĕgara di Soekawati tea.

*karangnangka ka Gĕbang. Sasoempingna ladjĕng ngadamĕl pa*sangrahan; sanggeus tarapti sadaja, Adipati Poegĕr oendjoekan ka P Mangkoeboemi, soepados ngawartosan ka P. Mangkoenĕgara noe keur tata baris di Panambangan (Nglaroh) sarĕng raina P. Boeminata noe keur tata baris di Sĕmboejan, soepados djadi hidji di Soekawati, sangkan barisanana djadi koeat. P. Mangkoeboemi ngarĕmpagan. Harita keneh ladjĕng ngoetoes ngabantoen sĕrat.

Kotjap ajeuna P. A. Mangkoenĕgara, anoe keur kĕmpĕlan dideuheusan abdi-abdi sadaja, teu lami djol oetoesan ngabantoen sĕrat ti P. A. Mangkoeboemi, eta sĕrat koe P. A. Mangkoenĕgara diaos, oenina njarioskeun jen samoelihna toean Bĕsar ti Soerakarta, andjeunna oge lolos ti karaton nilar nagara, malah ajeuna sapoetra-garwa geus aja di Soekawati, tata baris di desa Gĕbang; koe sabab eta P. A. Mangkoenĕgara ditimbalan soepados ngĕmpĕl bae djadi hidji di Soekawati.

P. A. Mangkoenĕgara satoetasna maos sĕrat, moesawarah ka abdi-abdina sadaja hal kĕrsana ramana tea. para abdi-abdi sadaja geus ngarĕmpagan jen roedjoek pisan, koe sabab eta ladjĕng bae eta sĕrat diwalĕr, njarioskeun hatoer soemangga.

Ganti tjarita di nagara Soerakarta, Ki Patih Pringgalaja, Patih Mangkoepradja, toean Major Hoogendorp djeung toean Major Tinangkoes badami hal nĕmpoeh karaman. Saoer toean Hoogendorp: „Soedara R. A. Pringgalaja, sarehing para pangeran anoe tata baris seueur beulah kidoel, koe emoetan kaoela anoe nĕmpoeh ka kidoel kédah diseueuran, nja eta doea pĕrtiloena, noe ngapalaanana kaoela, toean Major Tinangkoes sarĕng sampean; dĕmi noe sapĕrtiloena ka kaler, ari noe ngapalaan Major Sĕkebĕr sarĕng A. Mangkoepradja."

Eta badamian koe sadaja parantos karĕmpagan, tidinja masing-masing nimbalan pradjoeritna sina tata-tata parabot djoerit, sabab isoekan isoek-isoek rek mangkat nĕmpoeh moesoeh.

Endjingna Kangdjĕng Sinoehoen angkat ka pagĕlaran, para boepati sabawahanana geus samakta, karĕmpĕl di aloen-aloen, kitoe deui Koempĕni, pradjoerit badarat djeung pradjoerit koeda. Harita Kangdjĕng Sinoehoen ningali wadyabalana. Toean-toean Major sarĕng Kiai Patih ngadeuheus pajoeneun Sang Praboe, ngoendjoekkeun kaajaanana sadaja wadyabalad. Tidinja Sang Praboe maparin salamĕt sarĕng ngaduwoehan boedal, harita tangara bĕnde tamboer katoet tarompet disada, sorana ngagoeroeh asa kaindit; wadyabala ladjĕng boedal ka kaler sarĕng ka ki-

doel, anoe ka kidoel ngan doegi ka lĕmboer. Pitjis lantaran kasamboet peuting, ngarĕrĕb di dinja.

Katjarios P. A. Mangkoenĕgara, ngaboedalkeun pradjoeritna, ladjĕng tata baris di Soedimara, di dinja ngawitan tĕpang sarĕng Koempĕni, atoeh ladjĕng bae pĕrang tjampoeh silih elehkeun, lami-lami pĕrangna P. A. Mangkoenĕgara rada kasĕsĕr, toeloej moendoer lalaoenan ka kidoel-wetan, ka Sĕmboejan Koempĕni asoep ngarajah ka Panambangan, sarta mondok sapeuting di dinja, isoekna boedal deui moro ka Sĕmboejan; nĕpi ka Boerĕng tĕpoeng deui djeung barisan P. A. Mangkoenĕgara, kitoe deui barisan Pangeran Boeminata, toeloej bae pĕrang rame. Balad P. Boeminata teu koeat, toeloej kalaboer laloempatan, ari balad P. A. Mangkoenĕgara mah masih keneh pĕrang rame ngalawan koempĕni; sarehna kasamboet koe peuting, P. A. Mangkoenĕgara sabaladna moendoer lalaoenan oenggah ka Goenoeng Gambar, doegi ka poentjak teu kenging kadaharan sarĕng tĕmpat sare, wantji tĕngah wĕngi nĕmbe kenging tĕmpat sare di desa Samilarad; di dinja tata-tata deui ngomean barisan, wĕngi eta keneh P. A. Mangkoenĕgara kĕrsana bade tĕras ka kidoel, nanging tĕpang sarĕng koempĕni, atoeh dĕr bae pĕrang. P.A. Mang koenĕgara kasĕsĕr, toeloej oenggah ka Goenoeng Sewoe, ari Koempĕni balik deui ka lĕmboer Boerĕng. Toean Major barĕmpoeg sarĕng Kiai Patih: „Soedara, sae sampean miwarang boepati saoerang sina ngadjaga sapandjang djalan antara Boerĕng Soerakarta, pĕrloena ngadjaga bilih aja noe mawa kadaharan keur moesoeh noe koe oerang keur diteangan."

Kiai Patih Toeloej ngadawoehan ka Toemĕnggoeng Singaranoe sakoemaha kĕrsana toean Major tadi. Ki Toemĕnggoeng ladjĕng angkat ngĕmban timbalan ngadjagi toeroet djalan.

Katjarios barisan P. A. Mangkoenĕgara kari toedjoeh poeloeh deui, kapalana T. Soerawidjaja, tjitjingna kaloreun Goenoeng Widjil, padamĕlanana koedoe ngabibingoeng moesoeh. Waktoe harita dikĕpoeng koe barisan T. Singaranoe, dioedag ka kaler loempat ka kidoel, diboeroe ka kidoel loempat ka kaler deui, nĕpi ka sapoë moket moesoeh ngĕpoengna tapi teu beubeunangan, ngan idĕr-idĕran di leuweung djeung di goenoeng bae. Wantji soeroep sarangenge, areureun ngareureuhkeun tjape; tidinja T. Soerawidjaja badami djeung baladna, peuting eta ngadjak nĕmpoeh moesoeh, baladna kabeh ngarĕmpoegan. Barang geus djĕmpe T. Soerawidjaja toeloej nĕmpoeh moesoeh. Moesoehna

kabeh paboerisat laloempatan ka kidoel, anoe ngalawan tanggoeh ngan saeutik. Toemĕnggoeng Singaranoe miloe tjampoeh pĕrang, tapi tiwas, kasamboet; balad-baladna noe laloempatan bebedja ka toean Major, njaritakeun jen Toemĕnggoeng Singaranoe kasamboet nĕpi ka adjalna, lantaran pĕrang tjampoeh djeung barisan P. A. Mangkoenĕgara noe baladna ngan kari toedjoeh poeloeh deui, kapalana T. Soerawidjaja.

Toean Major ngadangoe wartos kitoe katjida bĕndoena, harita keneh ladjĕng miwarang nakol bende, tamboer djeung tarompet ngoempoelkeun balad; sanggeus koempoel kabeh toeloej ngadawoehan miwarang nĕmpoeh T. Soerawidjaja sabaladna, sakedah polah peuting harita keneh koedoe katangkĕp kabeh, sabab geus boga dosa maehan T. Singaranoe; oepama eta moesoeh teu katangkĕp, sakoemaha piwirangeunana.

Waktoe harita para opsir, toemĕnggoeng djeung mantri-mantri geus tarapti sabaladna, toeloej boedal bari soesoembar: „Lamoen Soerawidjaja katewak, rek dikĕrĕkĕb hoeloena." Sawareh aja oge anoe rek ngadjĕdjĕwet atawa njĕdjĕkan, estoe roepa-roepa soesoembarna wadyabalad. Harita aja oerang lĕmboer saoerang hatoer oeninga ka Koempĕni, jen T. Soerawidjaja njoempoet di lĕmboer Waloejoe. Toean Major gantjang ngadawoehan soepaja ngĕpoeng eta lĕmboer; toean Major djeung para boepati sabaladna geus pada sadia pakarang bĕdil djeung toembak, saberesna ti koelon arek tĕroes ka lĕmboer Waloejoe, kabeh lĕmboer noe deukeut ka dinja dikĕpoeng.

Toemĕnggoeng Soerawidjaja geus oeningaeun jen dikĕpoeng koe moesoeh, sakoeriling boengking pinoeh koe pĕrdjoerit; rentjang-rentjang T. Soerawidjaja pada bingoeng ka mana nja loempat; Toemĕnggoeng Soerawidjaja oge manahna nja kitoe, emoetanana tangtoe ajeuna tiwas kasamboet djoerit. Tapi sakitoe bingoeng poharana teh, bakating koe habĕn dipikiran, toengtoengna djol bae akal pisalamĕteun. Rentjangna kabeh dipiwarang ngalaan papakeanana, sina njamoer tjara papakean koeli, ditjalana pokek mawa gotongan, digotong koe djĕlĕma doea poeloeh; papakeanana dipintĕl-pintĕl diteundeun dina gotongan; ti loehoerna ditoempangan tetenong, laleumpang ngaleut ka kidoel. T. Soerawidjaja di hareup djeung rentjangna mawa obor tiloean bari leumpang kakawihan, tĕmbang Asmarandana, Sinom djeung Kinanti, disĕnggakan bari ditabeuhan koe soengoet; teu sigasiga djĕlĕma anoe keur njamoer. Barisan noe beulah kidoel, ko-

kolotna hidji mantri ngaranna Ki Mĕrtasoera; ngadangoe noe tjeutjeuleuweungan katjida ambĕkna, njaoer bari bĕngis: „Areureun heula! Naha sia *tjatjapek teh dioembar teuing*, tjeutjeuleuweungan di tĕngah djalan, naha teu ngadenge gĕgĕbĕr sia djeung teu kadĕleh koe mata sia para gĕgĕden, toean *Major* djeung sarentjangna rek nalikoeng moesoeh, ngasroek ti tadi tatjan kapanggih? Ari sia leumpang ngaliwat barisan bari tjeu*tjeuleuweungan saparat djalan taja reurenhna*, naha tjaheum sia hajang diwĕwĕlan bata atawa hajang digoenting biwir kitoe?"

Soerawidjaja ngadangoe prijaji bĕndoe, teu dipake pikir, toeloej bae sasadoe, saoerna: „Djoeragan, moergi oelah kalaladjĕngan bĕndoe, moegi kagalih abdi noe leutik, kirang pamikir. *Abdi* boeboeroeh *nanggoeng* ti kapatihan bade nganteuran noe keur tata baris; noe mawi tjeutjeuleuweungan teh emoetan tamba toendoeh; kadjabi ti eta reh ngoeping toean Major keur bĕndoe pisan bade nangkĕp Soerawidjaja bade ditalikoeng sarĕng dikabiri, nanging diasroek tatjan kapĕndak; noe mawi *abdi tĕtĕmbangan soepados manahna rada kabĕngbĕrahkeun*."

Ki Mĕrtasoera lĕmpĕr bĕndoena, sarta teu njangka saeutikeutik atjan jen eta teh anoe keur diteangan; ti dinja toeloej bae *ngawalonan bari njĕntak*: „Heueuh! djig atoeh ka ditoeh!"

Anoe njamoer seug leumpang lalaoenan, barang nĕpi ka saloeareun barisan saleuseurian, gotonganana dipitjeun sarta laleumpang gagantjangan; barang braj beurang geus narĕpi ka Goenoeng Widjil.

Toean Major dibedjaan jen Soerawidjaja geus mabal *ti* peuting, bidjil ti lĕmboer, ngakoe anoe koeli ti kapatihan, andjeunna katjida reuwasna, ngahoelĕng sakĕdap teu sasaoeran; tidinja *sasaoeran* ka para boepati: „Astagah, na Soerawidjaja teh anak djoerig atawa intjoe setan kitoeh? mana kabina-bina teuing: dikĕpoeng koe doea *reboe djĕlĕma nĕpi* bisa kaloear kalawan sĕnang, noe ngĕpoeng bingoeng kawas noe weureu gadoeng; keun sia ati-ati, lamoen bounang teh da rek ditjokel bae matana!"

Para boepati *garoemoedjĕng*. *Tidinja* barisan Koempĕni toeloej boedal baralik ka lĕmboer Boerĕng. Sadjalan-djalan anoe diaromangkeun teh taja deui ngan kapĕlitanana Soerawidjaja bae. *Barang nĕpi* ka lĕmboer Boerĕng Adipati Ponorogo hatoeran ka toean Major, jen bieu andjeunna ngadangoe wartos sidik pisan, P. A. Mangkoenĕgara *ngalangkoeng*, ajeuna eureun

di lĕmboer Ngĕpringan, djaoehna ti dinja, kira-kira tiloe kali eureun moen leumpang mah.

Toean Major harita keneh miwarang ngoempoelkeun pradjoerit koeda djeung balad badarat, kira-kira doea reboe; geus karoempoel djoeng indit gagantjangan; toean Major manahna geus garĕgĕteun pisan. Major-major noe sedjen djeung para boepati bakating koe hajang boeroe-boeroe datang patarik-tarik ngaloempatkeun koedana, datang ka Ngĕpringan geus soeroep panonpoë. P. A. Mangkoenĕgara manahna teu ngintĕn Koempĕni rek datang harita, abdi-abdina akeur beberes tĕmpat sare, P. A. Mangkoenĕgara tas ti leuweung njalira. Toean Major toenggang koeda diiring koe toedjoehan ningali P. A. Mangkoenĕgara angkat njalira, toeloej bae dipestol tapi njalahan; P. A. Mangkoenĕgara kaget, bari roempoe-rampa kana pakarang, tapi harita teu njandak nanaon. Teu lila kadangoeëun sora tamboer djeung bĕdil sada borondong, balad mantjanĕgara soerak ajeuh-ajeuhan. Balad Pangeran Mangkoenĕgara barĕng ngalawan. Koempĕni loba noe laloempatan njaroempoet, pĕrang harita rame pisan, para istri teu poegoeh polah laloempat sakaboelang-bentor ka mana bae asal hiroep; anoe tjeurik tingdjarĕrit; P. A. Mangkoenĕgara bade naradjang kana barisan moesoeh, tapi pada ngadjaga koe abdi-abdina; koe sabab eta toeloej ngĕdjat. Ti toekang ditoeroegtoeg koe bĕdil bari dioedag, tapi teu kabĕrik sabab harita datang hoedjan angin djeung laboeroe peuting. Balad Koempĕni areureun bari ngadjarah patilasanana P. A. Mangkoenĕgara; P. A. Mangkoenĕgara diasroek diteangan ka leuweung-leuweung tapi wĕleh teu kapĕndak.

Katjaritakeun ngĕdjatna P. A. Mangkoenĕgara harita soesoeloempoetan mapaj-mapaj gawir djeung rentjangna saoerang; nĕpi ka tĕngah leuweung tĕpang sarĕng Toemĕnggoeng Koedanawarsa ngiring sĕlir Kangdjĕng Pangeran noe djĕnĕngan Mas Ajoe Patah Ati tea, bari ngakod poetrana, Raden Ajoe Sombrong; harita poëk mongkleng boeta radjin, katambah koe hoedjan ngaririntjik, teu lila tĕpang deui djeung ejangna Raden Ajoe Sanawati diiring koe rentjangna doeaan. K. P. A. Mangkoenĕgara lalampahanana katjida sangsarana, ngambah salĕbĕting leuweung loewang-liwoeng, poetrina anoe diakod taja reureuhna nangis hojongeun toeang, koe iboena, ngarah oelah nangis teuing, dipaparin tjaoe noe kapĕndak ti leuweung, ari para sĕpoeh tamba langlajeuseun noeangan bongborosan; lila-lila ab-

di-abdina loba noe kapĕndak taroempak koeda, kira aja gĕnĕp poeloeh, dikapalaan koe T. Soerawidjaja. P. A. Mangkoenĕgara sapoetra-garwana djeung balad-baladna kabeh, liren ngarĕrĕb di leuweung Siroeng, tatjan wani kaloear, maloem Koempĕni ngasroek keneh. Istri-istri dina waktoe liren pada mareuseulan bari rambaj tjipanon. P. A. Mangkoenĕgara ningali ejangna, bangĕt nalangsana, lantaran sakitoe balangsakna. Di dinja P. A. Mangkoenĕgara ngandika ka T. Koedanawarsa djeung T. Soerawidjaja jen hojong ngareureuhkeun heula palaj di goenoeng anoe singkoer noe sakira moal kaasroek koe moesoeh. Doea Toemĕnggoeng sami ngarĕmpagan; ti dinja toeloej arangkat madjoe ngidoel-ngetan nĕpi ka lĕmboer Lintjipidĕksa; *nĕpangan sipat ramana* sakeudeung, Soeltan Dandoeng Martengsari, soegan kĕrsaeun bade diadjak ngahidji sarĕng P. Mangkoeboemi, tapi ramana teu kĕrsaeun; koe sabab eta P. A. Mangkoenĕgara angkat deui ka wetan, nja nĕpi ka leuweung Tĕmbara, toeloej ngarĕrĕb di dinja meunang sawatara poë. Barang P. A. Mangkoenĕgara keur raos-raos linggih, bari ngaraoetan tamiang pisoelingeun, doemadakan djol aja noe njampeurkeun bari haroehah-harehoh, oendjoekan jen Koempĕni geus ngalingkoeng ngĕpoeng barisanana Soeltan Dandoengmartengsari di lĕmboer Pidĕksa, baladna geus kaboer ka mana-mĕndi, taksiran ĕngke sanggeusna ti ditoe toeloej ka dieu.

P. A. Mangkoenĕgara barang ngadangoe noe oendjoekan kitoe, teu *kintĕn kagetna, ladjĕng ngadĕg, tamiang pisoelingeun* tea dipitjeun (*), ladjĕng boedal ti dinja sabaladna madjoe ka kaler-wetan nĕpi ka leuweung Mĕndoengan, eureunna di dinja meunang sawatara poë; barang ngadangoe wartos jen Koempĕni ngasroek keneh di Sĕmboejan, P. A. Mangkoenĕgara mios deui arek ka Kĕdoeang, lampahna madjoe ka kaler, oenggah ka Goenoeng Toelakan, toeroen deui nĕpi ka lĕmboer Djadjar; barang soemping ka sisi waloengan noe deukeut lĕmboer Dalipih liren, sabab tjaina eta waloengan tjaah toeroeg-toeroeg teu aja tjoekang. P. A. Mangkoenĕgara bingoeng manahna, sasaoeran lĕbĕting batos: „Na koemaha ieuh, timana nja meuntas sabab tangtoe di hilir di girang oge tjaah; saoepama aing balik deui

(*) Eta tamiang ajeuna djadi leuweung *awi, radjeun sok aja awina noe bĕlang* hedjo djeung koneng, lamoen ditilas saroeas atawa doea roeas, di djĕrona sok aja hoorangan, noe matak ajeuna eta leuweung katĕlabna Bĕlang-soeling bawahan kamantren Tirtamaja.

ka mana nja njoempoet, da taja deui panjoempoetan teh kadjaba ti di Kĕdoeang."

P. A. Mangkoenĕgara matak hawatos pisan, ngahoelĕng ngamanahan pidjalaneun meuntas; doemadakan pitoeloenging Pangeran, anoe wĕlas asih ka abdina, keur Kangdjĕng Pangeran hoelĕng-djĕntoel teh oedjoeg-oedjoeg broeg bae aja kiara roentoeh motong waloengan pisan, tjongona peuntas wetan poehoena peuntas koelon, tidinja P. A. Mangkoenĕgara sabaladna toeloej njoekang kana eta kai (*), tèroes angkat ka kalerwetan ngaboedjĕng ka Kĕdoeang; tapi barang soemping ka pagoenoengan di leuweung kasaroeng, P. A. Mangkoenĕgara sabaladna koekoerilingan tĕngah leuweung, lila-lila bisa deui kaloear. Eta leuweung noe ngabingoengkeun tea dingaranan „Wana Kemĕngan", hartina leuweung anoe ngabingoengkeun; ari leuweung tĕmpatna kaloear tea, koe Kangdjĕng Pangeran dingaranan „Wana Kelingan", hartina leuweung anoe ngingĕtan.

Sanggeus kaloear tina eta leuweung, P. A. Mangkoenĕgara toeloej nĕroeskeun lalampahanana, soesoeloempoetan mipir-mipir soekoe goenoeng sisi gawir, barang oenggah beh mĕndak tĕmpat anoe raos pisan, angin ti loehoer karaos tiis ngahiliwir, oepama ningali ka handap bisa tĕrang kabeh, sapĕrti ka: Nglaroh, Sĕmboejan, djeung Kĕdoeang katingal awas, djadi oepama aja moesoeh nadjan tiloe pal deui oge geus tembong; P. A. Mangkoenĕgara djeung abdi-abdina kabeh rarĕsĕpeun pisan kana eta tĕmpat, koe sabab eta, lalinggihna di dinja nĕpi ka taoenan, malah koengsi ngadamĕl boemi nanaon, keur para abdina kabeh. (Eta boemi ajeuna aja keneh sok dipake djarah, ajana kalereun Wana Girimarta, dingaranan lĕmboer „Boebakan"; waktoe di dinja leuweung keneh, keur leuweungna dihoeroe, eta boemi teu daekeun kadoeroek).

Katjaritakeun salamina aja di leuweung, P. A. Mangkoenĕgara djeung sapangiringna, anoe ditaroeang ngan bongborosan dangdaoenan bae djeung sararena salawasna dikoerangan. Barang geus lila ngasona, toeloej djĕngkar deui ka kaler djeung wadyabalana rek ngaboedjĕng ka ramana di Soekawati, tapi teu babarèngan; baladna noe kana koeda dipiwarang misah, ari P. A.

(*) Nĕpi ka ajeuna tjatangna malang keneh bae, ajana di lĕmboer Kĕdoengkirik (Waloesigar), bawah kamantrenan Tirtamaja; ajeuna oge sok diparake njoekang oepama tjaina keur tjaah.

Mangkoenĕgara djeung ejangna katoet sapoetra-garwana sarta abdi-abdina awewe-lalaki kitoe deui T. Koedanawarsa djeung T. Soerawidjaja badarat bae bari njamoer, toeroen goenoeng oenggah goenoeng mapaj-mapaj sisi gawir ngilari djalan anoe rada rata. Barang nĕpi ka soekoe goenoeng sadaja areureun, lampahna teu dikĕbatkeun, sabab ngadangoe wartos Koempĕni ngasroek keneh, djadi di dinja P. A. Mangkoenĕgara rek njoempoet ka leuweung Tlaba; eta leuweung tanahna anoe beulah kentja handap, di tĕngah-tĕngah eta leuweung aja waloenganana. Di dinja P. A. Mangkoenĕgara damĕlna taja deui ngan tirakat, beurang-peuting teu kĕrsa toeang teu kĕrsa koelĕm; ti peuting tjalik dina batoe sisi waloengan, nĕnĕda ka Noe Mahasoetji, moega-moega dipaparin padang ati; koe bangĕtna nĕnĕda, meunang toedjoeh peuting P. A. Mangkoenĕgara meunang ilapat jen andjeunna koedoe noeloejkeun pĕrdjalanana ka kaler-wetan, di dinja bakal manggih bongbolong.

P. A. Mangkoenĕgara ladjĕng ngadawoehan ka abdi-abdina, jeng koedoe marangkat noeloejkeun lalampahanana; koe sabab harita geus sawatara poë teu toeang teu leueut, P. A. Mangkoenĕgara hojong ngaleueut tjai doewĕgan, tidinja T. Koedanawarsa miwarang neangan ka lĕmboer noe deukeut ka dinja, kabĕnĕran meunang doewĕgan hedjo, toeloej disanggakeun. Koe P. A. Mangkoenĕgara dileueut katjida ni'matna; sanggeus seep tjangkangna ditjakopkeun deui dibeungkeut, saoer P. A. Mangkoenĕgara: „Lamoen maksoed aing kadjadian, ieu tjangkang doewĕgan noe dipĕlak di dieu sing djadi." (*) Sanggeus sasaoeran kitoe toeloej boedal deui noeloejkeun lalampahanana.

Malikan deui tjarita toean major djeung para boepati, ngoebĕk neangan P. A. Mangkoenĕgara, wĕleh teu kapanggih; ti dinja toean major ngembarkeun ka oerang lĕmboer, saha-saha noe bisa nangkĕp P. A. Mangkoenĕgara, rek dipaparin pangkat Mantri sarta dipaparin doeit lima ratoes real. Eta dawoehan geus disiratkeun ka mana-mana.

Kotjap P. A. Mangkoenĕgara djeung rentjangna toedjoehan lĕbĕt ka lĕmboer Anggabajan; oerang lĕmboer dinja geus boga panjangka, jen eta noe keur angkat teh P. A. Mangkoenĕgara;

(*) Lantaran mandjoerna saoer, eta pĕlak tjangkang doewĕgan teh djadi, ajana lĕmboer Tjagalĕdog, bawahan kamantren Goenoeng Djoemapala, tapi heran pisan boeahna hedjo belang koneng, tjara paria ngora, nĕpi ka kiwari aja keneh diparake pangdjarahan koe para santana.



Kalau dilihat dipeta Boemi sadja, maka ta' akan disangka orang sebagoes, seramai dan sebesar ini Balikpapan, (Borneo) jang masjhoer sebagai pelaboehan tempat memoeat minjak B. P. M. dan



oenggoeh hébat roepanja asap jang dikepoelkan oléh goenoeng Aisepoe
ni, jaïtoe kawah dari goenoeng Sopoetan di Manado. Goenoeng itoe kera
ali meletoes. Moela-moela dalam tahoen 1906, kemoedian pada boelan
ovember tahoen 1923; letoesan ini amat hébat. Kemoedian sekali mela
oes dalam tahoen 1924. Gambar ini meloekiskan letoesan dalam boelan
Januari 1924 itoe.

koe sabab eta toeloej bae gĕndongan. P. A. Mangkoenĕgara teu oeningaeun jen aja gĕndongan rek ngĕpoeng andjeunna; sora kohkol djeung lisoeng ngagoeroeh lir aja samagaha bae, djĕlĕma-djĕlĕma saringkil bari ngomong pada batoerna: „Nja eta, nja eta P. A. Mangkoenagara teh, hajoh geura tewak, hajoh geura tewak, lamoen bisa katewak bakal meunang gandjaran doeit lima ratoes real."

Eta omongan oerang lĕmboer kitoe teh kadangoe koe P. A. Mangkoenĕgara, toeloej andjeunna ngeusian pestolna soemĕdja laboeh pati. Oerang lĕmboer beuki rame, tingharaok bari moetoe marawa: kĕris, pĕdang, toembak, linggis paneunggeul dj.s.t. Anoe djadi kapalana: bĕkĕl, panatoes djeung panglawe, pada aja di hareup bari ngaromong: „Hajoh, hajoh, kĕpoeng, oelah nĕpi ka mabal!"

Rentjang P. A. Mangkoenĕgara oelatna pias, geus katjipta tangtoe bakal tiwas. Barang oerang lĕmboer geus dareukeut ka Pangeran Dipati, ladjĕng dibĕkasan pestolna; kakara oge dibĕkas sakali, oerang lĕmboer geus kaboer laloempatan, taja saoerang noe wani ngadeukeutan deui. Geus kitoe kĕrsaning Jang Agoeng, teu lila gĕr hoedjan angin gĕdĕ pisan, oerang lĕmboer noe rek narewak tea ngadaregdeg tarisiseun toeloej baralik deui ka salĕmboer-lĕmboerna; ari P. A. Mangkoenĕgara ngaladjĕngkeun deui lalampahanana, lastari teu aja halangan-haroengan deui di djalan.

Waktoe harita eta lampahna P. A. Mangkoenĕgara noedjoe ka kaler, di lĕmboer Droedjoe (Matĕsih) ejangna djeung sapoetragarwana dititipkeun di dinja, ari Kangdjĕng Pangeran sarentjangna anoe toedjoehan tea, kĕbat rek ngilari bongbolongan manah; barang soemping ka lĕmboer Samakaton, Kangdjĕng Pangeran manahna mĕndak wĕwĕnga, iantaran ningali kaajaan lĕmboer di dinja, palataranana hade, imah-imahna bareres rarĕsik, tjai tjoertjor, hawana tiis; di dinja P. A. Mangkoenĕgara ningali noe keur nalian pagĕr pakarangan, toeloej bae dipariksa: „Kang, boemi saha ieu teh."

Wangsoel noe dipariksa: „Boemi Adjar Adisana sarĕng raina Adjar Adirasa."

P. A. Mangkoenĕgara mindĕl sakĕdap teu sasaoeran, lĕbĕting manahna: „Naha ieu kitoeh noe baris mararin pitoedoeh teh?"

Djĕlĕma noe dipariksa teh matoer deui: „Djoegagan, manawi

gamparan bade ngadeuheus mah mangga koe abdi didjadjapkeun."

Wangsoel P. A. Mangkoeněgara: „Oepama Kiai Adjar aja linggih mah, hajang pisan."

Gantjangna P. A. Mangkoeněgara ladjěng ngadeuheus ka Kiai Adjar; sasoempingna koe Kiai dibageakeun toeloej dilinggihkeun, tidinja sor disoegoehan kadaharan di lěmboer saaja-aja. Barang P. A. Mangkoeněgara geus rada reureuh, toeloej njarios hal lalampahanana anoe geus didjalanan, ti mimiti něpi ka tamatna, katjida nandang lara balangsakna, noe matak něpi ka dieu, taja deui lamoen kaindinan, rek goegoeroe ka Kiai, menta pitoeloeng moega-moega kěrsa maparin pitoedoeh anoe hade. djeung andjeunanana djangdji rek ngalampahkeun naon bae piwaranganana, moal rek dipoengpang.

Sang Pandita barang ngadangoe saoer P. A. Manggoeněgara kitoe, katjida wělaseunana, ladjěng bae njanggoepan sakoemaha pamoendoet Kangdjěng Pangeran tea, saoerna: „Agan! ajeuna Agan keur sangsara, moegi oelah djadi rěngat galih, samemehna aki bade njarios heula saeutik, etang-etang keur piwoelang. Noe mawi Agan pěrang doegi ka němahan apěs, sarta balad něpi ka rěsak, eta bidjilna taja sanes kadjabi ti Agan kagoengan manah oedjoeb ria sarěng kibir, atanapi kagoengan ngagoengkeun salira, djalaran aja andělan leuwihing boedi sarta poendjoeling kasantikan pěpěrangan, doemeh kagoengan raos sagala parantos pěpěk toer mandragoena soera sakti, ngědirkeun adji djaja kawidjajan; eta anoe kitoe tetela djělěma anoe kalampoed hatena, lali jen asor-oenggoeling djoerit teh goemantoeng ka Anoe Kawasa.

Agan kirang awas sarěng waspaos kalawan kawěningan, ngan ngoeroetkeun napsoe amarah woengkoel, doegi ka kadjadian ngangkěn djadi radja, nja eta waktos Agan djoedjoeloek Kangdjěng Soeltan Adiprakosa; eta anoe kitoe teh sajaktosna matak kaliroe lampah, margi ari wahjoe noerboeat mah teu kenging diilari kalawan gampil, hartosna teu kenging diilari koe lalampahan anoe teuběněr atanapi ngědirkeun kagagahan pěrang. Euh, Agan, sakoemaha kagagahanana djělěma noe ngalampahkeun moeroegoel, eta ngan sakědap djajana, margi eta teh kalěbět pěrkawis lahir, wěkasan tangtos kasěsěr kasoran. Agan, moegi pihatoer aki diemoetkeun, papatjoean oelah noeroetan lalampahan toeang rama Kangdjěng Soeltan Dandoeng Marteng Sari, ba-

waning hojong tereh djadi radja měrloekeun heula kagoengan garwa doegi ka toedjoeh poeloeh, ari mantri kakara kagoengan salawe, loba garwa manan mantri, eta teu pantěs kabina-bina, ngan ngadjoedjoer napsoe woengkoel, tjitjiren koerang boedi, ahirna tiwas tanpa hasil, noe woengkoel njiksa badan sorangan, toengtoengna diseungseurikeun koe batoer. Koe margi eta Agan masing awas, sarěng emoet jen anoe goemělar mah kagadoehna ngan apěs; kědah noelad lalampahan ejang, sosotjaning boemi, Kangdjěng Paněmbahan Senapati Mataram, nalika nirakatan wahjoe karaton, siang-daloe teu pěgat-pěgat moedjasmedi, tansah měmpěn soemimpěn ingasamoen, sangět mantěpna kana tjipta, anoe dipělěng ngan daradjat salira goeloeng dihidjikeun lahir-batinna, napsoening panggalih dikěrěm koe santosan tekad anoe dipělěng ngan djatina kadjaten; koe bangět-bangěting tjipta nja toengtoengna datang alamat, roepana sapěrtos bentang, ragrag pajoeneunana, bari njowara ngabedjaan jen parantos kawidian ngaděg radja, parandene kitoe, ejang tatjan keneh kěrsa liren tapa, sarta tatjan soemědja mangoen kawibawan nadjan waktos harita wadyabalana parantos seueur, masih keneh bae paměsoening boedi, hojong ngoempoelkeun saniskara elmoe anoe linoehoeng. Koe tina wěninging panjipta něpi ka katoeroenan deui wahjoening ratoe, Kangdjěng Paněmbahan raraosanana parantos mangkoe alam sadaja, sirna pangraos salirana lahir-batin, tjampoer awor djadi hidji sarěng sadjatining noer; koe margi eta ladjěng lesot tina sadaja roeroewěding batos, nja eta moesoeh noe aja salěběting salira, sadaja karingkoes teu bisa měta; tjara djaman baheula Pangeran Ardjoena, anoe prawira taja pakewoeh, toer parantos kawěntar wawanenna sarta parantos ngagěm saniskara kasantikan pěrang, parandene kitoe tiasa ngaběndoeng napsoe, sakoer anoe disědja dipoedja-poedja heula, oepami parantos wěning pangilěngna, němbe di dinja madjěng joeda, anoe mawi tiasa němpoeh moesoeh nadjan sakoemaha saktina, něpi ka mashoer sadjagat boeana, tětěp djadi kontjaraning djagat raja, toeroenananana sadaja djoeměněng ratoe di tanah Djawa, těrah-toeměrah doegi ka ajeuna. Doepi ajeuna noe kenging oge disěbatkeun parantos di loehoer, moeng toeang rama K. P. Mangkoeboemi anoe ngaděg masanggrahan di Soekawati, tingkah polahna meh sapěrtos ejang bae Paněmbahan Senapati Mataram anoe kasěbat tadi, teu kěndat ngawaspadakeun salira ngoelik boedi ngaos kasampoernaning kawěroeh sadjati, wě-

kasan kasinoengan paham teu samar kana poerwa madyaning lalampahan doegi ka wĕkasanana madjĕng koe tina parantos waspadaning panggalih. *Eta anoe kitoe teh parantos kenging disĕbatkeun* manoesa pinoendjoel kalawis nadjan wadyabaladna parantos seueur sarta parantos teu kewoehan kana dĕrna pĕrang, sarta geus iasa naloekkeun mantjanagara; parandene kitoe tatjan kĕrsa madĕg radja. Naon margina? Taja sanes koe margi parantos oeninga jen tatjan mangsana; koe margi eta pihatoer aki moegi ajeuna Agan oelah kasĕngsrĕm koe kaprawiran, atanapi kasantikan, margi ari elmoe lahir teh sok djadi ngalobakeun kibir, ana kapĕrĕgo matak tidjalikeuh. Ajeuna mah langkoeng sae tatapa bae heula, nĕgĕskeun kĕrsana *Pangeran* anoe langkoeng kawasa, pĕlĕng sing mantĕp eta Sang Moerbeng Djagat, soepados djadi waspada wĕkasanana, sarĕng iasa ngagĕm kamanoesan ti keur gĕlarna doegi ka teu ajana; oepami tĕmĕn kalajan santosaning tekad, tangtos iasa noenggal dina kadjatian, nambahan papadang kana kaajaan gaib, nja tandaning parantos ngahidji dina sadjatining paningal; nanging oepami parantos djadi hidji, ladjĕng dipisah djadi doea, nja eta kawoela kalawan Goesti. Oepami parantos iasa ngahidjikeun lampah lahir sarĕng lampah batin, eta ngaran djalma oetama, margi parantos iasa mangkon sawĕwĕngkonna, wĕkasan naon satjiptana tinĕkanan, tjeuk babasan tea mah: djadi tjiptana, aja sasĕdjana, datang sakahajangna; nadjan pĕrang ngoerilingan boemi moesoeh mangrewoe-rewoe, oepami parantos mantĕp sarĕng pasrah pĕrtjaja ka Jang Soekma, tangtos djadi tĕgoeh timboel tan pamagoeroe kadjadianana saajana gagaman moal teurak kana salira. Agan! dangoekeun, sajaktosna manoesa teh ngan darma ngalampahkeun kĕrsana Pangeran, dĕmi apĕs oenggoeling pĕrang eta aja di manoesa, djadi dimana keur apĕs oelah aral, kitoe deui moen keur oenggoel oelah kamagoengan, kĕdah diagĕngkeun tarima, sabar sarĕng soekoer, koe margi eta Agan kĕdah prijatna, sing aja wiwaha dina lalampahan, margi manoesa noe bade kasinoengan daradjat kaloehoeran, eta ageung pisan tjotjobana; nanging oepami tĕtĕp mantĕp hĕnteu kagoengan hate waswas soemĕlang, nja eta noe bakal karagragan kawirjawan anoe linoehoeng, djadi salamina kĕdah emoet, minangka panĕboesna lara sarĕng pati. Ajeuna Agan mangga geura mĕsoeh salira tatapa brata heula, ngareureuhkeun bari ngoelik boedi kana kaloehoeran; oepami parantos tjaang padang tarawangan, aki soemĕdja ngiring

kĕrsa Agan, sarĕng éngke samoelihna ĕntas tatapabrata, Agan kĕdah ngaboedjĕng ka rama bae di Soekawati, margi emoetan teu aja deui noe baris iasa ngamoeljakeun salira, kadjabi ti rama. Kawoewoehan koe paningal aki, wahjoena parantos montjorong bade toeroen."

Sang Pandita ngawĕdjang P. A. Mangkoenĕgara meunang doea peuting. Barang Kangdjĕng Pangeran nampi eta piwoeroek ti Pandita, dadak sakala manahna lĕdjar sarta taja bosĕnna ngaraoskeunana eta piwoeroek tjeuk babasan tea mah: „kadyangganing kĕnja adi ingkang sinĕmbadan dening boesana, mĕwahi sĕnĕng ing goewaja."

Barang P. A. Mangkoenĕgara geus meunang doea peuting ajana di dinja, Kyai Adjar hajang mĕtjak kamantĕpanana Kangdjĕng Pangeran, pihatoerna: „Agan koemaha karaosna koe manah, tjariosan aki teh?"

Wangsoel P. A. Mangkoenĕgara: „Pangesto, sadaja piwoelang aki djadi panglĕdjar hate noe keur liwoeng sarĕng pamĕpĕs napsoe noe moentab."

Pihatoer Sang Pandita: „Atoeh noehoen oepami kitoe mah. Ajeuna kĕdah oeninga, ari anoe keur ngilari wahjoe kaloehoeran mah teu kenging raos-raos bae, kĕdah diteuli koe banting toelang, kĕdah kalawan kalakoean. Koemaha kintĕn-kintĕnna Agan kĕrsa ngalampahkeun piwoeroek aki? Oepami kĕrsa ĕngke koe aki dihatoeranan pitoedoeh."

P. A. Mangkoenĕgara: „Eh aki, mapan abdi parantos djangdji, sĕdja noeroetkeun piwoeroek, tjeuk babasan ĕntong deui kana karahajoean nadjan doegi kana pati tanwande dilakonan."

Wangsoel Sang Pandita: „Soekoer, ari kitoe mah."

Tidinja P. A. Mangkoenĕgara toeloej ditjariosan, jen koedoe tatapa di Goenoeng Mangadĕg, pĕrnahna wetaneun Somokaton, nĕgĕskeun kana kĕrsana Noe Maha Soetji, oelah waka eureun samemeh meunang ilapat anoe sadjati. P. A. Mangkoenĕgara njoemanggaan; harita keneh toeloej pamitan, diiring koe rentjangna doeaan, nja eta T. Koedanawarsa djeung T. Soerawidjaja. Sasoempingna ka soekoe goenoeng, K. Pangeran ningali kadieu-ka ditoe leuweung gĕlĕdĕgan, soeni djeung pararoëk, tatangkalanana galĕde djeung kĕrĕp, djanggotna ting raroembaj, estoe taja pisan djalan anoe lenang, oepami teu rek laboeh pati mah moal kadoega asoep ka dinja; manah P. A. Mangkoenĕgara harita rada mangsar-mangsir, ningali kasoenianana eta

*leuweung; tapi diemoetkeun deui lamoen moelih deui* katjida pisan wirangna, koe lantaran emoet ka dinja djadi lĕpas manahna, *toeloej* bae asoep soesoeloesoepan kana doengoes, kokodjengkangan mapaj akar, naekna ka loehoer goenoeng moentang kana djanggot tatangkalan galĕde.

T. Koedanawarsa djeung T. Soerawidjaja sasambat lĕbĕt manahna, tapi tekad dina manahna soemĕdja bela pati ka doenoengan; koe sabab eta, eta doea Toemĕnggoeng, ĕngke dimana K. Pangeran tinĕkanan pamaksadanana, pĕrloe meunang gandjaran sapantĕsna da sakitoe belana.

Angkatna P. A. Mangkoenĕgara teu eureun-eureun, rentjangna noe doeaan *dipiwarang misah ngilari* tĕmpat *sorangan* anoe nada djaoeh ti tĕmpat P. A. Mangkoenĕgara.

*Katjarita P. A.* Mangkoenĕgara, ĕnggoning mĕsoeh salira di poentjak G. Mangadĕg teu toeang teu leueut, linggih dina batoe tansah moedja sĕmedi, nĕgĕskeun kĕrsana Noe Maha Soetji. Barang geus meunang toedjoeh poë-toedjoeh peuting, aja sora ngagĕlĕgĕr nĕpi ka eundeur, geus kitoe kaganti koe hoedjan angin gĕde pisan, kentja-katoehoëun eta goenoeng katingal poëk mongkleng boeta radjin, pangiring Kangdjĕng Pangeran noe doeaan tea, anoe misah tĕmpat doeanana meh kaboeloesan bawaning koe tiris: tidinja toeloej pindah tĕmpat njaroesoep dina doengoes, ngan P. A. Mangkoenĕgara, *eta mah linggihna tĕtĕp* bae teu robah; lila-lila braj tjaang deui, hoedjan djeung angin eureun; *tidinja katingali* aja aki-aki saoerang njampeurkeun, masihan bandere ngaranna Kiai Doeda djeung tamboer ngaranna Kiai *Slamĕt* (*) ka K. Pangeran anoe keur djongdjon tapakoer mĕlĕngkeun tjipta: koe P. A. Mangkoenĕgara toeloej ditampi, sanggeus ditjandak aki-aki teh moesna leungit tanpa lĕbih ilang tanpa karana.

K. Pangeran toeloej loengsoer ti loehoer goenoeng bari njandak bandera djeung tamboer, soemĕdja rek moelih ka padepokan Kiai Adjar; pangiring anoe doeaan oge geus kapĕndak, toeloej ngiring. Barang doegi ka sisi pakarangan, Sang Pandita mapagkeun, toeloej ngarangkoelan gĕntos-gĕntos, kawas geus

---

(*) Eta tamboer djeung bandera, nĕpi ka ajeuna aja keneh disimpĕn di karaton Mangkoenĕgaran; eta tamboer sok disada oepama rek aja kadjadian naon-naon, oepama disada tjara tangara pĕrang. eta tjitjiren bakal aja pĕrang. lamoen disada kawas lagoe marĕs, tjitjiren bakal aja papaten djeung sadjabana ti eta bangsa karoesoehan.

oeninga kadjadianana eta lalakon. Tidinja P. A. Mangkoenĕgara dipiwarang linggih, sanggeus satata linggih K. Pangeran toeloej sasaoeran njarioskeun kekenginganana ĕnggoning ngalampahan piwarangan Sang Pandita, wĕkasan kenging bandera djeung tamboer.

Sang Pandita ngadangoe saoer P. A. Mangkoenĕgara katjida boengahna, saoerna: „Tah, nja eta noe koe aki diarĕp-arĕp teh, ajeuna parantos sĕdĕng Agan nĕpangan rama di Soekawati, ngiring djadi hidji barisan, ĕngke Agan bakal kenging kaloehoeran ti toeang rama P. Mangkoeboemi, margi wahjoe Agan koe paningal aki parantos njakĕtan."

Pangeran A. Mangkoenĕgara hatoer noehoen, tidinja toeloej pamit sarta geus kawidian.

Katjaritakeun P. A. Mangkoenĕgara angkatna ti Somokaton diiring koe T. Koedanawarsa djeung T. Soerawidjaja sarentjangna toedjoehan, rek ngadeuheus ka ramana di Soekawati; di djalan lĕbah lĕmboer Tĕlatap, ngaraos palaj, ladjĕng liren bari meuseulan sampean; keur tjalik, ningali noe toempak koeda toedjoehan djolna ti kaler, njampeurkeun ka dinja, tapi Pangeran sarentjangna teu oeningaeun ngaranna atawa lĕmboerna. Panjangka rentjang P. A. Mangkoenĕgara mah eta teh rek niat goreng bae, tapi barang geus deukeut bĕt toeloej bae oendjoekan ka P. A. Mangkoenĕgara, pioendjoekna: „Goesti, mangga geura enggal-enggal, boedjĕng rama Goesti P. Adipati Soekawati, margi ajeuna parantos ngadĕg pĕrang di Dĕmak palih kidoel, sarĕng ieu abdi Goesti njanggakeun koeda keur titihan Dampal Goesti sarĕng rentjang-rentjang sadaja."

Harita keneh eta koeda toeloej ditampi koe P. A. Mangkoenĕgara sarentjangna sarta tĕroes boesial. Ari noe ngahatoernan koeda mah, laleumpang bae pandeuri. Barang geus rada djaoeh dilieuk koe P. A. Mangkoenĕgara, bĕt teu aja. Saoer Kangdjĕng Pangeran: „Ka marana djĕlĕma noe tadi teh, nja?"

Pihatoer Toemĕnggoeng Koedanawarsa: „Goesti parantos bae oelah ngemoet-ngemoet djĕlĕma anoe tadi, manawi gaibing Pangeran bae bade noeloeng ka Goesti."

P. A. Mangkoenĕgara angkatna beuki djaoeh, barang nĕpi ka lĕmboer Galagah, liren rek ngadeuheus heula ka garwa-poetrana P. A. Mangkoeboemi. Sanggeus silih bageakeun P. A. Mangkoenĕgara toeloej ngabakti, barang geus sawatara djam toeloej ngaso ka pondok. Lirenna di Galagah meunang tiloe peuting,

tidinja toeloej boedal deui nĕroeskeun lalampahanana ka Soekawati.

Sadjĕngkarna P. A. Mangkoenĕgara, geureuha P. A. Mangkoeboemi ngandika ka noe ngadareuheusan: „Si Oedjang Mangkoenĕgara malak karoenja pisan, lalakonna teu eureun-eureun nandang sangsara, tapi dasar tĕrahing andanawarih *tjahjana teu robah, sigana teh anggoer* tambah wani, moega-moega bae Allah marĕngkeun, eta P. A. Mangkoenĕgara sing bisa ngahidji djeung anak kaoela salah sahidji."

Kotjap lampahna P. A. Mangkoenĕgara geus nĕpi ka Gorobogan, tĕpang djeung A. *Martapoera* (Poegĕr), sanggeus silih bageakeun, A. Martapoera oendjoekan soepaja P. A. Mangkoenegara ngantos bae heula di dinja, sabab 'mo lila oge P. A. Mangkoeboemi soemping. P. A. Mangkoenĕgara noeroetkeun sakoemaha pirĕmpag A. Martapoera; teu *lila djol* P. A. Mangkoeboemi rawoeh ti *Dĕmak* beulah kidoel, toeloej ngaboedjĕng ka lĕmboer Ramoen Gorobogan. P. A. Mangkoenĕgara dideuheuskeun koe A. Martapoera, harita eta doea pangeran geus tĕpang. Sanggeus ngabakti tĕroes njarioskeun kasangsaraanana. Ramana ngadangoe P. A. *Mangkoenĕgara* njarios kitoe, wĕlaseun pisan, *ladjĕng ngandika:*

„Ĕnggeus Oedjang, oelah diingĕt-ingĕt lalakon noe geus kaliwat mah, kawasna geus moal beda djeung lalakon ama, ajeuna mah anggoer oerang pasrah bae ka Noe Agoeng, soegan ĕngke di ahir aja pangampoerana. Ajeuna *maksoed* ama rek ngalĕgaan djadjahan ka Sĕmboejan, maneh dipĕrih oelah sieun tjape wajahna balik deui bae ka ditoe, keun koe ama dianteur, ĕngke di ditoe batoer-batoer maneh anoe njaroempoet koempoelkeun deui djeung hatena koedoe lilipoer."

*Pioendjoek* P. A. Mangkoenĕgara: „Sĕdja diestokeun pisan."

Isoekna P. A. Mangkoeboemi djeung P. A. Mangkoenĕgara toeloej boedal ti Gorobogan diiring koe salaksa tiloe poeloeh pradjoerit, angkatna ka wetan, nĕpi ka lĕmboer Malela wantji soeroep panonpoë, toeloej eureun; *braj beurang arangkat* deui, nĕpi ka *lĕmboer* Kĕdjar poekoel opat, seug ngaso sapeuting; isoekna boedal deui, nĕpi ka lĕmboer Bangsri poekoel sawĕlas beurang, toeloej eureun. Teu lila boeroeboel toedjoeh poeloeh pradjoerit taroempak koedoe njampeurkeun, nja eta rentjang P. A. Mangkoenĕgara tea. Heuleut *doea poë djol deui doea ratoes,* ti dinja *toeloej* pindah masangrahan di lĕmboer Ngĕmplak,

geureuha alit tea katoet poetra-poetrana miwah ejangna ti lëm boer Droedjoe oge geus njaroesoel ka dinja, diiring koe doe ratoes balad toempak koeda.

Katjaritakeun kira-kira meunang lima wëlas poë P. A. Mang koenëgara boedal deui ti Ngëmplak ka lëmboer Plësan, di dinj meunang sapeuting, isoekna noeloeskeun lalampahanana ka ki doel, nëpi ka Sëmboejan geus beurang; tëroes bae masangrahan Barang geus meunang sawatara poë lalana P. A. Mangkoeboem njaoer raina Soeltan Dandoengmangsari, tapi teu kërsaeun saoerna keur teu damang. Koe sabab eta lain deui bëndoen P. A. Mangkoeboemi, tapi teu katoeloeloejan, sabab dipëpër ko P. A. Mangkoenëgara.

Teu sakoemaha lilana masanggrahan di dinja, boedal deui no robos pagoenoengan, nja andjog ka Mataram.

P. Pamot djeung P. Mangkoediningrat anoe njaroempoet d leuweung, barang mirëng kabar jen ramana P. Mangkoeboem aja di dinja, toeloej ngadareuheus, djadi kaajaanana barisan tam bah gëde, masanggrahanana di Mataram teh wetaneun Pasar gëde.

Kotjap sadatangna wadyabalad ti Soekawati, Mataram teh dja di rame. Isoekna P. Mangkoeboemi ngadawoehan, jen rek nëm poeh benteng Soerakarta. P. Pamot didawoehan ngapalaan t beulah kaler, P. A. Mangkoenëgara ti wetan, ari ti kidoel K. G P. A. Mangkoeboemi koe andjeun; gantjangna barang geus pa da deukeut gër bae përang tjampoeh djeung balad Koempëni Lila-lila barisan Soekawati kasësër; Rangga Wirasëntika tato boeah biritna koe pelor. Barisan Soekawati tëroes ngeret ka ki doel-wetan nëpi ka opat poë; di dinja tëpoeng deui djeung bala Koempëni dër deui përang. Barisan P. Pamot djeung P. Mang koediningrat boebar teu koeat, P. A. Mangkoeboemi djeung P A. Mangkoenëgara madjoe ngangsëg, balad Koempëni aja no paeh doea, balad Soekawati ngan tatoe bae saoerang. Tidinja ka ganti koe peuting përangna eureun. Isoekna P. Pamot djeung P. Mangkoediningrat koempoel deui djeung P. Mangkoeboemi djeung P. A. Mangkoenëgara: tidinja barisanana seug dibagi-bagi deui, P. Pamot djeung P. Mangkoediningrat balik ka ki doel ka Sëmboejan, P. A. Mangkoeboemi ka kaler ka Djakawal (Soekawati), ari P. A. Mangkoenëgara ka Goemantar. Ti Sëmët harita nëpi ka aja tëngahna taoen teu pëpërangan, masing-ma sing ngareureunkeun palaj.

Katjarita P. A. Mangkoenĕgara waktoe masanggrahan di Goemantar, mindĕng pisan ngadeuheus ka ramana P. A. Mangkoeboemi di Djakawal, oepama ngadeuheus sok koedoe bae koelĕm nĕpi ka limawĕlas peuting, pĕrloena ngabelaan kasoekaan ngabĕn hajam atawa poejoeh. Kĕrsana P. A. Mangkoeboemi noe matak ngadamĕl kasoekaan kitoe, kadjaba ti keur kalangĕnan, ongkoh keur pitjontoëun kaajaanana pĕrang, hajam djeung poejoeh teh oepama diadoe beunang disĕboet nĕpi ka paehna tara sok daek loempat, oepama koeat keneh mah. P. A. Mangkoenĕgara oge geus sakarĕsĕp djeung ramana, koe sabab eta beuki lila P. A. Mangkoenĕgara beuki tambah bae dipikaasihna. Dina hidji poë K. G. P. A. Mangkoeboemi, djorodjoj bae aja manah hojong moeloeng mantoe ka P. A. Mangkoenĕgara, gantjangna toeloej bae dipariksa, kĕrsa hĕnteuna rek ditikahkeun ka Kangdjĕng Ratoe Agĕng. Pihatoer Pangeran Mangkoenĕgara soemangga; koe sabab eta teu lila deui, gantjang bae ditikahkeun ka Raden Adjĕng Intĕn, nja eta K. Ratoe Agĕng tea, djadi ka saderek sabrajna. Waktoe harita mĕnĕran poë Saptoe tanggal 15 Rajagoeng, taoen Be, tjandra sangkala: sĕmbah sapta rasa sidji = 1672; dina karameanana waktoe nikahkeun teu ditjaritakeun. Barang geus saminggoe P. A. Mangkoenĕgara djeung garwana, pamit rek moelih ka Goemantar, koe ramana geus kawidian.

Kotjap ejangna P. A. Mangkoenĕgara, Raden Ajoe Sĕpoeh ngandika ka poetoena, kĕrsana hojong angkat ka Nglaroh, pĕrloena palajeun tĕpang djeung para santanana. Poetoena ngarĕmpagan. Gantjangna Raden Ajoe Sĕpoeh toeloej angkat nitih tandoe; P. A. Mangkoenĕgara djeung Toemĕnggoeng Koedanawarsa djadjap. Barang angkatna nĕpi ka Sĕnĕng (*) toeloej ngarĕrĕb di dinja, lantaran ejangna ngaraos salirana kirang raos, dĕmi para santana noe aja di Nglaroh kabeh ditimbalan datang ka dinja. Waktoe harita teu damangna Raden Ajoe Sĕpoeh beuki walĕs; tidinja sasaoeran ka poetoena, saoerna: „Lamoen ejang nĕpi ka djangdji dipoendoet koe Noe Kawasa, lajonna palidkeun heula dina rakit, dimana njangsang eta rakit, tah nja di dinja ejang koeboer. Peupeudjeuh Oedjang, eta talatah ejang koedoe diestokeun. Ajeuna santana aing kabeh pek geura njarieun rakit."

(*) Lĕmboer Sĕnĕng teh ajana sisi Kali Sĕnĕng deukeut leuweung Kĕtoe (Wonogiri).

P. A. Mangkoenĕgara ngestokeun pisan kana dawoehan ejangna, harita teu damangna beuki madjoe, nja nĕpi ka adjalna poepoes; lajonna toeloej dipoelasara sakoemaha adat biasa, sanggeus beres ditjandak ka sisi Kali Sĕnĕng, sadatangna ka waloengan toeloej dikana-rakitkeun. P. A. Mangkoenĕgara djeung para santana kana parahoe ngiring, ari noe sedjen aja noe kana rakit djeung aja noe badarat bae toeroet sisi waloengan. Barang nĕpi ka lĕmboer Kĕblokan, eta rakit lajon teh njisi toeloej bae galahna ditantjĕbkeun dipake njangtjang (*), gantjangna toeloej eta lajon dipĕndĕm koe P. A. Mangkoenĕgara di lĕmboer Kĕblokan, (**) rakit oeroet tea oge dikoeboer. Sanggeus rengse toeloej Kangdjĕng Pangeran djeung sakabeh anoe ngiring boedal, moelang deui ka Goemahtar.

Barang geus rada lila P. A. Mangkoenĕgara nampi wartos ti ramana K. P. A. Mangkoeboemi di Soekawati, jen ajeuna balad Koempĕni geus mĕrangan deui di Djatimalang, barisanana katjida gĕdena; koe sabab eta dina poë Sĕnen Lĕgi, P. A. Mangkoenĕgara didawoehan mĕgat ti sakidoeleun nagara, ari P. A. Mangkoeboemi rek nĕmpoeh ti beulah kalerna.

P. A. Mangkoenĕgara barang nampi dawoehan ti ramana kitoe, gantjang bae boedal sabaladna; barang geus meuntas Kali Wingka, tĕpoeng djeung barisan pradjoerit Djawa, anoe ngapalaan T. Djajawikrama djeung T. Soemadilaga, kadjaba ti eta pradjoerit saragĕni, dikapalaan koe T. Mangkoepradja; tidinja toeloej tjampoeh pĕrang. Keur tjampoeh pĕrang djol P. A. Mangkoeboemi nĕmpoeh ti kaler, balad Soerakarta loba noe paeh, T. Mangkoepradja tatoe. Kangdjĕng Sinoehoen Soerakarta ngadawoehan nabeuh bĕnde Kiai Bitjak, tapi teu haroes; eta netelakeun apĕs djoeritna, tidinja ditakol deui, haroes. Sanggeus

---

(*) Ajeuna eta galah djadi awi sadepoer, tapi taja noe panganggoeran ngala, sabab diajana oge noe ngala djoealeun tara pajoe. sakali-kalieun oepama pajoe, ka noe meulina sok aja kadjadian noe koe-ang hade.

(**) Eta pasaroean katjida angkĕrna, oenggal aja prijaji noe tas djarah ti dinja sok koedoe bae manggih pĕrkara atawa dilĕpas tina kapangkatanana; koe sabab eta para prijaji sarieuneun pisan, taja noe wani djarah ka dinja. Ari sababna noe matak kitoe, taksiran bae lantaran dianggo kanggewa koe noe poepoes, pedah poetrana Pangeran Mangkoenĕgara anoe diboeang, satĕmĕn tĕmĕnna eta noe koedoe ngaganti djoemĕnĕng Sinoehoen, kari-kari diboeang teu karana dosa; awahing koe katjida bĕndoena, tĕmahna ngajakeun kaawonan ka sakabeh prijaji. Koe sabab eta ajeuna djadi pangeling-ngeling, patjoean oelah sok nganjĕnjĕri ka sasama biroep.

eta bĕnde disada, teu *lila barisan Soekawati* moendoer, P. A. Mangkoenĕgara moendoer ka Goemantar.

*Katjaritakeun* P. A. Mangkoenĕgara sanggeus ngarĕrĕb meunang opat peuting di Goemantar toeloej boedal deui sabaladna ka Soerakarta, nĕpi ka nagara di dinja ngahoeroe imah-imah, ti dinja toeloej ka kidoel makoewon di lĕmboer Baki, Serenan djeung ka Djatisari, teu sabaraha lilana moelih deui ka Goemantar sabaladna.

Samoendoerna barisan P. A. Mangkoenĕgara, balad Koempĕni sigana teh katjida arambĕkeunana, toeloej diroeroeg ka Serenan, tapi nĕpi ka Serenan geus euweuh, tjeuk oerang dinja geus pindah ka Djatisari; balad Koempĕni harita keneh tĕroes moeroe ka dinja, tapi poos deui bae; tjeuk oerang dinja geus moendoer ka Goemantar sarta rea anoe oendjoekan dileuwihan, magarkeun waktoe aja di Djatisari katjida sakawĕnang-wĕnangna ka oerang lĕmboer; koe sabab *eta koedoe gantjang boeroe meungpeung* tatjan lila. Koempĕni toeloej boebar moeroe ka Goematar.

Kotjap *P. A. Mangkoenĕgara harita geus ngadangoe wartos,* jen balad Koempĕni rek nĕmpoeh ka dinja; manahna katjida bingoengna, ari *sababna lantaran garwana* keur teu *damang.* Tidinja toeloej ngadawoehan miwarang nganteurkeun garwana ka *Madjarata; gantjangna geus* mangkat. Ari P. A. Mangkoenĕgara sasadiaan kalawan goegoep, geus samakta toeloej mangkat, toenggang koeda ngaran Kiai Andaroe, diiring koe rentjangna limaan djeung sawatara pradjoerit; sabab noe rea harita keur areuweuh tina taja pangira doenoenganana bakal kadatangan moesoeh.

Barang Koempĕni datang, P. A. Mangkoenĕgara djeung pangiringna naradjang ka moesoeh, tapi pangiringna teu koeat, kalaboer, P. A. Mangkoenĕgara kantoen njalira. Koemĕndan Sĕkebĕr arek ngarontok K. Pangeran, maksoedna rek newak, bari ngomong: „Ajeuna aing bisa mangmalĕskeun oerang Djatisari, anoe geus dikaja-kaja."

P. A. Mangkoenĕgara njingtjĕt tapi kasĕdĕkkeun, toeloej bae moedoen kana djoerang, *koedana roeboeh, lantaran* katoebroek koe koeda noe sedjen. K. Pangeran nĕpi ka geubis tidjoempalik *tiloe kali, ti loehoer dihantĕm dibĕdilan.* P. A. Mangkoenĕgara katjida bĕndoena, toeloej njaboet wangkinganana rek ngajonan *Koemĕndan Sĕkebĕr.* Bawaning koe goegoep djeung kadjoeroeng koe napsoe, njaboet eta doehoeng teh njĕrĕmpĕd, keuna

kana kĕning anoe tĕngĕn nĕpi ka tatoe, gĕtihna njaktjlakan kana harigoe. Toean Sĕkebĕr barang ningali Kangdjĕng Pangeran sakitoe matak gilana, manahna sĕber toeloej bae loempat, baladna oge ngalatjir laloempatan. P. A. Mangkoenĕgara ngalĕbĕtkeun deui doehoengna, sarta nandjak deui ka tonggoh, ari rentjangna noe araja keneh dipiwarang ngadaragoan bae di handap. Sasoempingna ka loehoer tĕpang djeung ponggawana ngaran Djajapramea, toempak koeda, tidinja koedana toeloej disanggakeun ka Kangdjĕng Pangeran. Sanggeus Kangdjĕng Pangeran toenggang koeda toeloej angkat ka wetan, teu lila tĕpang djeung T. Koedanawarsa rentjangna tiloe poeloeh pradjoerit taroempak koeda; barang mengkol ka kaler gok tĕpang djeung garwa-poetra. P. A. Mangkoenĕgara tiis manahna, tidinja ngarĕrĕb di Matĕsih sapeuting, isoekna toeloej boedal ka kaler nĕpi ka lĕmboer Nglablak tĕpang djeung lima ratoes pradjoerit ti Djakawal anoe rek ngabantoe, kabeh taroempak koeda, sabab waktoe harita ramana, P. A. Mangkoeboemi, geus diwartosan jen poetrana kakĕpoeng koe Koempĕni di Matĕsih. Eta pradjoerit pangbantoe tea didawoehan nganteurkeun garwana moelih ka Djakawal, gantjangna geus mangkat. Ari P. A. Mangkoenĕgara soemĕdja moelih ka kidoel, rek nĕmpoeh lĕmboer Djatisari, sabab oerang dinja noe ngabedjaan ka Koempĕni soepaja nĕmpoeh ka Matĕsih. P. A. Mangkoenĕgara toeloej boedal, diiring koe T. Koedanawarsa, Rangga Wirasĕntika djeung pradjoerit tiloe ratoes; sadatangna ka Djatisari toeloej nangkĕp djĕlĕma limaan sarta beuheungna diteukteuk, sirahna dipantjir ditantjĕbkeun di tĕngah aloen-aloen, ari awewe-awewena kabeh dibojong, pangabogana dirajah, imahna dihoeroe, nĕpi ka eta lĕmboer toempoer djadi lĕboe, djĕlĕma-djĕlĕmana noe hariroep keneh taraloek sarta dibawa ka Goemantar saradjakajana, anoe doea pĕrtiloe dikirimkeun ka Djakawal, noe sapĕrtiloena koe P. A. Mangkoenĕgara koe andjeun; satĕroesna di lĕmboer Djatisari diajaan prijaji ngaran Rangga Sĕtjadirdja, ngĕreh ti sĕmĕt lĕmboer Tjoeroeg, Paloer nĕpi ka Atjoengan. Djadi djadjahan noe asoep ka Soerakarta kari saeutik pisan.

Kotjap P. A. Mangkoeboemi noe aja di Djakawal, waktoe harita ngintoenan sĕrat ka poetrana P. A. Mangkoenĕgara, oenina ngabedjaan jen andjeunna geus ngalih, masanggrahan di lĕmboer Soembĕran sarta poetrana disaoer. P. A. Mangkoenĕgara geus ngadeuheus ka ramana, toeloej didawoehan koedoe

ngaroeroeg ka Mataram sarta diwĕdjang pĕtana ngaroeroegna, sanggeus tamat dawoehanana, P. A. Mangkoenĕgara toeloej boedal djeung P. A. Mangkoediningrat, ngarĕrĕb di lĕmboer Moetian; ti dinja ngoetoes mawa soerat ka T. Djajawinata anoe ngadjaga di Mataram, oenina dipiwarang koe P. A. Mangkoeboemi mariksakeun naha T. Djajawinata teh tĕmĕn soemoedjoedna ka ramana P. A. Mangkoeboemi? oepama tĕmĕn, naha sanggoep diadoekeun djeung Koempĕni? ari noe bakal ngapalaan P. A. Mangkoenĕgara koe andjeun.

T. Djajawinata satampana eta soerat toeloej ngadamĕl walonan, noe mawana papatihna, Ngabehi Poespawidjaja, barĕng djeung oetoesan P. A. Mangkoenĕgara. Barang datang ka Moetian soerat toeloej disanggakeun ka P. A. Mangkoenĕgara, koe Pangeran Adipati diboeka sarta diaos, oenina: *njanggakeun tawis soengkĕm*, nja eta pakarang doea roepa, koeda hidji doeit doea ratoes roepia, boeloedroe woengoe djeung boeloedroe hideung.

P. A. Mangkoenĕgara katjida soeka manahna, toeloej ngandika ka Ng. Poespawidjaja, jen T. Djajawinata diantos-antos pisan soempingna sakalian djeung T. Soerjanagara. Ng. Poespawidjaja *hatoer soemangga*, toeloej pamit moendoer. Gantjangna geus kawidian. Sadatangna ka Mataram toeloej oendjoekan sakoemaha dawoehan tadi. T. Djajawinata toeloej boedal djeung T. Soerjanĕgara; nĕpi ka Moetian toeloej ngadeuheus ka P. A. Mangkoenĕgara. Di Moetian teu sabaraha lilana, sanggeusna badami toeloej bae boedal sabaladna, barang nĕpi ka Mataram masanggrahan di Baloewarti.

Barang P. A. Mangkoenĕgara geus meunang doea poë di Mataram, andjeunna kenging katĕrangnan ti Mantri Ngadjĕng, jen toean Sĕkebĕr arek nĕmpoeh.

Sanggeus aja katĕrangan kitoe T. Djajawinata oendjoekan ka P. A. Mangkoenĕgara, pioendjoekna *leuwih hade papag* bae piheulaan. K. Pangeran geus ngarĕmpagan, tidinja toeloej boedal sabaladna; nĕpi ka lĕmboer Baranan baladna dibagi opat: *goendoekan* kaler, wetan, kidoel djeung koelon. Harita geus tembong moesoeh mapaj djalan gĕde, anoe djadi kapalana T. Wiradigda, T. Radjaniti, T. Kartadipa, T. Natajoeda djeung T. Wiragoena, anoe ngaping ti toekang Major Por djeung oesar saratoes, ditambahan *balad Boegis, Makasar, Soembawa* djeung Bali. Anoe pangtoekangna barisan draagonder saratoes

anoe ngapalaan toean Sĕkebĕr; nĕpi ka lĕmboer Babadan tĕroes pĕrang tjampoeh rame pisan. Balad Soerakarta ngambrĕg koe bedil, balad Mataram barĕng madjoe, meulit ka kentja djeung ka katoehoe. T. Djajawinata ngangsĕg ngalawan para boepati Soerakarta,, barisan Soerakarta misah ti barisan Koempĕni, sarta toeloej boebar, nĕpi ka ngabingoengkeun Koempĕni. P. A. Mangkoenĕgara diiring koe T. Soeradigdjaja madjoe ngoebrakngabrik moesoeh, balad Koempĕni taja kĕndatna ngambrĕg koe bĕdil, eureun-eureun pĕrang doemeh kaboeroe koe peuting; Koempĕni moendoer lalaoenan. Barang geus rada djaoeh, balad P. A. Mangkoenĕgara anoe taroempak koeda toeloej karoempoel, katjida ramena, koerang leuwih opat rewoe; tidinja toeloej moendoer ka Mataram.

Balad Koempĕni djeung pradjoerit Djawa oge pada ngarĕrĕb di pondokna masing-masing, moelasara pradjoerit noe taratoe atawa noe paraeh. Major Por njarita djeung batoerna: „Taksiran bae moesoeh anoe make pajoeng koening teh Kangdjĕng Pangeran Adipati Soekawati." Walon Dipati Pringgalaja: „Ningal kana pĕtana pĕrang mah, sanes, kawas-kawas P. A. Mangkoenĕgara."

Katjaritakeun P. A. Mankoenĕgara, samoendoerna ti pangpĕrangan toeloej ngadamĕl kalangĕnan, ngabĕn hajam djeung balad-baladna, noeroetan ramana P. A. Mangkoeboemi, pangandikana: „Katanggohanana hajam adoe, koe oerang beunang didjieun toeladan, toeroetaneun noe djadi pradjoerit." Eta dawoehan matak nambahan goembira ka wadyabalad.

Ganti tjarita Soeltan Dandoengmartengsari, anoe keur aja di Kĕdoe, dina hidji poë njĕratan ka P. A. Mangkoenĕgara, oenina moendoet tanah noe di Mataram kabeh, lantaran bareto geus dilinggihan koe andjeunna.

Eta soerat koe Pangeran Mangkoenĕgara toeloej diwalĕran bae, jen hĕnteu tiasa njanggakeun, lantaran ajeuna geus djadi kagoengan ramana, P. A. Mangkoeboemi, djadi langkoeng sae dipoendoet ka ditoe bae.

Katjarita barang geus rada lila ti saĕntas Soeltan Dandoeng Marteng Sari nampi soerat walonan ti P. A. Mangkoenĕgara, P. A. Mangkoeboemi ngoetoes ka Mataram ka P. A. Mangkoenĕgara, ngadawoehan nĕmpoeh raina Soeltan Dandoeng Marteng Sari, di Kĕdoe. P. A. Mangkoenĕgara sanggeus nampi dawoehan, toeloej bae boedal, tapi teu njandak balad rea; barang

soemping ka Kĕdoe toeloej pĕrang tjampoeh, balad Kĕdoe kasĕsĕr Soeltan Dandoeng Marteng Sari kaboer ka Sĕmboejan, ari P. A. Mangkoenĕgara toeloej moelih deui ka Mataram sabaladna. Barang geus sawatara poë P. A. Mangkoeboemi angkat ka Mataram, djeung sawatara baladna.

P. A. Mangkoenĕgara ngalaporkeun kaajaanana pĕrang djeung Soeltan Dandoeng Marteng Sari tea; ajeuna geus kaboer ti Kĕdoe, P. A. Mangkoeboemi liwat saking soeka manahna toeloej P. A. Mangkoenĕgara digandjar gĕlaran Kangdjĕng Goesti Pangeran Adipati Mangkoenĕgara, ari papatihna T. Djajawinata digĕntos djĕnĕnganana: Adipati Djajaningrat. Patih Ng. Poespawidjaja diangkat djadi T. Soedjanapoera, sarta poetra T. Djajawinata doeanana noe djĕnĕngan Ng. Sĕtjadjaja djadi T. Djajanĕgara, noe djĕnĕngan Ng. Anggawidjaja djadi T. Djajawinata (nganggo djĕnĕngan ramana), ari poetra anoe istri dianggo mantoe ditikahkeun ka poetrana djĕnĕngan R. M. Ĕnto, sarta toeloej diangkat Pangeran Dipati Anom ing Mataram, raina P. Panoelaran digĕntos djĕnĕngan P. Mangkoekoesoema, T. Soeradipoera digĕntos djadi T. Wiradigda, dĕmi T. Wiradigda anoe heubeul digĕntos djĕnĕngan T. Mandaraka; toeloej diembarkeun ka wadyabaladna kabeh, sanggeus beres gantjangna boebaran.

Barang geus meunang sawatara poë P. A. Mangkoeboemi djeung poetrana P. A. Mangkoenĕgara sabaladna toeloej mangkat deui soemĕdja nĕmpoeh Soeltan Dandoeng Marteng Sari di Sĕmboejan. Sadatangna ka Sĕmboejan barisan Mataram tĕroes nĕmpoeh barĕng, teu sabaraha lilana barisan Sĕmboejan boebar. Soeltan Dandoeng Marteng Sari loempat ka Patjitan, rek tĕroes ka Ponorogo; oerang Sĕmboejan geus taloek kabeh. P. A. Mangkoeboemi tĕroes masrahkeun tanah Sĕmboejan kabeh ka P. A. Mangkoenĕgara; ari P. Pamot didawoehan koedoe dibere kahasilan doea pasar; P. Mangkoediningrat didjadikeun kapalana para satria, P. A. Mangkoenĕgara hatoer soemangga. Tidinja P. A. Mangkoeboemi toeloej moelih deui ka Soekawati, P. Mangkoediningrat moelih ka Moetian, P. Pamot ka Goenoeng Kidoel, djeung P. A. Mangkoenĕgara ka Goemantar sabaladna.

Katjaritakeun P. A. Mangkoenĕgara masanggrahanana ngalih ka Kĕdoengwĕringin, di dinja tĕmpatna hade pisan, tanahna datar djeung sakoerilingna tjoertjor tjai bae. Andjeunna ngaraos soegĕma pisan.

OEPAMI MOBIL KAGOENGAN BADE DI-GĔMOEK, PĔRLOE PISAN EMOET KANA:

## Rek digĕmoek koe:




Oenggal kĕtjlak agĕng damĕlna

**SINGLE Shell**
**DOUBLE Shell**
**TRIPLE Shell**
**GOLDEN Shell**

Oepami ditoemoetkeun pitoedoehna dina „Gids voor juiste Smering", koe kasiatna

# SHELL MOTOROLIE

andjeun mah oeninga sae bae.

**De Bataafsche Petroleum Mij.**
**Handelszaken**


KROEN
WA!..SAJA
KIRA ITOE
AJER!
B.P.M.
MINJAK
TJAP KROEN

Dina hidji poë T. Wiranata oendjoekan ka P. A. Mangkoenĕgara, ngoendjoekkeun jen Soeltan Dandoeng Marteng Sari katingal ka kaler, kawas-kawas disaoer ka Soerakarta, sabab katjiri diiringkeun koe balad Koempĕni gĕgĕdenna Major Lotomondo djeung T. Anggawangsa; ajeuna areureun di desa Ngoetĕr.

P. A. Mangkoenĕgara ngadangoe pioendjoek kitoe, toeloej bae ngadawoehan soepaja dipihculaan ditĕmpoeh lamoen sakira-kira eta barisan arek nĕmpoeh ka dieu.

Gantjangna T. Wiranata sabaladna toeloej boedal, datang ka Ngoetĕr dĕr pĕrang tjampoeh rame pisan. Ng. Djajapramea tiwas kasamboet di pangpĕrangan, teu lila djol P. A. Mangkoenĕgara sabaladna ti kaler nĕmpoeh barisan moesoeh ti gigir; balad Koempĕni noe paeh aja tiloe. P. A. Mangkoenĕgara bade ngaroeksak moesoeh, tapi kaboeroe dioendjoekanan koe T. Koedanawarsa, pioendjoekna: „Maksad Dampal Goesti moegi oelah kaladjĕngkeun, kĕdah emoet kana wĕling rama di Soekawati, jen oepami moesoeh teu aja niat awon mah oelah dirĕsak, kĕdah disina njingkir bae, kadjabi oepami aja niatna djahat, eta kenging ditoempĕs."

P. A. Mangkoenĕgara midangĕt pioendjoek T. Koedanawarsa kitoe, ladjĕng moendoer, moelih deui ka Kĕdoengwaringin sabaladna. Ari balad Koempĕni nĕroeskeun lalampahanana moelang ka Soerakarta.

Dina hidji poë P. A. Mangkoenĕgara nampi soerat ti R. Dipati Djajaningrat, ngoendjoekkeun Mataram ditĕmpoeh koe Koempĕni, malah poetrana noo djĕnĕngan Djajawinata geus kabojong djeung dikirimkeun ka Samarang. P. A. Mangkoenĕgara barang nampi eta sĕrat, toeloej bae boedal sabaladna; barang soemping ka Mataram Koempĕni geus teu aja, njingkah ka tĕmpat sedjen. Heuleut sawatara poë K. G. P. A. Mangoekoeboemi ti Soekawati rawoeh deui ka dinja, R. A. Djajaningrat ngalaporkeun kaajaanana waktoe dikĕpoeng koe Koempĕni, manah K. G. Soekawati ngadangoe noe oendjoekan teh lain deui bĕndoena nĕpi ka ngagidir.

Keur sasaoeran kitoe djol P. Singosari datang ka dinja, pokna soemĕdja taloek; koe K. G. P. A. Mangkoeboemi geus katampi. Tidinja P. A. Mangkoenĕgara ngalaporkeun deui, jen nampi sĕrat ti P. Adiwidjaja oengĕlna eta oge soemĕdja rek ngĕmpĕl djeung K. G. Soekawati, koe P. A. Mangkoeboemi geus karĕm-

pagan, malah harita keneh ladjĕng miwarang mapag; gantjangna geus karoempoel. Kadjaba ti eta aja deui anoe rek taloek, P. Rangga; ieu oge geus katampi djeung digĕntos djĕnĕnganana djadi P. Poerbaja. Djadi ajeuna baladna P. A. Mangkoeboemi teh woewoeh loba.

Kotjapkeun waktoe harita P. Adiwidjaja katoet para pangeran noe lian djeung kabeh para boepati, baradami djeung P. A. Mangkoenĕgara soepaja oendjoekan ka K. G. Soekawati, lamoen kawidian rek diangkat Ratoe.

Gantjang P. A. Mangkoenĕgara geus oendjoekan ka ramana hal maksoedna para pangeran djeung boepati tadi. Dawoehan ramana keur digalih heula, lamoen geus katimbang hade, tangtoe diidinan.

Enggaling tjarita P. A. Mangkoeboemi toeloej djoemĕnĕng Nata, djoedjoeloekna: *Ingkang Sinoehoen Kangdjĕng Soeltan Amĕngkoe Boeana Senapati Ingalaga Abdoerrahman Sajidin Panatagama Kalipatoellah;* abdi-abdina oge garanti djĕnĕngan, sapĕrti: Ng. Ranawidjaja djadi Boepati-djaksa, dipaparin djĕnĕngan T. Sasmitasastra; Mardikan di Wĕdi djadi Pangoeloe, djĕnĕnganana Pangoeloe Dipaningrat.

P. A. Mangkoenĕgara harita meunang dawoehan ti ramana K. Soeltan, soepaja ngadamĕl karaton di Kabanaran. Para boepati kabeh hatoer soemangga; gantjangna karaton geus anggeus, toeloej dioendjoekkeun ka K. Soeltan. K. Soeltan teu lami deui toeloej ngalih ka karaton anjar di Kabanaran. Para santana, boepati djeung abdi-abdi kabeh ngiring pindah ka Kabanaran taja hidji noe kari.

Sanggeus aja karaton Kabanaran djadi gĕmah rahardja moerah sandang moerah pangan.

Dina hidji poë K. Soeltan Kabanaran ngadangoe wartos, Jen Koempĕni tata baris di Bangoedana katjida lobana, koe sabab eta toeloej bae ngadawoehan P. A. Mangkoenĕgara, soepaja ngadamĕl pasanggrahan di lĕmboer Ngoedal. Teu lami eta pasanggrahan geus anggeus, K. Soeltan toeloej rawoeh ka dinja diiring koe P. Poerbaja djeung sabaladna. Di dinja K. Soeltan nampi laporan ti para boepati hal kaajaanana balad Koempĕni. K. Soeltan toeloej boedal ti Ngoedal sabaladna, tata baris di lĕmboer Pidji; gantjangna dĕr tjampoeh pĕrang djeung Koempĕni, pili gĕnti anoe moendoer; keur rame-rame pĕrang Adipati Poegĕr oendjoekan ka K. Soeltan, soepaja moendoer bae pĕrangna

oelah ditĕroeskeun, sabab tjeuk impian A. Poegĕr, poë harita balad Kabanaran keur digandjar apĕs, ĕngke dina poë sedjen dina oerang keur djaja, balad Koempĕni teu soesah dipĕrangan deui, tangtoe moendoer sorangan. K. Soeltan noeroetkeun kana pioendjoek A. Poegĕr, toeloej bae sabaladna moendoer, ngarĕrĕb di lĕmboer Pitjis; balad Koempĕni oge harita moendoer neangan pangrĕrĕban.

Isoekna K. Soeltan moendoer moelih ka Kabanaran, dĕmi P. A. Mangkoenĕgara angkat masanggrahan di lĕmboer Barangbangan, tata baris di Serenan, nadahan balad Koempĕni djeung Madoera.

Pĕpĕranganana balad Mangkoenĕgara bari moendoer bae, tapi lamoen balad Koempĕni kĕndor madjoena balad P. A. Mangkoenĕgara naradjang. Salilana pĕrang ngan kikitoean bae, koe sabab eta moesoehna soesaheun pisan, katoeroeg-toeroeg balad Koempĕni kakoerangan tĕda; koe hal eta toeloej bae moendoer, ari P. A. Mangkoenĕgara masanggrahan di Karangtoeri.

Barang geus meunang sawatara poë P. A. Mangkoenĕgara ngadangoe wartos, jen Koempĕni rek nĕmpoeh deui; koe sabab eta sabaladna toeloej bae madjoe ka Tĕmbajat. Barang Koempĕni datang, dĕr bae pĕrang. Kangdjĕng Goesti ngamoek, naradjang barisan Madoera, ahirna eta barisan roeksak paboerantak, toeloej moendoer. Sarehna kasaroe koe peuting, pĕrangna eureun. P. A. Mangkoenĕgara masanggrahan di Karangtoeri sabaladna, tidinja aja oetoesan K. Soeltan Kabanaran njanggakeun soerat, oenina eta soerat soepaja P. A. Mangkoenĕgara kadoea P. Singosari sabaladna nĕmpoeh ka Soerakarta; eta soerat geus diwalĕr koe P. A. Mangkoenĕgara jen hatoer soemangga. Gantjangna barang geus samakta toeloej boedal, di djalanna teu katjaritakeun; barang nĕpi ka pilĕmboeran kidoeleun Soerakarta, toeloej ngahoeroean imah, tapi waktoe harita taja noe ngalawan, koe sabab eta beuki madjoe nĕpi ka kampoeng Kabangan, balad Koempĕni noe keur tata baris di Kadipala, baralik, toeloej tjampoeh pĕrang ngoesir moesoeh. Sareh K. Pangeran ningali baladna loba noe kasoran, teu oentoepan meunang, koe sabab eta toeloej moendoer ka lĕmboer Tjarikan, isoekna pindah ka lĕmboer Kĕdoengdjambak, di dinja kasoesoel koe oetoesan ramana, K. Soeltan Kabanaran, nimbalan soemping ka Mataram, sabab raina P. Mangkoediningrat teu damang kasawat tjatjar P. A. Mangkoenĕgara barang nampi dawoehan, teu kaleked deui,

gantjang bae mangkat; sasoempingna ka Mataram toeloej ngadeuheus ka ramana; sanggeus ngabakti Kangdjĕng Pangeran ngalaporkeun kaajaananana tjampoeh pĕrang djeung moesoeh, ramana toeloej ngandika: „Koemaha kaajaananana paman maneh, P. Singosari, ajeuna naha geus aja tambahna wawanenna pĕrang?"

Pihatoer P. A. Mangkoenĕgara: „Soemoehoen timbalan, katingalna mah masih kirang keneh bae."

Kangdjĕng Soeltan: „Moen kitoe ajeuna bedjakeun bae, rek diganti ngaranna P. Praboe Djaka, soepaja pikiranana aja tambahna."

Ganti tjarita K. Soesoehoenan Soerakarta; barang para pangeran kaloear ti karaton sarta toeloej koempoel djeung barisan raina, P. Mangkoeboemi di Djogjakarta, harita manahna Kangdjĕng Sinoehoen ngaraos keueung, tĕmahna nja toeloej teu damang, beuki lila teu damangna beuki walĕs; koe sabab kitoe toeloej njĕratan ka Toean Bĕsar di Batawi, oenina maparin oeninga reh teu damangna beuki madjĕng, bilih doegi kana djangdjina. Dawoehan Kangdjĕng Sinoehoen noe pingagĕntoseun poetrana, K. G. P. Adipati Anom, Gantjangna barang Toean Bĕsar nampi eta soerat toer oenina kitoe, toeloej nimbalan toean Idĕler ti Samarang dioetoes ka Soerakarta, soepaja ngangkat K. G. P. Adipati Anom djadi Sinoehoen di Soerakarta.

Toean Idĕler sangeus meunang parentah, toeloej boedal mangkat ka Soerakarta. Waktoe toean Idĕler soemping ka Soerakarta, Kangdjĕng Sinoehoen teu damangna beuki walĕs, tapi waktoe toean Idĕler soemping ka karaton iasa keneh sasaoeran; kabeh kapĕrloeanana geus diwangsitkeun ka toean Idĕler, sanggeus tamat sasaoeranana, Kangdjĕng Sinoehoen poepoes, moelih ka alam kalanggĕngan, lajonna toeloej dipoelasara saadat biasa; koe lantaran keur hoeroe-hara nagara, toeloej dipĕndĕm di asatana Lawijan (koeloneun karaton Soerakarta).

Sanggeus beres ngoerĕbkeun, toean Idĕler toeloej ngadawoehkeun, nĕtĕpkeun poëna baris ngadjoengdjoeng Pangeran Adipati Anom djoemĕnĕng Ratoe, sarta para boepati noe keur tata baris deukeut ka Soerakarta kabeh ditimbalan maroelang heula. Barang geus nĕpi kana poë noe geus ditangtoekeun, para poetra santana, para boepati djeung salianna, kitoe deui Kiai Pangoeloe sabatoerna, para oelama geus karoempoel kabeh di pagĕlaran; harita toean Idĕler djeung para opsir geus arasoep ka karaton.

Teu lila toeloej Pangeran Adipati Anom djeung toean Idĕler kaloear diiring koe toean-toean noe sodjen angkatna ka pagĕlaran. Sasoempingna ka pagĕlaran toean Idĕler ngembarkeun ka sakabeh noe aja di dinja, jen K. G. P. Adipati Anom ajeuna diangkat djadi Sinoehoen ngagĕntos ramana soeargi, djoedjoeloekna: *Ingkang Sinoehoen Kangdjĕng Soesoehoenan Pakoe Boeana Senapati Ingalaga Abdoerahman Sajidin Panatagama III.* Tidinja para poetra santana pada ngistrenan, Kiai Pangoeloe sabatoerna para oelama toeloej ngadaroa noerboeat. Sanggeus salse toean Idĕler maos soerat pĕrdjandjian anoe ti Batawi, harita dihormat koe mariĕm salikoer kali, djeung bĕdil diambrĕgkeun. Beres anoe ngistrenan Kangdjĕng Sinoehoen lĕbĕt ka karaton. Toean Idĕler sarentjangna moelih ka lodji, ari para poetra santana miwah para boepati anoe ngadareuheusan kitoe deui Kiai Pangoeloe djeung para oelama, toeloej bae boebaran.

Katjaritakeun toean Idĕler ajana di Soerakarta rada lila, sabab ngoeroes heula di djĕro karaton.

Malikan deui tjarita, kotjapkeun Kangdjĕng Soeltan Kabanaran, saheubeulna aja di Mataram ngan beberes bae nata barisanana anoe rek dianggo nĕmpoeh mantjanagara. P. Adiwidjaja, P. Poerbaja, P. Mangkoekoesoema, Soeltan Bantĕn, T. Djajadirdja djeung T. Soerjanagara ditimbalan ngagĕboeg Banjoemas, Kĕdoe, Bagĕlen satĕroesna ka kidoel. Ari noe ditimbalan ngagĕboeg ka wetan: P. A. Mangkoenĕgara, P. Mangkoedingrat djeung Adipati Koedanawarsa ka Ponorogo. Anoe ngagĕboeg ka Soerabaja Kangdjĕng Soeltan koe andjeun djeung sawatara para boepati; barang kabeh geus samakta, toeloej boedal masing-masing ka tĕmpat noe geus ditĕtĕpkeun.

Kotjapkeun lampahna P. A. Mangkoenĕgara, barang geus nĕpi ka Magĕtan, noe rek ditĕmpoeh teh geus kosong, sabab boepatina geus koempoel di Ponorogo; di Magĕtan Kangdjĕng Pangeran ngarĕrĕb kenging tiloe peuting, para mantri djeung abdi-abdi Magĕtan loba noe taraloek.

Katjaritakeun Adipati Soeradiningrat, Boepati Ponorogo, koempoelan djeung boepati-boepati mantja nagara, ngabadamikeun hal mapag moesoeh ti koelon, waktoe harita balad noe kana koedana woengkoel aja salaksa, ari balad noe badarat mah geus teu kabilang. Ari para boepati anoe geus datang harita: 1 Soeradjaja ti Kalangbret, 2 Wiradimĕdja ti Saringat, 3 Setrapati ti Kĕdiri, 4 Soerajoeda ti Djapan, 5 Patrasoeta ti Patje,

sa indit, P. A. Mangkoenĕgara toeloej miwarang neukteuk beuheung djeung oerat linggana A. Soeradiningrat, kabeh djĕlĕma pada bĕngong, nendjo eta oeroet anoe beunang neukteuk tea, sakitoe lilana bĕt gĕtihan keneh bae. Kangdjĕng Pangeran toeloej ngadawoehan soepaja eta oerat lingga diasoepkeun kana soengoetna sarta toeloej miwarangan njadiakeun wadahna; barang geus sadia toeloej diasoepkeun, rek dikintoenkeun ka ramana, Soeltan Kabanaran noe harita keur masanggrahan di lĕmboer Kintjang (Madioen). Gantjangna noe dioetoes peuting-peuting toeloej boedal mawa eta sirah, braj beurang nĕpi ka Kintjang; toeloej dioendjoekkeun ka Kangdjĕng Soeltan Kabanaran, jen aja oetoesan P. A. Mangkoenĕgara, ngoeningakeun: dajeuh Ponorogo geus bĕdah, sarta sakalian njanggakeun sirahna A. Soeradiningrat kadjaba ti eta kaajaan di Ponorogo kabeh dioendjoekkeun ti poerwa nĕpi ka wĕkasanana. Kangdjĕng Soeltan toeloej nimbalan moeka eta wadah sirah tea; barang braj diboeka, Kangdjĕng Soeltan ngagĕbĕg tapi tĕroes goemoedjĕng, dawoehanana bari sĕmoe bĕndoe ka P. A. Mankoenĕgara: „Aeh-aeh boedak teh, na' aja oerat lingga diasoepkeun kana soengoet." toeloej ngandika deui ka oetoesan „Si Oedjang ajeuna di mana?"

Pihatoer oetoesan: „Dawoeh Goesti, nalika abdi Goesti mios ka dieu, keur ngĕmpĕl-ngĕmpĕlkeun seuweu-seuweuna poen Soeradiningrat di Ponorogo, kitoe deui para boepatina noe kalaboer."

Sanggeus tamat oendjoekan oetoesan toeloej didjoeroeng moelang djeung didawoehan soepaja dioendjoekkeun ka Goestina, jen Kangdjĕng Soeltan rek rawoeh ka Ponogoro. Oetoesan matoer soemangga toeloej mangkat. Sanggeus oetoesan mangkat, Kangdjĕng Soeltan ngadawoeh ka para boepati, jen isoekan isoek-isoek rek angkat ka Ponogoro, wadyabalad kabeh didawoehan ngiring.

Katjaritakeun P. A. Mangkoenĕgara sasoempingna ka Ponorogo, toeloej mariksa pangabogana A. Soeradiningrat, kitoe deui kalangĕnanana sarimpi djeung badaja; toeloej ngadawoehan sasadiaan, reh ramana Kangdjĕng Soeltan, rek rawoeh. Kotjap Kangdjĕng Soeltan ti lĕmboer Kintjang geus djĕngkar, sasoempingna ka Ponogoro dihormat koe bĕdil djeung gamĕlan sorana mani ngagoeroeh. P. A. Mangkoenĕgara mapagkeun, toeloej ditjandak lĕbĕt ka kaboepaten. Sanggeus Kangdjĕng Soeltan lĕnggah P. A. Mangkoenĕgara oendjoekan, jen para boepatina Soeradiningrat kabeh geus taloek, djeung ngoendjoekkeun deui: seuweuna kabehna aja

toedjoeh poeloeh, tapi ajeuna noe kapanggih ngan doea poeloeh tiloe, noe sanes keur diteangan keneh.

Kangdjĕng Soeltan oenggeuk bari ngandika, seuweu Soeradiningrat noe tiloe koedoe diangkat djadi boepati, noe kolot dipaparin kaloenggoehan tanah doea rewoe karja, djĕnĕnganana T. Natabrata, ari noe doeapoeloeh deui digandjar pangkat mantri, saoerangna dipaparin kaloenggoehan saratoes lima poeloeh karja. Kangdjĕng Soeltan katjida asihna, ka eta para poetra Soeradiningrat, reh katingal dina adat djeung tingkah lakoena hade pisan sarta kabeh parigĕl.

Salilana Kangdjĕng Soeltan aja di Ponogoro, oepama mĕnĕran poë Sĕnen, Kĕmis mĕdal tinangkil; ari noedjoe poë Saptoe mĕdal watangan ka pagĕlaran, poetra-poetrana Soeradiningrat noe doea poeloeh, noe diangkat mantri tea, ditimbalan ngabidjilan; di dinja kaoeninga koe Kangdjĕng Soeltan, kaparigĕlanana tingkah lakoening watangan, koe hal eta beuki tambah bae njaahna. Ari ti peuting sok didawoehan ngadjar badaja sarimpi, pajoeneun Kangdjĕng Soeltan.

P. A. Mangkoenĕgara harita oge geus ngoendjoekkeun badaja sarimpi bojongan ka ramana Kangdjĕng Soeltan, tapi noe doea disoempoetkeun, noe kabidji ngaran [illegible]majawati, hidji deui ngaran Marionĕng.

Kangdjĕng Soeltan barang oeninga jen aja doea badaja noe teu disanggakeun, bĕndoe ka poetrana, dawoehanana: „Aja noe diparentah bĕt noeroetkeun karĕpna sorangan, kahajang teh ari noe diparentah koe kolot mah oelah kitoe, lamoen memang naon-naon wadjib dibikeun heula ka noe nitah, oelah toeloej dikĕkĕwĕk bae, nadjan dipikahajang oge bĕnĕrna mah bedjakeun heula, tangtoe noe djadi kolot ngeunah, djeungna nadjan dipasrahkeun oge, mo ĕnja nĕpi ka dikeukeuhan, ari dipikahajang mah, da geus djadi wadjibing kolot; oelah ieu mah bĕt ngalanggar tatakrama kitoe."

Sanggeus kitoe toeloej Kangdjĕng Soeltan ngoetoes njaoer poetrana P. A. Mangkoenĕgara sarta sakalian njandak badaja noe doea tea. Oetoesan toeloej mangkat, barang geus tĕpang djeung P. A. Mangkoenĕgara sarta sakabeh dawoehan Kangdjĕng Soeltan geus dioendjoekkeun gĕnĕt pisan taja anoe kaliwat. Barang P. A. Mangkoenĕgara ngadangoe dawoehan ramana kitoe, katjida kagetna; toengtoengna andjeunna bĕndoe; dawoehanana: „Eh na ari rama sakitoe kami dibelaan mandi gĕtih teh ĕnggoning nga-

woelaan andjeunana, bět teu katarima keneh bae, anggoer meunang běběndoe."

Ti saěntas aja dawoehan ramana kitoe P. A. Mangkoeněgara pět bae teu kěrsa ngadeuheusan deui, ngan kalatak-koelitik di pangandjrěkan bae djeung teu kěrsa toeang teu kěrsa koelěm. Beuki lila panggalihna beuki djaoeh ti ramana, tapi ari ramana mah teu kagoenganeun galih naon-naon, ngan geus kamanah noe matak poetrana teu ngadeuheus-ngadeuheus teh taksiranana isineun; tidinja Kangdjěng Soeltan njaoer poetrana Kangdjěng Ratoe Běndara, nja eta garwa P. A. Mangkoeněgara. Barang geus aja pajoeneunana, Kangdjěng Soeltan ngandika: „Njai, koe naon salaki njai teh sakieu heubeulna teu tembong-tembong, naon noe djadi lantaran, na toeloej poendoeng pedah tas ditjarekan""

Pioendjoek poetrana: „Soemoehoen timbalan, doeka Goesti, moeng katingalna koe djisim abdi, poetra Dalěm teh kawas noe keur prihatos pisan, katawis: oepami siang tara kěrsa toeang, wěngi teu kěrěsa koelěm; moeng sakitoe katěrang djisim abdi mah bade naros koea-kieu teu wantoen."

Kangdjěng Soeltan ngandika deui: „Aeh koetan kitoe njai, ogoan pedah dioegoeng, paingan atoeh bareto, tjatjak moen teu aja mama mah geus dikorojok koe oerang lěmboer anoe disorang, meureun bawaning teu *galib djeung batoer tingkah-lakoena."*

Ratoe Běndara ngadangoe ramana sasaoeran kitoe, toeloej bae moendoer tanpa pamitan, bari njandak badaja noe doea tea.

Ganti tjarita měněran poë Saptoe, watangan; Kangdjěng Soeltan angkat ka pagělaran, nja kitoe deui P.A. Mangkoeněgara sarta njandak rentjang Ng. Anggamina beunang mapaesan koe kongkorong, geulang djeung badong, toeloej ditimbalan ngasoepan watangan. *Tidinja Ng. Anggamina* asoep kana kalangan *těmpat maen* watangan. Kotjap barang geus aja dina kalangan Anggamina toeloej oelin mětakeun watangan, saha bae anoe deukeut dibanting.

Kangdjěng Soeltan barang ningali noe kikitoean, rada běndoe ka P. A. Mangkoeněgara, pangandikana: „Atoeh di dieu mah lain těmpat heureuj!"

Sanggeus boebar watangan poetrana ditimbalan toeang bardjamaah *djeung para boepati.*

Kotjapkeun deui Kangdjěng Soeltan, barang geus rada lila ajana di Ponogoro, toeloej ngadawoehan jen rek noeloejkeun deui lalampahanana ka Soerabaja, děmi P. A. Mangkoeněgara didawoehan moelih deui ka Mataram, kalawan dipaparin rentjang boepati

doea, tapi didawoehan djalan ka Gorabogan naloek-naloekkeun di dinja P. A. Mangkoenĕgara toeloej budal mĕnĕran tanggal 27 Rajagoeng taoen Djimäwal. Ari Kangdjĕng Soeltan angkatna ti Ponogoro poë Salasa tanggal 1 Moeharam taoen Dje, tjandrasangkalana: *Nglimang sapta ngrasa [illegible]gal* = 1675.

Katjaritakeun lampahna P. A. Mangkoenĕgara, sasoempingna ka Gorobogan tĕpang djeung A. Soerjanĕgara, anoe keur baris di dinja. Sanggeus silih bageakeun, A. Soerjanĕgara oendjoekan ka Kangdjĕng Pangeran, jen A. Djajadirdja, geus kasamboet dina pangpĕrangan ngalawan Koempĕni.

K. P. A. Mangkoenĕgara diwartosan katoe katjida ngoengoenna, toeloej ngadawoehan soepaja ngoetoes batoer oeninga ka ramana Kangdjĕng Soeltan, noe keur aja di Madioen. Ti dinja Kangdjĕng Pangeran noeloejkeun lalampahanana madjoe ngidoel-ngoelon; di djalan tĕpang djeung para boepati, toeloej pada ngabakti ka Kangdjĕng Pangeran, sanggeus wadyabalana koempoel kabeh toeloej angkat deui rek nĕmpoeh ka Bojolali. Barang datang dĕr pĕrang tjampoeh rame pisan, lila-lila Kangdjĕng Pangeran toeloej ngerek ngidoel-ngetan, rek moelih ka Mataram.

Kotjap ajeuna oetoesan A. Soerjanĕgara geus datang ka Madjoen, toeloej ngadeuheus ka Kangdjĕng Soeltan, njanggakeun soerat anoe ti A. Soerjanĕgara. Kangdjĕng Soeltan sanggeus maos eta soerat lain deui ngoengoen manahna, nandang soengkawa, ngaraos leungit kapĕrtjajaanana, lir potong leungeun kentja, tapi lila-lila kapĕpĕs koe papasten Pangeran, toeloej bae ngandika ka oetoesan: „He, oetoesan, bedjakeun ka A. Soerjanĕgara, ĕngke bae dimana oerang geus nĕpi ka Kartasoera, tangtoe bakal ka koelon deui."

Oetoesan oendjoek soemangga, toeloej pamit, geus kawidian djoeng mangkat.

Ganti tjarita barisan di Kĕdoe: P. Poerbaja, P. Natakoesoema djeung P.A. Soerjanĕgara, pĕrangna pada kasoran, toeloej badami sĕdja rek moendoer ka Mataram, ari di Kĕdoe ngan ditinggalan boepati doea anoe ngaheureujan ti kadjaoehan, sabab katendjona barisan moesoeh beuki gĕde.

Katjaritakeun para gĕgĕden barisan di Kĕdoe: 1 Major Sĕkebĕr, 2 Kapitan van der Wal djeung 3 Letnan Goelman, eta tiloe gĕgĕden baradami, lantaran ngaderenge bedja ajeuna jen moesoehna moendoer ka Mataram, dibarĕmpoegkeun baris ngangsĕg ka Mataram bae. Sakabeh para gĕgĕden geus rĕmpoeg.

Malikan tjarita, lalampahan P, Poerbaja sarentjangna, barang nĕpi ka Mataram nampi bantoean ti barisan Mangkoenĕgara, dikapalaan koe T. Koendawarsa; tidinja P. Poerbaja toeloej dipiwarang moelang deui baris ngagĕboeg barisan di Gondang; barang nĕpi ka Djamoes tĕpoeng djeung P. A. Mangkoenĕgara katoet para boepatina, sanggeus koempoel kabeh P. A. Mangkoenĕgara toeloej nata barisan, rek nĕmpoeh barisan Koempĕni; sanggeus beres toeloej boedal; datang ka Gondang tĕpoeng djeung barisan Koempĕni, tjampoeh pĕrang katjida ramena, lila-lila Koempĕni kasĕsĕr pĕrangna, toeloej moendoer. P.A. Mangkoenĕgara ngarĕrĕb di lĕmboer Tegalbajĕm; di dinja Kangdjĕng Pangeran ngadawoehan ka para boepati, soepaja mĕgat kentja-katoehoeëunana barisan Koempĕni ngadjaga bisi aja noe ngirim kadaharan ka balad Koempĕni noe keur baris; para boepati kabeh hatoer soemangga.

Sanggeus ngadawoehan kitoe P. A. Mangkoenĕgara toeloej boedal moelih deui ka Bajĕm. Sasoempingna ka Bajĕm ngirimkeun oetoesan, hatoer oeninga ka ramana P. Adiwidjaja, anoe keur tata baris di Ngalangon djeung Sang Praboe Pakoewati (Soeltan Bantĕn). T. Mangkoedirdja djeung T. Soeradilaga soepaja kabeh koempoel djadi hidji. Gantjangna oetoesan geus mangkat.

Katjarita P. Adiwidjaja harita keur baradami djeung Sang Praboe Pakoewati katoet toemĕnggoeng noe doea tea, teu lila djol oetoesan poetrana ngahatoeranan soepaja ramana kĕrsa rawoeh sarta koempoel djadi hidji; soekoer oepama djeung Praboe Pakoewati sakali; tapi wangsoelanana Praboe Pakoewati teu bisa, sabab keur noenggoean barisanana djeung keur ngagalih hal ngagĕboeg ka Banjoemas deui; koe lantaran eta djadi ngan P. Adiwidjaja bae anoe angkat ka Tĕgalbajĕm teh; barang tĕpoeng P. A. Mangkoenĕgara ngabakti ka ramana, dĕmi rentjang-rentjangna noe waktoe harita ngarioeng toeloej dipiwarang boeharan, ngan Kiai Pangoeloe djeung T. Koedanawarsa noe masih keneh di dinja teh.

Tidinja P. A. Mangkoenĕgara hatoeran ka ramana P. Adiwidjaja, pibatoerna: „Rama Pangeran, ajeuna maksad poetra bade mĕrangan ka rama Praboe, Kangdjĕng Soeltan Kabanaran, bade ngadoe milik saha anoe oenggoel."

P. Adiwidjaja barang ngadangoe pihatoer poetrana kitoe, toeloej bae sidakĕp bari matja istigfar; geus kitoe toeloej ngandika: „Eta karĕp maneh kitoe katjida anehna, djeung teu pantĕs ditjaritakeun oge, tab nja eta ngaran oedjoeb ria djeung takaboer

teh, boga rasa prawira sorangan, noe ahirna bakal loba noe njeungseurikeun; bět anak rek ngalawan ka bapa, sapikoemahaeun soerakna djělěma-djělěma anoe teu rěsěpeun. Oepama kolot keur amběk, eta wadjib maneh anoe gěde panarimana, sarta koedoe ingět, nadjan kolot maneh loba, tapi kahadeanana moal aja anoe njaroeaan ka Soeltan Kabanaran, tandana něpi ka dibelaan lara djeung pati, komo maneh mah něpi ka dipoeloeng minantoe. Eta kahadean sakitoe teh naon noe rek dipake malěs, kadjaba ti ngan koedoe noeroet kana parentahna."

Pihatoer P. A. Mangkoeněgara: „Rama Pangeran, eta dawoehan anoe sakitoe seueurna, katampina koe poetra kirang lěrěs, margi sajaktosna poetra oge teu kirang-kirang bela doegi ka mandi gětih; karaosna koe poetra rama Praboe noe teungteuingeun, da sok ngadangoe bae kana sagala pioendjoek poen Rangga."

P. Adiwidjaja: „Pěrkara si Rangga tatjan tangtoe njieun omongan noe lain², apan oedjang geus njaho sorangan kana watěkna si Rangga, Oedjang! oelah sok ngagoegoe kana omongna noe teu poegoeh, matak ngaroeksak diri; saha ěngke noe soesah, taja deui tangtoe oedjang sorangan, djeung saěnjana geus loba noe njarita, jen Kangdjěng Soeltan teh di ahir bakal djadi pakoena Tanah Djawa; němi noe sedjen-sedjen mah ngan bakal noeroet ka oedjang bae atawa ka rama Soeltan."

Eta nasehat P. Adiwidjaja ka P. A. Mangkoeněgara tjara tjai dina daoen taleus bae, poetrana maksa rek noeloejkeun maksoedna, keukeuh teu beunang diěloek-ěloek; koe tina kitoe manah P. Adiwidjaja poěk, lantaran nasehat kitoe-kieu teu měntal, tjisotjana oge doegi ka ngalimba; tidinja toeloej bae ngaděg sarta angkat tanpa pamit, moelih deui ka těmpat barisanana. Waktoe harita P. A. Mangkoeněgara ngantos-ngantos, panggalihna ramana teh ngan rek kaloear sakeudeung bae tapi sakitoe geus lamina tatjan soemping keneh bae, toeloej andjeunna ngoetoes Djagalamatan toempak koeda, ngahatoeranan ramana moelih deui; manehna oendjoekan loba-loba sangkan Kangdjěng Pangeran, kěrsaeun moelih deui.

Dawoehan P. Adiwidjaja: „Moen kitoe karěpna, aing teu hajang ngadenge, měnding djaoeh sakali lantaran lamoen deukeut kababawa goreng."

Djagalamatan toeloej balik deui, sadatang-datang toeloej ngoendjoekkeun sakoemaha dawoehan ramana. Harita P. Adiwidjaja geus těpang djeung rentjang-rentjangna, nja eta Praboe

Pakoewati, T. Mangkoedirdja, djeung T. Soeradilaga, tidinja toeloej marangkat ti Pagadingan; di Kali Aboe areureun masanggrahan; sorena Kangdjĕng Pangeran angkat ka tjai rek ngĕbak ka waloengan, kalereun eta lĕmboer.

Katjaritakeun balad Koempĕni isoekna arindit leumpang gagantjangan, dragondĕr dikapalaan koe Letnan Goelman kira-kira aja tiloe poeloeh rek njoesoel T. Singaranoe noe mawa balad saratoes limapoeloeh, tapi teu kasoesoel

Kotjap aja aki-aki Icempat njampeurkeun ka barisan Koempĕni, dieureunkeun koe para mantri teu daek eureun, toeloej bae ngadjoegdjoeg ka hareupeun Kapitan Trahi, sarta sanggeusna ditanja pok manehna ngomong: „Oendjoek oeninga, lĕmboer abdi Kali Aboe, ajeuna diandjrĕkan koe P. Adiwidjaja djeung Praboe Pakoewati."

Harita para opsir ngarioeng naranja: „Naha loba batoerna?"

Pihatoerna: „Moeng saeutik, seuseueurna mah di Gowong."

Letnan Goelman djeung Kapten Trahi badami rek moeroe ka dinja; geus beres toeloej boedal, anoe ti hareup ngan dragonder gĕnĕp. Barang geus nĕpi ka lĕbakeun djalan katendjo rajap noe keur ngangon koeda; balad Koempĕni gantjang nabeuh tamboer, sarta ngabĕkaskeun bĕdil, dibaroeng koe soerak ajeuh-ajeuhan. Djĕlĕma-djĕlĕma noe ngadenge laloempatan teu poegoeh losna. P. Adiwidjaja noe mĕnĕran keur ngĕbak djeung sĕlirna, ngaran Bok Adjĕng Gandasari, goegoep handjat; Koempĕni ngahantĕm ngambrĕg koe bĕdil, teu dibĕbĕnĕr deui, asal katendjo bĕlĕdag bae dibĕkasan, sora bĕdil mani kawas borondong bae.

Ajeuna katjaritakeun gandekna P. Adiwidjaja, waktoe Koempĕni ngambrĕg koe bĕdil, loempat njanggakeun koeda ka sisi waloengan ka doenoenganana, koe P. Adiwidjaja tjlak ditoenggangan, Kangdjĕng Pangeran moendoet toembak, tapi gandekna teu mawa; koe lantaran teu aja pakarang, kapaksa koedoe ngĕdjat. Barang koedana rek diloempatkeun, sĕlirna gĕgĕroan menta didagoan, harita kadengeeun koe Letnan Goelman, toeloej disampeurkeun kadoea kadetna. Tajoh geus takdiring Pangeran, barang P. Adiwidjaja keur noempakkeun sĕlirna kana koeda, toean Goelman datang, djĕkek ngadek, P. Adiwidjaja ragrag tina koeda, toeloej poepoes mastakana diteukteuk sakali dibawa ka tĕmpat barisan Koempĕni, ari sĕlirana ditinggalkeun.

Rentjang P. Adiwidjaja oendjoekan ka Soeltan Bantĕn, jen

P. Adiwidjaja geus poepoes, sarta ditjaritakeun oesoel-asalna.
Soeltan Bantĕn ngadangoe noe oendjoekan kitoe kagoenganeun maksoed rek ngarĕboet deui mastakana P. Adiwidjaja, ngan barang madjoe diambrĕg koe balad Koempĕni, atoeh moendoer deui, teu kĕbat. Ari toean Goelman harita keneh balik ka pasanggrahan di Trajĕm, bari mawa mastaka P. Adiwidjaja djeung sĕlirna; barang nĕpi ka pasanggrahan eta mastaka diteundeun dina medja, toean Major Sĕkebĕr njaoer para boepati kabeh, dipiwarang ningalian eta mastaka, naha ĕnja eta teh mastakana P. Adiwidjaja atawa lain. Para boepati barang ningali eta mastaka, kabeh pada tjoemalimba, bari njaoer: „Jaktos, nja ieu P. Adiwidjaja teh."
Major Sĕkebĕr toeloej njaoer deui mantri toedjoehan djeung dragondĕr doeawĕlas rek dioetoes mawa soerat djeung mastakana P. Adiwidjaja ka Samarang. Gantjangna oetoesan toeloej mangkat, teu katjaritakeun di djalanna, katjatoerkeun geus datang bae ka Samarang, sarta ti dinja geus meunang walonan ti toean Idĕler, djeung didawoehan jen Letnan Goelman ajeuna diangkat djadi Kapten, dĕmi kadetna diangkat Goernit, kadjaba ti eta loba deui anoe meunang gandjaran kapangkatan.
Malikan deui tjarita P. A. Mangkoenĕgara, waktoe harita geus ngadangoe wartos, jen ramana P. Adiwidjaja, poepoes kasamboet pĕrang djeung Koempĕni; Kangdjĕng Pangeran waktoe nampi eta bedja katjida kagetna, teu njana nĕpi ka nĕmahan pati, manahna lain deui ngoengoenna, njaoer lĕbĕting kalboe: „Euh teu njana koe rama Adiwidjaja, kamari ieu aing tĕpoeng, ari ajeuna poepoes kakĕpoeng koe Koempĕni, ajeuna aing mistina bela nĕmpoeh Koempĕni."
Barang geus rada sareh manahna, toeloej ngadawoehan ka baladna jen bade nĕmpoeh deui Koempĕni noe aja di Trajĕm, rek ngabelaan rama P. Adiwidjaja. Tapi abdi-abdina kabeh ngahalangan, sabab barisan Koempĕni noe aja di dinja ajeuna geus gĕde pisan, djadi lamoen ditĕmpoeh ajeuna² saroea bae djeung oraj njampeurkeun paneunggeul, tangtoe balad P.A. Mangkoenĕgara toempoer. P.A. Mangkoenĕgara barang ngadangoe pihatoer abdi-abdina kitoe, manahna poëk, toeloej moendoet pirĕmpoeg T. Koedanawarsa, pangandikana: „Aki Koedanawarsa, sarehna hate kaoela katjida poëkna, koe pamikir kaoela ajeuna, ieu pĕpĕrangan rek dipoendoerkeun bae, tapi kaoela moal barĕng djeung balad rea, rek misah njorangan, rek ngarereg ka Prambanan, arek nĕngtrĕm-

keun hate heula, ngalilipoer pikiran; kadoea rek ngoeatkeun maksoed kaoela rek papisah djeung rama Kangdjĕng Soeltan; barang ama Adiwidjaja geus poepoes hate kaoela djadi tambah mĕngpĕng, tapi beunang oge dirarampa, jen poepoesna rama Adiwidjaja teh lantaran tas tĕpoeng djeung kaoela, anoe waktoe harita hate kaoela keur ambĕk; sigana rama Adiwidjaja teh katjida bingoengna, ngadangoe omong kaoela kitoe, nja boektina toeloej djĕngkar teu bebedja deui."

Pihatoer T. Koedanawarsa: „Awon teu kapioendjoek Goesti, sajaktosna rama, Kangdjĕng Pangeran Adiwidjaja teh ari lahirna abot ka rama Kangdjĕng Soeltan, nanging batinna mah ka salira Goesti, noe matak barang aja pamariksa Goesti kitoe, jen bade pisah sarĕng rama Kangdjĕng Soeltan, katjida ewĕdeunana."

P. A. Mangkoenĕgara: „Ĕnja bĕnĕr kitoe aki, tah ajeuna koemaha pirĕmpoeg aki, maksoed kaoela rek ngarereg ka Prambanan teh?"

T. Koedanawarsa: „Mĕnggah abdi Goesti mah teu kintĕn rĕmpagna."

P. A. Mangkoenĕgara: „Moen kitoe nja soekoer, geura parentahkeun bae ka wadyabalad, kabeh sina sadia, kaoela rek boedal ka Prambanan."

T. Koedanawarsa: „Oendjoek soemangga."

Barang kabeh geus sadia, gantjangna toeloej boedal.

Ganti tjarita Kangdjĕng Soeltan Kabanaran, nĕmpoehna Soerabaja geus beres, kabeh taraloek; dĕmi anak-anakna para boepati noe paraeh di pangpĕrangan, geus didjĕnĕng-djĕnĕngkeun gaganti rama-ramana. Tidinja Kangdjĕng Soeltan sasadiaan deui rek moelih ka Mataram, djalanna ka beulah kaler sabab aja kĕrsana arek liren di Gorobogan; barang geus sadia kabeh djoeng mangkat indit sirib sawadyabaladna, di djalanna teu katjaritakeun; barang nĕpi ka Gorobogan, Kangdjĕng Soeltan nampi laporan ti A. Soerjanĕgara, jen balad noe pĕrang di Kĕdoe roeksak, malah rakana, P. Adiwidjaja oge poepoes di Kali Aboe kakĕpoeng koe Koempĕni.

Kangdjĕng Soeltan Kabanaran barang ngadangoe laporan jen rakana P. Adiwidjaja poepoes, katjida ngoengoenna toeloej ngadawoehan ka balad-baladna kabeh soepaja ngagantjangkeun lalampahanana, sangkan boeroe-boeroe nĕpi ka Mataram, arek mereskeun deui barisan anoe roeksak.




# MINJAK TJAP KROEN BPM


W. VAN OS
MINJAK
TJAP KOENTJI
BPM

Katjaritakeun wadyabala noe tinggal di Mataram geus sasadiaan pikeun mapag Kangdjĕng Soeltan, barang Kangdjĕng Soeltan rawoeh ka aloen-aloen dihormat koe sora bĕdil diambrĕgkeun, nja kitoe deui gamĕlan, mani geus teu poegoeh daratanana. Teu lila Kangdjeng Soeltan toeloej linggih di pagĕlaran, tidinja njaoer A. Soerjanĕgara bade ditanggap tjaritana, hal karoeksakan wadyabala noe pĕrang di Kĕdoe djeung poepoesna Kangdjĕng Pangeran Adiwidjaja.

A. Soerjanĕgara paralak tjarita ditetek ti mimitina imeut pisan teu aja anoe kaliwat nĕpi ka toetoepna.

Kangdjĕng Soeltan katjida ngoengoenna, toeloej mariksakeun poetrana P. A. Mangkoenĕgara. Koe A. Soerjanĕgara dioendjoekkeun jen P. A. Mangkoenĕgara ngarereg ka Prambanan misah djeung balad-baladna.

Kangdjĕng Soeltan ngadangoe pihatoer A. Soerjanĕgara kitoe liwat saking kagetna, tapi lĕbĕt manahna geus ngartos, jen tangtoe tĕroes poendoeng tea, sĕdja misah matjakal sorangan, parandene Kangdjĕng Soeltan sareh bae. Tidinja toeloej nimbalan njaoer P. A. Mangkoenĕgara, soepaja moelih ka Mataram. Gantjangna oetoesan geus mangkat. Sanggeus oetoesan indit toeloej boebaran.

## V. LALAMPAHAN KANGDJĔNG PANGERAN ADIPATI MANGKOENĔGARA TI BARANG PAPISAH DJEUNG KANGDJĔNG SOELTAN KABANARAN NĔPI KA MOELIH NGADATON DI SOERAKARTA.

Ganti tjarita K. G. P. A. Mangkoenĕgara noe aja di Prambanan, waktoe harita keur badami djeung T. Koedanawarsa, tatjan tamat pangandikana torodjol oetoesan Kangdjĕng Soeltan Kabanaran, njaoer andjeunna, tapi Kangdjĕng Pangeran teu kĕrsaeun, saoerna rek njĕnangkeun heula salira. Oetoesan ngagĕlĕndoet oendjoekan rea-rea sangkan Kangdjĕng Pangeran kĕrsaeun, tapi keukeuh moegĕn bae. Koe lantaran kitoe oetoesan toeloej bae moelang deui.

Teu katjaritakeun lilana, barang geus meunang sawa'ara poë P. A. Mangkoenĕgara nampi laporan ti doea mantri patjalang, jen Kangdjĕng Soeltan Kabanaran ajeuna geus ngahidji djeung Koempĕni niat sabagdja satjilaka, lantaran pangwoedjoekna Sarip

Bĕsar Seh Ibrahim, oetoesan Soeltan Roem, marentah ka Koempĕni soepaja ngarawoe Kangdjĕng Soeltan Kabanaran. Ajeuna geus laksana, malah dikintoenan makoeta ti Radja Roem. Kadjaba ti eta ajeuna toean Bĕsar katjida asiheunana.

Kangdjĕng Pangeran barang ngadangoe pioendjoek mantri patjalang kitoe, roepina rada ngoengoen, katawis dina pameunteuna, tapi teu nembongkeun andjeun, didamĕl saroepi noe sĕnang bae; tidinja ngadawoehan ka T. Koedanawarsa: „He, aki, naha bĕnĕr kira-kirana eta bedja teh?"

T. Koedanawarsa: „Goesti, roepi-roepina mah lĕrĕs, kawoewoeh kamari ieu malĕm Djoemaah, abdi Goesti ngimpi ningal rama Dalĕm, Soeltan Mangkoeboemi aja di tĕngah-tĕngah pangpĕrangan, misah ti balad-baladna, toenggang koeda dawoek agĕng bari njandak toembak teu kintĕn agĕngna, gagangna oge meh sami sarĕng tangkal djambe, di dinja rama Dalĕm ngandika ka abdi Goesti kieu: „He koedanawarsa, katjida atohna kami bisa tĕpoeng djeung maneh, lantaran kami papisah djeung balad kabeh di pangpĕrangan, ajeuna kami menta toeloeng, sarehna kami tjape, ieu pangmawakeun toembak." Ngandikana kitoe teh bari maparinkeun toembak, nanging abdi ladjĕng oendjoekan: „Bĕndoe disoehoen doeka disangga, hal pĕrkawis pamoendoet Goesti teu tiasa toemoet kana kĕrsa, amargi katingalna teu kintĕn abotna." Nanging rama Dalĕm keukeuh kĕdah bae, koe margi eta kapaksa koe abdi Goesti ditampi. Tidinja ladjĕng angkat deui, abdi Goesti ngiring poengkoereunana. Kintĕn kenging sadjongdjongan, moeng brĕk bae koeda anoe toempakan koe abdi Goesti teh roeboeh, malah ladjĕng doegi ka maotna pisan, doepi margina djalaran aboteun koe toembak tea. Saparantos teu aja koeda, kapaksa eta toembak teh koe abdi Goesti dipanggoel, sanaos abdi Goesti parantos ripoeh oge ngabantoen eta toembak, keukeuh kĕdah ladjĕng dibantoen bae koe rama Dalĕm teh. Dawoehanana: „He Koedanawarsa, bĕt njolong bade geuning, dina paroman mah siga leuwih bĕdas ti djĕlĕma sapoeloeh maneh teh, tapi boektina bĕt sakitoe hengkerna; anak aing mah Ki Soeranata, watĕs sabĕdoeg bae mah mawa eta toembak tatjan naon-naon, tapi ari maneh tatjan sadjongdjongan-sadjongdjongan atjan koedana geus nambroe, lamoen kitoe maneh tatjan meunang wahjoe kapradjoeritan, masih keneh pradjoerit anggaran. Tina hal wawanen oge kawas tatjan meudjeuhna." Nĕmbe sakitoe pangandikana kaboedjĕng abdi Goesti lilir. Teu kintĕn abdi Goesti prihatosna. Dina lĕbĕt hate abdi Goesti

jakin, tetela rama Dalĕm teh dimongmong keneh koe Noe Agoeng. Kintĕn-kintĕn satĕngah sasih ti saparantos abdi Goesti ngimpi, nja ladjĕng ngoeping wartos jen di Batawi kasoenmpingan tatamoe, oetoesan Radja Roem, njandak pradjoerit sababaraha parahoe, anoe eusina saparahoena sarewoe-rewoe, pĕrloena didawoehan marios karĕsakanana Tanah Djawa. Waktos ka Samarang koelĕmna di lodji boemi Petor Bĕsar. Salamina aja di dinja anoe dibarĕmpagkeun teh taja sanes moeng perang Tanah Djawa bae; *oepami* teu enggal disirĕp tanwande Tanah Djawa *djadi* rĕsak, ahirna matak ngadjadikeun sĕsah ka noe dagang.

Koe pirĕmpag toean Petor Bĕsar, toean Seh Ibrahim soepados njĕratan ka Kangdjĕng Soeltan Mangkoeboemi Kabanaran, margi dina emoetanana eta noe pangprawirana dina djoerit, djadi kĕdah eta anoe dirawoe. Kawoewoeh toean Seh Ibrahim teh teu kintĕn wĕlaseunana ka rama Dalĕm teh, nja ladjĕng bae ngalaksanakeun, njĕratan nganggo omongan anoe lĕmah-lĕmboet pangolo soepados kĕrsaeun akoer. Enggalna nja rama Dalĕm ladjĕng anoet, noeroet *sakoemaha kĕrsana* toean Seh Ibrahim. Barang parantos kenging sawatawis dintĕn rama Dalĕm ladjĕng ngoetoes A. Soerjanĕgara sarĕng T. Sindoesetra, didawoehan ngintoenkeun sĕrat ka Seh Ibrahim sarĕng ka toean Bĕsar, oengĕlna njarioskeun jen rama Dalĕm kĕrsa akoer sarĕng Koempeni nanging oelah doegi ka miwarang naon-naon *ka* toean *Idĕler di Samarang, margi parantos* kadjadian sababaraha kali ngadamĕl tjidra. Barang sĕrat parantos katampi koe toean Seh Ibrahim, ladjĕng barĕmpag sarĕng toean Bĕsar, nja ladjĕng toean Bĕsar ngintoenan pangbakti ka rama Dalĕm roepi sakĕlat sababaraha gotongan kitoe deui artos seueurna toedjoeh rewoe real."

P. A. Mangkoenĕgara beuki kagagas manahna, pangandikana: „Naha aki tjaritaan teh bĕt tĕrang-tĕrang teuing, ti saha nja meunang bedja?"

T. Koedanawarsa: „Ngoeping wartos ti Ki Setrawidjaja djoeroesĕrat toean Petor Bĕsar di Samarang, sarĕng sanes pĕrkawis eta bae tĕrangeunana teh, pĕrkawis pirĕmpagna Seh Ibrahim oge tĕrangeun pisan."

P. A. Mangkoenĕgara *teu seueur saoer* deui, toeloej bae ngaboedalkeun baladna, rek nĕmpoeh barisan ramana Soeltan Kabanaran, djalanna norobos ka Wanatoea, anoe djol ka lĕmboer Boetoehpoejang.

Katjaritakeun Kangdjĕng Soeltan Kabanaran, kabĕnĕran keur siniewaka djeung para boepati, kasaroe koe datangna A. Soerjanĕgara djeung T. Sindoesĕtra ti Samarang, toeloej marĕk pajoeneuh Kangdjĕng Soeltan njanggakeun soerat ti Seh Ibrahim, soerat geus tamat diaosna toeloej Kangdjĕng Soeltan ngandika ka A. Soerjanĕgara: „Koemaha geuning ieu dawoehanana Seh Ibrahim' teh oerang koedoe ngeureunan pĕrang."

Pihatoer A. Soerjanĕgara: „Dawoeh Goesti, jaktos kitoe pisan, malah kieu dawoehanana ka abdi Goesti mah: „Soerjanĕgara, oendjoekkeun ka anak Praboe, ti sĕmĕt ajeuna moen beunang, tatatah oerang ka anak Praboe, meugeus oelah ngajakeun deui pĕrang, nadjan didatangan moesoeh hade ingkeun bae oelah dilawan, ari beresna pĕrkara ieu toenggoe bae nĕpi ka oerang geus meunang katĕrangan ti toean Bĕsar, ha! pamenta oerang, menta satĕngahna karaton tanah Djawa, eta pĕrkara koe anak Praboe oelah dipake salĕmpang; anggoer geura nĕnĕda bae soepaja tinĕkanan sapamaksoed." Barang Seh Ibrahim parantos seep wĕwĕlingna, abdi Goesti ladjĕng didjoeroeng wangsoel sarĕng dibahanan eta sĕrat; kitoe deui Seh Ibrahim harita keneh angkat ka Batawi."

Waktoe harita keur rame-rame njarita, di loear riboet djĕlĕma pating haraok, jen aja moesoeh datang, nja eta barisan P. A. Mangkoenĕgara; harita Kangdjĕng Soeltan rek mapag moesoeh, tapi ras bae emoet ka wĕling Seh Ibrahim tea, djadi teu toeloes, ngan nimbalan bae ka baladna, jen koedoe dibagi opat bagian.

Sabagian dikapalaan koe P. Adipati Anom, P. Ngabehi djeung Rangga Wirasĕtika anoe ngadjaga di Goenoeng Gamping.

Sabagian deui dikapalaan koe A. Soerjanĕgara anoe ngadjaga di Gorobogan.

Bagian noe sedjen dikapalaan koe K. Soeltan koe andjeun tĕtĕp di Mataram bari ngadagoan barisan Koempĕni, rek ngaboektikeun katĕmĕnanana toean Idĕler Samarang, reh geus sanggoep rek ngabantoe.

Ganti tjarita Toean Bĕsar di Batawi badami djeung Raad Koempĕni sarehna pĕpĕrangan di Tanah Djawa teu eureun-eureun. Koe hal eta kĕrsana Toean Bĕsar rek njoehoenkeun ridona Soesoehoenan Soerakarta, Pangeran Mangkoeboemi rek didjĕnĕngkeun Soeltan di Djogjakarta, djeung njoehoenkeun kaloenggoehanana tanah sabagian nagara Djawa. Kĕrsana Toean Bĕsar kitoe teh koe Raad Koempĕni karĕmpoegan, tĕroes didjalankeun. Kitoe deui

Soesoehoenan geus ngarĕmpagan, asal bĕnĕr bae eta pĕpĕrangan bisa eureun, sangkan anoe leutik djadi tĕngtrĕm.

Saĕnjana Pangeran Mangkoeboemi teh geus sabaraha kali rek diangkat soeltanna sarta rek dileler kaloenggoehan tanah sabagian nagara Djawa, ngan koe Pangeran Mangkoeboemi diĕngke-ĕngke bae, doemeh tatjan pĕrtjaja ka Koempĕni, nja koe akal tarekahna Koempĕni, menta toeloeng ka Sarip Bĕsar Seh Ibrahim oetoesan Radja Roem noe geus ditjaritakeun di loehoer tea, dipĕrih soepaja ngalilipoer manahna Pangeran Mangkoeboemi, sangkan noeroet saparentah Koempĕni. Ari pangna Koempĕni ngahirasaja ka Sarip Bĕsar, lantaran waktoe harita Pangeran Mangkoeboemi teh keur kĕras pisan ngalakonanana sareat Nabi, toehoe kana agama Islam, Katawis oepama ngadangoe tjarios bangsa Sajid atawa oelamana anoe geus mashoer teh manahna sok toeloej bae pĕrtjaja.

Gantjanging tjarita lampahna Sarip Bĕsar geus datang ka Batawi, toeloej ngadeuheus ka Toean Bĕsar; sanggeus tĕpang toeloej ngoendjoekkeun akal tarekahna Koempĕni, ajeuna pibisaeun laksana, lantaran koe panglilipoer andjeunna; Pangeran Mangkoeboemi geus noeroet: ngan moendoet pĕrdjangdjian sing nĕpi ka tjara ejangna soewargi Sinoehoen Pakoeboewana I di Kartasoera. Andjeunanana geus njanggoepan sarta rek dioendjoekkeun ka Toean Bĕsar.

Toean Goepĕrnoer Djendral barang ngadangoe pihatoer Sarip Bĕsar kitoe, katjida soeka manahna, dawoehanana: „Ia baik!"

Kotjap sanggeus kitoe Toean Bĕsar toeloej nimbalan toean Idĕler Helting, toean Petor djeung toean Sĕkebĕr bari mawa opat ratoes diragonder, didawoehan njarĕngan Sarip Bĕsar ka Djogjakarta, ngadjĕnĕngkeun Pangeran Mangkoeboemi djadi Soeltan di Djogjakarta. Malah Toean Bĕsar oge rek sarĕng ka Soerakarta, pĕrloena rek nĕpangan Soesoehoenan rek badami tina hal ngabagi doea nagara Djawa tea. Barang kabeh geus pada sadia, djoeng mangkat masing-masing, ka Djogjakarta djeung anoe ka Soerakarta.

Kangdjĕng Soeltan Kabanaran nampi soerat ti Toean Bĕsar, jen Seh Sarip Ibrahim dioetoes ka Djogjakarta doeaan djeung toean Idĕler, maksoedna rek ngadjĕnĕngkeun andjeunna djadi Soeltan di dinja. Kangdjĕng Soeltan toeloej ngadawoehan njadjakeun sarta miwarang doea Pangeran djeung doea boepati mapag Sarip Bĕsar.

Barang geus nĕpi kana poĕna noe geus ditangtoekeun Kangdjĕng Soeltan angkat ka pagĕlaran, teu lila Sarip Bĕsar soemping, nĕpi ka aloen-aloen dihormat koe mariĕm djeung bĕdil diambrĕgkeun, nĕpi ka panjaweran dipapag koe Kangdjĕng Soeltan, toeloej sasalaman, dĕmi toean-toean tarabe; sanggeus silih bageakeun toeloej lalinggih satata. Sarip Bĕsar matoer sapĕrloena, jen dioetoes koe Toean Bĕsar, rek nĕtĕpkeun djoemĕnĕngna Soeltan. Tidinja Kangdjĕng Soeltan toeloej ngadawoehan ka para boepati, jen isoek poë Sĕnen koempoelan gĕde, rek ngadjĕnĕngkeun Soeltan. Sanggeus tamat ngadawoehkeunana toeloej lĕbĕt deui ka karaton ngarioeng sakeudeung, tidinja toeloej boebaran. Sarip bĕsar dipondokkeun di masdjid.

Kangdjĕng Soeltan koe Sarip Bĕsar teh katjida adjriheunana, hormat tadim pisan. Salilana Sarip Bĕsar aja di Djogjakarta Kangdjĕng Soeltan sĕring pisan angkat ka pondokna Sarip Bĕsar.

Katjaritaken barang poë Sĕnen para poetra santana djeung abdi-abdi *kabeh geus karoempoel di pagĕlaran; Kangdjĕng Soeltan* angkat ti karaton, diiring koe toean Idĕler djeung Sarip Bĕsar, barang geus sami lalinggih Sarip Bĕsar toeloej ngadĕg, bari gandika: „Ajeuna Pangeran Mangkoeboemi didjĕnĕngkeun Soeltan, djoedjoeloekna *Ingkang Sinoehoen Kangdjĕng Soeltan Amangkoeboeana Senapati Ingalaga Abdoerahman Sajidin Panatadinan ing Ngajogjakarta.*"

Para boepati djeung oelama pada ngistrenan sarta ngadoa noerboeat. Toean Idĕler maos soerat pĕrdjangdjian, tĕtĕpna eta djoemĕnĕng nata djeung djadi senapati ingajoeda, bisi Koempĕni meunang karĕrĕpĕt Kangdjĕng Soeltan anoe nanggoelang kana pĕrangna.

Sanggeus beres dihormat koe sora bĕdil dragondĕr diambrĕgkeun tiloe kali; toean Bĕsar ngintoenan dragondĕr opat ratoes teh dikapalaan koe toean Sĕkebĕr, pakeun ngadjaga di dinja.

Beres kabeh kapĕrloean, Sarip Bĕsar djeung toean Idĕler moelih deui ka Samarang ngan toean Sĕkebĕr noe masih tinggal teh sabab noenggoean heula noe ngadĕgkeun karaton keur Kangdjĕng Soeltan. Ari hormatan waktoe moelih toean Idĕler teu beda djeung waktoe soempingna.

Malikan lampahna Toean Bĕsar; harita geus soemping ka Soerakarta, hal kahormatanana teu ditjaritakeun. Gangtjangna geus tĕpang djeung Soesoehoenan Soerakarta, sarta hatoer oeninga jen Pangeran Mangkoeboemi ajeuna geus noeroet sarta geus ditĕtĕp-

keun djoemĕnĕng Soeltan di Djogjakarta, ajeuna Toean Bĕsar rek njoehoenkeun sabagian Tanah Djawa tea pikeun kaloenggoehanana Kangdjĕng Soeltan.

Kangdjĕng Sinoehoen Soerakarta geus njanggoepan, tapi moendoet tĕpang koe andjeun sarĕng rama Kangdjĕng Soeltan Djogjakarta. Toean Bĕsar geus ngarĕmpagan tapi andjeunna njoehoenkeun widi rek angkat ka Djogjakarta ti heula rek ngawartosan ka Kangdjĕng Soeltan. Koe Kangdjĕng Sinoehoen geus kawidian, Toean Bĕsar toeloej angkat ka Djogjakarta; barang tĕpang djeung Kangdjĕng Soeltan, ladjĕng njarioskeun kĕrsana Kangdjĕng Soesoehoenan Soerakarta tea, jen hojong tĕpang koe andjeun tea padoedoeaan, sabab Kangdjĕng Soeltan teu kenging milih sakoemaha kapalajna.

Pihatoer toean Bĕsar: „Koemaha manah Kangdjĕng Soeltan tina hal pĕrkawis eta?"

Wangsoel Kangdjĕng Soeltan: „Sĕdja noemoetkeun sakoemaha kĕrsana Kangdjĕng Soesoehoenan Soerakarta bae."

Toean Bĕsar katjida soeka manahna ngadangoe saoerna Kangdjĕng Soeltan kitoe teh, toeloej bae nangtoekeun poĕna baris patĕpang tea, nja eta poĕ Kĕmis tanggal 1 Sapar taoen Djimähir, tĕmpatna di lĕmboer Pagianti.

Saberesna badami Toean Bĕsar toeloej pamitan.

Gantjanging tjarita Toean Bĕsar ngintoenan sĕrat ka Kangdjĕng Soesoehoenan Soerakarta, jen Kangdjĕng Soeltan Djogjakarta geus kĕrsaeun tĕpang, malah waktoena geus ditangtoskeun dina dintĕn Kĕmis tanggal 1 boelan Sapar taoen Djimähir, tĕmpatna di Pagianti djeung sakalian soepaja Kangdjĕng Sinoehoen ngadawoehkeun ngadamĕl tataroeb keur tĕmpatna tea.

Barang geus nĕpi kana poĕ noe geus ditangtoekeun, di Pagianti geus beres tataroeb beunang mapaesan. Kangdjĕng Soesoehoenan Soerakarta, Kangdjĕng Soeltan Djogjakarta djeung Toean Bĕsar geus rarawoeh, para boepati djeung toean-toean geus karoempoel, ngan noe masih keneh tata baris noe hĕnteu teh, ngadjaga bisi P. A. Mangkoenĕgara nĕmpoeh.

Barang geus lalinggih toeloej Toean Bĕsar ka Kangdjĕng Sinoehoen Soerakarta sasaoeran, saoerna: „Kangdjĕng Sinoehoen, koe margi ajeuna parantos tĕpang sarĕng rama Dalĕm Kangdjĕng Soeltan abdi Dalĕm ajeuna kantoen njanggakeun."

Kangdjĕng Soesoehoenan toeloej ngandika ka Patih Pringgalaja: „Heh Pringgalaja, hatoerkeun ka rama Praboe Soeltan, a-

jeuna rama Praboe Soeltan soepaja kĕrsa nampi sabagian nagara Djawa, tapi 1e. rama Praboe teu meunang milih, 2e. sakoemaha noe geus kasĕboet dina pĕrdjangdjian, rama Praboe teu meunang moendoet *nagara Soerakarta* atawa barang-barang eusining karaton; dĕmi oenina pĕrdjangdjian, noe dibagi doea teh tanah basisir mantjanagara bangwetan djeung bangkoelon."

Patih Pringgalaja toeloej matoer ka Kangdjĕng Soeltan sakoemaha dawoehan Kangdjĕng Sinoehoen noe geus didawoehkeun tadi.

Wangsoelan Kangdjĕng Soeltan: „Patih Pringgalaja, hatoerkeun ka anak Praboe, pikeun kaoela mah noeroetkeun bae sakoemaha kĕrsana anak Praboe."

Koe Patih Pringgalaja geus dioendjoekkeun. Tidinja Kangdjĕng Sinoehoen ngandika deui: „He Patih Pringgalaja, pek ajeuna eta soerat pĕrdjangdjian geura batja, soepaja baroedak oerang, para boepati di basisir atawa mantjanagara njarahoëun."

Patih Pringgalaja hatoer soemangga, toeloej matja eta soerat pĕrdjangdjian, maksoedna sapĕrti di handap ieu: Anoe kabawah ka Soerakarta di bangwetan: 1e. Blitar, 2e. Brĕbĕk, 3e. Ngandjoek, *4e. Patje, 5e. Srĕngat, 6e. Kĕrtasana*, 7e. Toeloengägoeng, 8e. Trĕnggalek, 9e. Kĕdiri, 10e. Madjarata, 11e. Basoeki, 12e. Rĕmbang, 13e. Wanasaba, 15e. Djagaraga djeung 16e. Magĕtan.

Dĕmi anoe kabawah *ka Djogjakarta: 1e. Madioen, 2e. Ponogoro*, 3e. Samarata, 4e. Maespati, 5e. Sidajoe, 6e. Pasoeroean, 7e. Patjitan, 8e. Kalangbret. djeung sapandjang basisir Grĕsik.

Di bangkoelon ti sĕmĕt Banjoemas dibagi doea anoe saroea.

Barang geus beres ngabagi-bagina, Toean Bĕsar matoer ka *Sang Praboe doeanana*, disoehoenkeun soepados sami roekoen oelah nĕpi ka aja noe soelaja. djeung djangdji ka Sang Praboe doeanana, oepama aja bantjang pakewoeh, balai atawa pĕrang baris silih toeloengan.

Disahkeunana eta pĕrdjangdjian tanggal 1 boelan Sapar taoen Djimähir, tjadrasangkalana: *Soekaning sarira ngrasa toenggal* = 1681, taoen Walandana 1755.

Toean Bĕsar sasalsena toeloej moelih ka Batawi.

*Sang Praboe doeanana* ngadawoehan soepaja masang adjir watĕs-watĕs tanah Soerakarta djeung Djogjakarta.

Ti Soerakarta noe dikokolotkeun R. A. Pringgalaja disarĕngan koe boepati doeaan djeung oproep toean Hendrik, bari djadi kapala Koempĕni ngadjaga moesoeh karaman P. A. Mangkoenĕgara.

Dĕmi ti Djogjakarta noe dikokolotkeun ngan boepati doeaan. Ari Sang Praboe doeanana toeloej sami boebaran maroelih masing-masing.

R. A. Pringgalaja sabatoerna bangsa Djawa anoe marasang adjir watĕs, geus lila pisan tatjan anggeus keneh bae, sabab bari djeung heureuj. Lila-lila eta kalakoean kitoe teh katangen koe toean Oproep, nĕpi ka diwĕwĕleh; koe hal eta R. A. Pringgalaja katjida wirangna, tĕmahna ngan brĕk bae gĕring njĕri beuteung tjida wirangna, tĕmahna ngan brĕk bae gĕring njĕri beuteung moeroes, meunang doea poë toeloej hilang.

Kangdjĕng Sinoehoen Soerakarta barang nampi laporan ti doea boepati, toeloej bae ngangkat piganticunana, nja eta R. T. Grobogan (Kĕdoe), anoe geus njoehoenkeun eureun, ajeuna diangkat deui djadi Patih dipaparin djĕnĕngan gĕlaran R. A. Mangkoepradja. Ari noe matak kitoe, reh kagalih, kanjahona tjoekoep djeung aja oemoer, tangtoe bisa ngaheujeuk nagara.

Kotjap P. A. Mangkoenĕgara noe keur tata baris di Goenoengkidoel, andjeunna mariksa ka T. Koedanawarsa: „Sarehna jaji Praboe Soerakarta geus rapih djeung rama Praboe Djogjakarta, rek toendoek, tapi ka mana, naha hade ka Soerakarta atawa ka Djogjakarta?''

Pihatoer T. Koedanawarsa: „Goesti, mĕnggah abdi Dalĕm ngiringan bae, koemaha kĕras Dalĕm doeanana oge sami bae."

Keur gĕndoe raos kitoe para boepati njoendoel pihatoer: „Doeh Goesti, koe margi parantos kadjantĕnan kieu, emoetan abdi Goesti, kanggo naon kagoengan panggalih bade taloek, langkoeng sae oerang ladjĕngkeun pĕrang bae, balad teu aja anoe mĕlĕntjing, sarĕng woewoeh seueur, sadajana niat bela pati. Oepami ladjĕng pĕrang sarĕng aja bagdja oenggoel djoerit, kantĕnan Goesti baris kenging sapĕrtiloe tanah Djawa."

P. A. Mangkoenĕgara barang ngadangoe pihatoer para ponggawa kitoe, manahna asa direrab toeloej bae ngandika: „Aki T. Koedanawarsa, kawas-kawas bĕnĕr eta omongna para ponggawa kitoe teh, ajeuna mah sina sadia parabot pĕrang bae, oerang ngagĕboeg ka Djogjakarta, ti dinja tĕroes ka Soerakarta."

T. Koedanawarsa hatoer soemangga, toeloej marentahkeun. Sanggeus samakta T. Koedanawarsa toeloej hatoeran: „Goesti, oendjoek oeninga, balad Djogjakarta ajeuna tina baris di lĕbakeun ieu goenoeng, noe ngapalaan 1e. Pangeran Adipati Anom, 2e. Pangeran Ngabehi sarĕng 3e. Pangeran Natakoesoema."

Harita P. A. Mangkoenĕgara raos aja noe nanganan bae, toeloej ngahoetjoehkeun baladna. Sanggeus tĕpoeng dĕr pĕrang; lila-lila barisan Djogjakarta kasĕsĕr, toeloej moendoer ka deukeut Goenoeng Gamping.

Kangdjĕng Soeltan barang ngadangoe baladna kasĕsĕr, toeloej njaoer ka Patih A. Soerjanĕgara, didawoehan ngabedjaan ka Patih Mangkoepradja di Soerakarta, soepaja ngadjaga di tapèl watès, sabab barisan P. A. Mangkoenĕgara gĕde pisan. Anoe didawoehan toeloej indit gagantjangan, Kangdjĕng Soeltan sabaladna toeloej boedal, geus tĕpoeng djeung moesoeh dĕr pĕrang. Harita balad Mangkoenĕgara kasĕsĕr deui, koe sabab eta P. A. Mangkoenĕgara moendoer deui. Barisan Djogjakarta masih keneh noetoer-noetoerkeun. Kangdjĕng Soeltan ngarĕrĕb di lĕmboer Sampangan; barang geus sawatara poĕ toeloej moendoer ka Djogjakarta.

Katjaritakeun ĕnggoning P. A. Mangkoenĕgara ngarereg nĕpi ka lĕmboer Koewoe, di dinja naloek-naloekeun heula. Gantjangna geus taraloek kabeh; balad Mangkoenĕgara ajeuna loba deui.

Teu lila djol barisan ti Soerakarta kapalana R. A. Mangkoepradja djeung toean Jan Hendrik, pandeurieun eta barisan Djogjakarta dikapalaan koe R. A. Soerjanagara djeung Major Sĕkebĕr, toeloej kabeh tjampoeh pĕrang rame lain dikieuna. Toean Major Sĕkebĕr kasamboet nĕpi ka adjalna; lila-lila balad Mangkoenĕgara beuki saeutik, barang kira-kira tinggal doea poeloeh deui, emoetanana geus teu kaoentoep. P. A. Mangkoenĕgara sapoetra-garwa dalah baladna noe masih hariroep maloendoer, ngarĕrĕb di lĕmboer Lawang. Dĕmi moesoeh taja noe tĕroes moeroe, areureun di lĕmboer Koewoe.

P. A. Mangkoenĕgara sadjĕroning ngarĕrĕb di Lawang katjida ngaraos prihatosna, ngagalih karoeksakan balad, beurang-peuting teu kĕrsa koelĕm, ngan noenoehoen moega-moega aja pitoeloeng Pangeran.

Tidinja T. Koedanawarsa hatoeran; pioendjoekna: „Goesti, koe emoetan abdi Dalĕm, langkoeng sae oelah dianggo 'galih teuing, langkoeng sae oerang bangbrangkeun bae, rehing ajeuna Dampal Dalĕm keur digandjar apĕs, djadi kĕdah ditarimakeun, nanging oelah kĕndat nĕnĕda ka Pangeran malah mandar ĕngke di ahir, tiasa itjal tina kasĕsah. Ajeuna langkoeng sae niiskeun manah bae bari ngantos-ngantos kĕmpĕlna wadyabalad; oepami parantos kĕmpĕl oerang madjĕng deui."

Eta pihatoer katjida katampina koe P. A. Mangkoenĕgara sarta rek diestoekeun pisan.

Katjaritakeun ajeuna toean Idĕler di Samarang njĕratan ka Toean Bĕsar di Batawi, ngoeningakeun jen noeroetkeun laporanana kapala barisan di Koewoe, Major Sĕkebĕr maot kasamboet pĕrang di Koewoe.

Tidinja toeloej Toean Bĕsar moepakat djeung Raad Koempĕni, koemaha deui pihadeeunana. Pirĕmpoeg para Raad Koempĕni P. A. Mangkoenĕgara hade sina moelih bae ka Soerakarta atawa ka Djogjakarta, sarta dipaparinan kaloenggoehan noe sakira njĕkapan.

Toean Bĕsar oge geus moepakat toeloej angkat ka Samarang nĕpangan toean Idĕler, ngadawoehkeun soepaja njaoer para boepati noe keur tata baris di Koewoe; gantjangna kabeh geus daratang: 1e. R. T. Mangkoejoeda, 2e. R. T. Aroengbinang, 3e. R. T.Soedjanapoera, Toean Bĕsar toeloej ngandika ngabadamikeun, jen rek njĕratan ka Kangdjĕng Sinoehoen di Soerakarta atawa Soeltan Djogjakarta, maksoedna soepaja P. A. Mangkoenĕgara ditimbalan moelih ka nagara, kalawan dipapantjenan tanah kaloenggoehan noe sakira tjoekoep, sabab lamoen teu kitoe nagara moal tĕngtrĕm-tĕngtrĕm.

Eta pirĕmpoeg toean Bĕsar kitoe karempoegan koe kabeh para boepati, ngan R. T. Mangkoejoeda anoe njoendoel pihatoer; saoerna: „Mĕnggah emoetan djisim abdi mah, soepados djadi langkoeng sae, oelah waka njĕratan, keun djisim abdi heula oendjoekan ka Kangdjĕng Sinoehoen Soerakarta, nanging djisim abdi bade api-api karĕp sim abdi bae sanes dioetoes koe Kangdjĕng Toean; ĕngke di ditoe sim abdi oendjoekan jen ngoeping wartos Kangdjĕng Toean bade njĕratan maksadna sakoemaha tadi tea. Ari margina noe mawi pĕrloe diteuleuman heula, margi oepami Kangdjĕng Sinoehoen teu sapoek sarĕng Kangdjĕng Toean, woeriwoeri nampi sĕrat kitoe, sabaraha piteu-raoseunana manahna meureun matak tideuha. Ĕngke oepami katingal longsong manahna, eta sĕrat Kangdjĕng Toean sae diladjĕngkeun.

Oepami Kangdjĕng Sinoehoen parantos rĕmpag bade maparin, sim abdi pribados bade ngadeuheus ka K. P. A. Mangkoenĕgara, bade dilĕlĕmoe sarĕng diiilipoer soepados kĕrsa moelih ka Soerakarta, margi nadjan Kangdjĕng Snoehoen parantos ngarĕmpagan oge, emoetan djisim abdi ari P. A. Mangkoenĕgara teu kĕrsaeun moelih mah tangtos moal djadi. Tah sakitoe pioendjoek djisim

abdi, nanging kitoe 'ge manawi bahan katampi, sawangsoelna oepami hènteu kamanah eta pioendjoek, abdi teu ngalalangkoengan."

Toean Bĕsar barang ngadangoe pioendjoek R. T. Mangkoejoeda kitoe, katjida soeka manahna malah nĕpi ka nganoehoenkeun; para boepati oge kabeh pada ngarĕmpoegan, ĕnja kitoe bĕnĕr sapirĕmpoeg R. T. Mangkoejoeda, tjotjog pisan; tjeuk babasan moal pindo *gawe tangtoe sakali djadi.*

Toean Bĕsar ngandika deui: „R. T. Mangkoejoeda, sakoemaha maksoed sampean, kaoela teu ngaborongkeun, geus pĕrtjaja ka sampean bae, reh sampean leuwih pĕrtjeka; ĕngke saberesna ti ditoe moega ngabedjaan ka kaoela di Samarang; dĕmi ieu para boepati noe sedjen koe kaoela diidinan moelang."

Pihatoer T. Mangkoejoeda: „Oendjoek soemangga." Tidinja toeloej boebaran maroelang kabeh ka Koewoe.

R. T. Mangkoejoeda nĕpoengan Patih Mangkoepradja, ngoendjoekkeun sapĕrloena naon noe geus didawoehkeun koe Toean Bĕsar. Gantjangna R. A. Mangkoepradja toeloej djadi hidji djeung toean Hendrik, geus kitoe djoeng boedal ka Soerakarta katoet R. T. Mangkoejoeda; nĕpi ka Soerakarta R. A. Mangkoepradja, toean Hendrik djeung T. Mangkoejoeda tiloean ngadeuheus ka Kangdjĕng Sinoehoen, oendjoekan jen ngoeping wartos, Toean Bĕsar bade njĕratan, maksadna ngabarĕmpagkeun P. A. Mangkoenĕgara soepados kĕrsaeun moelih ka Soerakarta atanapi ka Djogjakarta, sakalian dipapantjenan tanah kaloenggoehan satjĕkapna.

Kangdjĕng Sinoehoen ngadangoe aja wartos kitoe, katjida soeka manahna, eukeur mah tadina oge kagoengan manah, rakana arek dihatoeranan moelih koe andjeunna, soepados ngamongmong di Soerakarta ari ajeuna aja kĕrsana Toean Bĕsar kitoe, atoeh asa mobok manggih gorowong; sanggeus rada lila sasaoeranana toeloej boebaran.

Isoekna Patih Mangkoepradja marentah ka R. T. Mangkoejoeda soepaja ngadjalankeun sakoemaha maksoedna tea. R. T. Mangkoejoeda gantjangna toeloej mangkat ka lĕmboer Lawang, rek nĕpangan P. A. Mangkoenĕgara; di djalanna teu katjaritakeun, kotjap geus tĕpoeng bae, sanggeus silih bageakeun toeloej tjaralik satata.

R. T. Mangkoejoeda matoer: „Goesti, noe mawi abdi Dalĕm ngadeuheus ka pajoeneun Goesti, teu aja sanes anoe dipimaksad; kadjawi kawiloedjĕngan salira Goesti."

P. A. Mangkoenĕgara: „Atoeh noehoen kabina-bina mang, reh kaoela ajeuna keur bangĕt nandang sangsara."

R. T. Mangkoejoeda: „Nja eta noe mawi abdi Dalĕm enggal ngadeuheus oge, reh parantos tĕrang kana kaajaan Goesti. Koe margi eta oepami aja widi, abdi Dalĕm gadoeh pioendjoek, naha teu langkoeng sae Goesti moelih bae ka Soerakarta atanapi ka Djogjakarta? Koe Goesti oelah dianggo hawatos, sajaktosna rai Kangdjĕng Sinoehoen atanapi rama K. Soeltan oge, parantos ngarĕmpagan bade ngabagi nagara, djalaran andjeunana ngaraos, jen kitoe adilna."

P. A.Mangkoenĕgara midangĕt pihatoer T. Mangkoejoeda kitoe manahna katjida raosna, ladjĕng ngandika: „Raman, eta pihatoer paman kitoe, memang kaoela oge poeroen pisan; tapi koemaha pĕtana da oeroesan kaoela sakieu lobana? Lamoen kaoela parĕng moelang ka nagara tangtoe kabeh koedoe boga papantjen tĕdana; djeung deui maksoed kaoela lamoen moelang hajang ka Soerakarta, sakalian ngaraksa kaprabon jaji Praboe."

T. Mangkoejoeda matoer ngalĕlĕkan: „Naon margina noe mawi Goesti njandak Soerakarta?"

P. A. Mangkoenĕgara: „O, paman, teu pĕrloe koe kaoela ditjaritakeun, tangtoe moal kitoe lamoen taja sabab noe gĕde; tjindĕkna kaoela geus ĕmboeng bae gadeuheus ka rama Praboe di Djogjakarta."

R. T. Mangkoejoeda: „Oepami kitoe mah nja sae moelih ka Soerakarta bae, malah Kangdjĕng Sinoehoen oge sajaktosna parantos djangdji bade mapantjenan Dampal Dalĕm satjĕkapna. Mĕnggah pĕrkawis boemi, kanggo saheulaanan mah sae rorompok abdi Dalĕm bae, nja eta tilas kapatihan, koe emoetan tjĕkap oge kanggo sapoetra-garwa, ari poen paman mah gampil, bade pindah ka rorompok lami bae."

P. A. Mangkoenĕgara ngandika deui: „Oepami kitoe mah paman, sae."

Tidinja R. T. Mangkoejoeda balaka, waleh, saoerna: „Sajaktosna, ieu anoe kagoengan alpoekah teh Toean Bĕsar, sarĕng parantos kalajan sapoekna sarĕng manahna rai Dalĕm Kangdjĕng Sinoehoen Soerakarta; ajeuna oepami sardjoek sarĕng manah, sae ngalih ka Goemantar deui, bari ngantosan oetoesan rai Dalĕm Kangdjĕng Sinoehoen, nanging aja pioendjoek abdi Dalĕm saeutik; ĕngke oepami aja oetoesan anoe dongkap mapag, Dampal Dalĕm kĕdah oendjoekan moendoet boemi di kapatihan sarĕng sawĕwĕng-

konna lĕmboer-lĕmboer sadaja; kitoe deui papantjenna tanah noe sakintĕn pitjĕkapeun, sapĕrtos sapangĕrsa Dampal Dalĕm tadi."

Kangdjĕng Pangeran djangdji jen rek noeroetkeun sakoemaha pirĕmpoeg R. T. Mangkoejoeda. Tidinja R. Toemĕnggoeng toeloej pamit, koe Kangdjĕng Pangeran geus kawidian; gantjangna toeloej mangkat ngadjoegdjoeg ka Samarang, rek ngadeuheus hatoer oeninga ka Toean Bĕsar.

Sainditna R. T. Mangkoejoeda P. A. Mangkoenĕgara toeloej ngadawoehan boedal moelang ka Goemantar deui.

Katjaritakeun R. T. Mangkoejoeda sadatangna ka Samarang toeloej ngadeuheus ka Toean Bĕsar, ngoendjoekkeun beubeunanganana dioetoes ka Lawang nĕpoengan P. A. Mangkoenĕgara djeung waktoe ngadeuheus ka Sang Praboe di Soerakarta, kabeh dioendjoekkeun ti poerwa doegi ka wĕkasan sanggeus laporan tamat, R. T. Mangkoejoeda oendjoekan deui ka Toean Bĕsar, reh geus taja koea-kieu, ajeuna soerat noe rek dikintoenkeun ka Sang Praboe tea, sae djalankeun.

Toean Bĕsar manahna katjida soekana, ngadangoe pioendjoek T. Mangkoejoeda, toeloej bae narima-kasihkeun sarta di lĕbĕt manahna moedji kana kabidjaksanaan T. Mangkoejoeda, reh bisa ngabeberes nĕpi ka sakitoe rapihna, pangadikana: „R. T. Mangkoejoeda pantĕs pisan keur gaganti ramana djadi patih Kangdjĕng Sinoehoen, sabab lantip djeung nastiti tjaritaanana."

Saberesna kapĕrloean T. Mangkoejoeda didjoeroeng moelang deui ka tĕmpat barisna; Toean Bĕsar toeloej ngadamĕl sĕrat doea, hidji keur Kangdjĕng Sinoehoen Soerakarta, hidji deui keur ka Kangdjĕng Soeltan Djogjakarta, ari oenina sakoemaha noe geus dibadamikeun tadi, gantjangna soerat geus didjalankeun.

Kangdjĕng Sinoehoen barang maos eta soerat teu kaleked deui gantjang bae ngawalĕran, jen ngiringan Toean Bĕsar bae, ngan moelihna P. A. Mangkoenĕgara koedoe ka Soerakarta, soepaja ngasoeh andjeunna.

Dĕmi soerat anoe keur ka Djogjakarta, koe Kangdjĕng Soeltan oge geus katampi sarta walĕranana, nganoehoenkeun moega-moega bae sing enggal kadjadian.

Teu lila Toean Bĕsar njĕratan deui ka Kangdjĕng Sinoehoen di Soerakarta, soepaja rakana P. A. Mangkoenĕgara, dihatoeranan moelih.

Katjaritakeun waktoe P. A. Mangkoenĕgara tata baris di

Soekawati djol datang oetoesan Kangdjĕng Sinoehoen ti Soerakarta, anoe dioetoes Njai T. Sĕtyawati, Kiai Radjaniti djeung R. T. Mangoennagara njanggakeun sĕrat, oenina:

„Saparantosna salam saréng vadim, kang rai hatoer oeninga, satampina ieu sĕrat moegi kang mas Adipati kĕrsa moelih ka Soerakarta soepados ngamongmong kang rai, reh ĕnggoning kang rai djoemĕnĕng nata ngaraos noenggĕlis teu gadoeh patarosan, margi rama P. Mangkoeboemi parantos djadi Soeltan di Djogjakarta, djadi taja noe baris ngapingan kang rai kadjabi ti salira kakang mas; oepami kakang mas kèrsa nĕpangan kang rai, naon bae noe bade dikĕrsakeun kang rai tanwande ngiringan; kitoe deui tanah Mataram atanapi desa Solo noe parantos aja dina panangan kakang mas, koe kang rai disanggakeun."

K. P. A. Mangkoenĕgara barang maos sĕrat ti Kangdjĕng Sinoehoen Soerakarta kitoe, ngaraos longsong manah, toeloej ngandika ka oetoesan: „Njai Sĕtyawati, paman Radjaniti djeung paman Mangoennagara oendjoekkeun ka rai Praboe, pĕrkara soerat geus katampa, walonana ieu dibawa koe jaji mas P. Mangkoediningrat, anoe koe kaoela baris didjoeroeng barĕng ĕngke djeung sampean ngadeuheus ka jaji Praboe; kitoe deui naon anoe rek didawoehkeun koe jaji Praboe, hade didawoehkeun ka jaji mas P. Mangkoediningrat bae."

Sanggeus tamat dawoehan P. A. Mangkoenĕgara Njai Sĕtyawati sarentjangna toeloej pamit, sanggeus kawidian toeloej boedal barĕng djeung P. Mangkoediningrat. Sadatangna ka Soerakarta toeloej ngadeuheus ka Kangdjĕng Sinoehoen. Njai Sĕtyawati oendjoekan naon-naon anoe geus didjalankeun. Sanggeus tamat Kangdjĕng Sinoehoen toeloej mariksa ka P. Mangkoediningrat: Naon pamoendoet kakang mas Mangkoenĕgara teh?"

Pihatoer P. Mangkoediningrat: „Pamoendoet raka Dalĕm, kakang mas P. A. Mangkoenĕgara ieu kapioendjoek:

1e. Moendoet tĕtĕp sĕsĕbatan K. G. P. A. Mangkoenĕgara sapĕrtos rama soewargi;
2e. moendoet tanah anoe parantos kabawah koe andjeunanana sadaja;
3e. moendoet boemi kapatihan Sindoerĕdjan katoet tanahna sawĕwĕngkonna sadaja.

Moeng sakitoe pamoendoetna teh."

Gantjangna tjarita eta kabeh koe Sang Praboe geus disang-

goepan; tidinja toeloej ngoetoes ngadawoehan soepaja rakana P. A. Mangkoenĕgara, ĕngke dina tanggal 4 boelan Djoemadilähir, taoen Djimähir poekoel 5 sore, koedoe moelih ka Soerakarta.

Sanggeus nampi dawoehan kitoe, P. A. Mangkoenĕgara toeloej sasadiaan, rek moelih ka Soerakarta. Barang geus beres kabeh dina poë noe geus ditangtoekeun tea, toeloej boedal ti Soekawati saahlina sadaja.

Kangdjĕng Sinoehoen sarĕng toean Oproep mapagkeun; barang nĕpi ka lĕmboer Toenggon, tĕpang sarĕng P. A. Mangkoenĕgara, di dinja liren sakĕdap silih bageakeun; toeloej arangkat deui moelih ka Soerakarta, poekoel 5 sore soemping ka karaton. P.A. Mangkoenĕgara sapoetra-garwana sadaja ditjandak ka karaton, dĕmi para ponggawa djeung abdi-abdina didawoehan toeloej ka boemi Mangkoejoedan. Barang Kangdjĕng Sinoehoen geus rawoeh ka karaton, toeloej lalinggih bari sasaoeran, ngareureuhkeun palaj.

Kangdjĕng Sinoehoen mariksa ka P. A. Mangkoenĕgara: „Kenging sabaraha taoen kakang mas leuleuweungan teh?"

Wangsoel P. A. Mangkoenĕgara: „Ngawitan poen kakang kaloear ti nagara, nalika oemoer toedjoeh wĕlas tahoen, ajeuna parantos tiloe poeloeh doea taoen, djadi poen kakang leuleuweungan kenging lima wĕlas tahoen."

Kangdjĕng Sinoehoen mesĕm, kitoe deui sakoer noe araja di dinja arimoet bari toengkoel, di djĕro hatena ngalĕm, kajoengjoen iasa ngawalĕran sakitoe patitisna.

Kangdjĕng Sinoehoen mariksa deui: „Kang mas Adipati, doepi poetra ajeuna parantos sabaraha?"

P. A. Mangkoenĕgara: „Ti rai Adjĕng Bĕndara teu atjan gadoeh, moeng ti rentjang bae, sadajana toedjoeh: awewe tiloe lalaki opat."

K. Sinoehoen: „Sĕdĕng katjida di lĕbĕt lima wĕlas tahoen kagoengan poetra toedjoeh."

Sanggeus tamat salasaoeran, P. A. Mangkoenĕgara sagarwapoetra sadaja ladjĕng didawoehan moendoer ka Mangkoejoedan (*); sarawoehna ka Mangkoejoedan toeloej lĕbĕt ka djĕro poeri, harita mĕnĕran Djoemaah Pon tanggal 5 booelan Djoemadilähir, windoena Windoe Adi, tjandrasangkalana: *Panĕmbahing dipanggai angojag djagat* = taoen 1682.

*(Aja samboenganana).*

---

(*) Mangkoejoedan ajeuna djadi Mangkoenĕgaran.

NEMBE KALOEAR: — BOEKOE PANGADJARAN

# „DE VIER INDISCHE TALEN („EMPAT BAHASA HINDIA")

**Basa Walanda**, ditĕrangkeun koe tiloe basa, nja eta **Malajoe, Soenda** djeung **Djawa**. Pikeun diadjar sorangan, bĕntou kalawan goeroe.

**Boekoena ageung! Eusina seueur pisan** **karangan L. A. LEZER**

Pangaosna f 4.—. Ongkos franco antekĕn f 0.60. Katĕrangan kenging moendoet ti pajoen:

**TOKO BOEKOE L. A. LEZER TASIKMALAJA.**

**Serie No. 732.** **Serie No. 732.**

# DONGENG TOEKANG MIKAT

**karangan M. H. A. PATAH.**

Oerang sok kabita koe Anglingdarma, hajang boga Adji Dipa ambrih ngarti kana basa sato. Tah oerami parantos maos ieu boekoe, teu bentĕn sarĕng kagoengan Adji Dipa tea, ooninga di pakarĕpanana sasatoan. Istoe matak rĕsĕp. Sing horeng kitoe pikiranana sasatoan teh.

Mangga bae araos boekoena. Pirakoe oepami teu kapintjoet teh. Komo da nganggo gambar pirang-pirang sarĕng sarae, atoeh beuki tetela bae sagala anoe ditjarioskeun teh.

Dipapaesan koe 8 gambar anoe sarae!

Kandĕlna 27 katja, pangaosna moeng. . . . f 0.25—

No. 656 No. 656

# Wawangsalan djeung sisindiran

beunang ngoempoelkeun

**Bále Poestaka** djeung **Mas Adinata.**

Geus kagoernita pisan oerang Soenda rarĕsĕp kana kakawihan. Gening ari oerang keur aja di pilĕmboeran mindĕng pisan ngagĕnge-tĕmbang; boh make wawatjan boh ditamboel bae apal-apalan tina wawatjan anoe araloes, anoe njĕrĕp njĕrĕptjĕp basana kana haté maranehanana.

Anoe dibaroeat mani raeng salisindiran silih tempas. Komo baroedak ngarora anoe paroelang lalâdjô ti peuting mah, djaba ti sok barĕloek patarik-tarik pili gĕnti teh sok hahariringan tĕmbang ngawawaas maneh; sakapeung sok wawangsalan atawa sisindiran noeroetan bodor ogel, tadjeun oge aja anoe eusina piwoeroek anoe sarae . . . . . . . .

Tah, ajeuna Bale Poestaka ngahadja ngadamĕl boekoe anoe eusina roepi-roepi tĕmbang sarĕng sababaraha ratoes sisindiran!

Kandĕlna 66 katja, pangaosna . . . . . . . . . . . . f 0.30

---

No. 625

## BADINGKOET

karangan

**Mas Sastraatmadja.**

Eusina aneh kabina-bina, bentĕn pisan sarĕng boekoe-boekoe roe sanes. Sagala roepi aja. Hĕnteu atjan aja boekoe Soenda anoe eusina samodel sarĕng ieu. Teu kintĕn matak goembirana, sarĕng seueur pisan misil kandoengeun oerang, pibĕkĕlan hiroep. Kandĕlna 181 katja.

Pangaosna . . . . . . . . . . . . . . . . . . . f 0.80

No. 685 No. 685

# Wawatjan Sondjaja

tjitakan ka II

karangan

## R. Soekrawinata.

Naha para djoeragan parantos oeninga?
Kapan **Wawatjan Sondjaja** anoe kamari ieu teh parantos seep; da pěsěnan měroel bae ti sakoeliah Pasoendan, malah aja anoe ti Soerabaja, ti Samarang. Tetela dipikarěsěp katjida koe oerang Soenda, margi dangdingna raos, tjariosna matak rěsěp.
Enggal bae geura ngagaraleuh.

Tjitakan ka II tahoen 1926, pangaosna moeng . . . . **f 0.20**

---

No. 732

# Dongeng toekang mikat

karangan

## M. H. A. Patah

Oerang Tsok kabita koe Angling Darma, hajang boga Adji Dipa ambrih ngarti kana basa sato! Tah, oepami parantos maos ieu boekoe, teu bentěn sarěng kagoengan Adji Dipa tea, oeninga dipakarěpanana sasatoan. Istoe matak rěsěp. Singhoreng kitoe pikiranana sasatoan teh.

Mangga bae anos boekoena! Pirakoe oepama teu kapintjoeteh. Komo da nganggo gambar pirang-pirang sarěng sarae, atoeh euki tetela bae sagala anoe ditjarioskeun teh.

Kandělna 27 katja, nganggo 8 gambar, pangaosna . . **f 0.25**

## No. 720—720a.

# Wawatjan Gandaresmi

### djilid I—II.

karangan

**R. N. Sasrawinangoen.**

Kadjawi wawatjan Poernama Alam, aja deui wawatjan wědalan Bale Poestaka anoe dipikameumeut pisan koe oerang Soenda, nja eta wawatjan Gandarěsmi. Tjek oerang Koeningan tea mah „sada ngaran" ieu mah wawatjan teh, da tiariosna „rěsmi" basana raos aja „gandaan".

Saha-saha anoe teu atjan kagoengan ieu wawatjan, pěrloe pisan enggal-enggal ngagaleuh, bilih seepeun manten. Margi serat pesenan oenggal dintěn měroel bae.

Patjoean diěngke-ěngke! Pěrloe di boemi aja ieu wawatjan kour pangběběrah.

Djilid I kandělna 100 katja; pangaosna moeng . . . . f 0.50
Djilid II kandělna 108 katja; pangaosna . . . . . . f 0.60

---

## No. 715

# HEGAR MANAH

karangan

**M. Wiradinata.**

Boekoe loetjoe, matak goemoedjeng, matak soegěma malonnaban.

Oepami manah pinpedjoe saroempěg, enggal bae maos ieu boekoe, tangtos dadak sakala djadi hegar, lir mega kasilir angin, leungit moesna maroeang ka jasalna. Leungit noe nangkeub djadi lénglang, panoenteu měsoem djadi bear narâhmaj.

Noe hegar manahna ageng panarimana ka Pangeran sarěng ka pandjang joeswana. Koe margi eta kědah kagoengan ieu boekoe.

Kandělna 40 katja. Pangaosna moeng . . . . . . . . . f 0.20

# Hiroepna Sasatoan Laleutik

## Serie No. 593.

Eusina njarioskeun hiroepna sasatoan laleutik 41 roepa, kajaning: tjatjing, koetoekoeja, simeut, lantjah, londok, baphap dj.s.t.



Naon margina noe matak oerang saeutik pisan nja katĕrang? Doemeh teu sakola loehoer?

*Hal teu sakola* loehoer kantĕnan djadi, sabab ogé, oerang teu pintĕr apĕrtos deungeun, namoeng babakoena pisan, lantaran oerang teu toelaten kana roepa-roepa noe koe oilp, noe kapĕndak oenggal dintĕn koe oerang. *Padahal sagala ogo kenging ditapakoeran.*

**R. Soewandakoesoema**, oerang Soenda pinter, anoe mimiti ngoelik koe andieun hal hiroepna sasatoan laleutik; dioelik ditaloengtik, dimanahan, diteangan rasiahna, dohgkap ka djadi boekoe anoe kandĕlna 229 katja.

Pahtĕs pisan ieu boekoe diampihan koe sadaja oerang Soenda anoe atiasa maos.

Dipapieup koe 20 gambar anoo sarae!

Pangaosna mirah pisan, moeng. . . . . . . . . **f 1.50**

---

## No. 643

# TJARITA SINBAD

**karangan A. F. von Dewall.**

Rame kabina-bina; njarioskeun lalampahan anak soedagar di nagara Bagdad, noe teu noeroet kana piwoerock kolotna:

Barang ditinggal maot koe bapana, radjakaja titinggal kolotna ledis dipake rojal, ngajoenkeun hawa napsoena. Ahirna kasangsara; koe sobat djeung barajana tah, dipirosea, da geus teu boga tea, nepi ka manehna amproengamproengan teu poegoeh. Sababaraha kali matĕhna, meunang tjilaka anoe moeh moegatkeun njawana.

Pangaosna hidji boekoe moeng. . . . . . . . **f 0.25**

**No. 470**

# Wawatjan Praboe Meroesoepadma

**karangan R. Soerasĕtja.**

Praboe Meroesoepadma, hidji radja boeta anoe sakti, hese njiar tandingna, dina djaman andjeunna ngĕreh nagara Imantaka. Andjeunna hojongeun kagoengan prameswari anoe geulis, bangsa manoesa. Tapi lantaran ngadjoedjoer teuing napsoena, kabeulit koe kageulisan poetri, nĕpi ka bobor karahajoean, apĕs sagala elmoena, kasamboet djoerit di pangpĕrangan.

Pangaosna hidji boekoe . . . . . . . . . . f 0.75

---

**No. 552**

# Wawatjan Soerjanala

karangan

**R. Danoemihardja.**

Njarioskeun roepa-roepa sato dribe lakoe lampahna dipapandeskeun ka djĕlĕma, maksoedna noe ngarang soepaja didamĕl tjonto koe noe maraos.

Pangaosna hidji boekoe. f 0.25

---

**No. 647**

# Bab mĕlak Roepa-roepa boeboeahan

karangan

**J. J. OCHSE.**

Sanadjan djoeroe tani di oerang sanes nĕmbean oge mĕlak boeboeahan nanging ari kana rasiahna anoe djĕro-djĕro mah seueur keneh pisan anoe tatjan kataloengtik koe maranehanana. Koe margi eta Balé Poestaka ihtiar sakoeat-koeat ngaloearkeun boekoe anoe eusina sagala rasiah mĕlak roepa-roepa boeboeahan, noe di palar soepaja djoeroe tani di oerang narikĕl kaoentoenganana lantaran woewoeh elmoena tambah loeangna.

Nganggo gambar pirang-pirang sarĕng sĕrat!

Pangaosna hidji boekoe . . . . . . . . . . f 0.90

No. 235--235a

# Noenggoel Pinang

karangan

## HECHTOR MALOT.



Di oerang, dina basa Soenda, tatjan aja boekoe anoe sakitoe saena, sarĕng sakitoe pikarĕsĕpeunana sapĕrtos NOENGGOEL PINANG. Ieu boekoe asalna pisan tina basa Parasman, karangan hidji boedjangga agĕng, djĕnĕnganana HECTOR MALOT. Tina kaaloesanana ieu boekoe, parantos disalin kana sadaja basa Eropa. Koe BALE POESTAKA disalin kana basa-basa Hindia; anoe panglieulanana kana basa Soenda, disoendakeunana koe R. GANDA ADINEGARA.

Ieu boekoe sanes moeng saetjariosanana bae, nanging pinoeh koe pitjonteoeun deui.

Basana istoening sae, raos. Sakitoe kenging njoendakeun teh, sanes aja baoe-baoe kolonjo, seungitna angger malati bae.

Saha-saha anoe parantos maos eta boekoe, tangtos ngaraos ngĕrtos, ngawitan dongkap ka tamatna, taja pisan pikabosĕneunana. Matak rĕsĕp, matak kajoengjoen.

Estoe boekoe sae, narik manah anoe maos!

**Djilid II dipapaesan koe gambar anoe sarae.**

| | | |
|---|---|---|
| *Pangaosna:* djilid | I. . . . . . . . . . . . | f 1.25 |
| „ | II. . . . . . . . . . . . | „ 2.30 |

No. 264

# Siddarama

**Tjitakan ka II.**

karangan **Mr. P. v. LIMBURG BROUWER.**

Disoendakeun koe R. GANDA ADINEGARA nganggo gambar. Njarioskeun Soeltan AKBAR di Hindoestan, hidji Soeltan anoe kamashoerkeun adil palamarta. Kaadilanana tembong njatjas dina ngamanaban bab kamĕrdikaan Agama di nagara anoe katjĕpĕng koe andjeunna sarĕng dina hibakeunana hoekoem ka ponggawa anoe dĕngki.



Ieu boekoe istoening boekoe sae, tjariosanana matak kasĕng srĕm. Itoer loba poeloenganeunana, elmoe-elmoe pakeun djadi damar dina hiroep oerang.

Enggal ngagaleuh! Bisi kaboedjĕng sĕep! Margi ngan kantoen saeutik deui!

*Pangaosna* . . . . . . . . . . . . . . . . . **f 1.50**

No. 640.

# BAB MĔLAK GANAS

karangan J. J. OCHSE.

Ahli tani oi oerang lain kakara ajeuna-ajeuna matĕlak ganas, beunang disĕboet biasa; tapi ari kana rasiahna anoe djĕro-djĕro mah, sangkan gĕde oentoengna kanoe mĕlak, kawasna tatjan tarĕrangeun. Geura pĕsĕn boekoena ka Bale Poestaka, engke tangtoe kapĕndak rasiahna anoe teu kintĕn mangpaatna ka ahli tani. Katĕranganana ĕtjes sarĕng dipapaesan koe pirang-pirang gambar, soepados langkoeng gampil kahartosna koe noe maraos.

Kandĕlna 61 katja, pangaosna . . . . . . . . . . f 0.30

---

No. 621

# BAB MĔLAK DJEUNG NGOERŎESNA RANDOE

karangan S. WIRASASMITA.

Eusina roepi-roepi tarekah, pitoedoeh ka ahli tani, soepados tarĕrangeun kana pĕtana mĕlak sarĕng ngoeroesna randoe.

Katĕranganana ĕtjes pisan gampil dihartoskeunana, malah nganggo gambar sagala.

Kandĕlna 47 katja, pangaosna . . . . . . f 0.25

---

No. 568

# BAB MĔLAK DJĔROEK

karangan J. J. OCHSE.

Bale Poestaka ajeuna parantos ngaloearkeun boekoe bab mĕlak djĕroek, eusina lĕngkĕp pisan, ditjaritakeun ti mimiti tjĕb mĕlak nĕpi ka boeahanana, hama-hamana, kaoentoenganana. Saé pisan, keur toedoeh djalan ka noe bade marĕlak djĕroek, komo ka noe bade ngahadja ngĕbon mah.

Dipapaesan koe 65 gambar anoe **sarae!!!**

Kandĕlna 45 katja, pangaosna . . . . . . . . . . f 0.50

# N. V. BANDOENGSCHE APOTHEEK

**Groote Postweg 9** **J.A. ROBORGH** **Bandoeng**





**KATJA SOTJA ROEPI-ROEPI MODEL**

**Model A.**

Pangaosna koemplit katjana sarĕng watangna:

| | |
|---|---|
| ĕmas 14 karat . . | f 27.50 |
| „ 8 „ . . . | „ 19.— |
| double . . . . . | „ 9.50 |
| nekĕl . . . . . | „ 4.50 |

**Model C.**

Pangaosna koemplit katjana sarĕng watangna:

| | |
|---|---|
| ĕmas 14 karat. . . . | f 30.— |
| „ 8 „ . . . . . | „ 21.— |
| double . . . . . . | „ 12.50 |
| nekĕl . . . . . . | „ 5.50 |



**Model D.**

| | |
|---|---|
| ĕmas, 14 karat. . . . | f 25.— |
| „ 8 „ . . . . . | „ 17.50 |
| double . . . . . . | „ 10.— |
| nekĕl . . . . . . | „ 5.— |

**Anoe hojong rembours, moegi kĕrsa ngintoenan heula pangaosna sapalih**

# N. V. BANDOENGSCHE APOTHEEK

Groote Postweg 9 **J.A. ROBORGH** Bandoeng



MODEL PEX.

## MODEL „PEX"

Kakaitna koe double, wĕngkoena koe pĕnjoe, katjana kenging moendoet sakapalaj. double (di lĕbĕt perak di loear ĕmas) . . . . . **f 15.—**

## KATJA SOTJA MODEL „WEENER"

Katja sotja nòe hĕnteu nganggo wĕngkoe tea, kakaitna dipageuhanana kana katja disĕkroep. Katjana boeleud atawa ĕndog sabeulah

ĕmas, 14 karat . . . **f 30.—**
„ 8 . . . . **„ 17.50**
double (di lĕbĕt perak diloear ĕmas) . . . . . **f 11.—**
nekĕl, (katjana bodas, hedjo atanapi koneng) . . **f 7.50**



MODEL WEENER.

## KATJA SOTJA MODEL „WILSON"

Watangna koe tandoek: katja hedjo koemplit . . **f 7.50**



MODEL WILSON.

*Artosna kintoenkeun ti pajoen.*

## KATJA SOTJA SEDAN KATJA HEDJO

Anoe didamĕlna pĕnjoe, nganggo toetoep kiwa-tĕngĕn, kakaitna double . . . . . . **f 10.—**

# N. V. BANDOENGSCHE APOTHEEK

**Kopto Postweg 9 J. A. ROBORGH Bandoeng**




**DOKTOR HOLM'S Staal-Elixir**

Ieu landong disěbatna **Dr. K. Holm's Staal-Elixir,** matih pisan keur ngalan dongan pias atanapi *gěrih kirang sae* kitoe deui sae ditoeang koe nonoma Istri oge sěpoeh anom; sae pisan to ang ieu landong. Nja kitoe deui an ngaraos mopo, koe padamělan, pěrl dilandongan koe ieu Staal-Elixir.

*Děmi mětakeunana: boedak* 3 ka sadintěn ½ sendok makan oengg měntas dahar. Kolot 3 kali sadintěn sendok makan oenggal měntas dah 1 botol, pangosna . . . . . . f 1,

Parantos nampi sěrat poedjian rang ti anoe parantas nganggo ieu la dong. Sadajan adamang sarěng dja kiat. Kitoe deui para Doktor Walan sami maroedji.

**OBAT KOEKOEL**
***(landong ewateun).***

Oenggal wengi, kedah, digosok koe ieu salep, salepna saeutik-saeutik bae. Anoe ... wadah kaanggo sasa... pangaosna . . . f 2,50




**IXORA**

... ples pangaosna . . . f 1,50

# N. V. BANDOENGSCHE APOTHEEK

Groote Postweg 9. **J. A. ROBORGH** Bandoeng

## ROEPI-ROEPI LISAH RAMBOET.

### No. 1. LANDONG TOTOMBE.

Oenggal dinten sagelas pait, dianggo koedjamas, ngagosokna masing önjaan. Saparantos kenging 24 djam nembe kenging dikoembah masing bĕrĕsih, nanging bĕrita keneh dilandongan deui. 1 Ples pangaosna. f 2.—

### No. 2. LANDONG POENTANG.

Sakali nganggo satengah ples, dianggo ngagosok mastaka, sarĕng ramboet. Heuleut 10 — 15 minoet dibĕrĕsihan disaboen koe saboen hedjo, atanapi koe saboen mandi.
1 Ples pangaosna . . . . f 1.—

### No. 3. Lotion Eau de Quinine.

Mambrih ramboet lĕmĕs sarĕng seungit, sadintĕn doea kali diminjak koe ieu minjak 20 tetes.
1 Ples pangaosna . . . . f 1.50

### No. 4. LISAH RAMBOET.

(Soepaja oelah moerag).

Dilandongkeunana saban sore memeh koelem, dianggo ngagosok mastaka, ngagosokna masing tarik, soepaja lebet kana ramboet dongkap kana akarna. Dina sakali nganggo 1 gelas pait. 1 Ples pangaosna. f 2.—




## No. 5. NGALEUNGITKEUN BOELOE.

(ontharingsmiddel)

Ieu landong bangsa poejar, oepami bade dianggo, njandak saeutik, lajeng dileJeden, dongkap ka ngabelĕgĕdĕr; ajeuna kantoen noelaskeun bae ka noe bade dileungitkeun boeloena. Heuleut 5 minoet bĕrĕsihan, tangtos bĕrĕsih ka boeloe-boeloe. Oepami ples noeroet nganggo koedah ditoeroeban deui masing rokep.

N. B. Ieu landong teu aja pisan matakna kana kasehatan.

1 Ples pangaosna . . . . f 1.25

# N. V. BANDOENGSCHE APOTHEEK

Groote Postweg 9 **J. A. ROBORGH** Bandoeng

## No. 6. LISAH RAMBOET (SEMIR)

Dimana badé nganggo ieu sĕmir, kĕdah dikoedjamas heula nganggo soda atanapi saboen. Masing bĕrĕsih pisan. Saparantosna ramboet toehoer pisan, ladjĕng disĕmir saeutik bae; **dĕmi njĕmirna digosokkeun koe sikat alit.** Satiasa-tiasa ngagosokkeunana oelah keuna kana koelit **atanapi panganggo.**




Ngagosokkeunana pangsakĕdapna oge kĕdah 15 minoet, nanging kenging oge dongkap ka 2-3 djam, koemaha kĕrsa anoe dilandongan bae. Dimana parantos hideung lĕrĕs ramboetna, kĕdah disaboen sing sĕtra.




Sĕmir anoe napĕl kana koelit **kĕdah dibĕrĕsihan koe ieu oejah,** tah noe dina ples noe **hidji** deui kĕdah ditjaian heula sagĕlas cai. **Oepami parantos lĕjoer oejahna;** dianggo ngabĕrĕsihan leungeun nganggo kapas.

*1 Ples pangaosna* . . . **f 2.5**

## No. 7. LISAH RAMBOET NGARAH PANDJANG (Haargroeimiddel)

Saban sontĕn, samemeh koele mastaka kĕdah digosokkeun ieu lis sing enjaan, pambrihna koepado eta landong lĕbĕt kana akar ramboe

Dina mimiti ngagosok koe sat ngali gĕlas pait teh geus meudjeuhn

*1 Ples pangaosna* . . . **f 2.**

*KEMIRI-OLIE Pangaosna ples* . . . **f 1.**

# N. V. BANDOENGSCHE APOTHEEK

**Groote Postweg 9 — J.A. ROBORGH — Bandoeng**

## DEWA ZALF

**(ZALF TJAP DEWA) A.**

Saha-saha anoe kagoengan kasawat, kotor, sarĕng parantos mimiti kaloear dina salira sapĕrtos boedoeg, kĕdah enggal bae dilandongan koe **Zalf tjap Dewa.** Ieu **zalf** langkoeng sae manan **zalf boelao.** Pengaosna sawadah . . . . . . . . **f 1.—**

## DEWA MAAGPILLEN

Saha-saha anoe hojong ngabĕrĕsihan patoeangan, ambĕh harampang, karĕmplong, sae noeang **Dewa Maagpillen,** margi ieu pel pol pĕrgasi.

1 Ples pangaosna . . . . . **f 1.—**




## DEWA VERSTERKINGSPILLEN.

Kalajan hormat ngahatoerkĕun popeling ka sadaja mitra-mitra sarĕng para prijaji, moegi masing atos-atos rja ngadjaga kakiatan salira, celah dongkap ka njĕnjĕpan Malaria. Koe hal eta, sae toeang landongan anoe disĕbatna **Dewa Versterkingspillen. (R).**

Ieu landong matak kiat kana salira. Nŏeangna sadintĕn 3 kali 3 pel.

Pangaosna 1 ples ngeng . . . . . **f 1.—**

## DEWA ZALF (Zalf tjap Dewa) B.

Ieu **zalf** matih kacina bina kena bangsa raheut sarĕng paratoel, kalĕbĕt sarĕng salianna deui. Oenoerna recept ieu **zalf** parantos 100 taoen. Ti baheula kĕneh parantos dianggo koe para doktor, sarta matih katjida.

Ratjikanana ieu **zalf** marahel, nanging saderajana bangsa ratjikan maratji oge. Teu aja deui **Roemah Obat** anoe ngadamĕl ieu **zalf** salian ti koering.

Soeninggna . . . . . . . . . . . .

Pangaosna ngeng . . . . . . . . **f 1.—**

# N. V. BANDOENGSCHE APOTHEEK

Groote Postweg 9 **J. A. ROBORGH** Bandoeng




**WOLF'S HOEST- EN KINKHOEST SIROOP. (Landong gohgoj).**

Ieu landong parantos pirang taoen dipingsirkeun koe tokosim koering. Seuseur oerang Priboemi anoe maroedji, jen matih. Oepami aja anoe katarajang gohgoj, njĕnjĕpan sarĕng sadjawi ti eta, boh sĕpoeh boh moerangkalih, nja kitoe deui oepami gohgoj kosong, sae dilandongan koe ieu. Anoe gohgoj teuas, oepami dilandongan koe ieu, ladjĕng bae sae.

Pangaosna 1 botol f 2.—



Divinia




Sikat gigi panghos f 1,25

Landong njĕri waos ples f 0,50

Poejĕr waos noe beureum f 0,50

Tondeuse mesin tjoekoer f 6.—

**MINJAK "DIVINIA"**

1 ples agĕng f 10.— 1 ples sĕdĕng f 6.— 1 ples alit f 3.— 1 ples noe pangalitna f 1.—

**MENTHOLSTIFT**

f 1.— (Minjak poko) f 1,50

Boeatan Inggris

